# IУАЩХЬЭМАХУЭ

ISSN 0206 – 5266

МАЙ • 2022 • ИЮНЬ

3



3
IУАЩХЬЭМАХУЭ
2022

# IУАЩХЬЭМАХУЭ

**12+**

**ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ ЖУРНАЛ**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокI**

**май 3 июнь**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм
и «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ
IуэхущIапIэм къыдегъэкI

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР
**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий, БищIо Борис,
Гъут Iэдэм, Истэпан Залинэ (жэуап зыхь секретарь),
Къэрмокъуэ Хьэмид, Тэтрокъуэ Астемыр, Тхьэгъэзит Юрэ,
ТIымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ

НАЛШЫК
2022

# Псалъащхьэхэр


**ЖьантIэ**

*Еджагъэшхуэ Урыс Хьэталий къызэральхурэ илъэси 100 ирокъу*

**БищIо Борис.** Лъэпкъым и фIыщIэ къэзылэжьа.................................... 3
**Къэмбэчокъуэ Iэдэм.** Абы и вагъуэр мыужьыхыу щыблэнущ адыгэ уафэгум............................................................. 14
**УнэлIокъуэ Вячеслав.** Емызэш мэшыбэ ещIэ.......................................... 21

*УсакIуэ Брай Адэлбий къызэральхурэ илъэс 85-рэ ирокъу*

Брай Адэлбий хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр............................................ 26
**Брай Адэлбий.** *Усэхэр*........................................................................... 33

*Къэрал, лъэпкъ лэжьакIуэ цIэрыIуэ Къанокъуэ Арсен илъэс 65-рэ ирокъу*

**НэщIэпыджэ Замирэ.** IуэхуфIхэмкIэ гъэнщIа гъащIэ телъыджэ..... 41
**Щхьэгъэпсо Сэфарбий.** УнафэщI къызэрымыкIуэ............................. 48

**Прозэ**

**Къудей-КъуэщIысокъуэ Фаридэ.** Си псэм и хэщIапIэ. *Роман*......... 55
**Шинкарёвэ Наталье.** Къысхуэгъэгъу, Иркэ! *Рассказ*......................... 105

**Усыгъэ**

**Бещтокъуэ Хьэбас.** *Усэхэр*........................................................................ 110
**Мыкъуэжь Анатолэ.** *Усэхэр*...................................................................... 131

**Литературэ щIэныгъэ. Критикэ**

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** «ЗэтезыIыгъэр щIылъэр псэкIэ хейрщ»...... 148
**ГъущIо Зариф.** *Усэхэр*................................................................................ 153

**Публицистикэ**

**НэщIэпыджэ Замирэ.** Германием ущыпсэуну тыншщ, ауэ ди хэкум хуэдэ щыIэкъым. *Интервью*........ 161

**Культурэ**

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** ЩIэдзапIэ дахэ. *Интервью*............................ 165

**IуэрыIуатэ**

Псалъэ пэжищ. *Хъыбар*.............................................................................. 170

**Сабийхэм папщIэ**

**Гримм зэкъуэшхэр.** Хьэгулывэ шыуан. *Таурыхъ*.................................. 172

Псалъэжьрэ къуажэхьу зэхэлъ псалъэзэблэдз........................................... 174

*Еджагъэшхуэ Урыс Хьэталий къызэральхурэ ильэси 100 ирокъу*





# ЛЪЭПКЪЫМ И ФIЫЩIЭ КЪЭЗЫЛЭЖЬА

Мы гъэм зи илъэсищэ юбилей Урыс Хьэталий Щыхьым и къуэм сытепсэлъыхьын къыщыщIэздзэну лъэныкъуэр, ар урысым зэрыжаIэу, хьэрфышхуэкIэ кърагъажьэу ятх ЕгъэджакIуэу зэрыщытарщ – егъэджакIуэ хъунухэр езыгъэджэж егъэджакIуэу. Сэри си насып къыихьащ а цIыху щыпкъэм япэ курсым щыщIэдзауэ университетыр къэзухыху и гъэсэну сыщытыну, диплом лэжьыгъэ щыстхми си щIэныгъэ унафэщIу щытар аращ. АбыкIэ си кIэн къикIауэ къыщIэслъытэр мыращ: дезыгъэджа псоми сахоплъэжри, псэемыблэжу, адэкIи-мыдэкIи емыплъэкIыу и къалэным Хьэталий хуэдэу пэрыта сэ яхэслъэгъуэжыркъым. Абы къикIыркъым сэ адрейхэм гукъанэ гуэр яхузиIэу, ауэ пэжыр пэжщ, аргуэру хамэ псалъэ къэзгъэсэбэпынщи, фанатизм жыхуаIэм хуэдизу Урысыр яужь итащ адыгэбзэ езыгъэджыну, а бзэм елэжьыну IэщIагъэлIхэр Iэмал зэриIэкIэ а IэнатIэм хуэIэзэ, хуэIэрыхуэ зэрищIыным. IэхъуэгъуэтегъэкI лъэпкъ и гум техуэу щытакъым, студентым и щIэныгъэм хигъэхъуэну хуейуэ гу лъитамэ, абы сыткIи зыщIигъэкъуэнут, ауэ зыщIезыгъэхыр, щхьэхынэр и бийт, апхуэдэм зыкIи худичыхынутэкъым. Си курсэгъухэм, дауикI, ящIэж, зыгуэрым емыгугъуныгъэкIэ губгъэн хуищIамэ, «фи къуажэм кIуэ автобусыр дапщэра щыIукIыр?» – жиIэнти еупщIынт, мыдрейм мыпхуэдэ зэманыращ жиIэу жэуап

къритыжамэ, «атӀэ абы зыкъыкӀэрумыгъэхуу укӀуэжмэ нэхъыфӀщ, уэ мыбы щыпщӀэн щыӀэкъым», жиӀэрт. ГушыӀэ хуэдэу а псэлъафэр къигъэсэбэпми, студентым Ӏуэхум нэхъ егугъун щӀимыдзэмэ, абы и студентыныр кӀэщӀу зэриухынум шэч хэлътэкъым. Хьэталий ткӀии-Ӏуэу къэзылъытэ яхэтт еджакӀуэхэм, уеблэмэ абы къыдэлажьэхэми, ауэ сэ си щхьэкӀэ сыкъапщтэмэ, абыкӀэ сыарэзыкъым – егъэджа-кӀуэмрэ еджакӀуэмрэ я зэхуаку дэлъын хуей зэхущытыкӀэмкӀэ Хьэталий щапхъэу солъытэ, сыту жыпӀэмэ, къытезгъэзэжынщи, ар захуагъэм зэи текӀауэ, нэфӀ-нейкӀэ зыгуэр къыхиубыдыкӀауэ сщӀэжыркъым, псори зэлъытар уэ уи еджэн Ӏуэхум узэрыбгъэдэтырт. Арат си диплом лэжьыгъэм сыпэрыхьэн хуей щыхъум Хьэталий абы и унафэщӀу къыщӀыхэсхари. ЖыпӀэ хъунущ абы сыщелэжьа илъэсыр иужькӀэ си ӀэщӀагъэ хъунум къежьапӀэ хуэхъуауэ, Урысри абыкӀэ си гъуэгугъэлъагъуэу. Сэ «щхьэприххэм» сащыщауэ зыслъытэжыркъым, ауэ апхуэдэу щытми, мы-Хьэталийуэ нэгъуэщӀ гуэрым и деж а лэ-жьыгъэр щыстхауэ щытамэ, а «зыгуэрри» Урысым хуэдэу къызэмы-гугъуамэ, пщӀэну щыткъым, нэгъуэщӀ гъуэгу къыхэсхынкӀи хъунт. Абы и нэӀэ къызэрыстригъэтам и инагъыр сэ зэикӀ сщыгъупщэну-къым. Апхуэдэу жызыӀэфынури си закъуэкъым – ахэр пщӀы бжыгъэ, уеблэмэ щэ бжыгъэ мэхъу. Аращ Хьэталий ехьэлӀауэ егъэджакӀуэ цӀэр хьэрфышхуэкӀэ къегъэжьэн щӀыхуейри.

ВУЗ-р къэзуха иужькӀи Урысым сэрэ ди зэпыщӀэныгъэр зэпы-уакъым, щӀэныгъэ-къэхутакӀуэ институтым сыкъэуву адыгэбзэм елэжьын щӀэздза нэужь, абы сэрэ лэжьэгъу дызэхуэхъуащ – иджы Хьэталий и гъащӀэм и нэгъуэщӀ лъэныкъуэм – ар щӀэныгъэлӀу, абы зэрыхуэфэщэнкӀэ нэхъ Ӏэтауэ жыпӀэмэ, еджагъэшхуэу зэрыщытам – и гугъущ къэзгъэжьэр. И гъащӀэ псор университетым щихьами, щӀэныгъэ-къэхутакӀуэ институтым, иджы Урысейм щӀэныгъэхэмкӀэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитар къэхутэныгъэ институт хъуам, зы тхылъи – ар е грамматикэ ирехъу, е ирепсалъалъэ – Хьэталий хэмыту къыдигъэкӀакъым. 1950 гъэхэм къыщедгъэжьэнщи, 1957 гъэм дунейм къытехьа академическэ грамматикэмрэ адыгэ-урыс псалъа-лъэмрэ абы и ӀыхьэфӀ хэлъщ, щхьэхуэу къыхэзгъэщынщи, а зи цӀэ къисӀуа грамматикэм нэхъ щыз, нэхъ зыхуей хуэза и Ӏыхьэхэм щыщщ Хьэталий игъэхьэзыра плъыфэцӀэхэр. Нобэр къыздэсым а псалъэ лъэпкъыгъуэр зэраджыр абы и Ӏэдакъэ къыщӀэкӀа къэхутэны-гъэхэмкӀэщ, ар дыдэр зэхъуэкӀыныгъэшхуэ имыӀэу хагъэхьащ 1970, 2006 гъэхэм къыдэкӀа грамматикэми. А Ӏыхьэм лъабжьэ хуэхъуа кан-дидат диссертацэр Урысым ехъулӀэныгъэкӀэ пхигъэкӀри, филологие щӀэныгъэхэмкӀэ кандидат хъугъащ 1956 гъэм. АдэкӀэ къыкӀэлъыкӀуэн хуейр доктор цӀэр къэхьыныр арат, ауэ Хьэталий апхуэдэ диссертацэ щигъэхьэзырар 1984 гъэрщ, нэгъуэщӀу жыпӀэмэ, илъэс 28-рэ дэкӀауэ. Иджыпсту мыбы къеджэхэм ар ямыгъэщӀэгъуэнкӀэ Ӏэмал иӀэкъым – иджырей мардэхэмкӀэ а ӀуэхугъуитӀым илъэс зыбгъупщӀ нэхъы-бэ я зэхуакун хуейкъым. Ауэ сэ а цӀыхум и гупсысэкӀэм, и дуней тетыкӀэм кууэ сыщыгъуазэу щытауэ солъытэри, а бжыгъэ къэсхьар къызыхэкӀар фӀы дыдэу къызгуроӀуэ. Япэрауэ, Хьэталий ящыщтэ-къым хъунщӀэпсынщӀэету зыгуэр зэфӀэзыгъэкӀхэм, атӀэ, нэгъуэщӀ зы псэлъафэкӀэ жытӀэнщи, Ӏуэху зыпэрыхьар дзыгъуэ гъуанэ дихьа къимыгъанэу псори зэхигъэкӀынут, къитӀэщӀынут, и гумызагъагъэкӀэ абы къыпэхъун гъуэтыгъуейт, а гумызагъагъэри псом япэу зыхуэгъэ-

зар и лэжьэгъухэмрэ иригъаджэхэмрэтэкъым, атIэ езым и щхьэрт, и IуэхущIафэхэрт.

ЕтIуанэрауэ, а зэманым, иджы хуэмыдэу, доктор хъуну хуейхэм хуагъэувт щIэныгъэм и унэтIыныгъэщIэ я лэжьыгъэмкIэ къызэIуахын хуейуэ. Урысым и доктор диссертацэм и темэу къыхихари апхуэдэт – морфонологие унэтIыныгъэр адыгэ бзэщIэныгъэм и дежкIэ щIэт, зыми нэхъапэкIэ и гугъу имыщIауэ. Мыр зищIысым кууэ дыхэмыхьэми, тIэкIу щIэджыкIакIуэхэр щыгъуазэ тщIыми зэрану къыщIэкIынкъым. БзэщIэныгъэм, нэхъ пыухыкIауэ жытIэнщи, грамматикэ къэхутэныгъэхэм, античнэ лъэхъэнэхэм щегъэжьауэ къыхагъэщхьэхукIыу къокIуэкI фонетикэ, морфологие, синтаксис жыхуаIэхэр. Школ фIэкIа нэгъуэщI щIыпIэ щемыджахэми мыхэр зищIысыр къыбжаIэфынущ. Ауэ нэхъ иужькIэ къежьахэм, ныбжьыщхуэ зимыIэхэм ящыщщ морфонологиер – мыр псалъитIкIэ жыпIэмэ, фонетикэмрэ морфологиемрэ зэпищIэу абыхэм я зэхуаку дэт унэтIыныгъэщ. Хьэталий мы темэр къыщищтам морфонологием елэжьу щыIэр индоевропеибзэ жыхуаIэхэмкIэ IэщIагъэлIхэрт, ауэ а бзэхэми ар щызэтеувэпауэ щыттэкъым, зэрызэдауэ, зэрызэгурымыIуэ куэд иджыри хэлът а унэтIыныгъэм и гъунапкъэу щытын хуейхэм, зэлэжьын, зэрелэжьын Iэмал сыт хуэдэхэм. ИтIани, Урысыр тегушхуэри пэрыхьащ адыгэ бзэщIэныгъэм апхуэдэ гъуэгу щыпхрышын къалэн хьэлъэм. Абы кърикIуащ 1980 гъэм дунейм къытехьа монографие гъумыщIэр – Адыгэбзэхэм я морфемикэр. Мыбы и Iэрытхым щытепсэлъыхьауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэкъэхутакIуэ институтым и Еджагъэшхуэ советым икIи зэдэарэзыуэ унафэ абы къыщащтат тхылъыр а щIэныгъэ IуэхущIапIэм и грифыр тету къыдигъэкIыну авторыр хуит ящIу. Мыр къыщыдэкIа илъэс дыдэрат сэ мы институтым сыкъыщыувари, псом япэу зызыщызгъэгъуэза къэхутэныгъэхэм ящыщ хъуащ а лэжьыгъэр. Абы щыгъуи сфIэгъэщIэгъуэнащ, ноби сфIэтелъыджэщ а къэхутэныгъэм и куугъыр, си фIэщ хъуркъым а морфонологиер къезыхьэжьа индоевропеиджхэми Хьэталий и IэдакъэщIэкIым къыпэхъун куэд яхэбгъуэтэну. Хьэталий хузэфIэкIащ а гъуэгугъэлъагъуэ хуэхъуахэм и зэфIэкIкIэ, и къэухькIэ ящхьэпрыкIыжыну. А зэманым мыр уващ адыгэ бзэщIэныгъэм и ехъулIэныгъэшхуэу, а щIэныгъэм и зыужьыныгъэм ича лъэбакъуэ лъэщу. Арати, мы тхылъыр и лъабжьэу диссертацэ игъэхьэзырри, Грузием щIэныгъэхэмкIэ и академием 1984 гъэм щыпхигъэкIащ, грузин академикхэми пщIэшхуэ къыхуащIауэ, Iэгуауэшхуэ хуаIэтауэ щытащ Урысым и зэфIэкIым.

Мы тхыгъэм къеджэнухэм ягу къэзгъэкIыжынщи, совет лъэхъэнэм Тбилиси Москвам ехьэехуэ центру щытащ, ищхъэрэ-кавказ лъэпкъхэм я бзэхэр джынымкIэ, а къалэр аращ бзэщIэныгъэлI щыхъуар ди еджагъэшхуэ цIэрыIуэхэу Къумахуэ Мухьэдин, Шагъыр Iэмин, Щэрдан Iэбу, КIэрашэ Зейнаб, Тау Хьэзешэ сымэ, нэгъуэщI зыбжани.

Хьэталий и защитэм згъэзэжынщи, абы и «ведущая организация» жыхуаIэм хуэдэу щытыну ди институтым къыхуагъэфэщауэ щытащ. Абы щыгъуэ сэ Москва аспирантурэр къыщызухри Налшык къэзгъэзэжагъащIэу арати, адыгэбзэмкIэ секторым и унафэщIу щыта Багъы Петр къызэджэри къызэупщIащ, мы Урысым и лэжьыгъэм ущыгъуазэ? – жиIэри. ИщхьэкIэ зэрыщыжысIащи, фIы дыдэут сы-

зэрыщыгъуазэр. АтӀэ, апхуэдэу щыщыткӀэ, уи пщэ изолъхьэ отзывыр бгъэхьэзырыну, жиӀащ си унафэщӀым. Ар къызэхьэлъэкӀын дэнэ къэна, си гуапэ дыдэу згъэзэщӀауэ щытащ си пщэ къралъхьар. Езы Хьэталии, защитэр зэфӀигъэкӀыу къэкӀуэжа нэужь, секторым щылажьэхэр щхьэхуэу дигъэфӀэжауэ щытащ. Мыр къыщӀыхэзгъэщыр, зыщӀыхуу щыта псоми зэращӀэщи, ар апхуэдэ Ӏуэху щыхыхьэр зэзэмызэххэт, ауэ а махуэм гукъыдэжышхуэ иӀэу къызэрытхэсар ноби си нэгу щӀэтщ.

И мыхьэнэкӀэ мы сызытепсэлъыхьа лэжьыгъэм зыкӀи къыкӀэрыхуркъым Урысым мыбы ипэӀуэкӀэ и ӀэдакъэкъыщӀэкӀа къэхутэныгъэр – Адыгэ тхыбзэм и тхыдэр. Ар япэу дунейм къытехьауэ щытащ 1968 гъэм, иужькӀи зригъэубгъури етӀуанэу къыдигъэкӀыжащ 2000 гъэм. Япэрейр уеплъынкӀэ тхылъ пӀащэу пхужыӀэнукъым, ауэ абы емылъытауэ абы къыщызэщӀэкъуащ материал абрагъуэ.

XIX лӀэщӀыгъуэм и пэхэм щегъэжьауэ 1960 гъэхэм къэсыху адыгэбзэм тхыгъэ хузэгъэпэщыным пэрыта, хэлӀыфӀыхьа псоми я цӀэхэмрэ ӀуэхущӀафэхэмрэ къэптӀэщӀыжыныр зэрымытынш цӀыкӀур гурыӀуэгъуэт. Псом хуэмыдэу Совет властым и пэ къриубыдэ лъэхъэнэм теухуауэ ятхауэ, къыдагъэкӀауэ щыӀэр зымащӀэ дыдэт, архивхэр жыпӀэнщи, Хэку зауэшхуэм щыгъуэ нэмыцэхэр ди щӀыналъэм щитам апхуэдэ дэфтэру диӀэр къанэ щӀагъуэ щымыӀэу мафӀэм храгъэсхьат, узыщыгугъыну къэнэжыр Владикавказ, Тбилиси, Москва къалэхэр арати, уэ узыхуей материалхэр абыхэм къахэбгъуэтэным къарурэ зэману пфӀихьыр гъунапкъэншэт. НэгъуэщӀ зы лъэныкъуэкӀи, совет идеологием цӀыхухэм я фӀэщ ищӀыну хэтт октябрь революцэм ипэкӀэ кӀыфӀыгъэм дыхэтауэ, зы фӀыгъуэ гуэри димыӀауэ икӀи а лъэхъэнэм ифӀ зепхуэу цензурэ ткӀийм гурыщхъуэ къыпхуищӀамэ, уи лэжьыгъэр дунейм къызэрытехьэным упыкӀат. А псом къыхэкӀыу гугъуехь мащӀэ и фэ дэкӀакъым Урысым мы Ӏуэхур и кӀэм нигъэсын папщӀэ, ауэ а псоми пэлъэщри, ди пащхьэ кърилъхьащ ноби зи пщӀэмрэ зи мыхьэнэмрэ хэщӀын дэнэ къэна, куэдкӀэ нэхъ ин хъуа тхылъ купщӀафӀэ.

Монографием лъэныкъуэ псомкӀи кууэ щызэпкърыхащ къэбэрдеибзэми кӀахэбзэми зэгуэр хузэхалъхьауэ щыӀэ алфавит псори, Нэгумэ Шорэ и деж къыщыщӀэдзауэ 1960 гъэхэм алфавитыр егъэфӀэкӀуэнымкӀэ къыхалъхьауэ щыта проектхэм деж щыщӀитӀыкӀыжу, абы, Урысейм имызакъуэу, адыгэ щыпсэу хамэ къэралхэм – Тыркум, Сирием – къыщыдэкӀахэри хэту. А псори зы тӀощӀырыпщӀым я бжыгъэкӀэ ноблагъэри, дэтхэнэми фӀыуэ хилъагъуэри, дагъуэу хуищӀри уи фӀэщ ищӀу нэӀурыту къигъэлъэгъуащ авторым. Тепсэлъыхьыпхъэу абы зыри гулъытэншэ зэримыщӀам и зы щапхъэ къэсхьынщ. Илъэс зыбгъупщӀ ипэкӀэ си деж гуфӀэгъуэм зэрихьэу къыщӀыхьащ ди институтым и лэжьакӀуэ щӀалэщӀэ, и ӀэщӀагъэкӀэ тхыдэтхыу. – Борис, узгъэгуфӀэну сыкъэкӀуащ, зэикӀ зыми имылъэгъуауэ революцэм ипэкӀэ адыгэбзэкӀэ къыдэкӀа тхылъ къэдгъуэтащ, – жиӀащ. Ар сыт хуэдэ тхылъу пӀэрэ, жысӀэу сыщеупщӀым, Щэрдан Мухьэмэдщ зи ӀэдакъэщӀэкӀыр, муслъымэн хабзэхэм теухуащ, – къызитыжащ жэуап. Сэ абы зи цӀэ кърипӀуам сыщыгъуазэт Урыс Хьэталий и тхылъым и фӀыгъэкӀэ. Арати, тхыдэтх щӀалэм и жагъуэ зэрызмыщӀыным сыхэтурэ къыгурызгъэӀуащ Щэрданым и гугъу нэхъапэӀуэкӀи тхылъым зэрихуар, апхуэдэу щытми, абы и лэжьыгъэм убгъуауэ тепсэлъыхьыну япэм Ӏэмал зэрыщымыӀам къыхэкӀыу,

иджы ар утыку нэхъ къилъхьа хъумэ зэрытэмэмыр. Щэрданым и тхылъыр зытеухуар муслъымэн хабзэхэр тэмэму зэрыбгъэзэщIэнур арати, диныр хьэIупс щащI Совет лъэхъэнэм абы и гугъу пщIыуэ щIамыдэр арат. ГъэщIэгъуэнкъэ, а лэжьыгъэр тхылъу къыдэкIат ХьэтIохъущокъуэ Къазий и тхылъ цIэрыIуэр («Сосрыкъуэ и пшыналъэм и къедзыгъуитIрэ таурыхъитIрэ») дунейм къыщытехьа 1864 гъэ дыдэм, ауэ щхьэусыгъуэ къэзгъэлъэгъуам и зэранкIэ Щэрданыр къыкъуагъэплъыртэкъым. Хьэталий тегушхуэри, тхыгъэм тепсэлъыхьыну Iэмал имыIами, Щэрданым и IэдакъэщIэкIым и цIэ къыумыIуэныр зэрыемыкIур икIи зэрыкъуаншагъэр къыгурыIуэрти, ар и тхылъым къыщигъэлъэгъуат. Цензурэм ар зищIысыр къагурыIуагъэнкъым армыхъумэ, ар хамытхъыкIыжу благъэкIынутэкъым.

Псалъэм къыдэкIуэу жысIэнщи, историкыр (Рахаев Дж. Я.) си чэнджэщым къедаIуэри, Москва щыщ щIэныгъэ лэжьакIуэ Ганич А. А. щIыгъуу Щэрданым и тхылъым теухуа статья купщIафIэ игъэхьэзыращ – ар 2012 гъэм къытехуащ ди институтым къыдигъэкIыу щыта «Исторический вестник» журналым и епщIанэ номерым. Ахэр къызэлъэIури, сэ ХьэтIохъущокъуэ Къазий и алфавитым тет тхыгъэр иджырей тхыбзэм къизгъэзэгъэжащ икIи ар статьям щIыгъуу а номер дыдэм итщ. Тхылъыр инкъым, ауэ гъэщIэгъуэну бзэ къабзэкIэ тхащ, къеджэ дэтхэнэм дежкIи гурыIуэгъуафIэу. СщIэркъым ди республикэм и дин унафэщIхэр мы лэжьыгъэм щыгъуазэрэ щымыгъуазэрэ, ауэ, си гугъэмкIэ, абыхэм муслъымэн узэщIакIуэу диIа Щэрдан Мухьэмэд и цIэр къаIэтыжыпхъэщ, абы и тхылъыр нобэ къыдагъэкIыжу щытми муслъымэн дин зыIыгъхэм къазэрыхуэщхьэпэнум шэч къытесхьэркъым. ЖысIа псор зыхуэзгъэкIуэжыращи, совет лъэхъэнэм Хьэталий фIэкIа тегушхуакъым Щэрдан Мухьэмэд тепсэлъыхьыну, ауэ Урысым зи цIэ къыдихыжар абы и закъуэкъым, ахэр зыбжанэ мэхъу, дэтхэнэми щхьэхуэу мыбдеж и гугъу щыдмыщIыфми.

Тхылъ зэпкърытхым и етIуанэ Iыхьэр зытеухуамкIи – адыгэ литературэбзэр зэрызэтеувам и IуэхукIи – Урысыр лъагъуэхэш хъуащ – мы Iуэхугъуэми абы и пэ зыри пыухыкIауэ тепсэлъыхьауэ си щхьэкIэ сыщыгъуазэкъым. Ди бзэр зэрызэхэлъ дэтхэнэ Iыхьэми – лексикэми, морфологиеми, фонетикэми, синтаксисми – тхыгъэ диIэ зэрыхъуам и фIыгъэкIэ ягъуэта зэхъуэкIыныгъэхэр мыбдеж нэIурыт щыщIащ, адэкIэ лъэIэсащ орфоэпиеми – къэпсэлъыкIэ тэмэмми, стилистикэми, нэгъуэщIу жыпIэмэ бзэм и къэгъэсэбэпыкIэ пэжми, щхьэхуэу и гугъу ищIащ нагъыщэ гъэувыкIэми.

Хьэталий ди тхыбзэм и тхыдэр зэфIигъэувэжа къудейкъым, абы езым и щхьэкIэ хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ. Зи гугъу сщIыр Зэхъуэхъу Лиуан къыдэщIыгъуу абы игъэхьэзыру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 1963 гъэм закону къыщащта Адыгэбзэ орфографиемрэ пунктуацэмрэ я хабзэхэрщ. Ар тхылъ щхьэхуэу а гъэ дыдэм къыдэкIыгъащ икIи нобэр къыздэсым адыгэбзэкIэ тхэхэр аращ дызэрыгъуазэр. Пэжщ, езы пэжырытхэм и лъабжьэр нэхъ жыжьэ къыщожьэ: адыгэбзэм тхыгъэ игъуэту абы еджапIэхэм щыхурагъаджэ зэрыхъу лъандэрэ (1920 гъэхэрщ) а тхыкIэм и хабзэхэми хуэмурэ зэфIэувэу щIадзащ. Япэ лъэхъэнэм абыкIэ псом хуэмыдэу лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ Борыкъуей ТIутIэ: абы зэхилъхьэри, 1936 гъэм дунейм къытехьащ адыгэбзэ пэжырытхэм и япэ проектыр. Прави-

тельствэм къищтауэ орфографие диIэ хъуащ 1939 гъэм – ар Борыкъуейм и проектыр и лъабжьэу профессор Яковлев Н. Ф. зи унафэщI комиссэм зэхилъхьат. Пэжырытхэ хабзэхэм зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр халъхьэри, 1946 гъэм къыдагъэкIыжауэ щытащ Елбэд Хьэсэнрэ КIыщокъуэ Алимрэ. Ауэ зи тхыкIэ хабзэм арэзы укъимыщI, зыщIыгъун, гъэтэмэмын хуей, е къызэщIэубыда мыхъухаххэр щыIэт. Мис а щыщIэныгъэхэр зэрызэрагъэзэхуэжыным хущIэкъуащ Хьэталийрэ Лиуанрэ икIи зэлэжьыжахэр къыпхуэмыщIыхужыным хуэдизу ирагъэфIэкIуащ. КъинэмыщIу, япэ дыдэ мыбыхэм зэгъэуIуа ящIащ пунктуацэм (нагъыщэ гъэувыкIэм) и хабзэхэри. Мы лIитIым ди тхыбзэм зегъэужьыным хуащIа хэлъхьэныгъэм и инагъыр пхуэмыIуэтэным хуэдизщ. Хабзэхэм абыхэм дыщIагъуащ псалъалъэ кIэщIи, нэхъ иужьыIуэкIэ ар пэжырытхэ псалъалъэ ин, псалъэрэ псалъэ гъэпсыкIэу мин 90 къызэщIиубыдэу, ящIыжри, 1980 гъэм дунейм къытрагъэхьащ.

Мы пэжырытхэмкIэ зигу мызагъэхэр мызэ-мытIэу яужь итащ ар нэгъуэщIу яхъуэжыну, нэхъыфI ящIыну, арщхьэкIэ абы зыри къикIакъым. ИдогъэфIакIуэ жаIэу къыхалъхьахэм нэхъ иригъэкIакIуэу къыщIидзыжырт. «Адыгэ псалъэ» газетыр иджыри «Ленин гъуэгуу» абы къытехуауэ щытащ Зэхъуэхъу Лиуан и тхыгъэшхуэ, «Iуэхугъуэшхуэм теухуауэ» жиIэу и фIэщыгъэцIэу. Ар зытеухуар пэжырытхэр егъэфIэкIуэным хуэгъэзауэ къыхалъхьа проекthэрт. Шэч хэлъкъым мы статьяр тхыным Урыс Хьэталии зэрыхэтам, и цIэр щIэмыдза пэтми. Мыр и жэуапт абы ипэкIэ проектхэм теухуауэ зи Iуэхуи зи мыIуэхуи, зи IэщIагъи зи мыIэщIагъи газетым къатха къомым. Авторхэм пэжырытхэр пункт-пунктkIэрэ къащтэурэ дэтхэнэри иджы зытетымрэ проектым ар зэрищIыну зыхэтымрэ зэпалъытэурэ иджырейр нэхъ зэрытэмэмыр, ар пхъуэжмэ абы къишэну гугъуехьхэмрэ щыуагъэхэмрэ проектым и телъхьэхэм «я нэм щIаIу» жыпIэну ирагъэлъагъужырт. Урысым зэи жиIакъым икIи итхакъым езым и IэдакъэщIэкIхэм уеIэб мыхъуну, абы жиIэу щытар пэжырытхэр егъэфIэкIуэным дяпэкIи елэжьын зэрыхуейрщ, абы и лъэныкъуэкIи езы дыдэм къыхигъэбелджылыкIауэ щытащ абы и лъэныкъуэкIэ проблемэ зыбжанэ. Зэгупсысыпхъэщ, итхыгъащ абы, – макъзешэ **е, и-**хэм я ужькIэ **й** зэратхыр, зи щхьэ хущымыт еигъэ цIэпапщIэхэмрэ щыIэцIэмрэ я тхыкIэр, косвеннэ объектым и префикс **у**-м и пэкIэ зэпэщIэзых **ы** зэратхыр, цIэ унейр хьэрф **I**-кIэ къегъэжьауэ зэратхыр, нэгъуэщIхэри (Адыгэ тхыбзэм и тхыдэ, 2000 гъэ, нап. 281).

1963 гъэм къыдэкIа пэжырытхэр гъуэтыгъуей дыдэ зэрыхъуам къыхэкIыу ар къыдэгъэкIыжын хуейт Iэмал имыIэуи, ар сэ си пщэ къыдэхуэри, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и редактор Сонэ Абдулчэрим си гъусэу абы и етIуанэ къыдэкIыгъуэр дгъэхьэзырри, 2005 гъэм дунейм къытедгъэхьащ. СыткIэ къыщхьэщыкIрэ мыр япэрейм? ЗанщIэу къыхэзгъэщынщи, хабзэхэм я бжыгъэми, я зэкIэлъыкIуэкIэми зэхъуэкIыныгъэ лъэпкъ игъуэтакъым. Нэхъыбэу зызыхъуэжар щапхъэхэрщ (хабзэхэм къахуэхьа иллюстрацэхэрщ): зэрыщыту хэдгъэкIащ урыс литературэм къыхахыу зэрадзэкIауэ щыта текстхэр. Бзэм и пэжырытхэ хабзэхэм (ар сыт хуэдэбзэуи щрет) я щапхъэу хамэбзэм щыщ къахуэпхь хъунукъым: ахэр дапхуэдизу Iэзэу зэрамыдзэкIами, къызыхаха бзэм и нэщэнэ гуэрхэр къахуонэ, икIи абыхэм уагъэщхьэрыуэныр бетэмалщ. Хьэталийрэ Лиуанрэ щапхъэ зыхуейм хуэдиз къызыхахын

литературэ 60 гъэхэм ямыIами, дэ Iэмал дгъуэтащ нэгъуэщI щIыпIэкIэ дымыIэбэу ди лъэпкъ литературэмкIэ а къалэныр дгъэзэщIэну. Апхуэдэу щIэкIэ зэтхъуэкIащ 1960 гъэхэм щыIа идеологием (коммунист идеологиер зыхэмыIэбэ щIыпIэ щыIэт абы щыгъуэ!) ижь зыщIихуа, ди зэманым къемызэгъыж гупсысэхэр зыхэлъ щапхъэхэри. А идеологие дыдэм ипкъ иткIэ зедмыгъэхъуэжу хъуакъым хабзэ закъуэтIакъуэхэм я мыхьэнэм. Псалъэм папщIэ, къэралыцIэхэм я тхыкIэр ахэр зытет системэм епхауэ щытти (социалист къэралхэр хьэрфышхуэкIэ, капиталист къэралхэр цIыкIукIэ къегъэжьэн хуейуэ!), къэрал, республикэ псоми ехьэлIауэ зэщхь тщIыжащ. ИтIанэ къэпсэлъыкIитI зиIэ псалъэхэм хабзэ щахуигъэувкIэ, щхьэусыгъуэншэу вариантитIым ящыщ зыр къыхэхын хуейуэ щытригъэчыныхь щыIэт. Псалъэм папщIэ, етIуанэ щхьэм и префиксым и формитIым **-у,-б-**хэм ящыщу **-у-**р литературэбзэм нэхъ къезэгъыу игъэувырт, е нэгъуэщIыбзэ псалъэхэм определенэ къалэн щагъэзащIэм деж абыхэм Iэмал имыIэу урысыбзэ суффиксхэр япытын хуейуэ жиIэрт. Апхуэдэхэм деж тегъэщIапIэ пщIы хъуну щыIэр бзэм ирипсалъэхэм, иритхэхэм а вариантхэр къагурыIуэ-къагурымыIуэм и закъуэщ. ВариантитIри псоми я дежкIэ гурыIуэгъуэмэ, а тIури бзэм зэхуэдэу къигъэсэбэпмэ, а тIум языр къыхахын хуейуэ щIапэбубыдын щыIэкъым. Абы къыхэкIкIэ, зи гугъу тщIы хабзэхэр «къэдгъэтIэсхъащ», н.ж. щхьэж нэхъ фIэкъабылыр, стиль и лъэныкъуэкIэ нэхъ къезэгъыр къыхих хъунущ.

Тхылъыр щыдгъэхьэзырыжым Хьэталий псэужтэкъым, ауэ шэч къытесхьэркъым мо къэзгъэлъэгъуахэмкIэ арэзы къыддэхъуну зэрыщытам. Нэхъыщхьэращи, абырэ Зэхъуэхъумрэ я пэжырытхэр апхуэдиз илъэсым къыкIуэцIрыкIыфауэ ноби къытхуолажьэ, дяпэкIи абы гъащIэшхуэ иIэнущ.

Си тхыгъэр кIыхьыIуэ сфIохъу, Урыс Хьэталий IуэхущIафэу иIа псори къызэщIэпкъуэну яужь уихьэмэ, зы тхылъ псом ирикъунущ. Ауэ дауэ и гугъу умыщIу къэбгъанэ хъун ар зыхэлIыфIыхьа нэгъуэщI зы IэнатIэми – ар адыгэбзэр школхэмрэ вузхэмрэ зэрыщаджын тхылъу (учебникыу) абы и Iэдакъэ къыщIэкIахэрщ.

Дэ университетым дыщыщIэса 1970 гъэхэми, абы ипэкIи адыгэбзэ къудамэм щеджэхэм а зи гугъу сщIыхэм хуэдэ лъэпкъ яIакъым. Лекцэ къызытхуеджэхэм къахэдубыдыкIыу конспект тхуэщIIамэ арат экзаменхэмрэ зачетхэмрэ деж тегъэщIапIэу диIар. ИужькIэ къызэрысщIамкIэ, адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ кафедрэм и унафэщI Урыс Хьэталий а проблемэр зэфIэха хъуным телэжьэн щIидзагъэххэт. Езым иригъэкIуэкI курс зыбжанэм ящыщу дэтхэнэми и лекцэ илъэс къэс нэхъ иригъэфIакIуэхэр я лъабжьэу учебникхэр зэхилъхьэн мурадыр иIэти, и зэмани, и къаруи емыблэжу абы елэжьащ икIи зэреджэн тхылъу плIым я Iэрытхыр игъэхьэзыращ. А тхылъхэр къыдэгъэкIыным сыхэлIыфIыхьыфауэ зэрыщытам хуабжьу срогушхуэ. Ахэр тхылъ тедзапIэм и планым хухамыгъэхьэу, университетми къыщыхудамыгъэкIыу, зэманыфIкIэ кърихьэкIащ Хьэталий. Сэ щIэныгъэрылажьэ сыхъуауэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и лIыкIуэу ЩIэныгъэ IуэхухэмкIэ министерствэм и егъэджэныгъэ-методикэ советым сыхагъэхьати, Хьэталий чэнджэщ естащ и лэжьыгъэхэр абы иритыну. Советым хэт гуэрхэр мыарэзыми, министерствэм и планым хэдгъэхьэри, а тхылъхэр зэкIэлъхьэужьу дунейм къыте-

хьащ: Синтаксисымрэ пунктуацэмрэ 1994 гъэм, Адыгэбзэм и тхыдэр 2000 гъэм, Фонетикэр, морфологиер, морфонемикэр 2001 гъэм, АдыгэбзэмкIэ практическэ стилистикэр 2002 гъэм. Ахэр си тхылъ дапхъэм нэхъ щызгъафIэ тхылъхэм ящыщщ, сыту жыпIэмэ сэ фIыуэ сощIэ абыхэм я мыхьэнэм и инагъыр, къинэмыщIауэ, езы Хьэталий «фIыщIэшхуэ пылъу» жиIэу къысхутритхэу тыгъэ къысхуищIауэ щытащи.

Мыбыхэм ящыщ дэтхэнэми убгъуауэ уатепсэлъыхьыну къалэжь, ауэ ар си статьям и форматым къызэримызэгъэнум къыхэкIыу нэхъ кIэщI зезгъэщIынщи, абыхэм псоми я зэхуэдэ нэщэнэу ядэплъагъухэм сакъытеувыIэнщ.

Инэхъыбэм зэреджэн тхылъ щызэхалъхьэкIэ ящIэр сыт? ЩIэныгъэ литературэ щыIэр студентхэм я пащхьэ иралъхьэу аращ. Ауэ Урыс Хьэталий езыр бзэщIэныгъэлI нэхъ пажэхэм щащыщкIэ, грамматикэм и Iуэхугъуэ зыкъомым езым и Iуэху еплъыкIэ, адрейхэм къащхьэщыкIыу, щиIэжкIэ, дауикI, ахэр учебникхэми къыщыхимылъхьэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. Ауэ, еджагъэшхуэ нэсым зэрихьэлу, абы езым и бгъэдыхьэкIэ закъуэр къритхэкI къудей мыхъуу, зэтемыхуэу щыIэ нэгъуэщI Iуэху еплъыкIэхэми щыгъуазэ уахуищIт, а псори зэпилъытыжти, итIанэ студентым Iэмал иритырт езым фIэзахуэр къыхихыну. А жытIам и щапхъэу къэпхь хъунущ, псалъэм папщIэ, зи щхьэ хущымытыж еигъэ цIэпапщIэхэм (нэхъыбэм къызэралъытэмкIэ, еигъэ къэзыгъэлъагъуэ аффиксхэм), союз формэхэм (е союз-суффиксхэм), ***гуэр*** белджылыншагъэ цIэпапщIэм, е синтаксисымкIэ дыIэбэнщи, псалъэуха зэхэлъ-зэпхам (гипотаксисым) ятеухуахэр, нэгъуэщI Iыхьэхэри. Мыпхуэдэхэм деж, еджагъэшхуэхэм нэгъуэщI жаIэми, абыхэм задимыгъэшу Хьэталий ерыщу езым и гъуэгу тетыжт, ар зэрытэмэмыр ди фIэщ зэрищIыным пылът щапхъэ нэIурытхэмкIэ.

Учебникхэм мымащIэу уащыхуозэ нэхъапэкIэ къыдэкIа тхыгъэхэм узыщримыхьэлIэ, мыбыхэм япэ дыдэу къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэми. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, адыгэбзэ морфемэм хэт макъ дэкIуашэм нэгъуэщI макъ дэкIуашэкIэ зихъуэж-зимыхъуэжым, лъабжьэ морфемэм хэт макъзешэхэм я зыхъуэжыкIэм, н.къ. ятеухуахэр.

СтилистикэмкIэ учебникым щхьэхуэу дыкъытеувыIэнщи, ар бзэщIэныгъэм хагъэхьэн зымыдэхэр мащIэкъым, мыдрей зыдэхэми функциональнэ стилистикэ Iыхьэр аращ лингвистикэм ирапхыр. Хьэталий и лэжьыгъэр зытеухуар, и цIэми къызэрыхэщщи, практикэ лъэныкъуэрщ. Мыр зыхуэунэтIар бзэм ирипсалъэхэм стиль и лъэныкъуэкIэ щэнхабзэ яхэпщэнырщ. Нэхъыщхьэу абы къикIыр бзэ узэрыпсалъэм и Iэмалхэр къызэрагъэсэбэпыпхъэм ухуигъэсэн хуейуэ аращ. Апхуэдэу щыщыткIэ, мыр лингвистикэм хамыбжэ щхьэкIэ, и къалэныр пхуэмыIуэтэным хуэдизу инщ, сыту жыпIэмэ адыгэбзэкIэ егъэджакIуэ хъун хуей студентыр хуегъэхьэзыр иригъэджэнухэр бзэм хуэIэкIуэлъакIуэ, хуэшэрыуэ зэрищIыным. Абы япэу гулъытэ хуэзыщIари, а стилым и хабзэхэр япэу зэхэзыгъэувари Урысырщ.

НэхъапэIуэкIи къызэрыхэзгъэщащи, Хьэталий зэреджэн тхылъ зыхузэхилъхьар студентхэм я закъуэкъым: 1960 гъэхэм щегъэжьауэ ди нобэм къэсыху еханэ-ебгъуанэ классхэм щIэсхэм я пащхьэ илъыр абы и тхылъхэрщ. Пэжщ, авторэгъуи иIэщ, шэрджэсхэм ящыщу, ауэ, зэрыгурыIуэгъуэщи, мыхэр нэхъыбэу зи фэ дэкIар Урысырщ.

Учебникхэр куэд дыдэрэ къыдэкIыжащ икIи къыдэкIыгъуэ къэс щIэ гуэрхэр хилъхьэу, иригъэфIакIуэ зэпыту екIуэкIащ. Ари Хьэталий и хьэлт, сыздынэсар, сызыхунэсар куэдщ жиIэу тIысыжхэм ящыщтэкъым. Иджы нэгъабэ лъандэрэ «модернизацэ» жаIэри зэреджэ тхылъхэр щIэрыщIэу зэхэлъхьэным яужь ихьахэщ – гъащIэми егъэджэныгъэм зэрыбгъэдыхьэ щIыкIэми зыщихъуэжкIэ, учебникхэри нэгъуэщI зыгуэр хъун хуейуэ къыщIэкIынщ, ауэ ар зи пщэ далъхьахэр я къалэным Тхьэм пигъэлъэщ, шэч хэлъкъым Хьэталий и тхылъхэр щапхъэу абыхэм я пащхьэ илъын зэрыхуеймм.

ЖысIа псоми къикIыращи, адыгэбзэр егъэджыным практикэ и лъэныкъуэкIэ хэлъхьэныгъэ нэхъ ин дыдэ хуэзыщIауэ диIэр Урыс Хьэталийщ.

Си тхыгъэм мызэ-мытIэу къызэрыхэзгъэщащи, Хьэталий сэрэ илъэс бжыгъэ куэдкIэ дыкъызэдекIуэкIащ, абы си гъащIэм увыпIэ хэха щиIыгъащ. Сыщыстудентым бзэщIэныгъэ гъуэгум сытришащ, мыдэкIэ щIэныгъэ лэжьакIуэ сыщыхъуами зэпымыууэ и нэIэ къыстригъэтащ, чэнджэщэгъуфIу сиIащ. Си кандидат диссертацэр щыпхызгъэкIми, си докторскэри къыздиIыгъащ, щытхъу рецензэхэр схуитхауэ щытащ. Сэри, зэрысхузэфIэкIкIэ, щIэгъэкъуэн сыхуэхъуащ, и щIэныгъэ лэжьыгъэхэми, учебникхэми щIагъуэ яхэткъым рецензэ зэзмыта. Ауэ икъукIэ си нэ къыхуикIыу, ауэ схузэфIэмыкIауэ, ноби сигу къеуэу зы Iуэхугъуэ щыIэщ. Ар апхуэдиз фIыгъуэ лъэпкъым къытхуэзылэжьа цIыху щэджащэм хуэфэщэн пщIэ игъуэтыжыным сызэрыхэмылIыхьыфарщ. Сэ согъэщIагъуэ икIи сризэгуоп Хьэталий е егъэджэныгъэмкIэ, е щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ лэжьакIуэ ямыщIу дунейм зэрехыжам. МыпхуэдэцIэ къысфIэфщ, жиIэу, зыгуэрхэм зэрахьэлу, абы зэи зыми и пащхьэ зыщигъэлъэхъшэнутэкъым, ауэ езым блахыу нэгъуэщI гуэрым къимылэжьауэ ар щраткIэ, тобэ ирехъу, ар игу къеуэу щытагъэнщ.

Мы Iуэхур къэзыIэтыну зи къалэнхэм икIи ар зыхузэфIэкIыну щытахэм гулъытэ зэрыхуамыщIамкIэ, зэремылIэлIамкIэ гуэныхь ятелъщ. Иджы блэкIам укIэлъыджэжкIэ сыт и мыхьэнэ, ауэ, езыр къытхэмытыжми, Хьэталий и фIыщIэр зэрытIэтын гуэрхэр ноби хуэтщIэфынущ. Псалъэм папщIэ, къыщалъхуа Нартан къуажэм нэхъ цIэрыIуэу, нэхъ гуащIафIэу къыдэкIахэм ящыщ зыщ ари, абы и уэрам гуэрым и цIэр зэрихьэну къелэжь, мыдэкIэ и гъащIэм и нэхъыбэр щигъэкIуа, игурэ и псэрэ етауэ щылэжьа университетми абы и щIыхь пхъэбгъу щылэжьа кафедрэр арами, е нэгъуэщI щIыпIэ гуэрми къыщыфIадзэ хъунут. Ауэ псом япэу икIи нэхъыщхьэу Урыс Хьэталий тщызымыгъэгъупщэнур абы къытхуигъэна и IэдакъэщIэкI налкъут куэдыр аращи, адыгэбзэр къыфIэIуэхуу мы дунейм цIыху тетыху а бзэм хэтынущ Хьэталий и цIэр.

**БИЩIО Борис,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор,*
*Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэм и унафэщI*



*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **Мамбэт Хьэлым, Гъудэ Данил, Гугу Рэшад, Урыс Хьэталий сымэ.** *1988*





**Нало Ахьмэдхъан, Балъкъэр Борис, Урыс Хьэталий сымэ адыгэ грамматикэм йолэжь.** *1975*



**Урыс Хьэталий ягъэлъапIэ.** *1980*





**Урыс Хьэталийрэ Тхьэмокъуэ Назиррэ.** *1956*

# АБЫ И ВАГЪУЭР МЫУЖЬЫХЫУ ЩЫБЛЭНУЩ АДЫГЭ УАФЭГУМ

Урыс Хьэталий и гъащIэ гъуэгум теухуа тхыгъэхэм ухэплъэмэ, псом япэ гу зылъыптэр мы къэкIуэну IуэхугъуипщIырщ:

1922 гъэм и май мазэм Нартан къуажэм къыщалъхуащ. Къуажэ еджапIэр къимыухыу Хэку зауэшхуэм щIидзати, ар колхозым и IэнатIэ нэхъ хьэлъэ дыдэхэм щылэжьащ.

Бийр Къэбэрдей-Балъкъэрым ирахужа нэужь, Хьэталий хахащ колхозым и комсомол организацэм и секретару. ТIэкIу дэкIри – правленэм и члену, нэхъ иужьыIуэкIэ колхозым и ревизионнэ комиссэм и унафэщIу.

1945 гъэм абы къратащ «За доблестный труд в Великой Отечественной войне 1941-1945 гг.» медалыр. 1946 гъэм – Къэбэрдей АССР-м и ЩIыхь тхылъыр.

1946 гъэм щIэтIысхьащ Къэбэрдей пединститутым филологхэр щагъэхьэзыр и факультетым. Щеджа илъэсиплIми курсым и старостэу, факультетым и комсомол организацэм и секретару лэжьащ.

1950 гъэм институтыр къиухри, адыгэ кафедрэм егъэджакIуэу къагъэнэжащ.

1956 гъэм «Иджырей къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и плъыфэцIэр» фIэщыгъэцIэр зиIэ и кандидат диссертацэр пхигъэкIащ.

1984 гъэм Грузием ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием щыпхигъэкIащ «Адыгэбзэхэм я морфонологиер» зыфIища и доктор диссертацэр. ИлъэситI дэкIри, профессор цIэр къыфIащащ.

Илъэс 54-кIэ университетым щылэжьащ, абы щыщу илъэс 23-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ кафедрэм и унафэщIу щытащ.

ЩIэныгъэ лэжьыгъэу 80-м щIигъу и Iэдакъэ къыщIэкIащ.

Хьэталий ящыщщ кавказыбзэхэр джынымкIэ ехъулIэныгъэ нэхъ ин дыдэхэр зиIа щIэныгъэлIхэм. 1997 гъэм абы «Урысей Федерацэм щIэныгъэ нэхъыщхьэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэр къыфIащащ.

2004 гъэм июным и 1-м дунейм ехыжащ.

АдыгэлI щэджащэм къигъэщIам, илэжьам щыщу зыри щыдэхуа хуэдэкъым мы сатырхэм. Ауэ къахэщыркъым абыхэм а цIыху телъыджэм и псэм и къабзагъыр, и гумызагъагъыр, къыдалъхуа бзэм хуиIа лъагъуныгъэм и инагъыр, къыпкърыкIыу щыта гупсысэхэм я куугъыр, лэжьыгъэм щыпэрыувэкIэ мыкIуэщIыжыххэу къыпфIэщIу къылъыкъуэкIыу щыта къарур, и Iуэху зехьэкIэ дахэу цIыхум ягу къинэжар. Абы къыхэкIыуи дыхущIэкъунщ, тхузэфIэкIмэ, а бжыгъэ гъущэхэм ди гукъэкIыжхэмкIэ хуабагъэ гуэр зэрыщIэтлъхьэным.

Егъэлеяуэ гугъущ Хьэталий утетхыхьыну, зыгуэр тежыпIыхьыну, сыту жыпIэмэ ар ящыщакъым сыт хуэдэ Iуэхугъуэ жьгъей щхьэкIи утыку илъадэрэ зэIущIэхэм къыщыпсалъэ е я Iуэху дагъэкIын папщIэ унафэщIхэм еуфэфэкI зэмылъэIу жэрдэмщIакIуэхэм. ШыгъупIастэ IэнэкIи кIуэцIригъэкIакъым абы и Iуэху. Ар зыщыщар псалъэмакъыншэу, зи щхьэр ехьэхауэ жэщи махуи зи къалэныр къанэ лъэпкъ щымыIэу зыгъэзащIэ, ищIам арэзы темыхъуэжу ар къытригъэзэжурэ къэзыпщытэж, гъуджэм хуэдэу укъищыху теIэзэщIыхьыж цIыху гумызагъэ, псэмызагъэхэрт.

Иджыри сынэхъ щIалэу, «Ленин гъуэгу» газетым сыщылажьэу си насып къикIри цIыхугъэ схуэхъуауэ щытащ сэ Къэбэрдей псом зи гуащIэдэкIкIэ фIыуэ щацIыху апхуэдэ цIыху щэджащэхэр. Абыхэм ящыщт, псалъэм папщIэ, Джэрмэншык къуажэм щызэхэт колхозыр зэтригъэувэжын папщIэ абы унафэщIу трагъэуvауэ щыта, зэман кIэщIкIи ар зыхузэфIэкIыу колхозми езы председателми Трудовой Краснэ Знамя орденыр зратыгъа МыгъуэлI Къарэкъан, зауэ зэманым колхоз Iэщыр нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм яIэримыгъэхьэн папщIэ къуршым щхьэпрызыхуауэ щыта, иужькIэ илъэс куэд дыдэкIэ Аргудан Iэщ фермэхэм ящыщ зым и унафэщIу къэгъуэгурыкIуа Къумыкъу Бэдэ, республикэм щыщу япэ дыдэ тракторым шэса бзылъхугъэхэм яхэта, иужькIэ мединститут къиухыу зауэ мафIаем илыпщI госпиталхэм илъэсиплIкIэ щыIэза, а псом ищIыIужкIэ Псыгуэнсу къуажэ амбулаторием илъэсипщI бжыгъэкIэ дохутыру щылэжьа, сымаджэныгъэкIэ гузавэ къуажэдэсхэм жэщи махуи ягъуэту щыта Дзыгъуур Жанзилэт сымэ. АтIэ гукIи псэкIи мис апхуэдэ цIыху телъыджэхэм ящыщт Урыс Хьэталии.

Хьэталий и гъащIэ гъуэгум теухуауэ ищхьэмкIэ зи гугъу щытщIа Iуэхугъуипщ Iым щыщу япэмрэ етIуанэмрэ къахощ ар илъэс зыбжанэкIэ колхозым зэрыхэтар. Ауэ куэдым ящIэу пIэрэ фронтым дэIэпыкъун мурадкIэ Нартан къуажэ щIалэгъуалэм яхузэфIэкI мылъку зэрызэхалъхьам, колхозым и комсомол организацэм и секретару а зэманым тета Урыс Хьэталий абы и лъэныкъуэкIэ псэемыблэжу иригъэкIуэкIа къызэгъэпэщыныгъэ лэжьыгъэшхуэм къапэкIуэу И.В. Сталиным къыбгъэдэкIыу абы ФIыщIэ тхылъ къыIэрыхьауэ зэрыщытар? 1944 гъэм январым и 16-м къыдэкIа «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетым тетщ а хъыбар гуфIэгъуэр: «Нартан» колхозым и комсомол комитетым и секретарь Урыс Хь. Щ. деж. «Къэбэрдейм и комсомолец» кхъухьлъатэ эскадрильер яухуэным зи мылъкум щыщу сом мин ищIрэ тхурэ хэзылъхьа Нартан къуажэм дэс комсомолецхэмрэ щIалэгъуалэмрэ си фIэхъусымрэ Дзэ Плъыжьым и фIыщIэмрэ схуалъэбгъэIэсыжыну сынолъэIу. И. Сталин».

Ар икъукIэ пщIэшхуэт щIалэщIэм дежкIэ.

Ди тхыгъэр къызэрыщIэддза, Хьэталий и гъащIэм ехьэлIа Iуэхугъуипщ Iым къыхощ ар зауэ нэужьым пединститутым зэрыщеджар. А лъэхъэнэм ар ерыщу пэрытащ щIэныгъэ нэс зэрызригъэгъуэтыным. Диплом плъыжьу тIу иIэу къиухащ абы еджапIэр: зыр – адыгэбзэмрэ литературэмкIэ, етIуанэр – урысыбзэмрэ литературэмкIэ ирилэжьэну хуиту.

Адыгэбзэр джа хъунымкIэ абы и зэхэлъыкIэм, и тхыбзэ тхыдэм хэлъ щэхухэр къэгъэнэхуэнымкIэ, нобэрей тхыбзэр зэтеувэнымкIэ мыхьэнэ ин дыдэ яIэщ Хьэталий игъэхьэзыра щIэныгъэ лэжьыгъэхэм. Абыхэм ящыщу псом япэ зи цIэ иIуапхъэр Зэхъуэхъу Лиуан щIыгъуу зэхигъэувa «Адыгэбзэ орфографиемрэ пунктуацэмрэ я хабзэхэрщ». Илъэс 60-м нэблэгъауэ къэбэрдейхэмрэ шэрджэсхэмрэ ди тхыбзэр зытет а «Хабзэхэр» КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкIэ 1963 гъэм къащтауэ нобэм къэси къыддогъуэгурыкIуэ. «Адыгэбзэ пэжырытхэмрэ нагъыщэ гъэувыкIэмрэ я хабзэхэр» фIэщыгъэцIэр иIэу лэжьыгъэр 2005 гъэм етIуанэу къыдэкIыжащ. Хабзэхэм я бжыгъэми я зэкIэлъыкIуэкIэми зэхъуэкIыныгъэ лъэпкъ ягъуэтакъым – къэрал унафэншэу абы ухэIэбэ

хъунукъым. ЗэхъуэкIыныгъэ зыхэлъхьар язынықъуэ щапхъэхэмрэ лэжьыгъэр зэрытха бзэм и стилымрэщ.

Урыс Хьэталий 1968 гъэм къыдигъэкIащ «Адыгэ тхыбзэм и тхыдэ», 1980 гъэм «Морфемика адыгских языков» тхылъхэр. Иужьрейр тегъэщIапIэ хуэхъуащ щIэнығъэлIым 1984 гъэм пхигъэкIа «Адыгэбзэхэм я морфонологие» и доктор диссертацэм. Абыхэм яужькIэ дунейм къытехьащ псалъэ мин 90 хуэдиз зэрыт «Адыгэбзэ орфографическэ псалъалъэр» (1982), «Адыгэ грамматикэ. Синтаксис. Пунктуацэ» (1994) лэжьыгъэ гъуэзэджэр, «Адыгэбзэм и тхыдэ» (2000), «АдыгэбзэмкIэ практическэ стилистикэ» (2002), «Адыгэ грамматикэ. Фонетикэ. Морфонемикэ. Морфологие» (2004), «Адыгэхэм я бзэр зэлъытауэ» (2008), тхылъ купщIафIэхэр. Курыт еджапIэм и 6-9-нэ классхэм адыгэбзэр щызыджхэм папщIэ щIэныгъэлIым зэхигъэува учебникхэр 15-рэ къыдэкIыжащ. А псори лъэпкъыбзэм зиужьынымкIэ егъэлеяуэ мыхьэнэ ин дыдэ зиIэ лэжьыгъэхэщ.

Хьэталий адыгэбзэмрэ литературэмкIэ кафедрэм и унафэщIу щытета зэманым икъукIэ къызэгъэпэщыныгъэ лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIыу щытащ. Абы апхуэдизкIэ фIыуэ кафедрэм и лэжьыгъэр зэтриIыгъэти, университетым щекIуэкI зэхьэзэхуэм щытекIуэурэ илъэс щIагъуэ къэмынэу кафедрэм къихьырт еджапIэм щызекIуэ бэракъ плъыжь зэIэпахыр. Бэракъыр куэдрэ щыплъагъунут кафедрэр зыщIэс пэшым и плIанэпэм.

Хьэталий сыт хуэдэ Iуэхум и ужь ихьэми, ар псынщIэу икIи нэгъэсауэ зэрызэфIихыным щIэкъурт. УмыгъэщIэгъуэн плъэкIынутэкъым апхуэдэ дакъикъэхэм абы жыджэрагъыу къылъыкъуэкIыу щытар. Иджыпсту хуэдэу сощIэж: Ленинград дэт университетым журналистикэмкIэ и факультетыр къызэрызухрэ илъэсиплI фIэкIа мыхъуауэ, сфIэфIыпсу «Ленин гъуэгу» газетым сыщылажьэу 1985 гъэм и июль мазэу Хьэталий редакцэм нопсалъэ.

– Iэдэм, уи махуэ фIыуэ. Ар Урыс Хьэталийщ. ЗыгуэркIэ сыпхуейти, ущIэсынумэ, сыныIухьэнут лэжьапIэм, – жеIэ. Сэри, сыкъэуIэбжьауэ (сэ сщIэнтэкъэ а лIыр Iуэху джэгукIэ къызэрымыпсэлъэнур) жэуап изотыж:

– Сэ сынэкIуэнщ, Хьэталий, мыбы нэс укъэмыкIуэу.

АрщхьэкIэ дэнэт?

– СынызщIокI, къыспэплъэ, – жеIэри трелъхьэж телефоныр.

КъызэрыщIэкIымкIэ, а зэманым партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретару лэжьа, лIы губзыгъэу, къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэу цIыхухэм ягу къинэжа Мэлбахъуэ Тимборэ унафэ ищIат, республикэм ис адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ къахэкIауэ журналист IэщIагъэм хуеджахэр зэрымащIэ дыдэр, абы къыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьыгъэр зэрещIэкъуауэр къэлъытауэ КъБКъУ-м и адыгэ, балъкъэр отделенэхэм щеджэ студентхэм къахэшауэ гуп щхьэхуэ журналистикэм хуегъэджэн хуейуэ. Ар а зэманым университетым и ректору лэжьа Лъостэн Владимир лъагъэIэсри, унафэм и гъэзэщIэныр Хьэталий и пщэ далъхьэжауэ арат.

Къэсащ къызэпсэлъар. И сэламри и лъэIури (ар лъэIут, сытми) зы ищIри Хьэталий къызиубыдылIащ июлым щыщу къэнэжа махуэ бжыгъэмрэ августымрэ къриубыдэу а Iуэхур университетым щызэтезублэу сентябрым и 1-м студент гуп щхьэхуэр журналистикэм хуегъэджэн щIэздзэну. Нэхъыщхьэрати, едгъэджэну студентхэри, абыхэм

ядэлэжьэну егъэджакIуэхэри, зэредгъэджэну учебнэ плани, программи, тхылъи – зыри щыIэтэкъым, ауэ унафэр фIэкIыпIэншэу гъэзэщIэн хуейт. Арагъэнт ар Хьэталий и пщэ щIыдалъхьари. Сыт сщIэнт, сыщеджа Ленинград къэрал университетым сыкIуэри, къызэрыщIэддзэн тхылъ, тхылъымпIэ хуэдэхэр къисшащ, едгъэджэну студентхэр къыхэтшри, егъэджакIуэ IэнатIэм сыпэрыуващ. КъыкIэлъыкIуэ илъэсхэм студентхэм я бжыгъэр нэхъыбэж хъури, егъэджакIуэщIэхэри къэтщтащ. Сэри редакцэмрэ университетымрэ лэжьыгъэр щысхуздэхьыжынутэкъыми, апхуэдэ щIыкIэкIэ университетым сыкъэнащ. Езгъаджэурэ аспирантурэми сыщIэтIысхьэри, Хьэталий си щIэныгъэ унафэщIу кандидат диссертацэр стхыри, 1990 гъэм кIуэцIрызгъэкIащ. Сэрат Урысым япэ аспиранту иIар. Хьэталий и жьауэм сыщIэту 1998 гъэм доктор диссертацэри згъэхьэзырри пхызгъэкIащ.

АтIэ, журналистикэм хуедгъаджэ студентхэр гупищ хъуащ. ФIы дыдэу университетыр къаухри, журналист IэщIагъэр яIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм лэжьэн щыщIадзащ. Абыхэм ящыщщ я лэжьыгъэфIымкIэ республикэм хэIущIыIу щыхъуахэу Къардэн Маринэ, Щоджэн Иннэ, Жыгун Азимэ, Пщыгъэуш Раметэ, Сабанчиевэ Арипа, Картлыковэ Хьэлимэт, Наршаовэ Мадинэ сымэ. Абыхэм я гъащIэ гъуэгур убзыхуа зэрыхъуами телъщ Урыс Хьэталий и Iэужь.

СыеджакIуэу епщIанэ классым сыщыщIэса лъэхъэнэм лъандэрэ гъащIэм быдэу дызэрипхат Хьэталийрэ сэрэ. А зэманым бзэмрэ литературэмкIэ кафедрэм и унафэщIу лажьэ Урыс Хьэталийрэ университетым и тхыдэ-филологическэ факультетым и тхьэмадэ Медалы Хьэчимрэ къуажэ еджапIэм нэкIуат, адыгэбзэм хуеджэн щIалэгъуалэ къыхахыну. Сэри а зэманым усэ тхыным сыдихьэхырт. «Ленин гъуэгу» газетым, «Iуащхьэмахуэ» журналым къытехуэхэрт. Апхуэдэ щIыкIэкIэ сцIыхуауэ щытащ адыгэ лъэпкъым и деж пщIэшхуэ щызиIэ а лIитIыр.

Телъыджэт Хьэталий и занятие егъэкIуэкIыкIэр: ар лекцэми практическэми пхузэхэмыхыу, жиIэм узыIэпишарэ зэманыр зэрыкIуар умыщIэу парэкIэ студентхэр дызэджэ сыхьэтитIыр блэлъэтырт. Дызэрыригъаджэр синтаксисыр арати, доскам псалъэуха къритхэрт, абы и щытыкIэ щхьэхуэхэм тепсэлъыхьын щIидзэрти, а зы псалъэухам и зэпкърыхыкIэм хэлъ щэхухэм сыхьэт псо тригъэкIуадэрт. «Сымаджэ хьэлъэ зыхуаша дохутырыр щыуэ хъунукъым лъэрымыхьым щеIэзэкIэ, – жиIэ хабзэт Хьэталий. – Фэри фыапхуэдэщ. Абы IэщIэлъыр скальпельмэ, фэ фи Iэмэпсымэр мелщ. Ар зэIэзэр цIыхумэ, фэри зэпкърыфхыр псалъэухащ. ЗэхэфщIыкIыфмэ, псалъэухами псэ Iутщ: фи мыщIэныгъэкIэ лей тевмыгъэхьэу, ил фымыгъэузу зэпкърыфхыф, фэ бзэр фщIэр пэжмэ. Армырамэ, «сыегъэджакIуэщ» жывмыIэу хьэпшып фщэуэ фыдэувэж хъунущ».

Адыгэбзэмрэ литературэмрэ щадж отделенэм и ещанэ курсыр къэзуха нэужь, сэ Ленинград дэт университетым журналистикэмкIэ и факультетым щIэныгъэм щыпысщащ. Абы и ужькIэ редакцэм сыщылэжьащ. НэхъапэIуэкIэ и гугъу зэрыщысщIа щIыкIэм тету Хьэталий и жэрдэмкIэ университетым къэзгъэзэжа нэужь, абы и унафэ сыщIэту сыдэлэжьэну си насып кърихьэкIащ. Иджы ар махуэ къэси слъагъурт, Iуэху дэсщIэрт, и гупсысэкIэм, дуней тетыкIэм, зыIыгъыкIэм, уеблэмэ и зыхуэпэкIэм нэхъри сызыIэпишэрт.



2 Заказ №1150

Хьэталий и теплъэкIэ лIы хэщIыхьат, щабэу зекIуэу, хуэму, и макъ дэмышеяуэ псалъэу. Псалъалэтэкъым, ауэ, а жиIэ мащIэри хэгупсысыхьыпауэ къыббгъэдилъхьэрт. Телъыджэт абы и щэным къыщызэдэгъуэгурыкIуэ цIыху щIыкIитIыр: зы лъэныкъуэкIэ, япэ къэсым псэлъэгъу ищIыну иримыкуфыну ар лIы ткIийт. Абы къыдэкIуэуи псэм пIейтеигъэ щхьэщызыхыф, ар тыншыгъуэ изыгъэхуэф гушыIэ щабэкIэ псалъэмакъыр иригъэкIуэкIт. Сыт щыгъуи дгъэщIагъуэрт Хьэталий мастэнэм къызэрыпачам хуэдэу хуэпауэ, и гъуэншэдж лъапитIым укъауIэным хуэдэу ету тедзауэ чэм имыIэу лэжьапIэм къызэрекIуалIэр. Мис ар, дауи, зи фIыщIэр Люсэт, Хьэталий и щхьэгъусэрт. Белджылыт унэгуащэм къыбгъэдэкIыу егъэлеяуэ пщIэшхуэ, гулъытэ, дэIэпыкъуныгъэ Хьэталий къызэрылъысыр. Нэхъ иужькIэ, IуэхукIэ Хьэталийхэ я деж сыщыкIуэ хъуам, къызгурыIуэпащ а лIы щэджащэм и зэфIэкIышхуэхэм щыщ Iыхьэфlыр зи фIыщIэр Люсэу зэрыщытыр. Зыгъэпсэхугъуэ махуэм и сыт хуэдэ зэманым уIумыхьэми, Люсэ бжэр Iуихынт, гуфIэжу «Къеблагъэ. Дотэ (арат ар гъэфIагъэцIэу Хьэталий зэреджэр) кабинетым щIэсщ, ныкIуэцIрыкI», – жиIэнти пэшым укIуэцIришынт. Хьэталии тхылъръэ тхылъымпIэкIэ щIэгъэна стIол кIыхьым бгъэдэст, тхылъ зэхуэмыдэхэм кърихыурэ нэхъ гъэщIэгъуэн щыхъуа, щапхъэу къэбгъэсэбэп хъуну псалъэуха зэмылIэужьыгъуэхэр карточкэкIэ зэджэу къигъэсэбэп тхылъымпIэ Iув зэпыупщIахэм иритхэу, итIанэ ахэр зэпэщхьэхуэу зэхигъэтIылъыкIыжу. Дапщэщи сыт хуэдэ Iуэхугъуэхэми щыщу Хьэталий и лэжьыгъэ нэхъыщхьэу щытыр щIэныгъэм, бзэм тележьэнырт.

Сэ сщIэрт щIэныгъэлIым къыдигъэкIа тхылъхэм я нэхъыбэр унэм щIэт машинкэмкIэ Люсэ зэрытридзар. ЩыгъуазэхэмзэрыжаIэжымкIэ, унэгуащэр уеблэмэ щхьэхуэу хуэпщафIэрт щхьэгъусэм, абы ишхыну ерыскъыр хэхауэ, сыт щыгъуи хуабэу хузэрихьэрт. Апхуэдэт Люсэ и гулъытэр.

Адыгэбзэр зыхиубыдэ кавказыбзэхэр джыным зигури зи псэри ета щIэныгъэлIым икъукIэ цIыхугъэфIхэр щиIэт хэкум. Ахэр грузин еджагъэшхуэхэу Чикобавэ Арнольд Степанович, Рогавэ Георгий Виссарионович, Ломтатидзе Кетеван Виссарионовнэ, адыгэ лъэпкъым и гуащэкIэ зэджэу къэгъуэгурыкIуа, адыгэ бзылъхугъэхэм ящыщу бзэр джынымкIэ япэ дыдэу еджагъэшхуэ хъуа профессор КIэрашэ Зейнаб, адыгэ бзэ щIэныгъэлI цIэрыIуэхэу Шагъыр Iэмин, Къумахуэ Мухьэдин сымэ хуэдэхэрт. Езыми егъэлеяуэ пщIэшхуэ иIэт. Къэгъуэтыгъуейщ Хьэталий нэхърэ нэхъыфIу адыгэбзэм и зэхэлъыкIэр, адыгэ псалъэухам и гъэпсыкIэр, абы и кIуэцIкIэ щекIуэкI хабзэхэр зыщIэу щыта нэгъуэщI бзэ щIэныгъэлI. Ерыщу щIэныгъэм зэрыбгъэдэтам нэмыщI, Хьэталий хузэфIэкIащ адыгэ хэкум исхэм щыщу иригъэджа цIыху мин бжыгъэм адыгэбзэр фIыуэ яригъэлъагъун, езым бгъэдэлъ щIэныгъэр ябгъэдилъхьэу лъэпкъым и щIэблэр адэкIэ анэбзэм хуезыгъэджэн IэщIагъэлI щыпкъэ абыхэм къахищIыкIын.

Зэманыр темыпыIэу макIуэ. Псэ зыIутым уахътыи иIэщ. Илъэс 18-м нэблэгъащ Хьэталий къызэрытхэмытыжрэ, ауэ абы и вагъуэр мыужьыхыу щыблэнущ адыгэ уафэгум. ЛIыфIу дунейм тетащ. Дыхуэарэзыщ.

**КЪЭМБЭЧОКЪУЭ Iэдэм,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор,*
*профессор*



**Урыс Хьэталий.** *1960*





**И къуэрылъху Аминэ и гъусэу.** *1990*



**КъБКъУ-м и егъэджакIуэхэмрэ студентхэмрэ. СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ етIуанэр Урыс Хьэталийщ.** *1952*





**Урыс Хьэталий, и къуэшым ипхъу Антонинэ, и щхьэгъусэ Лусэ сымэ, и къуэхэу Аслъэнрэ Русланрэ ящIыгъуу.** *1963*

# ЕМЫЗЭШ МЭШЫБЭ ЕЩIЭ

Адыгэ бзэщIэнытъэм иужьрей илъэсхэм зыужьыныгъэшхуэ игъуэтащ. Фонетикэм, лексикэм, семантикэм, морфемикэм, морфологием, синтаксисым, стилистикэм теухуа къэхутэныгъэщIэ куэд щIэныгъэ журналхэм къытрадзащ, тхылъ щхьэхуэу къыдэкIащ. Адыгэ бзэщIэныгъэм игъуэта зыужьыныгъэмрэ профессор Урыс Хьэталий Щыхьым и къуэм и цIэмрэ пхузэкIэрымычыну зэпхащ. Абы и щхьэусыгъуэри адыгэбзэр щIэныгъэ «Iуащхьэм» и щыгу дэзышахэм Хьэталий я пашэу икIи къэхутэныгъэ лэжьыгъэ нэхъыщхьэу къыдэкIахэм абы и гуащIэ куэд хэлъу зэрыщытырщ. А щIэныгъэлI щыпкъэр, къэхутакIуэ емызэшыжыр, егъэджакIуэ Iэзэр, гъэсакIуэ гъуэзэджэр, ущиякIуэ зэчиифIэр, зи Iулыджыр лъагэ нэхъыжьыфIыр нобэ къытхэмытыжми, абы лъэпкъ бзэщIэныгъэм къыхина лъэужь нэхумрэ и Iуэхущlафэ дахэмрэ я мыхьэнэр зыхэзымыщIа адыгэбзэм ирилажьэу къыщIэкIынукъым. «Емызэш мэшыбэ ещIэ» псалъэжьыр зыхуэгъэзар Хьэталий хуэдэ цIыху гуащIафIэхэрщ. Абы хуэдэу ткIийуэ, и щхьэ Iуэхум япэ и лъэпкъыр иригъэщу, псэ къабзэкIэ зи лэжьыгъэ IэнатIэм бгъэдэта къэгъуэтыгъуейщ.

Урыс Хьэталий Нартан адыгэ къуажэжьым 1922 гъэм майм и 2-м къыщалъхуащ. А жылэм дэт курыт еджапIэм щIэтIысхьащ, ауэ ар къиухын хунэмысауэ, Хэку зауэшхуэр къэхъеяти, комсомол щIалэгъуалэ гупым я пашэу, колхоз лэжьыгъэм пэрыуващ. Сыт хуэдэ гуащIэдэкI лэжьыгъэри Iумпэм имыщIу, гугъуехьми къызэфIимыгъащIэу, зи пашэ гупым щапхъэ яхуэхъуу, зауэ илъэс хьэлъэхэм псэ хьэлэлкIэ хэкум зэрыхуэлэжьам папщIэ, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым 1945 гъэм къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ, Урыс Хьэталий медалрэ ЩIыхь тхылърэ къыхуагъэфэщауэ щытащ.

Зауэр увыIэу, курыт еджапIэр ехъулIэныгъэкIэ къиухыжа нэужь, Хьэталий 1946 гъэм Къэбэрдей къэрал пединститутым и филологие къудамэм щIэтIысхьащ икIи япэщIыкIэ адыгэбзэмрэ литературэмрэ, итIанэ урысыбзэмрэ литературэмрэ я къудамэхэр диплом плъыжькIэ къиухащ. Филологием и къудамитIри диплом плъыжьитIкIэ къэзыуха Хьэталий щIэныгъэу иIэр адыгэбзэм и зыужьыныгъэм ирихьэлIэну, студентхэр ди лъэпкъыбзэм и къэухьым хуригъэджэну, егъэджакIуэфIхэр курыт еджапIэхэм папщIэ игъэхьэзырыну зыщеджа Къэбэрдей пединститутым 1950 гъэм къагъэнэжащ. А зэманым адыгэбзэр ебгъэджыну къызэрымыкIуэу гугъуу щытащ (ар зэи тыншауи къыщIэкIынкъым) щхьэусыгъуэ зыбжанэм къыхэкIыу: 1) адыгэбзэр щIэныгъэ лъабжьэ иIэу джа, къэхута хъуатэкъым (тхыбзэр иджыри нэсу зэфIэуватэкъым, пэжырытхэм и хабзэхэр зэтеуватэкъым, литературэбзэмрэ диалектхэмрэ я щхьэхуэныгъэхэр гурыIуэгъуэтэкъым, псалъэ лъэпкъыгъуэхэр къыхагъэкIатэкъым, псалъэуха лIэужьыгъуэхэр ягъэбелджылатэкъым, нэгъуэщI «тэкъым» куэдхэри щыIэт; 2) еджапIэхэм бзэр зэрыщебгъэджын программэ, пособие, тхылъ къыдэкIатэкъым, лекцэ зэрыптхыну щIэныгъэ-къэхутэныгъэу ятхахэр апхуэдизкIэ мащIэти, уи зы Iэм пыт Iэпхъуамбэхэр щIэбгъашэурэ къыубжэкIыфынут; 3) студентхэмрэ

еджакIуэхэмрэ щIэныгъэм зэрыхэпшэн, темэщIэр зэрабгъэдэплъхьэн методикэ чэнджэщхэр, бзэм зэрыдебгъэхьэхын Iэмалхэр щыIэтэкъым. Ахэр умытхауэ, къызэмыгъэпэщауэ, егъэджэныгъэ Iуэхугъуэм мыхьэнэ зэримыIэнур, егъэджакIуи бзэ щIэныгъэлIи бгъэхьэзырын зэрыпхузэфIэмыкIынур лэжьыгъэм зэрыхэбакъуэу къызыгурыIуа Хьэталий и къару псори ахэр къызэгъэпэщыным ирихьэлIащ. Егъэджэныгъэмрэ кафедрэ лэжьыгъэмрэ къыщыдэхуэ зыгъэпсэхугъуэ зэманри зыхуэгъэпсар а и мурад нэхъыщхьэр гъэзэщIа хъуныр арат.

Хьэталий и «Адыгэбзэ (3 класс)» япэ тхылъыр 1953 гъэм къыдэкIауэ щытащ. Абы къыкIэлъыкIуащ курыт еджапIэхэм щIэсхэм яхуэгъэзауэ итха мыпхуэдэ тхылъхэри: «Адыгэбзэ (4 класс)», «Адыгэбзэ (6-7 класс)», «Адыгэбзэ (8-9 класс)», нэгъуэщIхэри.

Школхэм зэрыщрагъэджэн тхылъхэр къыдигъэкIа нэужь, педколледжымрэ университетымрэ щеджэ студентхэми абыхэм щылажьэ егъэджакIуэхэми папщIэ лэжьыгъэ куэд и Iэдакъэ къыщIэкIащ. Абы адыгэ бзэщIэныгъэм и Iыхьэ нэхъыщхьэхэм тхылъ зыры зритхыхьын хузэфIэкIащ. ЩIэныгъэ лэжьыгъэу 80-м нэс, тхылъу 20-м щIигъу – апхуэдиз гуащIэ ирихьэлIащ бзэщIэныгъэм зиужьыным.

Зи гугъу тщIа лэжьыгъэхэр бзэ щIэныгъэлIхэм, егъэджакIуэхэм, еджакIуэхэм, студентхэм, журналистхэм, редакторхэм, тхылъ, газет тедзапIэхэм, радиомрэ телевиденэмрэ я лэжьакIуэхэм гъуазэ яхуохъу. Ноби адыгэбзэм елэжьхэм, щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэ езыгъэкIуэкI бзэ щIэныгъэлIхэм лъабжьэ нэхъыщхьэу, тегъэщIапIэ быдэу къагъэсэбэпхэр Хьэталий и щIэин нэхухэрщ.

Лъэпкъым и къэкIуэнум егупсыс, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэр зи псэм хэлъ IэщIагъэлIыр студентхэм, аспирантхэм емызэшу ядэлажьэрт, бзэм ехьэлIауэ щIэщыгъуэ гуэр зэзыгъэщIэну яужь итхэм сыт хуэдэ лъэныкъуэкIи ядэIэпыкъурт, чэнджэщэгъу яхуэхъурт, щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр зыгъэзащIэхэм ядигъэпсынщIэрт.

Адыгэбзэм ехьэлIауэ, щIэныгъэфI ябгъэдэлъу, бзэ щIэныгъэлI, егъэджакIуэ, методист, тхакIуэ, усакIуэ, редактор, журналист Iэзэ куэд Къэбэрдей-Балъкъэрми Къэрэшей-Шэрджэсми зэрисым Хьэталий и фIыщIэ хэлъщ. Абы и гъащIэ псор зытригъэпсыхьар, Iуэхугъуэ нэхъыщхьэу иIар ищIэ псори иригъаджэ студентхэм ябгъэдилъхьэнырт, лъэпкъ бзэщIэныгъэр адэкIи зыгъэкIуэтэфын щIэныгъэлI IэкIуэлъакIуэ щIэблэм къахэкIынырт. Ауэ, гъэщIэгъуэнракъэ, Хьэталий езым и щхьэ Iуэху дигъэкIыну зэи хэтакъым, и цIэ жыжьэ игъэIуну хущIэкъуакъым, утыкум ихьэрейуэ, хузэфIэкIахэм тепсэлъыхьу щытакъым. ФIыуэ сощIэж Хьэталий къызэралъхурэ илъэс 75-рэ щрикъуауэ щыта май мазэр. Ар (езыр щымыгъуазэу) университетым щагъэлъэпIэну мурад ящIати, деканатымрэ кафедрэмрэ абы и къызэгъэпэщыныр си пщэм къыдалъхьат. Сэри профессорым и гъащIэ гъуэгуанэмрэ и лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэмрэ теухуауэ доклад кIэщI стхат, ди студентхэми концерт программэ ягъэхьэзырат, Хьэталий къыдеджахэм, иригъэджахэм ящыщу цIыху цIэрыIуэ зыкъоми къедгъэблэгъат. КъызыхэкIа лъэпкъым хуищIэр фIэмащIэу илъэс куэдкIэ зэрыхуэлэжьамрэ адыгэ бзэщIэныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэмрэ щхьэкIэ щIыхь тхылърэ саугъэтрэ Урысым къратыну министерствэм-

рэ ректоратымрэ я лIыкIуэхэри кърихьэлIат. Арщхьэкlэ ди мурадыр зи тхьэкIумэм къицырхъа Хьэталий етхьэжьа Iуэху дахэм къытхухыхьэн идакъым. Къыщалъхуа махуэу е нэгъуэщIу цIыху зэхуишэсэну зэи фIэфIакъым, езым зэхихыу щытхъу псалъэ зыгуэрым жиIэмэ, емыкIу гуэр зылэжьам хуэдэу, укIытэрт, плъыжьу къызэщIэнэрт. Ар фэрыщIагъыу къилъытэрт, и лэжьыгъэм къыпэкIуэу къэралым кърит улахуэм и деж щытхъурэ щIыхьу щыIэ псори щызэфIэкIын хуейуэ игъэуват.

Си щхьэкIэ нобэр къыздэсым срогушхуэ апхуэдэ егъэджакIуэ щыпкъэ сызэриIам, псалъэуха зэхэлъым и гъэпсыкIэ псори зэрызигъэщIам, ди бзэм и мызакъуэу, абхъаз-адыгэ бзэ гупым къакIуа гъуэгуанэм и тхыдэми кууэ сызэрыщигъэгъуэзам. Хьэталий хуэдэ бзэ щIэныгъэлI пажэм илъэс куэдкIэ сызэрыдэлэжьари, си къэхутэныгъэ-лэжьыгъэхэр узэщIынымкIэ ар гъуэгугъэлъагъуэу зэрызиIари си напщIэм телъщ. Кафедрэм лэжьэн щыщIэздза илъэсхэми, студентхэм срагъусэу аудиторием сыщIыхьэурэ, Хьэталий къызэджэ лекцэ купщIафIэхэм седаIуэу щытащ. Лекцэ нэужьым сыбгъэдыхьэжурэ, зи гугъу ищIа бзэхабзэ Iуэхугъуэхэм дытепсэлъыжырт. Хьэталий ущригъаджэкIэ егъэджакIуэ ткIийт, экзамен, зачетхэм я дежи пхъашэт, ауэ, лекцэ нэужьым уепсэлъэну тыншт, цIыху гъэщIэгъуэнт, псэлъэгъу гъуэзэджэт, языныкъуэхэм дежи уи фIэщ мыхъужу (псалъэ лей жимыIэу дунейм зэрытетым къыхэкIыу), IуэрыIуэдзу зыгуэрхэри къызыпхигъэIукIырт, дахэуи гушыIэфырт.



Хьэталий бзэщIэныгъэм елэжьу, абы щыщ Iыхьэхэр студентхэмрэ аспирантхэмрэ кууэ яригъэджу арами, лъэпкъ литературэми фIыуэ щыгъуазэт, адыгэ тхакIуэхэм, усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм кIэлъыплъу, и нэIэ тету апхуэдэт. Псалъэуха ухуэкIэ гъэщIэгъуэн гуэр абыхэм къагъэсэбэпамэ, занщIэу къыхитхыкIырт, псалъэхэм псалъэухам щаIэ зэкIэлъыкIуэкIэхэр зригъэлъагъуурт, жыIэгъуэ е жыIэкIэщIэ гуэрхэм гу лъитамэ, карточкэ ищIырт, абы иIэ щхьэхуэныгъэхэр иубзыхурт, студентхэм я деж щызэпкърихырт. Псом хуэмыдэу, Хьэталий, къэрандащ иIыгъыу, щIиджыкIырт Къэшыргъэ ХьэпащIэ, КIэрашэ Тембот, ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим сымэ я тхыгъэхэр, игу ирихьа псалъэуха щIэщыгъуэхэр щIитхъэрт, абыхэм щагъэува нагъыщэхэм кIэлъыплъырт. Куэдрэ жиIэрт Къэшыргъэ ХьэпащIэ и бзэр къулейуэ, морфологие, синтаксис я лъэныкъуэкIэ шэрыуэу гъэпсауэ икIи апхуэдэ псалъэухахэр щапхъэу и тхылъхэм иритхэрти, бзэщIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ абыхэм яIэ щхьэхуэныгъэхэр къигъэлъагъуэкIэрэ, адыгэбзэм игъуэта зыужьыныгъэхэм тепсэлъыхьырт.

Урыс Хьэталий и IэдакъэщIэкI псори адыгэ бзэщIэныгъэм и щIэгъэкъуэн лъэщу щытми, абы къыдигъэкIа сыт хуэдэ тхылъри купщIафIэу, щIэныгъэр и лъабжьэу гъэпсами, «Адыгэбзэм и тхыдэ» зыфIищар псоми ефIэкIыу жыпIэ хъунущ. Шэч хэмылъу, ар апхуэдэу къытщызыгъэхъур адыгэ тхыбзэм и тхыдэм теухуауэ а зы лэжьыгъэ закъуэм фIэкIа дызэримыIэрщ. А тхылъ щхьэпэм къыщыгъэлъэгъуащ лъэпкъ тхыдэмрэ бзэмрэ зэбгъэдэхыпIэ ямыIэу зэрызэпыщIар, адыгэ тхыбзэр зэрызэфIэува щIыкIэр, ижь зэманым щыгъуэ тхыгъэ и лъэныкъуэкIэ адыгэхэм я Iуэхур зыхуэдар, XIX, XX лIэщIыгъуэхэм адыгэбзэм хузэхалъхьа алфавитхэр, литературэбзэр зэрызэфIэувар, абы зэрызиужьар, орфоэпиемрэ орфографиемрэ я Iуэхугъуэу зэIубз

хъуахэр, фонетикэм, лексикэм, морфологием, синтаксисым ехьэлIауэ ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэр, хамэ псалъэу адыгэбзэм къищтахэр, совет илъэсхэм бзэм къыхэхъукIа неологизмхэр, стилистикэм епха зэхъуэкIыныгъэхэр, н.

Хьэталий и тхылъхэм къыщигъэлъэгъуа, щызэпкъриха, къыщихута гуэрхэм я щхьэфэ диIэбами, зы тхыгъэкIэ ахэр къызэрыпхуэмыIуэтэнур фIыуэ къыдгуроIуэ. Абы и дэтхэнэ тхылъми къэхутэныгъэ-лэжьыгъэ щхьэхуэ тетхыхьыпхъэщ, щIэныгъэлI Iэзэм адыгэ бзэщIэныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэм и инагъыр, и сэбэпынагъыр зыхуэдизыр дяпэкIэ зыхэтщIэ зэпыту екIуэкIынущ, абы и лэжьыгъэфIхэм яIэ мыхьэнэр бзэ щIэныгъэлIхэм, егъэджакIуэхэм, еджакIуэхэм я дежкIэ зыкIи къэмылъахъшэу. Къыдолъытэ абы и лэжьыгъэ псори зэуIу щIыжауэ къыдэгъэкIыжыпхъэу.

Лъэпкъ пэжырытхэм, орфоэпием, ударенэм, морфонологием, синтаксисым ехьэлIа Iуэхугъуэ зыбжанэм я узэщIакIуэ Урыс Хьэталий лъэужь дахэ къигъэнащ. Абы щIэныгъэ-къэхутэныгъэ, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ унэтIыныгъэхэм къыхина лъэужьыфIыр ди бзэ дахэр дунейм тетыху хэмыгъуэщэжынщ.

**УНЭЛIОКЪУЭ Вячеслав,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, доцент*

*УсакIуэ Брай Адэлбий къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу*





*Брай Адэлбий Хьэлым и къуэр 1937 гъэм июлым и 13-м Щхьэлыкъуэ къуажэм къыщалъхуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и филологие факультетыр 1959 гъэм къиуха нэужь, республикэм и тхылъ тедзапIэм и редактору илъэс зыбжанэкIэ щылэжьащ.*

*Адэлбий и IэдакъэщIэкIхэр ди республикэм и мызакъуэу къэралым къыщыдэкI газетхэм, журналхэм мызэ-мытIэу къытехуащ.*

*Брайр Урысейм и ТхакIуэхэм я союзым хэтащ, «Адыгэ псалъэ» газетым жэуап зыхь и секретарым и къуэдзэ къулыкъур илъэс куэдкIэ ирихьэкIащ. Иужьрей зэманыр ар щылэжьащ «Нур» сабий журналым и редакцэм.*

*Сыт хуэдэ къулыкъу пэрымытами, творчествэр зэи IэщIыб ищIакъым Адэлбий. Абы и япэ усэ тхылъ «Щхьэгъубжэ нэху» зыфIищар «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм 1963 гъэм къыщыдэкIат. Абы къыкIэлъыкIуащ сабийхэм папщIэ рассказхэр щызэхуэхьэса «Чэфыщрэ Щэуейрэ» (1966), усэхэр зэрыт «СынокIуэ уи деж» (1975) жыхуиIэхэр. Усыгъэми прозэми хуэIэкIуэлъакIуэ Брайм зы тхылъым щызэридзылIэрт усэхэмрэ поэмэхэмрэ («ХъуэпсапIэ», 1976), рассказхэмрэ повестхэмрэ («Пшапэ уэдджынэхэр», 1980). 2000 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ Адэлбий и тхыгъэ къыхэхахэр щызэхуэхьэса «Гурэ псэкIэ» тхылъыр. Хъыбархэр иту 2002 гъэм дунейм къытехьа «ЗэIущIэ гъэщIэгъуэныр», ди жагъуэ зэрыхъунщи, Брайм и иужьрейт. Апхуэдэуи урысыбзэкIэ зэрадзэкIа и усэхэмрэ поэмэхэмрэ иту Брай Адэлбий и тхылъитI («Бег времени», «Зелёная улица») дунейм къытехьащ.*

*Лъэпкъ литературэмрэ культурэмрэ псэемыблэжу хуэлэжьа Брай Адэлбий и IэдакъэщIэкIхэм ноби щIэупщIэ яIэщ. Шэч хэлъкъым къытщIэхъуэ щIэблэхэм ахэр дяпэкIи къазэрыхуэщхъэпэнум.*

# Брай Адэлбий хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр

Адэлбийрэ сэрэ дызэкъуажэгъу пэтми, гъунэгъуу дыщызэрыцIыхуар университетыр къэзухыу лэжьэн щIэздза нэужьщ. Ауэ школым сыщыщIэсми куэдрэ абы и цIэ зэхэсхат, фIыуэ зэреджэм папщIэ щытхъу хужаIэу. ЕпщIанэ классыр къиуха нэужь, ар занщIэу институт зэрыщIэтIысхьэфам егъэджакIуэхэр иригушхуэу, иригуфIэу тепсэлъыхьырт.

Ауэ иужьрей илъэс плIыщIым щIигъум дэ дыщызэхуэмыза е телефонкIэ дыщызэмыпсэлъа махуэ щIагъуэ блэкIауэ къыщIэкIынкъым, зэрыжаIэуи, ди ерыскъы зэIурылъу дызэдэпсэуащ. Ар ныбжьэгъу гъунэгъу зэрысхуэхъуар дызэрызэкъуажэгъуми ди анэхэр зэрыгъэныбжьэгъуу зэрыщытами къыхэкIауэ къыщIэкIынт.

Тхылъ пIащэ куэд къыдигъэкIакъым Адэлбий, ауэ и дэтхэнэ усэри гум дыхьэу, псэм къиищтэу итхащ. Итхащ зытетхыхьыр езым псэкIэ игъэву. Арагъэнщ Адэлбий «адыгэ ЕсенинкIэ» деджэу щIыщытар. Ар псалъэ егъэлеяуэ зыми къыщремыхъу – «Щхьэгъубжэ нэху» тхылъ цIыкIум ихуа усэхэр адыгэ поэзием, адыгэ лирикэм зэи къыхэмыхьахэм ящыщщ, абы и дыщэ гъэтIылъыгъэщ. А тхылъ пIащIэ цIыкIур тхылъ Iув нэд куэдым япоув.

Апхуэдэу дигу къинэжащ «СынокIуэ уи деж» (1975 гъ.), «Пшапэ уэзджынэхэр» (1980 гъ.) тхылъхэри.

Хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэ усакIуэхэм я тхыгъэхэр ди щIэджыкIакIуэхэм я деж нэхьэсыным сытым хуэдэу хэлIыфIыхьат Адэлбий! Сабийхэм яхуитха рассказхэр-щэ?

Апхуэдэт и Iэужь псори. Адэлбий Iэхъуэгъуэтегъэк I лэжьэкIэ жыхуаIэр ищIэртэкъым, зыщIидза Iуэхур тэмэму и кIэм нигъэсырт – ар усэу щрырет е газетым традзэ сурэтым щIатхэ сатыр зыбжанэ ирехъу. Ар си нэгу щIэкIащ «Ленин гъуэгу» – «Адыгэ псалъэ» газетым дыщыщызэдэлэжьа илъэс куэдым корреспондентуи жэуап зыхь секретарым и къуэдзэу щыщытами.

ЦIыху Iейр усакIуэфI хъуркъым, жаIэ. А псалъэхэр Адэлбий деж щынэрылъагъут. Гу пцIанэт. Хьэлэлт. Зы тIэкIури и гум ежалIэрт. Ауэ щIэхыу теужырт. Ныбжьэгъум щхьэкIэ имыщIэн щыIэтэкъым. Зыгуэрым дэIэпыкъун, и сэбэп иригъэкIын папщIэ и щхьэ Iуэхур къыщигъанэр мащIэрэтэкъым. Университетым щIэтIысхьэ дапщэм ядэIэпыкъуа? Сыт хуэдизым я тхыгъэ дуней ялъэгъуа Адэлбий и фIыгъэкIэ? А псори ныбжьэгъу-жэрэгъум ноби ягу илъщ.

**МЭЗЫХЬЭ Борис,**
*тхакIуэ, Урысей Федерацэм культурэмкIэ*
*щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.*
*2007*

* * *

Илъэс щэ ныкъуэм щIигъукIэ ныбжьэгъугъэ пэжкIэ дызэбгъэдэтащ усакIуэ, тхакIуэ Брай Адэлбийрэ сэрэ. Университетым дыщызэдеджащ, зэгъусэу тIэунейрэ щIыщIэхэм дыщыIащ, унагъуэкIи дызэпыщIауэ, дызэкIэлъыкIуэу щытащ. Аращи, Адэлбий хужысIэн

дахэ куэд сиIэщ, ауэ нобэ сыхуейщ абы и творчествэм кIэщI дыдэу сытепсэлъыхьыну.

Тыншщ «зауэ дыхуейкъым» жыпIэну, ауэ уусакIуэу щытмэ, ар образкIэ къэбгъэлъэгъуэфын хуейщ. Брайм ар къехъулIащ. «Зауэ дыхуейкъым» жимыIэу, абы и нэгу къыщIегъэувэ а зауэм къишэнкIэ хъуну тхьэмыщкIагъэр. «ЛIы гуэрым фочыр мамыру къепс дыгъэм хуеший». Абы къикIыр а лIыр зауэ хуейуэ аращ. Асыхьэтым, жеIэ усакIуэм:

*Асфальтым башитIкIэ епсальэу,*
*Зы щIалэ хуэм дыдэу блэкIащ...*

Аращ зауэм и лъэужьыр. Сыт блэжьу щытми, мис абы егупсысын хуейщ. Апхуэдэ гупсысэ сатыриплI къудейкIэ къиIуэтэфащ усакIуэм.

Брайм пасэу тхэн щIидзат икIи, и ныбжьым емылъытауэ, гъащIэм, псэуныгъэм и лъэныкъуэ куэдым гу лъитэрт. Ар егупсысырт цIыхур дунейм зэрытетын, и цIыху къалэнхэр зэригъэзэщIэн хуей щIыкIэм, абы насыпу къилъытэн хуейхэм. И япэ усэхэм ящыщ зым абы щитхауэ щытащ мыпхуэдэу:

*ЩIалэу улIэныр арагъэнщ насыпыр,*
*УпсэухукIэ уимыIэнум щIыхь.*



Хабзэ пхэмылъу, лIыгъэ уимыIэу, цIыхум фIы яхуумыщIэу, езыхэми къыпхуамыщIэу упсэу нэхърэ, улIэмэ нэхъыфIщ, – аращ а усэм и купщIэр.

Брай Адэлбий и гуащIэ илъыгъуэу, тхэуэ, тхылъхэр къыдигъэкIыу, хьэ щэхурыпхъуэу къытеуащ зыми емыупщI, емычэнджэщ ажалыр. «Махуэ блэкIым...» усэм Брайм щыжиIэрт:

*Махуэ блэкIым псори ехьыр,*
*Къонэ гукъэкIыжхэр...*
*МылIэжыну зыри къимыгъэщI.*

НыбжьэгъуфIу сиIа Адэлбий, псэухэм ящIыгъущ уи цIэр, уи фэеплъыр. Уахътыншэщ уи псэр зыхэплъхьа уи тхыгъэхэр.

**КЪАГЪЫРМЭС Борис,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ.*
*2007*

* * *

Дэтхэнэ цIыхуми езым и хъуэпсапIэ иIэжщ. Брай Адэлбий и хъуэпсапIэр цIыхур нэщхъеймэ, гушыIэ дахэкIэ ар игъэгуфIэжынырщ, ди нобэм и цIыху гуащIафIэхэр игъэлъэпIэнырщ, игъэпэжэнырщ, усэ сатырхэм иригъэтIасэу, абыхэм я фэеплъыр щIэблэм яхуихъумэнырщ.

Адэлбий и лирическэ лIыхъужьыр – ар гурыщIэ хуабэм къызэщIиIэтэ, цIыхур фIыуэ зылъагъу, лэжьыгъэм итхьэкъуа, ищIэр зыфIэмащIэ, «гурыщIэ IэфIхэм зи лъэр кърахуэкI, зи псэр нобэ куэдым ныдахьэх» щIалэщ. Ар зэманым насыпыфIэ дэхъуа, зи гъуэгур

нэху, зи Ӏуэхущ Ӏафэр ин, зи нобэр фӀыуэ зи пщэдейр нэхъыфӀыж хъуным хуэлажьэ цӀыхущ.

Адэлбий и лирическэ лӀыхъужьым иӀэжщ езым и псэкупсэ лъабжьэ быдэ. Ар – цӀыхубэм яхуэлэжьэнырщ, ди нобэр гъэлъэпӀэнырщ, гъащӀэм и лъэныкъуэ псоми хуэфэщэн пшыналъэкӀэ пэджэжынырщ. Аращ ар гъащӀэм набдзэгубдзаплъэу щӀыкӀэлъыплъыр.

Адэлбий и тхылъхэм уащрохьэлӀэ гушыӀэ дахэр зыщыхъуэпскӀ усэхэм («Ӏэлъын», «ГушыӀэ», «Дунеишхуэр бам иштауэ»), авторым и гъусэу узыгъэгугъэ, узыгъэпӀейтейуэ уи пщащэм ущыпэплъа пщыхьэщхьэ гуакӀуэр уигу къэзыгъэкӀыж («Жэщым»), гъэпцӀагъэр, уэс цӀынэу, гум зэрытесэр зыхозыгъащӀэ («ГъэпцӀагъэ») тхыгъэхэм.

Си гугъэмкӀэ, усэм и фӀагъыр къызэралъытэр ар гумрэ псэмрэ зэрыдыхьэрщ, уигъэгупсысэрэ уи псэр игъэгуфӀэфмэщ е уигъэпӀейтейрэ езым и гукъеуэр зыхыуигъэщӀэфмэщ. Адэлбий и лирическэ лӀыхъужьым и дуней тетыкӀэри, и гурыгъу-гурыщӀэри, и хъуэпсапӀэри уи гум къещтэ. Ди зэманым екӀу, ар игъэдахэу гъащӀэм дэгъуэгурыкӀуэ лирическэ лӀыхъужь къызэригъэщӀыфыр Адэлбий зэфӀэкӀ хъарзынэ зэриӀэм и щыхьэтщ.

**КӀЭЩТ Мухьэз,**
*усакӀуэ, публицист.*
*1976*

* * *



Дэтхэнэ тхылъыщӀэри литературэм, ар зи Ӏэдакъэм къыщӀэкӀ тхакӀуэм я дежкӀэ Ӏуэхушхуэщ. ТхылъыщӀэм гуапэу ӀуощӀэ, фӀыкӀэ щогугъ тхылъеджэхэр. АдэкӀэ псалъэ зылъысыр езы тхылъырщи, абы къыджиӀэм елъытащ иӀэну щӀыхьыр, къигъэщӀэнур зыхуэдизыр. ТхылъыщӀэм ущытепсэлъыхькӀэ, абы хужыпӀэн бгъуэтынуми умыгъуэтынуми зэлъытар езырщ.

Къэтщтэнщ Къэбэрдей-Балъкъэр тхылъ тедзапӀэм иужьрей зэманым къыщцыдэкӀа тхылъхэм ящыщ зы – Брай Адэлбий и «Пшапэ уэздджынэхэр». Абы щызэхуэхьэсащ рассказийрэ зы повестрэ. Повестым и цӀэрщ тхылъым фӀищари.

Тхылъыр, зэрыщыту къапщтэмэ, бзаджэ хъуакъым. Узрегъаджэ, уегъэгупсысэ, ущигъэгузави щыӀэщ. ТхакӀуэм жиӀэну зыхуей псор уи жьэм къыжьэдимылъхьэу уэ узэгупсысын къызэрыпхуигъанэри тэмэму ещӀэ. Образ ещӀыф, хэгъэрей дызыхуищӀ цӀыхухэм ящыщ зыбжанэ ныбжьэгъу тхуохъу. Брайр къэзыухъуреихь дунейм, абы и къэхъукъащӀэхэм екӀуу тотхыхь. И бзэм и гугъу пщӀымэ – шэрыуэщ, псалъэжьхэр щичэзум деж Ӏэзэу къегъэсэбэп.

**КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд,**
*тхакӀуэ, журналист.*
*1980*

* * *

Нэхъыжьыгъуэр сэ сӀыгъми, ныбжькӀэ зэрыдгъэхьышхуэ щымыӀэу, зы школ дызэдыщӀэсащ Брай Адэлбий сэрэ. Пэжщ, сагъэлэжьэн папщӀэ сыкъыщӀашыжым – сафӀыщӀэтӀысхьэжурэ (дауи, абы зауэм и зэранышхуи хэлъщ) сызэреджам къыхэкӀыу, епщӀанэ классыр къы-

щызухар 1955 гъэращ. Адэлбий зы илъэскIэ дяпэ итащ. Ауэ абырэ сэрэ щIэх-щIэхыурэ дыщызэхуэзэрт сэ зыкъомрэ сызиунафэщIу щыта еджакIуэхэм, комсомол организацэхэм я комитетхэм. Брайр нэхъыфI дыдэу еджэхэм ящыщт. Ар къуейщIеигъэ зыхэмылъ щIалэ Iэсэт, гъэсат. ЕгъэджакIуэхэм сыт щыгъуи щапхъэу къахьырт. КъуажэкIэм нэскIэ никIрэ пэт, Адэлбий зэи къыкIэрыхуртэкъым. Зауэ нэужь илъэсхэр шэджэладжэу щытами, и адэр зауэм хэкIуэдами, ар къабзэлъабзэу хуэпат. И щыгъынкIи, и тетрадхэмрэ тхылъхэмкIи нэхъыфIыIуэу зэгъэпэщахэм ящыщт. Дауи, абыкIэ фIыщIэр зыбгъэдэлъыр зи кIэтIийр зи вакъэ лъэпсу и сабийхэм ятелажьэ фызабэ тхьэмыщкIэрат. ЩIалэ цIыкIуми ар къыгурыIуэрти, и анэм и гугъуехьыр имыгъэкIуэду еджэрт. ЗэрыжысIащи, нэхъ еджакIуэфI дыдэхэм ящыщт.

Адэлбий школ программэм къриубыдэмкIэ зи Iуэхур зэфIэзыгъэкIхэм хуэдэтэкъым – ар щыплъагъуэрт библиотекэхэми. Езым хэIущIыIу зимыщIми, къыдеджэхэм жаIэрт абы усэхэр зэритхыр. Iуэхур апхуэдэу зэрыщытыр псоми къыщытщIар Адэлбий 1954 гъэм еджапIэ нэхъыщхьэм щIэтIысхьа нэужьщ. А илъэсхэм адыгэ литературэм гупышхуэу къыхыхьа усакIуэ ныбжьыщIэхэм ящыщщ Брайри. Пединститутым, итIанэ университетым щыщIэса гъэхэм Адэлбий и усэхэр щIэх-щIэхыурэ къытехуэрт газетхэм, журналхэм, усакIуэ ныбжьыщIэхэм я тхыгъэхэр щызэхуэхьэсауэ къыдагъэкI тхылъхэм. ИужькIэ абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ усэхэр, прозэхэр зэрыт тхылъ щхьэхуэ зыбгъупщI. Шэч хэлъкъым ахэр лъэпкъ литературэм хэлъхьэныгъэ нэс зэрыхуэхъуам.



**ЕЛГЪЭР Кашиф,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ*

* * *

Си ныбжьэгъур сэ сэщхьыркъабзэу – игукIи и фэкIи – Тхьэм щхьэ къимыгъэщIарэ, жыпIэ хъунукъым (ныбжьэгъуншэу укъэнэнущ, жыпIэмэ). Ди хьэл-щэнкIи, гъащIэм гъуазэу щыдиIэ гуэрхэмкIи, ди цIыху щIыкIэкIи дызэтемыхуащэми, куэд щыIэт Брай Адэлбий сэрэ гъусэ дызэхуащIу, гъунэгъу дыдэу дызэрашалIэу. Ар псом япэу ныбжьэгъугъэр зыми пэдмыщIу дгъафIэу, абы лъапIэныгъэу иIэн хуейр къэтлъытэу дызэрыпсэурт, и уасэр кууэ къызэрыдгурыIуэрт. Адэлбий ныбжьэгъум хуэфащэ пщIэ хуищIыфырт, пэжыгъэкIэ бгъэдэтыфт. ФIыгъуэмрэ захуагъэмрэ «гурэ псэкIэ» пэджэжыфу дунейм тетт – иужьрей тхылъым фIища псалъэхэмкIэ жыпIэмэ. И япэ тхылъым и цIэри ныбжьэгъугъэрт абы къыщIыхихар. Ныбжьэгъу къыпхуэхъу псори-тIэ, ныбжьэгъу хъурэ – хэти «гъуэгу шэдылъэ» техьащ, хэти «чыхум хыхьэжащ». Ауэ –

*НыбжьэгъуфI къэнахэр псэуныгъэм*
*Куэдрэ йогупсыс и мыхъэнэм.*
*Сопль мычэму сигъэгуфIэу ахэм*
*ХэкIуэтэхукIэ я щхъэгъубжэ блэм.*

Зэрытлъагъуэщи, ныбжьэгъугъэм и нэхурщ абы и «Щхьэгъубжэм» къыдидзри. Аращ зыгъэгуфIэр, зыгъэиныр.

Мыри ящыщт Адэлбий убгъэдэсыну щIэгуапэм, щIэтыншым. Творчествэм пыщIа цIыхухэм-тIэ, къахокI зыкъызыфIэщIыж, езым зыкъызэрыщыхъужым зи нэр къыщипхъуэ. Мис абы куэдрэ ныбжь тредзэ тхэн Iуэхур зи IэщIагъэхэм я зэхущытыкIэм. Адэлбий ар и хьэрэм дыдэт – и щхьэ темылъ трилъхьэн жыхуэпIэр. (Абы и усэ тхылъхэм ящыщ зыр къыщызитым псалъитI къудейт къытритхар: «ЕмыкIу дыкъыумыщI»).

Ныбжьэгъугъэр, лъагъуныгъэм хуэдэу, цIыхум кърит нэхъ дахэ дыдэ, нэхъ гуапэ дыдэхэм ящыщщ. Сэ сигукIи, си псэкIи ДыкъэзыгъэщIам сыхуэарэзыщ, нэгъуэщI фIы Iэджэ къызимыпэсу къэнами, ныбжьэгъу куэд къызэрызитам папщIэ. Брай Адэлбий ящыщ зыт ныбжьэгъугъэм и IэфIыр иризгъэунэхуну къысхуиухахэм.

**КХЪУЭIУФЭ Хьэчим,**<br>
*тхакIуэ, критик.*<br>
*2017*

* * *

Махуэм дунейр и кIыхьагъыу къыщытфIэщI къэхъуми, гъащIэр кIэщIыIуэщ, бетэмал!..

Иджыпсту хуэдэу сощIэж Брай Адэлбий республикэ тхылъ тедзапIэм и редактору щыщытар, «Адыгэ псалъэ» газетым и секретариатым щыхэтар, «Нур» сабий журналым щыщылэжьар – дапщэщи гуапэт, цIыху щабэ нэмысыфIэт, зи нэгур зэIухат. ФэрыщIыгъэншэт. Хьэлэлт икIи гумащIэт.

И теплъэмрэ и хьэл-щэнымрэ екIупст и творчествэри. Адэлбий и усыгъэхэм, рассказхэм, повестым хыболъагъуэ цIыхуфIагъым, гулъытэ жаным, псэ къабзагъэм я нэщэнэхэр, щызыхыбощIэ гъащIэм и IэфIагъым, дызытет дунейм и дахагъэм хуэусэ макъамэхэр.

СфIэгъэщIэгъуэнщ мыри: Адэлбий и япэрей усыгъэхэр зэрыщIэзджыкIрэ илъэс Iэджэ дэкIами, сщымыгъупщауэ, зэман-зэманкIэ си гум къыполъадэ абыхэм ящыщ гуэрхэр: «ЛIыгъэ зиIэр щIылъэм темылIыкI», «ИугъащIэ анэ уэ укъэзылъхуам!», «Махуэ блэкIым ехьыр ди гурыгъухэр», «ГукъэкIыжхэр дыпсэуху мылIэж», нэгъуэщIхэри.

Езыр къытхэмытыжми, фэеплъ телъыджэу къытхуигъэнащ и тхыгъэ хьэлэмэтхэри, ахэр, усакIуэм и етIуанэ гъащIэу, ди лъэпкъ литературэм куэдрэ, куэдрэ щыпсэунущ.

**ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбий,**<br>
*тхакIуэ, журналист.*<br>
*2007*

*Брай Адэлбий теухуа тхыгъэхэр зыгъэхьэзырар* **ИСТЭПАН Залинэщ.**



*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **Гъубжокъуэ Лиуан, Къэжэр Пётр, Мысачэ Пётр, Жаным Борис, Тхьэгъэзит Зубер, Брай Адэлбий сымэ.** *1962*





**Республикэм и тхакIуэ щIалэхэр хуэзащ Сирием щыщ ди лъэпкъэгъу Нэхей Хьишам. СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ еплIанэу щытыр Брай Адэлбийщ.** *1964*



*СэмэгумкӀэ къыщыщӀэдзауэ:* **Мэзыхьэ Борис, Апажэ Назир, Уэрыш Нурхьэлий, Брай Адэлбий сымэ.** *1989*





**Щхьэлыкъуэ щыщ журналистхэр.** *СэмэгумкӀэ къыщыщӀэдзауэ (щысхэр):* **Мэзыхьэ Борис, Брай Адэлбий, Елгъэр Кашиф, Апажэ Назир, Мамбэт СэӀэдулэ;** *(щытхэр):* **БжыкӀший Борис, КӀэрэф Хьэсэнбий сымэ.** *1994*

*Усэхэр*

БРАЙ Адэлбий

## СИ ХЭКУ, СИ ДЫГЪЭ

Си Хэку, си дыгъэ, дыщэ губгъуэ,
Сэ сщыгъупщэнкъым уэ уи Iуэху,
Мы си гур къеуэу, лъы Iубыгъуэ
Мы си Iэпкълъэпкъым къыщIэнэху.

Сыхъуауэ мысэ, сэ зыгуэркIи
Къэсхьынкъым, Лъахэ, уи гуэныхь,
Сэ сфIэфIщ сынотэм къару плIыщIкIэ,
Сымыхъуми нобэ лIы бэлыхь.

Си Хэку, си дыгъэ, дыщэ губгъуэ,
Сэ сщыгъупщэнкъым уэ уи Iуэху,
Мы си гур къеуэу, дыгъэ нурыр
Си нитIым хуиту къыщIэпсэху.



* * *

Си нитIым щIэлъ нурыр кIуэтэху мэужьых.
Щхьэц Iувыр мажьэхукIэ гъэ кIуам кърежьых.
ЛIы хъуэпсхэм я макъыр щIалэгум ноIус.
КIуэху, си псэм макъамэ нэгъуэщIхэр еус.

Сэ си гур щIохъуэпсыр иджы нэхъ телъыджэм,
Си жагъуэщ салъагъумэ иджы щыгъыныджэу.
Хъуащ махуэ къэзгъащIэм мычэму сыщысхь,
КъэкIуэнум и теплъэр нэ дыдэм ныхуэсхь.

Си гуапэщ сэ си цIэр щIыхьышхуэм игъафIэм,
Гупсысэр къухьэпIэм къегъэплъыр и мафIэм.
ИтыхукIэ си лъынтхуэм, имыIэу улъий,
Сэ си лъыр къэплъыну гъэ кIуэм яущий.

Сэ сщIэркъым сылIэну илъэскIи, гъэ тIощIкIи,
Сэбэпкъым блэкIахэр акъылым къитIэщIкIи.
Щай плъыжьу си напIэр къехуэхмэ, солъагъу:
КъащI нащхьэ лIы хъуэпсхэм, къэхъуахэу гъунэгъу...

3 Заказ №1150

## УЭШХ МАКЪАМЭ

Зэшыр си унэм щэхуу къыщIыхьауэ,
ПIэм сыхеIулIэ, къызжимыIэу псалъэ.
Щхьэгъубжэм сакъыу уэшхыр къыIухьауэ,
Щиху Iэуэлъауэу щабэу ар мэпсалъэ.

Сэ согупсысыр гъащIэ къэзгъэщIэнум,
Щыуагъэ куэду си щхьэр зыгъэтхъуам,
Гупсысэр мэткIури, уэшх макъамэ дахэу
Сэ сыщIодэIу щхьэгъубжэм къыIунам.

А уэшх макъамэр гущIэми къыщоIур.
Ихъумэм фIэфIу, псэр абы хуосакъ.
Сэ куэдрэ, куэдрэ уэшхым сыщIодэIур, —
Сэ зэхызохыр си Хэку псалъэмакъ...

## ГУПСЫСЭ



Хэплъэгъуэщ мы гъащIэр.
Мы гъащIэм и щэху
КъэстIэщIу сэ куэдрэ
Гупсысэм сехьэху.
Зым гуфIэр щигъэшым,
Нэгъуэщым егъей
И щIалэ, и тIасэ
ЩIы фIыцIэм щыжейр.
Зым дахэр пщIыхьэпIэу
ЩыщIэкIым и нэгу,
НэгъуэщIым къишауэ
ХьэблэлIыр мэджэгу.
ХамэщIым тхьэмыщкIэр
ЩыхуэлIэм хьэлу,
Лы Iыхьэ щIихауэ
Хьэм хуедзыр Лалу.
Зыр гъыми, ихуауэ
Уз бзаджэм и лъэхъу,
НэгъуэщIыр хъужауэ
Хьэблэшхуэ йохъуэхъу.
... Мы щIылъэм и гуауи

И гуапи догъэв,
Дэ псоми хэкIыпIэ
Тхуэхъуащи зы тхьэв.
КъэстIэщIу
Мы гъащIэм
И купщIэ,
И щэху,
Сэ куэдрэ, сэ куэдрэ
Гупсысэм сехьэху...

* * *

Псэуным пылъкъым гугъуехь мащIэ,
Армыхъумэ гъащIэм сыт щищIэнт
Къалъхуауэ лIэжын зыпэщылъым?!
ПщIэ лъэпкъ псэуным имыIэнт!

Нэрыгъ ищIащи зым псэуныр,
ГугъуехькIэ зэи къимыкIуэт.
Ауэ псэуным къиухуауэ
Нэпсхэр щIигъэкIыу дапщэ тхэт?

Къэхъуащ зэгуэрым сэри нэпсхэр
Сыкъэдзыхауэ щыщIэзгъэкI.
Иджы жыр ткIуэпсхэр мы си гущIэм
И куэдщи, псэун схулъегъэкI.

СыщощIэ, сохъу нэщхъей, согуфIэ.
Къохъу къикIуэтыншэу сыщыгубжь.
Псыхьащи, жыру, си Iэпкълъэпкъыр,
СэркIэ псэуныр хъуркъым фэбжь:

Псэуныр, дауикI, мыгущапIэ.
Абы удынхэр къыхолъэлъ.
Удын къыслъысым, нэпсым и пIэу,
Си нитIым хъуаскIэр къыщIолъэлъ...

## СЭЛАМ ГУАПЭ

Сэлам гуапэр гъащIэу лъапIэщ,
Ар къуахыныр фIыщ.

Сэлам гуапэри гугъапIэщ,
Псэуныгъэм щыщщ.

Щхьэ закъуагъэр къыптехьэлъэм,
ГъащIэр мэхъу IэфIыншэ.
Абы щыгъуэм псэр сэламым
ЕщIыр гугъуехьыншэ.

Сэлам гуапэр хьэпшып гуэру
ЦIыхум къимыщэху.
Ар гу къабзэм къридз дыгъэщ —
Гъуэгур пхуегъэнэху.

«Уузыншэм» — жиIэу цIыхум
Гуапэу Iэр икъузым,
А сэламым къаруущIэ
Хуэдэщ гум кърилъхьэм.

Сэлам гуапэр гъащIэу лъапIэщ.
Ар къуахыныр фIыщ.
ЩIыхь мылIэжым щIэбэг цIыхур
Зыгъэпсэур а зырщ...



* * *

БлэкIа зауэжьым Iихащ лIым
Щхьэгъусэ дахэм зэреплъ и нэр.
Ипхъу щIасэр иригъафIэу и бзэр
Къэнами, кIыфIщ и гъащIэр лIым.

Щхьэгъусэр щIэкIмэ, къещтэ и пхъур.
ЙоупщI: «КъызжеIэт, си хъыджэбз,
И хьэбэр си щхьэм хуэдэу тхъуамэ
Уи мамэ, мамэ... зи дахагъ?»

— Папэ, абы и хьэбэр тхъуакъым...
Ауэ сэ сщIэркъым... Куэдрэ къоплъмэ,
МэгуфIэ мамэ
ИкIи магъ...

* * *

ДыпсэухукIэ дытетыну
Дыщалъхуащ мы щIыми,
ФIыщ дакъикъэ дызыхьынур
ЗэрыдмыщIэр зыми.

ДылIэу щытмэ, гъатхэ къэскIэ
Къегъыхынкъэ пшэжьхэр!..
Ар иужькIэщ, иджыпстукIэ
Къафщтэ насыпыбжьэр!..

## ГУРЫЩIЭ IЭФIХЭР

Пасэрей хабзэу, сщIыркъым сэ нэмэз,
Сэ нэмэз щыгъи зэкIэ сымыгъажэ,
Сытетщ щIы хуитми, хуиту соджэрэз,
Сэ гъащIэ лъапIэр нобэ согъэпажэ.
Дунейм сехыжмэ, зыкъэ ди пIэщхьагъ,
МылIэжыныпсэ зыми къыхилъхьакъым,
Гъунэгъу екIуэкIыуи, къуэлъу и кIэ къуагъ,
Дакъикъэ щIыхуэ зыми къыIихакъым.
Мис а ухыгъэм согупсыс мычэму,
Ауэ сэ зэкIэ си щхьэр сымыгъей.
Сэ къэзгъэщIэнум зы дакъикъи чэму
ЩIым сыкIуэжыну, къуэшхэ, сыхуэмей.
Сэ си лъыр зэкIэ кърехуэкI нэгъуэщIым.
Сэ си гур зэкIэ куэдым ныщIохъуэпс.
МахуэщIэ къалъхум пIалъэкIэ къигъэщIым
Си дыгъэр нобэ дахэу кърегъэпс.
Дакъикъэ ябгэр къихьэсыхукIэ жьыбгъэм,
Сэ сфIэфIщ мычэму сщIэмэ схузэфIэкI.
Мы си псэр нобэ ныдахьэхри куэдым
ГурыщIэ IэфIхэм си лъыр кърахуэкI.
Узыншэу цIыхур, гъищэ къигъэщIауэ
Дунейм щехыжкIэ жаIэ: «Зи насып!..»
Сэри Iэ ижьыр си бгъэм нытеслъхьауэ
Гур къызэреуэр сакъыу къызощып.

## СИ ГУР

Уи къеуэкIэр хуэдэщ нэгъуэщI псоми,
Сыпсэуну пфIэфIщи, лъыр къохуэкI.
УзимыIэу лIэщIыгъуитI сыпсэуми,
Зызбжыжынкъым сытхьэмыщкIэу фIэкI.

Зэм уодзыхэр, гуауэр къыплъысамэ,
ГушыIэнкIэ зэми зумыгъэнщI.
УсIэщIокI, зыгуэрхэм уехъуэпсамэ,
Махэ ухъумэ — нэпсым сеуфэнщI.

Уи пагагъэр лъагэщ, хуеймэ лъахъшэщ,
УпсэуххукIэ мардэу ар уиIэнщ.
Уи нэмыплъыр джатэу къикIуэтыншэщ,
Уи IэфIагъым мылхэр игъэткIунщ.

Пшынэ Iэпэу гъащIэм и гуфIэгъуэ
КъыплъэIэсым, уэрэд ин къыбош.
Хутыкъуауэ кIыфIым хыхьа цIыхур
Лъэпэрапэм, занщIэу укъоуш.

Мылъку уэсэпсыр, жыгым фIэбла ткIуэпсхэу,
Жьы къыкъуэумэ, арти, къыспощэщ.
Си гур арщ къысхуэнэр мылъку мыкIуэщIуи,
Сэр нэхъ бей щымыIэу мэхъу си фIэщ.

## ЩIАЛЭГЪУЭ

ЩIалэгъуэм игу пщтырыр нэхъ Iэлу къеуэну
Къигъахъуэт, нэхъыщIэ, шагъыр.
Бгъунлъауэ и Iуэхур, гуIэгъуэр и Iэнэу,
Хэт нобэ гъэпщкIуауэ а гъыр?
Дэ дылIкъэ?
Мы ди щхьэм тесыжкъэ щхьэтепIэ!
Дыщыхъум нэрыгъ димыIэж,
Мычэму ди гъуэгур елъэнущ щыхупIэ,
Хуэмыхур щIыхьыншэу мэлIэж.
Ди гущIэм илъ мафIэр блэхункIэ и пIалъэу
Дыхъуакъэ мы лъахэм и бын!

Псэуным къигъэшри, нэгъуэщIхэм нэхъ пасэу
ЩIы фIыцIэр хуащIакъэ джэбын!
МызэкIэ гугъуехьри, гухэлъкIэ бэлыхьри
Уэс цIынэу къыстосэ — тепIэнщ.
Арами,
Акъылыр къэкIуэнум епсыхьри,
Си лIыгъэр а псоми текIуэнщ.
Мы гъащIэм и жьыбгъэр мычэму щыубзи
Пхъашэ1уэ зыщищIи къэхъунщ,
Фадэбжьи щыIэнщи, итIанэ хъыджэбзи
Дэ фIыуэ, ныбжьэгъухэ, тлъагъунщ.
ЩIалэгъуэм игу пщтырыр нэхъ Iэлу къеуэну
Дегъафэт, нэхъыщIэ, шагъыр.
Бгъунлъауэ и Iуэхур, гуIэгъуэр и Iэнэу
Хэт нобэ гъэпщкIуауэ а гъыр?..

* * *



Дэ ди гуапэщ ди щхьэгъусэр дахэм,
Дэ ди жагъуэщ «Iей» къытпэщIэхуам.
Дахэ фIэпщу, «IуэнтIа» гуэр уи лъахэм
Къипшэм, ари ещхьщ зыщIэплъхьэжам.
Абы папщIэ, ди щхьэр къетхъухами,
Дыхоплъыхьыр, щхьэгъусэфI дыпоплъэ:
ЦIыхур, псы хуэлIауэ Iур гъущIами,
ЯпэщIыкIэ псы зэфэнум хоплъэ.

## IЭЛЪЫН

«Iэлъыныр моднэщ, —
КъызоIуэкI мычэму, —
НэхъыфIт Iэлъын
Уи Iэпэм Iэрылъам», —
КъызжепIэхункIэ,
Дахэ, си гур хощIыр,
НэхъыфIт а псалъэ
Жагъуэр жумыIам.
Мы дуней псор
Iэлъыным зэщIищтами,

СытекӀыфынкъым
Уэ сызэбгъэсам:
Ӏэлъыным и пӀэу
А уи щхьэц къудамэр
Лыдыжу Ӏэпэм
СфӀэфӀщ Ӏэрыгъэсам...

* * *

Сыхуеякъым сэ уи жагъуэ сщӀыну,
Си щыуагъэ пхэнжыр уэим умыщӀ!
Уи нэмыплъыр, банэ зэщӀэкӀауэ,
УхэӀэбэ мыхъуу сэ къысфӀощӀ.

Махуэ куэдхэр шэуэ блэлъэтащи,
Гуауэр гъэткӀуи, си цӀэр щӀыж гунэс...
Хутыкъуауэ уи гур згъэгуӀащи,
Си гум къысхуигъэгъукъым нобэм къэс...

* * *

СщӀым и жагъуэ жыпӀэу, дзыхь умыщӀу,
Зэзэмызэ уэ укъызоупщӀ:
«Си гур хощӀ, къысфӀощӀри жьы ухъуа,
Щхьэ апхуэдэу уи щхьэр зэщӀэтхъуа?»
«Си псэм хуэдэ, аркъым жьы сыхъуауэ,
Ар зэгуэрым, тӀэкӀу укъэгубжьауэ,
Арщ уэ уи Ӏэр си щхьэм къыдэплъауэ...»

* * *

«ИӀэщ кӀэ дэтхэнэ лъагъуныгъэми!» —
ЖаӀэу цӀыхухэм куэдрэ ныпаупщӀ.
«ИӀэ кӀэ дэтхэнэ лъагъуныгъэми?» —
ГушыӀэншэу пщащэр къызоупщӀ.

Ӏэгум илъу хузоший мы си щхьэ
ЗэщӀэтхъуар, къысщыхъуу жэуап псо:
Хъуащ уахътынши, лъагъуныгъэр мылӀэу,
Гум ихужми, тхъугъэхэм щопсэу.

*Къэрал, льэпкъ лэжьакIуэ цIэрыIуэ Къанокъуэ Арсен илъэс 65-рэ ирокъу*





# IУЭХУФIХЭМКIЭ ГЪЭНЩIА ГЪАЩIЭ ТЕЛЪЫДЖЭ

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыбгъэдэкIыу сенатору щыIэ, ФедерацэмкIэ Советым Хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и комитетым и Iэтащхьэм и къуэдзэ, 2005 – 2013 гъэхэм КъБР-м и Президенту щыта, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и тхьэмадэ Къанокъуэ Арсен Башир и къуэр, и цIэм и мызакъуэу, и щхьэкIи, и IуэхущIафэкIи къацIыхуну хунэсащ езыр къыщалъхуа хэкуми зэрыкъэралуи. Абы и гугъу щытщIкIэ ди нэгу къыщIэувэжыр адэжь щIыналъэм папщIэ зэфIигъэкIа Iуэху дахэхэрщ, КъБР-м и унафэщIу лэжьэху дэтлъэгъуа Iэзагъымрэ жумартагъымрэщ. Ар ди лъахэм и зыужьыныгъэм куэд хэзылъхьа, ноби хэзылъхьэ политик цIэрыIуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм хэуващ жыпIэмэ, ущыуэнукъым.

Адыгэ щIалэр 1957 гъэм Шытхьэлэ къуажэм къыщалъхуащ. Курыт школ нэужьым Плехановым и цIэр зэрихьэу Москва дэт институтым и сату-экономикэ факультетыр къиухащ. Сатум епха Iуэху куэд зэригъэкIуэкIащ, КъБР-м и лIыкIуэу УФ-м и Президентым деж щыIэм и къуэдзэу щытащ.

2003 гъэм и декабрь мазэм УФ-м и Къэрал Думэм и депутат мэхъу Къанокъуэр. «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Ипщэ зэзыгъэуIу советым и тхьэмадэм и къуэдзэу, Къэрал Думэм Бюджетымрэ

налогхэмкӀэ и комитетым и унафэщӀым и къуэдзэу, Къэрал Думэм Кавказ Ищхъэрэ ӀуэхухэмкӀэ и гупым хэту ӀуэхуфӀ куэд зэфӀигъэкӀащ, иджыри зэфӀех. Абы нэмыщӀ, КъуэкӀыпӀэ Гъунэгъум хыхьэ къэралхэм я Парламентхэмрэ ФедерацэмкӀэ Советымрэ я зэдэлэжьэныгъэр къызэщӀэгъэуӀуэныр и пщэ дэлъщ, Урысей-Эмират зэдэлэжьэкӀэмкӀэ советым и тхьэмадэщ.



*СэмэгумкӀэ къыщыщӀэдзауэ:* **Зязиков Мурат, МэшбащӀэ Исхьэкъ, Къанокъуэ Арсен, ТхьэкӀушынэ Аслъэнджэрий сымэ.**

2005 гъэм сентябрым и 27-м Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къигъэлъагъуэри, Къанокъуэ Арсен КъБР-м и Ӏэтащхьэу хахащ. Илъэситху нэужьым, ар етӀуанэу хахыжри, а къулыкъум тетащ 2013 гъэм декабрым и 6 пщӀондэ. Махуэ 19 дэкӀри, ар сенатору ягъэкӀуащ Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкӀэ и Советым.

Арсен псапэ зыпылъу иригъэкӀуэкӀ ӀуэхухэмкӀэ, мылъкукӀэ цӀыхухэм зэрызащӀигъакъуэмкӀэ, щэнхабзэ зэхыхьэ инхэр къызэгъэпэщыным и мылъку зэрыхилъхьэмкӀэ Къэбэрдей-Балъкъэрым фӀыуэ къыщацӀыхуат лэжьэну къэмыкӀуэж щӀыкӀи. Иджырей гупсысэкӀэ зиӀэ, зыхуигъэувыж къалэнхэр зэрызригъэхъулӀэн Ӏэмалхэр къэзыгъуэтыф политик къызэрымыкӀуэм а ӀэнатӀэм зэрыпэрыта илъэсибгъум къриубыдэу ди лъахэм исхэм я деж пщӀэшхуэ къыщилэжьащ, и Ӏулыджым лъагэу зиӀэтащ, и зэфӀэкӀыр къэрал псом къыщалъытащ. Урысейм ис эксперт-политолог куэдым жаӀэрт Къанокъуэ Арсен КъБР-м и Ӏэтащхьэу щӀагъэувар экономист-Ӏуэхузехьэ лъэщу, абы и лъэныкъуэкӀэ зэфӀэкӀышхуэ бгъэдэлъу зэрыщытыр арауэ. Пэж дыдэуи, абы щыхьэт техъуащ Къанокъуэм УФ-м и хэгъэгу нэхъ къыкӀэрыхухэм ящыщыр илъэс зыбжанэм къриубыдэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щӀыналъэм экономикэ и лъэныкъуэкӀэ пашэ зэрыщищӀар. КъБР-м и УнафэщӀу щагъэува махуэм щегъэжьауэ ар иужь ихьащ щӀыналъэм и экономикэм зегъэужьыным, инвестицэхэмрэ иджырей технологиехэмрэ къигъэсэбэпкӀэрэ, туризмэм зегъэубгъуным, мэкъумэш ӀэнатӀэмрэ промышленностымрэ егъэфӀэкӀуэным.

Ахэр зригъэхъулIэфын папщIэ абы иIэт зыхуей псори – зэфIэкIи, щIэныгъи, къэухь лъаги, жыджэрагъи. Къанокъуэ Арсен экономикэ щIэныгъэхэм я доктορщ, Экономикэ щIэныгъэхэмрэ хьэрычэтыщIэ IуэхухэмкIэ, Естественнэ щIэныгъэхэмкIэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академиехэм я академикщ. Къанокъуэм и къалэмыпэм къыщIэкIащ рыночнэ экономикэм и хабзэхэм теухуа монографие, тхыгъэ зыбжанэ.

КъБР-м и Iэтащхьэу зэрылэжьа зэманым къриубыдэу Къанокъуэ Арсенрэ абы и унафэ щIэт гупымрэ куэд къайхъулIащ щIыналъэм и социально-экономикэ щытыкIэр егъэфIэкIуэным епхауэ. Ар и фIыгъэщ жылагъуэм и гъащIэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэу гулъытэ нэхъыбэ зыхуэщIыпхъэхэр, хэкум зэрызиужьыну унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэмрэ къэрал властым и органхэм къапэщыт къалэнхэмрэ IупщIу зэхигъэкIыу, япэ игъэщыпхъэхэр игъэнаIуэурэ зи къалэнхэм пщэрылъ ящищIу зэрыщытам.

Къанокъуэ Арсен ящыщщ къэралым и политик, экономист нэхъыфIхэм. КъБР-м и УнафэщIу щытыху хэгъэгу Iэтащхьэхэм хуащI пщIэмрэ ябгъэдэлъ зэфIэкIымрэ зыхуэдизыр къызэрагъэлъагъуэ рейтингми зыбжанэрэ и пашэ мэхъу. Иужьрей илъэсхэм ар Урысей Федерацэм и политик пщIэ нэхъ зыхуащIхэм я бжыгъэм хеубыдэ.

Ахэр гулъытэ къызэрыгуэкIыу зэрыщымытым щыхьэт тохъуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыщхьэу щыщыта лъэхъэнэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм нэрылъагъуу къапэкIуа ефIэкIуэныгъэр. Къапщтэмэ, мэкъумэшхэкI къыщIэгъэкIынымкIэ 2010 гъэм КъБР-р Кавказ Ищхъэрэм пашэ щохъу. Социально-экономикэм хуищIа хэлъхьэныгъэхэмрэ инвестпроектхэр къызэригъэсэбэпамрэ къапэкIуащ лэжьапIэншэхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ зэрыхъуар, республикэм ику иту щат улахуэм, пенсэхэм зэрыхэхъуар, еджапIэщIэхэр, медицинэ IуэхущIапIэ зыбжанэ къызэрызэIуахар, ди къалэхэм, къуажэхэм я теплъэр зэрефIэкIуар, нэгъуэщI Iуэху дахэ куэди.

Къанокъуэ Арсен и жумартагъыр цIыхубэм ягъэунэхуащ псапэу ищIэмкIэ, махуэшхуэхэр, Iуэху дахэхэр къызэгъэпэщыным и мылъку зэрыхилъхьэмкIэ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, абы и жэрдэмкIэ икIи езым и ахъшэкIэ иригъэщIащ Налшык дэт мэжджытыр, КъБР-р езым фIэфIу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ Фэеплъ аркэр, Кавказ зауэжьым (1763-1864) хэкIуэда адыгэхэм я фэеплъыр, «Синдика» хьэщIэщыр, «Эльбрус» шхапIэр иджырей мардэм изагъэу зэригъэпэщыжащ. ЗэрыжытIагъэххэщи, зызыщIигъэкъуа, зыдэIэпыкъуа цIыхухэм я бжыгъэр къэлъытэгъуейщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым зиужьыным хьэлэлу зэрыхуэлэжьам папщIэ Къанокъуэм къыхуагъэфэщащ къэрал дамыгъэ лъапIэхэр: Зэныбжьэгъугъэм и Орденыр (2007), «Хэкум и ЩIыхь» орденыр, «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и IV нагъыщэр (2010), «Мамырыгъэмрэ псапэ зыпылъ Iуэхухэмрэ папщIэ» дыщэ медалыр (2008).

ФедерацэмкIэ Советым Хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и къудамэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ политик цIэрыIуэр иджыпсту нэхъыбэу зи ужь итыр УФ-м хамэ къэралхэм щиIэ лIыкIуэхэр хэхынырщ, дипломатие, политикэ, экономикэ, сыт хуэдэ унэтIыныгъи къащти, Урысейр адрей къэралхэм зэрадэлэжьапхъэ жыпхъэхэр убзыхунырщ, УФ-мрэ хамэ къэралхэмрэ я зэхуаку дэлъ зэпыщIэныгъэр гъэбыдэнырщ.

Урысей-Эмират зэдэлэжьэкӀэмкӀэ советыр къапщтэмэ, Къанокъуэ Арсен нэхъыбэу зытелажьэр Урысей Федерацэмрэ Хьэрып Эмират Зэгуэтхэмрэ я сату-экономикэ Ӏуэхум ехьэлӀа зэдэлэжьэныгъэм зегъэубгъунырщ, хьэрычэтыщӀэхэм яхуэзэнырщ, лъэныкъуитӀым я дежкӀи фейдэ къызыпэкӀуэн зэгурыӀуэныгъэхэр зэухылӀэнырщ. АбыкӀэ сэбэп мэхъу урысей хьэрычэт Ӏуэхухэр Эмиратым щызэтеублэныр, хамэ къэралхэм къикӀ инвестицэхэр ди къэралым къыхегъэлъхьэныр.

КъБР-м къыбгъэдэкӀ сенаторым сытым дежи и нэӀэ тригъэтщ и адэжь хэкум и экономикэм тегъэпсыхьа проектхэр Москва деж щыпхыгъэкӀыным, экономикэ зыужьыныгъэр егъэфӀэкӀуэным. ИкӀи адыгэлӀ нэсыр быдэу хущӀокъу Къэбэрдей-Балъкъэрым щекӀуэкӀым федеральнэ къулыкъущӀапӀэхэр щыгъуазэу щытыным, абы и псэукӀэм зиужьын папщӀэ дэӀэпыкъуэгъу хъуным, федеральнэ, республикэ ӀуэхущӀапӀэхэр тыншу зэдэлэжьэным.

Къанокъуэм и Ӏуэху бгъэдыхьэкӀэр адрейхэм къазэрыщхьэщыкӀыр сыт жыпӀэмэ, гугъуехьхэм я хэкӀыпӀэхэр нэхъ псынщӀэу къызэригъуэтыфырщ, зыхуигъэувыжа къалэнхэр зригъэхъулӀэн папщӀэ щыӀэ Ӏэмалхэр къызэригъэсэбэпыфырщ.

Сенатор Къанокъуэ Арсен УФ-м и Президент Путин Владимир и жылагъуэ зэӀущӀапӀэу Налшык дэтым къокӀуэ цӀыхухэм щаӀущӀэну, я щхьэ ӀуэхукӀэ зыкъыхуэзыгъазэхэм я гуныкъуэгъуэхэм щӀодэӀу, а гугъуехьхэр зэфӀэхынымкӀэ сэбэп мэхъу.

Си щхьэкӀэ мызэ-мытӀэу сыщӀэсащ апхуэдэ зэӀущӀэхэм икӀи лъэӀуакӀуэ, чэнджэщакӀуэ къэкӀуахэм ящыщу зыри игъэщӀэхъуауэ слъэгъуакъым. Сабий сымаджэ зиӀэхэр, псэупӀэкӀэ гугъу ехьхэр, лэжьапӀэншэхэр, бынунагъуэшхуэхэр, хуэмыщӀахэр, гуныкъуэгъуэ зыбгъэдэлъхэр къокӀуалӀэ абы и деж. Сымаджэхэр хамэ къэрал щригъашэ, лэжьапӀэншэхэм ӀэнатӀэ къащыхуигъуэт куэдрэщ, къищынэмыщӀауэ, езым и мылъкум къыхих ахъшэкӀэ зи Ӏуэху хуэмыкӀуэм, социальнэ ӀуэхущӀапӀэхэм, литературэм, гъуазджэм теухуа проект зыщӀхэм сыт щыгъуи ядоӀэпыкъу.

Къанокъуэм и цӀэр дуней псом къыщащӀэ жыпӀэмэ, ущыуэнукъым. АбыкӀэ жысӀэну сызыхуейр зыщ: дэнэ лъэныкъуэкӀэ имыгъэзами, абы щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм зэращӀэупщӀэрщ, зэрахыхьэрщ. Арсен сытым дежи жеӀэ хэхэс адыгэхэм пщӀэ лей зэрахуищӀыр, лӀэщӀыгъуэрэ ныкъуэм щӀигъуауэ хамэм яхэс пэтми, я хабзэр, лъэпкъ щӀэинхэр яхъумэжыным, я бзэр зэраӀэщӀэмыхуным иужь зэритым щхьэкӀэ.

Шэрджэсхэр щыпсэу къэрал зыбжанэм лэжьыгъэ ӀуэхукӀэ сыщыӀащ, ИнтернеткӀэ куэдым сапыщӀащи, сыт щыгъуи согъэщӀагъуэ Къанокъуэ Арсен и цӀэр фӀыкӀэ дэни зэрыщыжаӀэр, ди лъэпкъэгъухэр къызэрыхуэхъуахъуэр. Ар зэпхар КъБР-м и Ӏэтащхьэу зэрыщытам, иджыпсту къэрал къулыкъу зэрызэрихьэм я закъуэкъым. АтӀэ езыр хэхэс адыгэхэм щӀэх-щӀэхыурэ зэрахуеблагъэрщ, дэнэ сыт хуэдэ Ӏуэху къыщызэрагъэпэщми и мылъку зэрахухилъхьэрщ.

Псалъэм къыдэкӀуэу жыпӀэмэ, Израилым щыӀэ Кфар-Камэ къуажэм Адыгэ музей щолажьэ, къэрал псом исыр екӀуалӀэу, зыгъэпсэхуакӀуэ нэгъуэщӀ щӀыпӀэхэм икӀауэ кӀуэхэри дыхьэрэ зыщаплъыхьу. Абы къэрал зэмылӀэужьыгъуэ куэдым щыщ нэгъуэщӀ лъэпкъхэм къыхэкӀахэм къыщащӀэ шэрджэсхэр дызищӀысыр, лъэпкъым и шыфэлӀыфэр, и хабзэхэр зыхуэдэр. Адыгэр зэрыс адэжь хэ-

кум къэмысыф куэд щызэблокI абы, ди хъыбар зэи зэхэзымыхахэм яфIэгъэщIэгъуэн Iэджэ къыщащIэ. Мис а псор къилъытэри, ядэIэпыкъуати, Къанокъуэ Арсен и цIэкIэ пэш ящIауэ, адыгэм и тхыдэм, щэнхабзэм, хабзэм теухуа фильмхэр щагъэлъагъуэ.

КъищынэмыщIауэ, Иорданием Адыгэ щэнхабзэмкIэ унэшхуэ щащIырти, абыи и мылъку хилъхьащ. Сириемрэ Америкэмрэ щыпсэу ди лъэпкъэгъухэми апхуэдэ гулъытэ яхуищIащ.

А IухущIафэхэрщ хэкупсэ нэсым, щапхъэ зытрах лъэпкъылIым цIыхухэм я арэзыныгъэрэ ехъулIэныгъэрэ къыхуэзыхьыр. Мис ахэр и лъабжьэу, Канадэм щылажьэ Адыгэ Хасэм иригъэкIуэкIа Iуэху дахэм ипкъ иткIэ, «2020 гъэм и ЦIыху» цIэ лъапIэр къыфIащауэ щытащ Къанокъуэм. Хэкум щилэжь IуэхуфIхэм нэмыщI, хэхэс гъащIэр зи натIэ хъуа ди къуэшхэм яхуищI пщIэм къыпэкIуэу ар фIыуэ къыщалъагъу адыгэ зэрыс къэралхэми.



**Зи щхьэ IуэхукIэ къыхуэкIуа цIыхухэм яIуощIэ.**

Зи хэкум, лъэпкъым гурэ псэкIэ хуэлажьэ цIыхуу зэрыщытым къыхэкIыу 2018 гъэм ар хахащ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и тхьэмадэу. ЗанщIэу зи ужь ихьари къызыхэкIа лъэпкъым и щIалэгъуалэм гъуэгу етынырщ, щIэныгъэлIхэм защIэгъэкъуэнырщ, хьэрычэтыщIэхэм я Iуэхухэр ядэIыгъынырщ, лъэпкъ интеллигенцэр лъэ быдэкIэ гъэувынырщ.

Иджыри зы щапхъэ. 2019 гъэм ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и нэIэ щIэту, Къанокъуэм псапащIэ егъэджэныгъэ программэр иублэри, зэпеуэкIэ къыхаха щIалэгъуалэ 30-м нэблагъэ хамэ къэралхэм я еджапIэ нэхъыфIхэм я щIэныгъэм щыхагъэхъуэну игъэкIуащ. ИлъэситIкIэ еджа ди лъэпкъэгъухэм иджы къагъэзэж, я къэухьым зиужьарэ лэжьыгъэм и пIалъэ зрагъэщIауэ. ЕджакIуэ кIуахэр жэуаплыныгъэ ин яхэлъу Iуэхум яужь итащ, гъэщIэгъуэн куэди ялъагъуну хунэсащ. ЩIалэхэмрэ пщащэхэмрэ здэщыIа къэ-

ралхэр къазэрыщыхъуам, зэрырагъэджа щIыкIэм, къадеджахэр зыхуэдэм, я мурадхэмрэ Урысейм къащыпэплъэмрэ интернетым щаIэ напэкIуэцIхэм къызэрыщаIуатэм тфIэгъэщIэгъуэну дыкIэлъоплъ.

Мыпхуэдэ Iуэхухэр и щыпэублэкъым Къанокъуэ Арсен. Ар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэу щыщытам цIыху 300-м нэблагъэ хамэ къэралхэм щригъэджауэ щытащ икIи илъэгъуащ абы къыпэкIуа сэбэпынагъыр. Иджы ЩIДАА-м и нэIэ щIэту илъэсым цIыху 50 хуэдиз игъэкIуэну зэримурадыр жеIэ. «Япэ зэпеуэм къыхыхьэу зи зэфIэкI зыгъэлъэгъуа адыгэ ныбжьыщIэхэм фIыщIэ яхузощI. Сэ хьэкъ сщыхъуащ: апхуэдиз зэчий, щIэныгъэ зыбгъэдэлъ интеллигент щIалэгъуалэ дыщиIэкIэ, адыгэм къэкIуэн дахэ къыпоплъэ. Дэ абыкIэ дэIэпыкъуэгъу дыхъун хуейщ, IуэхуфIхэр дгъэбагъуэрэ, жэрдэм зиIэхэмрэ жыджэрхэмрэ защIэдгъакъуэу. ПщIэ щIэтту еджакIуэ дгъакIуэхэм къалэн гугъу яхуэдгъэувыркъым. ЕджапIэ нэхъыщхьэ цIэрыIуэхэр къаухa нэужь, ахэр дэнэ щылэжьэнуи хуитщ, ауэ я бзэр, я хабзэр зыщагъэгъупщэ хъунукъым. Дэнэ щыпсэуми, щылажьэми, я хэкужь къагъэзэжынущ абыхэм, я лъэпкъым къыхуэщхьэпэнущ. Дэ аращ зытетщIыхьыр. ПсынщIащэу зызыхъуэж нобэрей дунейм адыгэхэр декIуу дэбакъуэмэ, ди насыпщ», – жеIэ Къанокъуэм.




**Къанокъуэ Арсен КъБР-м и Правительствэм и зэIущIэ ирегъэкIуэкI.**

А проектым и закъуэкъым Арсен дэIэпыкъуэгъу зэрыхъур. Хэкум исхэр хуабжьу яфIэтелъыджэу хэтщ Къанокъуэм зыбжанэрэ къызэригъэпэща "StartUp 5642" хьэрычэтыщIэ проектым. Хьэрычэт Iуэхум зезыпщытыну хуейуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым ис щIалэгъуалэм псапащIэ щIыкIэу Къанокъуэр зэрадэIэпыкъу зэпеуэщ мыр. Ар Iыхьэ зыбжанэу йокIуэкIри, къэпщытакIуэхэм нэхъыфIхэр къыхах. Проектхэм къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэр экономикэ, техникэ я лъэныкъуэкIэ гъащIэм хыупщэфын хуэдэу щытын хуейщ, хьэрычэт Iуэхум продукцэщIэ е цIыхухэр зыхуэныкъуэ гуэр къыщIигъэкIыу,

къызэригъэпэщу щытыныр Iэмал зимыIэщ. Бизнес-планыр и кIэм нэс убзыхупхъэщ, къыщыгъэлъэгъуа Iуэхутхьэбзэр адрейхэм зэрефIэкIыр, нэгъуэщI хьэрычэтыщIэхэр лъэпощхьэпо къыхуэмыхъуфын хуэдэу зэрыгъэпсар щызэпкърыхауэ зэхэлъхьамэ, къыхах. ТекIуам и Iуэхур къызэрызэригъэпэщынумрэ лажьэу зэрыригъэжьэнумрэ текIуэдэну мылъкур ярет (сом мин 250-м къыщыщIэдзауэ сом мелуаным нэс дэтхэнэми хуэзэу). Апхуэдэу хьэрычэтыщIэ жыджэрхэмрэ зэчиифIэхэмрэ я Iуэхур ядиIыгъыурэ, экономикэ и лъэныкъуэкIэ лъабжьэ быдэ зиIэ проектхэр гъэзэщIэнымкIэ мылъкурэ чэнджэщкIэ ядэIэпыкъуурэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и экономикэм зегъэужьынырщ, технологие IэмалыщIэхэр къыщагъэсэбэп, иджырей зэманым декIу хьэрычэтыщIэ Iуэхухэр къызэIухынырщ Къанокъуэ Арсен зи ужь итыр.

Иужьрей илъэситIым къэралыр, дуней псор егъэгулэз пандемием. Сымаджэр куэду, госпиталхэр махуэ къэс къызэIуахыу республикэр бэлыхь щыхэхуа лъэхъэнэми лъэныкъуэкIэ щытакъым ди хэкуэгъу цIэрыIуэр. НэкIуIупхъуэхэр республикэм щызэпэубыдауэ щыщытам, мин бжыгъэкIэ иригъэгуэшащ, медицинэм и лэжьакIуэхэм уз зэрыцIалэр зыпхымыкI фэилъхьэгъуи 150-рэ, респираторхэр къахуищэхуащ. Налшык къалэ дэт «Синдика» хьэщIэщыр хуит яхуищIащ коронавирусым ицIэла сымаджэхэм яхэт медицинэ лэжьакIуэхэм я зыгъэпсэхугъуэ пIальэр щагъэкIуэну. АдыгэлI жумартым ахъшэшхуэ хилъхьащ а зэманым КъБР-м щыпсэу унагъуэ хуэмыщIахэм, бынунагъуэшхуэхэм, ныбжь зиIэхэм хуагуэша ерыскъыр къызэращэхуа мылъкум. Апхуэдэ дыдэу гъэ къэс егъэгуфIэ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр.

Къанокъуэ Арсен Башир и къуэм и гъащIэр Iуэху зэхуэмыдэхэмкIэ гъэнщIащ, гугъущ ар зи ужь ит псор зы тхыгъэм къибгъэзэгъэну. Къэрал лэжьакIуэ емызэшым и гуащIэмрэ къарумрэ къыщыщIидзэр и унагъуэращ. И гуфIэгъуи, и нэщхъеягъуи дигуэшу, диIыгъыу абы къыдогъуэгурыкIуэ и щхьэгъусэ ФатIимэ, псапэу ищIэмкIэ республикэм къыщацIыхуа бзылъхугъэ гуакIуэр. Зэщхьэгъусэхэм яIэщ зи ехъулIэныгъэхэм иригушхуэ бынищ, я лъэр жану щIэзыгъэкI пхъурылъху цIыкIухэр. А псори и щыхьэтщ адыгэлI щыпкъэр политик, жылагъуэ лэжьакIуэ щэджащэу зэрыщытым нэмыщIи, и унагъуэ дахэмкIэ зэрыщапхъэм.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ,**
*Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист*

# УНАФЭЩІ КЪЫЗЭРЫМЫКІУЭ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и унафэщI къулыкъур илъэс 13-кIэ зэрихьауэ, сымаджэ хъури, абы пэрыкIын хуей хъуат КIуэкIуэ Валерий Мухьэмэд и къуэр. Егъэлеяуэ политик Iущт, къэрал лэжьакIуэ лъэрызехьэт ар, лъэпкъхэм я зэхуаку зэныбжьэгъугъэ дэлъыным сыт щыгъуи и телъхьэт.

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и УнафэщIым и къуэдзэу, УФ-м и Къэрал Советым хэту лажьэрти, къэрал мыхьэнэ зиIэ Iуэху куэд зэфIигъэкIырт. Апхуэдэ цIыху гуащIафIэм и пIэ къиувэнум цIыхубэр тепсэлъыхьырт, щIэупщIэныгъэхэр ирагъэкIуэкIырт, политикэм хэзыщIыкIхэри нэхъ пэIэщIэхэри тепсэлъыхьырт республикэм и тхьэмадэ хъунум.

Абы щыгъуэ куэдым и цIэр кърaIуэрт Къанокъуэ Арсен Башир и къуэм. Ар КъБР-м фIыуэ къыщацIыхуат а зэманым. ЦIыхубэр щыгъуазэт Арсен хьэрычэтыщIэ къызэрымыкIуэу, псапащIэ жумарту, экономист Iэзэу зэрыщытым, абы къиищынэмыщIауэ, Къэрал Думэм и депутатт, БюджетымкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэт, псэукIэр егъэфIэкIуэным теухуа проект куэд гъащIэм хипщэну хунэсат, абыхэм ящыщ зыт Налшык къалэ дищIыхьа мэжджыт иныр. Апхуэдэуи цIыхухэм я лъэIу куэдым пэджэжат, хэт лэжьапIэ игъэуват, хэти и узыншагъэр зэфIигъэувэжынымкIэ дэIэпыкъуэгъу хуэхъуат.

Къэрал Думэм къыдыхэт и лэжьэгъухэр Къанокъуэм щытепсэлъыхькIэ, къыхагъэщырт ар цIыху зэпIэзэрыту, и мурадым ерыщу хуэкIуэу, шыIэныгъэ хэлъу, дзыхь ебгъэз хъууэ зэрыщытыр. Абы къыхэкIыу, зым и дежкIи гъэщIэгъуэн хъуакъым УФ-м и Президент Путин Владимир абы и кандидатурэр диIыгъыу, Къанокъуэ Арсен Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президенту (Iэтащхьэу) игъэувыну къызэрыхилъхьар. 2005 гъэм сентябрым и 27-м КъБР-м и Парламентым и III зэхуэсыгъуэм хэт депутатхэм даIыгъащ Къанокъуэр КъБР-м и Президенту щытыныр.

Къыхэгъэщыпхъэщ а лъэхъэнэр хуабжьу зэман гугъуу икIи хьэлъэу зэрыщытар. Республикэми къэралми социально-экономикэ Iуэхухэм епха гугъуехь куэд щыщыIэт. Ди хэгъэгум исхэр игъэпIейтейрт улахуэр зэрымащIэм, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм и Iуэхутхьэбзэхэр зэрылъапIэм, лэжьапIэншэр зэрыкуэдым, ди лъахэм Iулъхьэ зэрыщызекIуэм, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIахэмрэ дин зэмыщхьэр зезыхьэхэмрэ зэрызэпэщIэувэм, нэгъуэщI гугъуехьхэми.

КъБР-м и Iэтащхьэр и къулыкъум зэрыпэрыхьэрэ махуэ 15 фIэкIа дэмыкIыу, псоми я гум къинэжа щIэпхъаджагъэ иныр Налшык къыщыхъуащ. Социологхэм, политологхэм, политтехнологхэм, тхыдэджхэм иджыри зыкъомрэ зэпкърахынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и иджырей тхыдэм къыхэна а Iуэху гуузыр. Иджыри къыздэсым гурыIуэгъуэкъым ар къэхъун хуей щIэхъуа щхьэусыгъуэмрэ къызыхэкIамрэ.

ЩIэныгъэ куу зиIэ, Плехановым и цIэр зезыхьэ институтым и дипломыр зыIыгъ, экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, Iулыдж зиIэ политик, ди хэгъэгум и социально-экономикэ щытыкIэм фIыуэ

хэзыщIыкI щIалэр зэман куэд хуейтэкъым и лэжьыгъэм хэгъуэзэн папщIэ. ЩытыкIэр занщIэу зригъащIэри, щIалэгъуалэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, цIыхубэ зэщIэхъееныгъэхэм, пщIэ зиIэ лэжьакIуэ цIэрыIуэхэм яхуэзэу щIидзащ. Абы фIыуэ къыгурыIуэрт октябрым къэхъуа Iуэхум цIыхухэм яридза дыркъуэр икIэщIыпIэкIэ гъэхъужын зэрыхуейр, абы папщIэ псэукIэм, экономикэм я зыужьыныгъэр япэ зэригъэщыпхъэр. Апхуэдэ зэIущIэхэм и Iуэху еплъыкIэхэр зэпкърыхауэ къыщиIуатэрт Къанокъуэм, экономикэр зэрыхуа щытыкIэм къызэрыришыну Iэмалхэр яхузэпкърихырт. ЦIыхухэри я гуапэу едаIуэрт унафэщIыщIэм. Езым зэрыжиIэмкIи, апхуэдэ зэIущIэхэм дерс, гупсысэ куэд къыхихырт, дяпэкIэ зэлэжьыпхъэхэмрэ япэ игъэщыпхъэхэмрэ ятеухуауэ.



**Къанокъуэ Арсен ЩIДАА-м и Президиумым хэтхэм я гъусэу.** *Налшык къалэ. 2018*

ЩIыналъэм и унафэщI хъуа нэужь, абы быдэу зыхуигъэувыжащ псэукIэр егъэфIэкIуэнымрэ мамырыгъэр гъэбыдэнымрэ и къалэн нэхъыщхьэ дыдэу зэрыщытыр.

Къыхэзгъэщыну сыхуейт Iэтащхьэу лэжьэн зэрыщIидзэу къыхукъуэкIа оппонентхэм къагъэув лъэпощхьэпохэм Къанокъуэ Арсен пщIэрэ щхьэрэ иIэу зэрыблэкIыфар, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ къулыкъур Iулыдж иIэу зэрызэрихьар. Абы щыхьэт тохъуэ 2006 - 2013 гъэхэм ди хэгъэгум экономикэм, псэукIэм ехьэлIауэ зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэ бжыгъэншэхэр. Мис а лъэныкъуэри зы Iуэхугъуэ хэхауэ зэпкърах хъунущ тхыдэджхэмрэ экономистхэмрэ.

Къанокъуэ Арсен лъэныкъуэ куэдым зэрыхуэIэзэм, социально-экономикэ унэтIыныгъэмкIэ аналитик ехьэжьауэ зэрыщытым щыхьэт сытехъуэу сэ нэхъ спэгъунэгъу егъэджэныгъэ унэтIыныгъэм абы щызэригъэзэхуа IуэхухэмкIэ щапхъэ куэд къэсхьыфынущ. Ар и къулыкъум пэрытыху школакIуэ мини 8, зи школ кIуэгъуэ мыхъуа сабий 850-рэ



4 Заказ №1150

зыщIэхуэ егъэджэныгъэ IуэхущIапIэ 20 республикэм щащIащ. Къанокъуэм КъБР-м и Правительствэм пщэрылъ щищIа къалэнхэм япкъ иткIэ, зы илъэсым школищ ящIырт. Дэтхэнэри иджырей мардэхэм изагъэ унэлъащIэкIэ къызэрагъэпэщырт, егъэджэныгъэм къыщагъэсэбэп Iэмэпсымэ псори щIэлъу ятырт. Лабораторэхэм, шхапIэхэм, спорт пэшхэм, щрагъаджэ классхэм, технологием хухэха пэшхэм зыхуеину псори щIэлът, лэжьыгъэм хуэхьэзырт.

А илъэсхэм КъБР-м и егъэджэныгъэ ухуэкIэр жыджэру хыхьащ Урысей Федерацэм къыщыхалъхьа проект 11-м щыщу 9-р хэгъэгум щыгъэзэщIэным икIи къехъулIащ. «Комплексная программа модернизации региональной системы образования (КПМО) РФ на 2007-2009 гг.» проектым хэгъэгу 60 хэтащ, абыхэм ящыщу пашэныгъэ къэзыхьар 12-щ, абыхэм дэ дахэтт. Апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэфIхэр щекIуэкIащ зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэр щаIыгъ IуэхущIапIэхэми, программэм и лейуэ щрагъаджэ IэнатIэми, курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэми. Федеральнэ программэхэм нэмыщI, дэ делэжьырт республикэм щызэхэтлъхьа программэхэр гъэзэщIа хъуным. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, а лъэхъэнэм пэщIэдзэ школхэм шахматымкIэ дерсхэр къыщызэдгъэпэщат, «Кожаный мяч» турнир цIэрыIуэр едгъэжьэжат.



*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **Ивановэ Валентинэ, Къанокъуэ Арсен, Беглов Александр сымэ.** *Налшык къалэ. 2010*



Нэхъыщхьэхэм ящыщу «Модернизация учебной книги на национальных языках на 2007-2011 годы» республикэ программэр дгъэзэщIащ. БзэщIэныгъэлIхэр, методистхэр, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ, балъкъэрыбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэхэр зыхэт творческэ лэжьакIуэ гупхэр зэхуэтшэсри, лъэпкъыбзэмрэ ли-

тературэмрэ зэрегъэджыпхъэ методикэр зэхалъхьащ. Абы ипкъ иткIэ, зэрырагъаджэ тхылъхэр, методикэ пособиехэр, хрестоматиещIэхэр къыдэкIащ. Тхылъи 160-рэ хъурт ар, абы щыщу 121-р къыдэкIыным хуагъэхьэзыращ, нэхъыбэр дунейм къытехьащ.

Ди хэгъэгум щекIуэкI лэжьыгъэ псори, егъэджэныгъэ программэхэмрэ проектхэмрэ къызэрыдгъэсэбэп щIыкIэхэри, абы къыпэкIуэ ехъулIэныгъэхэри къытеддзэрт 2007 гъэм КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм къыдигъэкIын щIидза «Образование +» журналым. Шэч хэлъкъым зи гугъу сщIа программэхэмрэ проектхэмрэ къыщIыдэхъулIар, иужькIэ абы къыщIыпащар егъэджакIуэхэм я лэжьыгъэфIым къызэрыпэкIуам, жылагъуэм ахэр къызэрыддиIыгъам зэрифIыгъэм.

ЕхъулIэныгъэфIхэр зыIэрагъэхьэн, зэман кIыхькIэ хъер къызыпэкIуэну Iуэху зэтраублэн, властым и лэжьакIуэхэм тыншу ядэлэжьэфын щхьэкIэ ди къэралым къыщызэрагъэпэщауэ щытащ «Всероссийское педагогическое собрание» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэр. Абы и Совет нэхъыщхьэм и унафэщIу хахат «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Генеральнэ Советым хэт, Къэрал Думэм и депутат Ивановэ Валентинэ. Тхьэмахуэ нэхъ дэмыкIыу, ди Iэтащхьэм лъэIукIэ зыхуэдгъазэри, Къэбэрдей-Балъкъэрми къыщызэIутхауэ щытащ абы и къудамэ.



«Всероссийское педагогическое собрание» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм лэжьыгъэ купщIафIэхэр зэрыригъэкIуэкIыр, ди хэгъэгуми, къэрал псоми щекIуэкI Iуэхум хэлъхьэныгъэфIхэр зэрыхуищIыр къалъытэри, 2009 гъэм и март мазэм жылагъуэ зэгухьэныгъэшхуэм и XIII пленумыр Налшык щрагъэкIуэкIыну къыхахауэ щытащ. Ар зытеухуауэ щытар унагъуэм егъэджэныгъэ Iуэхум мыхьэнэ нэхъыбэ иритынымкIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ягъэзащIэ къалэнрат. НэгъуэщIу жыпIэмэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэрщ унагъуэмрэ властымрэ зэпызыщIэр, ахэращ унагъуэхэр политикэм къыщекIуэкI Iуэхухэм хэзышэфынури, егъэджэныгъэ Iуэхум и зыужьыкIэм хэлъхьэныгъэ хуезыгъэщIыфынури.

ИужькIэ, 2010 гъэм и апрелым, Къанокъуэ Арсен и жэрдэмкIэ, УФ-м и Къэрал Думэри къыддэIэпыкъури, ди республикэм щедгъэкIуэкIауэ щытащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и егъэджакIуэхэм я зэхуэсышхуэ, ар зытеухуар лъэпкъ егъэджэныгъэ жэрдэмрат. Форумым кърихьэлIат Урысей Федерацэм и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и къуэдзэ Беглов Александр, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм и къуэдзэ Вагапов Сулеймэн, Урысей Федерацэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и лIыкIуэхэр, КИФЩI-м хыхьэ хэгъэгухэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ я министрхэр, дин, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, Абхъазым, Осетие Ипщэм я лIыкIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

КИФЩI-м и егъэджакIуэхэм я съезду щытауэ жыпIэ хъунущ ар. Уеблэмэ, Урысей Федерацэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм къыщыхагъэщауэ щытащ апхуэдэ Iуэху ин икIи зэгъэпэща Урысейм и Ипщэ щIыналъэм зэи зэрыщемыкIуэкIар, фо-

румыр къызэрызэрагъэпэща щIыкIэм адрей хэгъэгухэми щапхъэ зэрытрахыпхъэр. Апхуэдэ арэзыныгъэмрэ ехъулIэныгъэмрэ зи фIыщIэр КъБР-м и Iэтащхьэрат. МахуитIым къриубыдэу Къанокъуэр яIущIащ дэнэ щIыпIэ къикIа лIыкIуэхэми икIи купщIафIэу зэпсэлъащ. «Всероссийское педагогическое собрание» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщIхэм ди Iэтащхьэм фIыщIэ къыхуащIащ, мыхьэнэшхуэ зиIэ а IуэхугъуитIыр зэкIэлъыкIуэу Къэбэрей-Балъкъэрым зэрыщригъэкIуэкIам, щIыналъэ егъэджэныгъэ ухуэкIэм «псэщIэ» хэлъхьэным мыхьэнэ зэрыритым папщIэ. ИкIи «Народное признание педагогического труда. Учитель Великой России» медалыр къыхуагъэфэщауэ щытащ, УФ-м и егъэджэныгъэ IэнатIэм хэлъхьэныгъэ зэрыхуищIам папщIэ.

Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ я мызакъуэу, IэнатIэ куэдым зезыгъэужьа апхуэдэ Iуэхушхуэхэр КъБР-м къыщызэгъэпэщыныр и хьэлу жыпIэ хъунут Къанокъуэм. КъищынэмыщIауэ, ар ди пашэу зызэтпщыт къалэнхэр цIыкIутэкъым. «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ, дэ программи 10-11 щыдгъэзащIэрт ди республикэм. Апхуэдэ лъэбакъуэхэм гу къыщылъамытэу къанэртэкъым Урысей Федерацэм.



**УФ-м и Президент Медведев Дмитрий яхуэзащ Налшык къалэ дэт 31-нэ курыт школым щеджэхэмрэ щылажьэхэмрэ.** *2010*



Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, Къанокъуэ Арсен Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэу лэжьэху ди хэгъэгум лэжьыгъэ IуэхукIэ къэкIуащ УФ-м и Президент Медведев Дмитрий, ар Налшык къалэ дэт курыт школ №31-м тшауэ щытащ. КъБР-м и курыт школхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ мызэ-мытIэу щыIащ УФ-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр  Фурсенкэ Андрей, абы и къуэдзэхэр илъэс къэси къакIуэрт. КИФЩI-м и мызакъуэу, УФ-м и хэгъэгу псоми я министрхэр щIэх-щIэхыурэ къытхуеблагъэрт.



**Къанокъуэ Арсенрэ Фурсенкэ Андрейрэ я зэIущIэ.** *Налшык къалэ. 2006*



Апхуэдэ хьэщIэхэм Къанокъуэр щIахуэзэр и къулыкъум къыщищI къалэнратэкъым, атIэ сыхьэт бжыгъэкIэ ябгъэдэсыфынут, епсэлъэнут, сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я гъэсэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ ехьэлIауэ щыIэ хэкIыпIэхэмрэ Iэмалхэмрэ зригъащIэу. Егъэджэныгъэ ухуэкIэр Урысейм къыщызыгъэщIэрэщIэжа хэгъэгу 12-м яхэтт Къэбэрдей-Балъкъэрыр. Фурсенкэ и гуапэу къыхигъэщырт Къанокъуэр зи ужь ит Iуэхухэр – школыщIэхэр зэриухуэр, школыжьхэр зыхуей зэрыхуигъэзэжыр, егъэджакIуэхэм я улахуэр и чэзум зэраIэрыхьэр, ар нэхъыбэ хъун папщIэ IэмалыщIэхэр къызэригъэсэбэпыр, бзитIыр зэгъусэу егъэджыным зэрителъхьэр, нэгъуэщI куэди.

Сэ а Iуэху псоми я курыкупсэм сыхэтащ. Къанокъуэм и унафэкIэ республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр къулыкъур 2006 гъэм щегъэжьауэ 2013 гъэ пщIондэ есхьэкIащ. ПцIы хэмылъу, дызыхунэмыса Iуэхуи, ди къару къимыхьа гуэрхэри щыIащ. А гугъуехьхэр иджыри щыIэщ...

2013 гъэм, илъэси 8-кIэ КъБР-м и Iэтащхьэу лэжьауэ, и къулыкъум текIащ Къанокъуэ Арсен Башир и къуэр. Абы иужь иту, 2013 гъэм декабрым и 19-м сэри си къулыкъум сытекIащ. 2014 гъэм и сентябрь лъандэрэ Къанокъуэр сенаторщ, къыдэлажьэхэм пщIэшхуэ къыхуащIрэ и цIэр ялъытэу.

2018 гъэм и августым ар ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и Президенту хахащ. Сыт щыгъуи хуэдэу жыджэру, гупсысэ купщIафIэхэмкIэ къулейуэ, лэжьэным и гур хузэIухауэ пэрыхьащ ар а къулыкъум икIи икIэщIыпIэкIэ иужь ихьащ «зи псэр хэкI» жылагъуэ академиер къэгъэпсэужыным. ЩIДАА-м и дэфтэрхэр зыхуей хуэгъэзэным деж щригъажьэри, УставыщIи зэрагъэпэщащ, «Доклады АМАН» журналри къыдэкIыу зэтриублэжащ, щIалэгъуалэр дуней

псом щынэхъыфI еджапIэхэм игъакIуэу щIидзащ, академием дунейпсо мыхьэнэ иIэ ищIыжащ, тхыдэмкIэ, филологиемкIэ, экологиемкIэ, социологиемкIэ лэжьыгъэ купщIафIэхэр ягъэхьэзыр хъужащ.

Абы зэи гулъытэншэ ищIыркъым ЩIДАА-м и Президиумым и зэхуэсхэм къыщаIэт сыт хуэдэ Iуэхури. Ахэр гъэзэщIа хъуным кIэлъыплъу, дэтхэнэ Iуэхуми и псалъэрэ и гуащIэрэ хилъхьэу, хъеррэ фейдэрэ лъэпкъым, хэкум къызэрыхуихьыным пылъу апхуэдэщ.

Къанокъуэ Арсен Башир и къуэм дохъуэхъу узыншагъэ быдэ, гъащIэ дахэ, унагъуэ насып щымыщIэу иджыри куэдрэ псэуну, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысей Федерацэм гуащIафIэу иджыри куэдрэ яхуэлэжьэну.

**ЩХЬЭГЪЭПСО Сэфарбий,**
*биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор,*
*ЩIДАА-м и действительнэ член,*
*ЩIДАА-м и щIэныгъэ секретарь нэхъыщхъэ*

КЪУДЕЙ-КЪУЭЩIЫСОКЪУЭ Фаридэ

# СИ ПСЭМ И ХЭЩIАПIЭ

*Роман*

## Япэ Iыхьэ

### *Псэм псэр иутIыпщрэ?*



– Шыхулъагъуэм срикIуэнущ. Абы къыщызгъуэтынщ щIылъэм щымыIэ зыгъэпщкIупIэр.

– ГурыIуэгъуэщ иджы. Аслъэнрэ уэрэ... – Мадинэ и псалъэр нигъэсатэкъым, Iэсият къыщызэфIэмэхам. Ар ерагъкIэ гъуэлъыпIэм иригъэгъуалъхьэри, псы щIыIэкIэ и нэкIур псыф хуищIащ, и Iэпхъуамбэ-лъэпхъуамбэхэр хуишытIэурэ, зыкъригъэщIэжащ. ИтIанэ гъуэлъыпIэ кIапэм тетIысхьэри, щабэу пкърыупщIыхьурэ, апхуэдизу гуауэщхьэуэ зыщIар къригъэIуэташ.



* * *

Мадинэ мурад ищIащ ныбжьэгъу зэхуэс къызэригъэпэщу, нэжэгужэу пщыхьэщхьэр ягъэкIуэну, хъыбарыщIэхэмкIэ зэхъуажэу, дэтхэнэми и Iуэху зыIутымкIэ зэрыщIэу, гукъинэжу зэбгъэдэсыну. Псори езым и деж къригъэблагъэрт.

– Аращ, Iэсият, гукъыдэжым и пшыхьщ ныщхьэбэрей пщыхьэщхьэр, Аслъэни жесIащ, зэгъусэу фыкъакIуэ.

Iэсият Iэнкун къэхъуащ:

– Зэрыхъум хуэдэу сщIынщ, Мадинэ. Уэри бощIэ, си адэ шыпхъум фIэфIкъым апхуэдэхэр.

– Зыри зэхэсхыну сыхуейкъым. Сыхьэтиблым укъэсу къакIуэ, сыножьэнущ. Жэщым си деж укъызэрынэнури уи адэ шыпхъум жепIэну зыщумыгъэгъупщэ! – Iэсият жиIэр щхьэусыгъуэ ирикъуу къэзымылъыта Мадинэ нэхъ ткIий зыкъищIащ, нэхъыфI дыдэу илъагъу и ныбжьэгъур къэмыкIуэныр щхьэжэ щыхъунути.

Мадинэ жыхуиIа дыдэм ирихьэлIэу къэкIуащ Iэсият. ХъыджэбзитIым Iэнэр трагъэувэрт, Хьэсэн къыщыщIыхьам. «Мыри къыщIриджа мыгъуэр сыт мы Мадинэ?» – игукIэ хузэгуэпащ и ныбжьэгъум.

Къеплъыну зэрыхуэмейми гу лъимытэу, Хьэсэн абы зыкъыхуегъазэ:

– Алащэхэ Астемыр пцIыхурэ, Iэсият? – езыми, жэуапым пэплъэу хуеплъэкIа зищIурэ, хъыджэбзыр зэпеплъыхь.

– СоцIыху, – кIэщIу жэуап кърет Iэсият, дэуэршэрыну гукъыдэж лъэпкъ зэримыIэр и нэщхъымкIи къыгуригъаIуэу.

– Астемыр зэрыжиIэмкIэ, илъэс псокIэ письмо къыпхуитхащ, уэ зы жэуапи иумыту. Абы нэхърэ сыткIэ Аслъэн нэхъыфI?

Зыпэмыплъэхха упщӀэм хъыджэбзыр къигъэуӀэбжьащ:

– Ар сыт щӀэупщӀэкӀэ? Куэд щӀа уэрэ сэрэ ныбжьэгъу дызэрызэхуэхъурэ, апхуэдэхэм дытепсэлъыхьыну?

– Дызэныбжьэгъукъэ?

– Дызэныбжьэгъукъым.

Абы хэту, Аслъэн къыщӀыхьащ, къызэрыщӀэбакъуэуи къызэӀууащ. ФӀэхъус ихын къудей имыӀуэхужу, Ӏэсият и Ӏэблэр иубыдри, щӀэкӀыпӀэмкӀэ иришэжьащ, икӀи псори зэрыкӀэлъыджэу, щӀишыжри щӀэкӀыжащ.

– Дэнэ уздэсшэжынур? – щӀоупщӀэ Аслъэн машинэм зэритӀысхьэжхэу.

– Уи деж.

– «Си деж» уиӀэжкъым уэ.

– Сыт щхьэкӀэ?

– Уегупсысмэ, къыбгурыӀуэжынщ.

– Аслъэн, сыт къэхъуар? Солъагъу зыгуэр щхьэкӀэ узэрыгубжьар, ауэ уи гукъеуэр жыпӀэмэ, Ӏуэхур зыӀутыр зэхэдгъэкӀынщ.

– Уи гъусэу сэ зыри зэхэзгъэкӀынукъым. Уэ зи гъусэу зыгуэр зэхэбгъэкӀхэр нэгъуэщӀщ, сэракъым. Сэ зы къызжепӀэу, си нэщӀыбагъкӀэ укъызэпцӀыжу!

– Аслъэн, жыпӀэ хьэдэгъуэдахэр сыт? Губжьыр къыптекӀуэу, дяку дэлъ дахагъэр зэтумыкъутэ, лъагъуныгъэр езыр хъумэгъуейщ. Куэдым къахуихуэркъым уэрэ сэрэ диӀэ лъагъуныгъэм хуэдэ ягъэунэхуну. Дыгъэхъумэж ар, сэри къысщысхь.

– Уэ пхъумэрэ а лъагъуныгъэр? Уэ укъысщысхьрэ? Уэракъэ иджыпсту Хьэсэн и гъусэу пэш нэщӀым щӀэсар? Ара сяпэ уищу ущӀэкӀуар?

– Ара мыгъуэ, си дуней, уигу къеуар? Хьэсэн сэ си зырикӀщ, уеблэмэ си ныбжьэгъукъым. Сэ уэ...

– Зыри зэхэсхыну сыхуейкъыми, лейуэ умыпсалъэ. Уэ жыпӀэракъым, сэ си нэкӀэ слъэгъуаращ! – Аслъэн и макъым хэлъ ткӀиягъым къыбгуригъаӀуэрт, и щхьэм ирилъхьар къанэу, нэгъуэщӀ и фӀэщ зэримыщӀынур. Апхуэдизу гурыщхъуэщӀу... Апхуэдэ дыдэу къэгубжьыфыну... Хэт и гугъэнт?.. Гукъыдэж пшыхьыр Ӏэсият дежкӀэ гукъутэ пшыхь хъужу ара?

Уэшхыр уридэкӀуеину къешхырти, зэи мыувыӀэжыным хуэдэт. УафэхъуэпскӀым, дунейр тӀууэ зэгуигъэхуну, зэрылъэкӀкӀэ зишэщӀурэ, дунеижьыр къигъэнэхуу къачэрт. Аслъэнрэ Ӏэсиятрэ зэгъусэу яухуа дунейр зэпэщхьэхуэ ищӀырт. Ар къызэрыхъур я фӀэщ ищӀыну, уафэм щигъуэта къарур ткӀуэпс пӀащэхэм кӀуэцӀишыхьурэ щӀылъэм къриутӀыпщхьэхырт уэшхми, машинащхьэр къигъаджэрт. Псори сыту егъэлея ныщхьэбэ! Псэр зэхэзехуэн зыщӀрэ гур зыхуз защӀэу зэхэлъхьаи мы пшыхьыр...

ЩӀалэр хуейтэкъым и гъунэгъуу Ӏэсият щыӀэну, ауэ зэпыун зи мымурад уэшхымрэ зэманыр здынэсам хъыджэбзыр адэ шыпхъум и пащхьэ ипшэж зэрымыхъунумрэ къыхрагъэхащ езым и унэ ишэныр.

Гуныкъуэгъуэм игъэдия Ӏэсият жейм езэгъыртэкъым. Аслъэн щӀемыгъуэжауэ пӀэрэ? Сыт апхуэдэу тыншу и фӀэщ щӀэхъуар сэ сепцӀыжыну? КъызэдэӀуамэ, къыгурызгъэӀуэнт псори. Ауэ... Хэт ищӀэрэ, и гур нэхъ щабэ къысхуэхъужа хъунщ и унэм сыкъыщишакӀэ.

Ерыщщи, езым зыкъыуигъэщIэнукъым, щIегъуэжыпами. Уафэм щекIуэкI дунейкъутэжым си насыпри дэкъутэну тхьэм унафэ ищIа хъункъым...

Iэсият зызытригъэгушхуэжри, Аслъэн зыщIэлъ пэшым щIыхьащ.

– Сошынэ, хъуну уи деж...

– НакIуэ уи пэшым, – жиIэнур нримыгъэгъэсу, къыщылъэтри езыр япэ иту къыщIэкIащ: абы ищIэрт Iэсият уафэгъуагъуэмрэ жэщ кIыфIымрэ зэрыщцышынэр, ауэ игу уIам техуэнутэкъым иджыпсту зыри.

– Гъуэлъи жей. Сэ мыбдеж сыщысынщ. Уэздыгъэри иреблэ, – псалъэ къэс мывэ хъурейуэ къыжьэдэхуурэ Iэсият и псантхуэ шэщIам техуэрт, ауэ ар Аслъэн къыфIэIуэхутэкъым. Апхуэдэу зэрыщытыр ищIамэ, нэхъ къиищтэххэнкIи хъунт.

– Аслъэн, сэ...

– Хьэуэ, сыпсэлъэнуи, жаIэм седэIуэнуи гукъыдэж лъэпкъ сиIэкъым. Жей.

Iэсият сытым дежи Аслъэн зэрыдекIуэкIыным яужь итт, пэщIэувэртэкъым, теужа нэужьт и гупсысэхэр щыхуиIуатэр, игу илъыр щыжриIэр. Ауэ фIыуэ илъагъур нэгъуэщI цIыхут ныжэбэ. Я закъуэ щыхъуам дилъагъу хабзэ щабагъри дэнэ кIуэжа, къыщеплъкIэ и нитIым къыщIихыу щыта хуабагъэри гуапагъэри лъэужьыншэ хъужаи.

Аслъэн ар игъэпсэлъэнуи, жиIэр зэхихынуи, псом ящхьэращи, и фIэщ ищIынуи къару иIэкъым. Ари гупсысэным иригъэшащи, махуэ псом зыкIи гугъу емыхьами, иджыпсту мывэ зэпихам хуэдэт. Зы закъуэт зыхуейр: Iэсият и гъащIэм щыхэмытам иIа мамырыгъэмрэ гупсэхугъуэмрэ игъуэтыжарэт.  Къэхьэуэ[1] ефэу куэдрэ щысащ щIалэр. Телефоныр къыщеуэм, къигъэскIащ, ауэ фIэфIу къытрихащ: трубкэм къипсэлъыкIынур нэгъуэщI дунейм, езыр зыхь гуныкъуэгъуэр здэщымыIэм, щыщ цIыхут.

– Аслъэн, къэхъуар сыт? Мадинэрэ сэрэ дызоупщIыжри дыщысщ, пщIар зыхуэтхьынур къытхуэмыщIэу, – и ныбжьэгъу щIалэ Инал езым IуигъэкIуэтыну зи яужь ит дыдэм иришэлIэжу арат, ауэ ар къыщIеупщIыр щIэупщIэн щхьэкIэтэкъым, къызэрытегузэвыхьыр и макъым къыхэщт.

– Сэ иджыри къызгурыIуэжакъым сщIар, пщэдей дызэпсэлъэжынщ, – къратыжыну жэуапми пэмыплъэу, телефоныр трилъхьэжащ.

Аслъэнрэ Iэсиятрэ я лъагъуныгъэр дахэу къежьати, тIури щыгугъырт ар икIи кIыхьыну, икIи пэжыну. АрщхьэкIэ щIалэм и плъапIэ пщащэмрэ пщащэм псэуэ Iут щIалэмрэ я лъагъуныгъэм уафэм къыхуиутIыпща зэманыр кIэщIыщэу къыщIэкIащ. Апхуэдэу здегупсысым, Аслъэн зыхищIэрт а уафэм щатхыу икIи щакъутэжауэ къызыщигъэхъу гурыщIэр узу и Iэпкълъэпкъым зэритыр, и псэр абы гъэру зэриIыгъыр.

Ныщхьэбэ лъандэрэ зыкъызэщIэзыIэтэ пIейтеймрэ губжьымрэ езым хуэмыхьыж хъуати, хэкIыпIэ къыхуэмыгъуэту, щIалэр зэрихуэрт. Мес, плъэмэ илъагъуу, мамыру мэжейри хэлъщ ар бэлыхь хэзыдзар. Аракъэ и лъагъуныгъэм пщIэ къыхуэзымыщIар? Аракъэ хуиIэ

[1] Къэхьэуэ – кофе.

гурыщIэм и уасэр зэхэзымыщIыкIар? Хьэсэн къыщигъэдыхьэшхынып сытым къыхэкIа? И нэри, и псэри Аслъэну жиIэрти! Иджы Аслъэн дунейр къезэвэкIыу, и щхьэр здихьынур къыхуэмыщIэу утыкум итщ, езыр, зыри къэмыхъуа хуэдэу, мэжей. Тхьэм ещIэ, Хьэсэн епщIыхьу пIэрэ?

Аслъэн езыр зыпэмылъэщ къару гуэрым ихьащ пщащэр зыхэлъ пIэмкIэ. Жейм хэт хъыджэбзым и Iэпкълъэпкъ зэкIужыр абы тепхъуа щащыху пIащIэм къыпхыщырт. Нышхьэбэрей гухэщIым нагъыху[1] ищIауэ щытами, иджы и нэгур мамырт, лъы къыщIэлъэдэжат, набдзэ фIыцIэ занщIитIым яку дэлъа нэщхъми зиузэхужат. Щхьэцыгъуэ Iувыр щхьэнтэ тебзэ хужьым текъухьати, Iэ дэслъарэт, жиIэу зы напIэзыпIэкIэ Аслъэн игу къыпылъэдат. Хъыджэбз Iупэ щабэр, балий ныкъуэхъуу, тецIуукIырти, щIалэм и нэр абы тенэпат. Мыпхуэдэкъэ усакIуэхэм хъыджэбз назычэ[2] жыхуаIэр?! Езы дыдэм хузэхэмыгъэкIыж гурыщIэ зэщымыщхэм зэхэзехуэн ящIа щIалэм къытехуа бэлыхьым и щхьэусыгъуэр зыдилъагъу хъыджэбзыр зэщIиубыдащи, зрекъузылIэ, балий ныкъуэхъум и IэфIыр къелъыхъуэ, къыщохъу иджыпсту къэхъунум псори щхьэщихыжыну, псори и пIэ изэгъэжу, гупсэхугъуэ игъуэтыжыну. Iэсияти, насыпыншагъэу и гъащIэм нышхьэбэ къыхэпшэхъуар кIуэдыжащи, къыщIэлIэм зрешытIылIэ, гуапагъэу бгъэдэлъыр тыхь хуещI.

Хъыджэбз гу пцIанэ, фIым щыгугъ псэ къабзэ....

– Аслъэн, си Аслъэн, сэ сщIэрт уэ шэч къызэрыстумыхьэфынур, – йоIущащэ фIыуэ илъагъум. Уэшхри увыIэжат, щыбли уэжтэкъым, ауэ а псалъэхэм я ужькIэ зэуэ уафэр къехуэхащ.

– Ущоуэ, Iэсият, нышхьэбэ бдэслъэгъуар пхуэзгъэгъуфынукъым.

– Сыт-тIэ а иджыпсту къэхъуар? Сыбгъэпудауэ ара?

– Узгъэпудын мурад сиIакъым. Си акъылым утрегъэкIуэт, ауэ си псэми, си Iэпкълъэпкъми укъалъыхъуэ. УэркIэ сысымаджэщ, Iэсият, къыбгурыIуэмэ, сысымаджэщ.

Аслъэн, и лъакъуэ кIыхьитIым увыIэгъуэ иримыту, пэшыр къызэхикIухьырт. Зэми етIысэхырт, ауэ занщIэуи къэтэджыжырти, пэшым и кIыхьагъымрэ и бгъуагъымрэ зэригъапщэ хуэдэ, зэхэзекIуэу щIидзэжырт.

– Иджыпсту уи гъусар лъагъуныгъэ уз спкърытыращ, сэракъым. Ауэ къэзгъуэтынщ сэ ар зэрызгъэхъужын Iэмал, – блынджабэм IэштIымкIэ еуэщ, машинэ IункIыбзэр къипхъуатэри, къезэвэкI пэшым щIэжащ, жэщ кIыфIым хыхьащ.

Нэхущым нэблэгъат, ауэ къыщIэзыдзэжауэ щэху цIыкIуу къешх уэшхым зэманыр здынэсам ухигъэзэрыхьырт. Аслъэн зыщIэмысыж унэр нэщI дыдэ хъуати, Iэсият, зэхихам къикIыр зыпкъригъэхьэну хуэмейуэ, ауэ езыр зыхуейм зыкIи зыкъыдэзымыщI гухэщIыр хьэлъэу къытегуплIэурэ зихуэпэжри, уэшхым къыхыхьащ. Бэкъуэну и лъакъуэр зэриIэту щIыр кIэщIэкIырти, теувэжмэ джэлэну къыщыхъуу, и IитIри зэдиIэтырт, зиIыгъыну хэту.

Мы унэм щыщIыхьэм щыгъуэ гуныкъуэгъуэм хэтами, гугъэ иIат. Езыр щIалэт, дахэт, насып пэплъэрт. И фIэщ хъуртэкъым Аслъэнрэ абырэ яку илъ лъагъуныгъэм хуэдэр афIэкIа хэмылъу къутэжыну.

[1] Нагъыху – фагъуэ.
[2] Назычэ – дахэ дыдэ.

Сыхьэт бжыгъэм и кIуэцIкIэ нэхъыжь хъуауэ, зыщыгугъ щымыIэжу, и насыпыр дыкъуакъуэ хъуауэ, Iэсият къыщIокIыж а унэм. Гугъэми гурыщIэми ябгына Iэпкълъэпкъыр гущIэгъуншэ гъащIэм къыхихьэжащ. Губгъуэ нэщIым ит жыг закъуэу зыкъыщыхъужырт пщащэм, ауэ иджыри ищIэртэкъым жьапщэшхуэ къыкъуэуурэ а жыг закъуэм куэдрэ къызэрепыджынур, абы къыдэкIуэну гугъуехьхэм зэрапэщIэтын къару езы пщащэ лантIэм къигъэщIыжын зэрыхуейр.

Iэсият аргуэру и закъуэт. Игъэунэхуат абы закъуэныгъэри, ауэ Аслъэн и гъащIэм къызэрыхыхьэрэ псоми зихъуэжат, гъащIэм и дахапIэрэ IэфIыпIэмкIэ зыкъыхуигъэзэжауэ къыщыхъурт.

Аргуэру и закъуэ дыдэщ. Зыхуэзэ закъуэтIакъуэхэр мыцIыхущ, хамэщ. Къалэри зи уэрамхэр фIыуэ илъагъуу щытаракъым, ари хамэщ, щIыIэщ, фагъуэщ, Iэзэвлъэзэвщ. Зыбгъэдыхьэни зыщыгугъыни иIэкъым.

«Аслъэн, пхузогъэгъу сыхейуэ мысэ сызэрыпщIар. Тхьэм укъихъумэ», – и щхьэ хуэпсэлъэжурэ макIуэ.

Псыф хъуа бостейм и жыпыр зыгуэрым ирешэх. А-а, телефоныращ. Аслъэн и тыгъэр. Кърехри, тхыгъэ кIэщI цIыкIу хурегъэхь шэч къытезыхьа и щауэм: «Тхьэр уи гъусэщ». ИтIанэ телефоныр псыхьэлыгъуэ ежэхым хедзэ.

Гъуэгущхьиблыр щызэхэкIым къыщыхута хуэдэщ. Дэнэ лъэныкъуэкIэ игъэшыну? ИжьымкIэ сыт къыщыпэплъэр? СэмэгумкIэ сыт къыщыщыщIыну? ЗанщIэу кIуэмэ, къыщигъуэтыжыну пIэрэ фIэкIуэдар? Ныщхьэбэ хъуэпскIа уафэм ещхьу, и щхьэм зыгуэр къыщочэ – щIыпIэ жыжьэ гуэр Iэпхъуэнщ.

Аслъэн и унэм къыщIэкIыжу и ныбжьэгъу хъыджэбзым деж къэсыху, сыту гъуэгу кIыхь тета, сыту зэманышхуэ ихьа, сытуи куэд хэщIа... Уэшх къежэхым цIахуцIэу хэта хъыджэбзыр, здэкIуэм щынэсам, сымаджэ хьэзырт. Узымрэ лъагъуныгъэ фIэкIуэдам и гуауэмрэ зэхыхьэжри, Iэсият пIэм хэгъуэлъхьащ.



* * *

Шортэным и цIэр зезыхьэ уэрамым тет шхапIэм а тIур щызэрихьэлIащ. СымаджэпIэм къыхэкIа къудей хъыджэбзыр фагъуэт, къаруушэт, гукъыдэж иIэтэкъым. Ари IэщIэкIынкIэ шынэ нэхъей, шеибжьэр и IитIымкIэ быдэу иIыгъыу, Аслъэн здэщыс IэнэмкIэ плъэрт. ЩIалэми куэдрэ хуэшэчакъым зи нитIым лъэIу щIэлъу къеплъ пщащэм бгъэдэмыхьэу.

– Сыт си лажьэр, Аслъэн? Къуаншагъэ къысхуэбгупсысауэ аракъэ? Сытым щхьэкIэ? – щэхуу къоупщI хъыджэбзыр.

– Лъагъуныгъэм уепцIыжыныр захуагъэщ, ара?

– Сыбгъэпсэлъакъым. Сызэхэпхакъым. Узыхуейр жыпIэри ущIэкIащ, уэшх къежэхми укъызэтригъэувыIакъым.

– Сытыт къызжепIэфынур? Псалъэ хуеиж си нэкIэ слъэгъуам? Хьэсэнрэ уэрэ фи закъуэу фыщIэсакъэ пэш нэщIым?

– Аслъэн, сыт абы къикIыр?

– Си бийм уригъусащ. СыныщыщIыхьам, фи закъуэт. Сыт абы пхухэлъхьэнур, Iэсият? Псалъэ зэпта щIалэ узэриIэм и мызакъуэу, дахэ, адыгэ хабзэм къемызэгъ Iуэхущ ар.

– Дэ ди зэхуаку зыгуэр дэлъу уи фIэщ хъуауэ ара?

– Сэ зыгуэр зэхэзгъэкIынуи, зыри зэхэсхынуи сыхуеижкъым. ЛэжьапIэ къысхуагъэлъэгъуащи, нэгъуэщI къалэ сокIуэ. Уэ уи гъащIэм епщIэнум ухуитыжщ. Зэтта псалъэм уэ езыр уебэкъуэжащ. ФIыкIэ.

– ФIыкIэ, – хабзэ зэрыхуэхъуауэ, пидзыжащ абы щIалэм. Шэч хэлътэкъым къэгъазэ имыIэу ар зэрыфIэкIуэдам. Зэрыхуейуэ зыгуригъэIуащ, зыхуейр жиIащ, Iэсият зыри жригъэIакъым.

Апхуэдэу тыншу зэрыутIыпщыжрэ зы чысэм илъа пситIыр... Темыуж губжь щыIэн хуей? Гум хуабагъэ илъар пэжмэ, дауэ ар занщIэу мыл кIанэ зэрыхъужынур? Сыту дыдж нобэрей махуэр... Сытым къысхуихьа ар, сыткIэ къэзлэжьа?

Къуэншами псалъэ ират, хуагъэгъу IэщIэщIар. Сэ сыт си лажьэр? Мадинэрэ сэрэ дызыщIэс пэшым Хьэсэн, щхьэрыуауэ, нызэрыщIыхьара? Мадини сытым щхьэкIэ щIэкIа мыгъуэт... Мадинэ щIэкIри, Аслъэн къыщIыхьащ. Хьэмэрэ ари си закъуэ сыкъэнэным пэплъэрэт?..

Гурыщхъуэ щхьэкIэ цIыхум и псэр дауэ зэрыбгъэнынур? Хьэмэрэ ... фIыуэ сыкъимылъагъуу арат? ГущIэгъуншэу къыщIысхущIэкIар фэрыщIу къысхущытауэ арауэ пIэрэ? Хьэуэ, хьэуэ... ФIыщэу сыкъилъагъути, аращ щIыхуэмышэчар хамэ щIалэ, абы щыгъуэми езым и бийуэ, си гъусэу зы пэш зэрыщIэсар. Сыкъилъагъущэрти аращ... Ауэ абы нэхъ шэчыгъуафIэ ищIрэ си Iуэхур?

* * *

Iэсият иджыри хуейт щIалэм епсэлъэну, лажьэ зэримыIэр къыгуригъэIуэну, ауэ и псэр нэхъ кууэ иуIэнкIэ шынэрт. ИтIани, емыпсалъэмэ, дауэ Iуэхум и пэжыпIэр къызэрыригъэщIэнур?

«Тинэ... Иджыри къэс сыт ар сигу къыщIэмыкIар? Абы хуэсIуэтэн къысщыщIар? Ар цIыху нэгъэсащ, сызэхищIыкIынщ, ауэ ди зэхуаку дауэ нэгъуэщI къыдэзгъэхьэну? Мыр зи Iуэхужыр Аслъэнрэ сэрэщ».

Тинэ еджапIэм ныбжьэгъуфI къыщыхуэхъуат Аслъэн, я зыгъэпсэхупIэри зыт: бгым зэгъусэу кIуэхэрт. Iэсият абы зэзэмызэ и гухэлъхэр щыхуиIуатэ щыIэт, ауэ иджыпсту а тIум яку къыдэхъуа зэгурымыIуэныгъэм езы Тинэ хуейуэ пэжыжьэ зищIат. Абы гу лъитэрт фIыуэ зэрылъагъуитIыр иджыпсту гугъу зэрехьым, ауэ Аслъэн и ерыщагъым пэщIэтыгъуейт. Ар къэзымыгъэзэжыф цIыхут.

Зы махуэ гуэрым Тинэ, хуэмышэчыжу, и ныбжьэгъу щIалэм ириубыдылIащ:

– Уэ узэщхьыр пщIэрэ, Аслъэн?

Зрагъэщхьыр къищIэну зэрыхуейр къапщIэу, и нэ кхъуэщыныфитIыр хъыджэбзым триубыдащ.

– Мылым къыхэщIыкIа бгым, мис а хым есу хэлъ мыл абрагъуэм урещхьщ. КъыбгурыIуа? Арауэ къыщIэкIынщ «Iуащхьэмахуэ укъыщIемыхыр». Iэсият нэмыщI, уэ узыхуэшэчын хъыджэбз щыIэу пIэрэ?

– Iэу...

– Iэукъым, тхьэ, Iэу... Къопсалъэ цIыхур щIыIэм ибогъэс, богъэдий уи плъэкIэмрэ къыбжьэдэкI псалъэ щIыIэхэмкIэрэ. КъыпщыщIар сыт? IукI аддэ... СокIуэж сэ, уэ тIэкIу мащIэу зэгупсысыж.

«Зэгупсысыж мащIэу, мащIэу зэгупсысыж», – и щхьэм къинауэ мэкIэрахъуэ, ауэ къуаншагъэ гуэри бгъэдэлъу къыхуэгъуэтыркъым.

Iуащхьэмахуэ фIыуэ щIилъагъур езыр мылым къыхэщIыкIауэ аракъым, Тинэ щоуэ. Iуащхьэмахуэ фIыуэ елъагъу, абы и щыгум упщIэ псоми я жэуапыр къыщегъуэтри.

МызыгъуэгукIэ хэкIыпIэу илъагъур ежьэныращ. И щхьэр хихын хуейщ мы и гур къэзыуIэ псоми: Iэсият щызымыгъэгъупщэ ныбжьэгъухэм, абы и цIэр зэпха щIыпIэхэм, езы хъыджэбз дэнэкIэ кIуэми зыIууэм.

Гъуэгу техьэнущ. Сыту куэд хъурэ а гъуэгухэр: хэт занщIэу, хэт къэгъэшыпIэхэр ибэу, дэгъэзеигъуэр арауэ, егъэзыхыгъуэри хэту. Ууей закъуэр къэбгъуэтыным папщIэ, псори бгъэунэхун хуейуэ пIэрэ?

Аслъэн къыпэплъэрт гъэунэхупIэ дыдж, езыри, къыгурымыIуэжу, абы хуеIэрт.

Адэ-анэм я деж гувауэ къикIыжа Аслъэн дэкIуеипIэм тежеихьа Iэсият кърихьэлIэжащ. Дауэ щымытми, мыр фIыуэ илъагъу хъыджэбзт. Шэч къытрихьэртэкъым езыми псэкIэ къызэрилъагъум. Къуэншащ, къигъэпудащ, ауэ я зэхуаку дэлъа гуапагъэм хьэтыр иIэн хуейщ. ХуэсакъыпэуIэплIэкIэ къищтэри, унэм щIихьащ. Пщащэми IитIымкIэ зыкъришэкIри, зыгуэрхэр къиIущэщыну хуежьат, ауэ Аслъэн къигъэувыIащ:

– Уи жейр зэпумыуд, дахэ, пщэдджыжь дызэпсэлъэнщ, жей.

Хъыджэбзыр щыжей и хабзэ гъуэлъыпIэм иригъэгъуалъхьэри, щащыху пIащIэр трипIэжащ. И натIэр Iэгу щабэмкIэ хурилъэщIэкIри, пэшым къыщIэкIыжащ.



ГукIэ магъ Аслъэн. КъыгуроIуэ и гъащIэм здэармыра гуэрымкIэ зызэригъазэр, ауэ Хьэсэнрэ Iэсиятрэ зэгъусэу пэш нэщIым щIэсу и нэгу къыщIохьэжри, апхуэдэр бгъэгъу зэрымыхъунур къыпкърохьэ.

* * *

Зэгуэрым Хьэсэн Аслъэн зыкъыбгъуригъахуэри, пэублэ псалъи къимылъыхъуэу, занщIэу къыжриIат:

– Аслъэн, си къуэш, сэ Iэсият фIыуэ солъагъу.

– Езым укъилъагъурэ?

– Уэ ущежьам къысхуэзащ, хэзгъэзыхьамэ, сысей хъунут.

– Хэзгъэзыхьамэ, жыбоIэ.

– ЖызоIэ.

– Сэ къыспыпхыну узыхуейр сыт-тIэ?

– Ди гъуэгум текI.

– А-а-а, фи гъуэгум сытетщ, зэрыжыпIэмкIэ.

– Сэ Iэсият си къэшэнщ. Ухуеймэ, езым ар къыбжезгъэIэнщ, – Хьэсэн ерыщу къоплъ щIалэм.

– Уи къэшэнщ, жыбоIэ? Еуэ-тIэ, уэ Iэсият къэшэф, сэ сытекIуэтынуми, сыкъытекIуэтэнуми, уэ ухэмыту и унафэр сщIыжынщ, – щIэнакIэ къызыхэщ макъкIэ жриIэри, Аслъэн и гъуэгум пищащ, ауэ лъэбакъуэ зытIущ нэхъ имычауэ къигъэзэжащ.

– Мыр Iэсият пцIы теплъхьэну уигу къызэрыкIам щхьэкIэ, – и нэжьгъым ихуа IэштIымым Хьэсэн ириудащ, Аслъэни ежьэжащ, абы къыщыщIаIами къыфIэмыIуэхуу.

Хьэсэн жиIар абы и фIэщ хъуатэкъым, ауэ къызыхэкIыр имыщIэу, хъуреягъыр зэтрикъутэну хьэзырт. Тридзэри, адэшхуэм деж къуажэм кIуэжащ. Арат и хьэлыр. Зыгуэрым и псэр зэхэзехуэн ищIамэ е унафэ зытещIэгъуей Iуэху гуэр къылъыкъуэкIамэ, и псэр ешамэ, къуажэм кIуэжырти, адэшхуэм дэуэршэрт, пщIантIэм дэлъ Iуэхухэр ищIэрти, и Iэпкълъэпкъыр псынщIэ хъуауэ, и гупсысэр зэтеувэжауэ къигъэзэжырт. Ноби арат. ПщIантIи хади зэщIигъэхьащ, лэжьыгъэу дэлъыр игъэзэщIащ. Телефоныр игъэункIыфIат, къалэмкIэ къикI хъыбар лъэпкъ хуэмейуи, къежьэжын гъунэгъу щыхъум щIигъэнэжащ. Махуэ псом Iэсият ар къилъыхъуауэ къыщIэкIащ. Ар и жагъуи мыхъуауэ, ауэ тIэкIуи къэгузэвауэ, занщIэу псэлъащ пщащэм деж.

– Сыт си псэм сыкъыщIилъыхъуэр апхуэдизу? КъэхъуаIа хьэмэрэ игу сыкъэкIауэ ара?

– Сэ сигу укъыщымыкIыр укъыщызбгъурыт закъуэращ. Уи щIыб къызэрыбгъазэу, укъэслъыхъуэу щIызодзэ. Си гупсысэм дапщэщи ухэтщ.

– Апхуэдизу IэфIу умыпсалъэ, нытездзэнурэ иджыпсту сынэкIуэнущ уи деж.

– КъакIуэ, аращ сэри сызыхуейр.

– Къызэжьэ-тIэ.

Зыри къызэрымыкI псалъэхэм щхьэр доуназэ, арыншами дахэ дунейр нэхъри телъыджэ щIохъукI... Езы дунейри мэгуфIэри тосабырэ пситI щызэхуэпIащIэм, щабэу щызэцырхъым деж.

Зэхуэзащи, псалъэкIэ зэжрамыIэфыр нэм къеIуатэ, нэм игъэпщкIур IитIым къалъыхъуэж. Сыту IэфI мы гъащIэр, сыту фIы упсэуну, сыту насыпышхуэ фIыуэ плъагъум укъыщилъагъужым деж!.. Ауэ Аслъэн и гур зыгуэр щхьэкIэ ныкъуэщ. Iэсият теухуауэ шэч гуэр и гущIэм щопэщащэ. А-а-а, Хьэсэн... Дауи, ар къефыгъуэу, къехъуапсэу аращ, ауэ хэт ищIэрэ...

– Хьэсэнрэ уэрэ фызэхуэзат? – къызэщIепхъуэтри щIоупщIэ щIалэр.

– Хьэуэ, дызэхуэзатэкъым. Тхьэ, Аслъэн, дызэхуэзатэм, – игу къокIыж мыхьэнэ зримыта Iуэхугъуэр. – Нэгумэм и уэрамым срикIуэу дызэIуууауэ щытащ, абы зэхуэзакIэ уеджэ хъунумэ. Сыт щIыжыпIэр, Аслъэн?

– Апхуэдэ ябзыщIрэ, си псэ? КъызжепIэн хуеящ.

– Сыт абы мыхьэнэ зэпт хъуну хэлъыр? Гъуэгум апхуэдэ Iэджэм сащыхуозэ, уэ сыт а псор бжесIэу уи щхьэр щIэзгъэузынур? Аслъэн къысIэритIэгъащ, жысIэри, къысхуэпщэхуа Iэлъыныр езгъэлъэгъуащ. СыбзыщIын хуеяуэ ара? Сыт апхуэдэу укъыщIызэплъыр? – Iэсият и фIэщыпэу Iэлъыныр зэпиплъыхьырт, къэхъуар абы кIэрилъэгъуэн хуэдэ. Зи нэ къабзитIыр хуиту зэтехауэ къеплъ хъыджэбзым Аслъэн адэкIэ еныкъуэкъужакъым. И нэкIу щабэм хуэсакъыпэу Iэ дилъащ, и щхьэц кIапэ гъэутIэрэзам ириджэгуурэ жиIащ:

– Хьэуэ, хьэуэ, зыри къэхъуакъым, ауэ сэ уэ птеухуауэ псори сщIэну сыхуейщ. Дэ дызэрышэнущ, дзыхь зэхуэтщIын хуейщ, шэч къызыхэкIын Iуэху дяку къыдэмыхъуэмэ нэхъыфIщ.

Абдежым Iэсият и гур къыхэузыкIащ. Дызэрышэнущ, жи... Дызэрышэнт, аракъэ езыри зыщIэхъуэпсу ибзыщIыр. Ауэ ебзыщI нэгъуэщI зыгъэгузавэ гуэри. Дауэ сэ уэ псори зэрыбжесIэнур? Уи насыпым

щыгуфIыкIын хуейуэ нэхъ гъунэгъу дыдэу уиIэр ди зэхуаку къыдэувэну мурад ищIащ. Уи анэр... Нысэу къызэрысхуэмейм и хъыбарыр къысIэригъэхьащ. Ар жыIэгъуафIэ? Хьэмэрэ жриIэу и анэм иригъэпсалъэмэ, нэхъыфIу пIэрэ? Си зэранкIэ зэщыхьэмэ-щэ? Е абы и жыIэ едаIуэрэ сибгынэмэ-щэ... Аслъэн зыхэмыт махуэр дауэ къэзгъэщIэну? Анэм къиIуэхуа цIыхубзым къыжриIат адэ-анэ зэкъуэтым ямыпIа хъыджэбз и унагъуэ зэрыримыгъэхьэнур. И къуэм щынэ IэрыпIым хуэдэу кърищэкIыу дэт хъыджэбзыр абы нысэ хуэмыхъуну жиIэрт. КъиIуэхуамкIи арэзы мыхъуу, езыр телефонкIэ къепсэлъат. И адэанэр дунейм зэрехыжар дагъуэ къыхуищIат. Сыту макъ пхъашэт а телефоным къиIукIар. Хьэмэрэ, гузавэри укIытэри схузэхыхьэжу, къысщыхъуа? СщIэ мыгъуэкъым жысIэнури, сщIэнури. Анэм емыдаIуэу сишэми, абы тыншу дызэдигъэпсэуну? Е пэж гуэр хэлъу пIэрэ абы жиIахэм? Анэракъэ быным и Iуэхур нэхъ зыхэзыщIэр? Хьэуэ, езы Аслъэн къысхуэмеижмэ сщIэркъым ахъумэ, ар къысхуейуэ, хэт щхьэкIи хьэрэм схуэщIынукъым.

Аслъэн гу лъитакъым къыбгъэдэс хъыджэбзым и нэм къыщIэува нэщхъеягъуэ мащIэм. Щым зэрыхъуари зыхуихьар езым къыхуиIэ гурыщIэхэм ямыгъэпсалъэущ.

Iэсият апхуэдизкIэ тегупсысыкIати, ищIэр езым къыгурыIуэжтэкъым. Аслъэн фIэкIуэдынкIэ шынати, и Iэм абы къыIэритIэгъа Iэлъыныр и Iупэм хуихьащ: зыгуэрым щихъумэм хуэдэт ар. ЩIалэм и гур къиузыкIащ ар щилъагъум. Iэбэри, Iэсият и IитIыр щабэу иубыдащ, и нэкIум ирихьэлIэри, ба хуищIащ, хъыджэбзым зрихьэкIащ, зришэкIащ, ауэ абы и нэм къыщIих гуауэр хутегъэкIуэтакъым.

ФIыуэ ищIэжырт зы махуэм къриубыдэу зэрыгуIари, гуфIэгъуэм зэрызэщIиIэтари...

* * *

... Iэсият гуфIэу гъэмахуэ хуабэм игъэмэх къалэм псынщIэу кIуэцIрокI, тыкуэнхэм щIоплъэ: нобэ Аслъэн къолъэтэжри, зыгуэркIэ игъэгуфIэну мурад ищIащ. Абы аспирантурэр къиухащ, и диссертацэр кIуэцIригъэкIащ, медицинэ щIэныгъэм и кандидат хъуащ.

Гуащэней и утым къэсауэ, Iэсият егъэзэж. Ар къыблэкIат зы тыкуэн хьэлэмэтыщэ. Абы зэгъусэу куэдрэ кIуэрт фIыуэ зэрылъагъуитIыр. Аслъэн и унэм щIэлъ хьэпшыпхэр къыщищэхур арат. Тыкуэнтетыр ныбжьэгъу къахуэхъуат, щIэх-щIэхыурэ къэпсалъэрт, хьэпшыпыщIэ къызэришамкIэ хъыбар къаригъащIэу. Ар зыкIэ дадэ гуапэти икIи Iущти, удимыхьэхынкIэ зы Iэмал иIэтэкъым. Хьэпшыпу ищэм я хъыбар ищIэрт, сыхьэт бжыгъэкIэ къыпхутепсэлъыхьыфынут. Шей уригъафэурэ, хьэпшып къыхэпхам и гугъу къыпхуищIырт, къызэрыпщэхуам ухущIегъуэжыртэкъым.

«Ахъшэр схурикъуну пIэрэ абы и деж сыщыщэхуэну?» – мэгузавэ Iэсият. ТыкуэнымцIыхубзитI щIэтщ, хьэпшыпхэр зэпаплъыхь, Iеищэу зрамыгъэлIалIэу тыкуэныр къызэхакIухь. Хьэмиди, арат тыкуэнтетым и цIэр, якIэлъоплъ къыфIэмыIуэхуфэ зытригъэуауэ.

– Iэсият, си хъыджэбз дахэ, укъэкIуа? Уи закъуэ? Аслъэн дэнэ щыIэ?

– Аслъэн нобэ къолъэтэж, зэрызгъэгуфIэн гуэр къыхуэсщэхуну арат. Абы аспирантурэр къиухащ, щIэныгъэлI хъуащ.

– Зыплъыхь. Абы игу ирихьын щыбгъуэтынущ мыбы. Ухуеймэ, сыбдэIэпыкъунщ.

Iэсият игу ирихьам ахъшэ иIыгъыр хурикъуакъым.

– Хъуну иджыри тIэкIу сыхэплъэ?

– Ахьейми хъун, Iэсият, щIыжыпIэххэр сыт апхуэдэу? Хэплъэ, къыхэх узыхуейм хуэдэ.

– Сызыхуейр къэзгъуэтат сэ, ауэ къысхущIэкIыркъым сIыгъ ахъшэм, – жеIэ хъыджэбз гу пцIанэм.

Дадэм Iэщхьэншэ цыджанэм иIэ жыпым и Iэр ирелъхьэри, и нэ гуапэхэмкIэ къыхуэгуфIэурэ къопсэлъылIэ:

– Ахъшэр Iуэхукъым, хъыджэбзыфI, уиIэмкIэ къащтэ.

– Хьэуэ, Хьэмид, и уасэм и Iыхьэ щанэ сIыгъыу арщ. Тхьэр узыншагъэкIэ къыпхуэупсэ, сэ къыхэсхынщ нэгъуэщI зыгуэр.

Абы хэту, зы цIыхубз гуэр къопсалъэри жеIэ:

– Сэ къызощтэ а пхъуантэр. ГъэщIэгъуэнщ цIыхухэр, ахъшэншэу тыкуэным макIуэхэ. УимыIэмэ, уи тхьэмыщкIапIэ исыж, зыхузэфIэкI къэплъыхъуэурэ зыкIэрумыщIэ. Пэжкъэ сэ жысIэр, Аружан? – жиIэм и щыхьэт ищIыну, и гъусэ цIыхубзым зыхуегъазэ, адрейми къыдеIыгъ абы и псалъэхэр, хъыджэбзыр зэпеплъыхь, ауаныщIу пыгуфIыкIыурэ.

Iэсият апхуэдизу укIытат имыцIыху фызым къripэсам щхьэкIи, зыри пимыдзыжыфу зэщIэнащ. АпщIондэху пхъуантэ цIыкIум и уасэр къытрилъхьэри, фызым ар зыIэригъэхьащ. Iэсият къыщIэнакIэурэ щIэкIыжащ, и гъусэри къыздищтэжри.

– Апхуэдэ куэд срихьэлIакъым сэ, хъыджэбзыфI, си ныбжьыр зэрыхэкIуэтауэ. Уэлэхьи, бзаджэмэ, напIэзыпIэм зыкъызэкъуихащ.

– Сэ сыкIуэжынщи, Аслъэн и гъусэу къытезгъэзэнщ, Хьэмид, – Iэсият къыщIэкIыжыну иубыда бжэкъур иригъэутIыпщыжащ хэгъэрей дадэм.

– Догуэ, къызэтеувыIэт, сэ сощIэ Аслъэн нэхъ зыхуеинур, къызэжьэ, – жиIэри нэгъуэщI пэш щIыхьащ, Iэсияти, къарууншэ ищIат зэрыгузэвами, етIысэхащ.

Зэман дэкIауэ, къыщIэкIыжащ, шей кумбыгъитI иIыгъыу. Езыр бзаджэу къыпыгуфIыкIырт, и нэгум кърихт хъыбар кIыхьым зэрызыхуигъэхьэзырар. КIэщIу, Хьэмид и ужь иту, а пэш дыдэм къыщIэбэкъукIащ КIыщ Мухьэдин и «ЗэпсэлъэгъуитI» жыхуиIэ сурэтыр зыIыгъ зы щIалэщIэ цIыкIу. А сурэтыр зыпищIын щыIэтэкъым Iэсият, куэд щIауэ ехъуапсэрт абы, ауэ къыхуэщэхуртэкъым.

– Хьэмид, сыбгъэгуфIащ, мы сурэтым сегуэкIуауэ щытщ, ауэ сыIэмалыншэщ.

– Iэмал зимыIэ щыIэ, си хъыджэбз? Къащтэ пIыгъ ахъшэри, сурэтымкIэ хуэупсэ щIалэм. Ар мыбы зэкъым зэрыщIэупщIар, Гуащэ.

Тыкуэным къыщIэкIыжа Iэсият лъэбакъуэ зытIущ нэхъ имычауэ, и пащхьэм къоувэ абы щIэта цIыхубзитIыр. Iэнкун хъуа хъыджэбзыр йоупщI абыхэм:

– Фызыхуейр сыт? Тыкуэным къыщызжепIам къыщIыбгъуну ара?

– КъызэдаIуэ мыдэ, щхьэц бацэ, факъырэм факъырэщ къилъыхъуэр, уздыщемысын псыхэм ущемыс.

– Ущоуэ уэ сэркIэ, сэ сыфакъырэкъым. УкъызгурыIуакъым, – хъыджэбзым и псалъэхэр зыщIыпIи нэсакъым, зыжриIэ цIыхубзитIыр, Iэсият псалъэу къагъэнауэ, машинэ цIыкIум итIысхьэжырт.

Сыхьэт зытIущ дэкIауэ, ар макIуэ Аслъэн и деж. Апхуэдизу зэхъуэпса пхъэ пхъуантэ дахэ къыхуэмыщэхуар хьэщIэщым щIэт стIол хъурейм тетт, къытелыдыкIыу.

– Мыр дэнэ къыздикIар? – и фIэщ мыхъуу йоупщI ар щIалэм.

– Мыри? Мамэ къысхуихьащ, си адэ шыпхъум и гъусэу си хьэщIахэщ сыхьэт някъуэ ипэкIэ. ПщIэрэ, си IэфI, къыщищэхуар? Хьэмид и тыкуэныращ, – жэуап зэхихар и фIэщ мыхъуу, и пIэм ижыхьащ пщащэр. ЗытэлайкIэ апхуэдэу щыта нэужь, Iэсият зишийри Аслъэн IэплIэ хуищIащ.

– Аслъэн, фIыуэ сыкъэплъагъурэ?

– Сыт къэхъуар, си дуней нэху? Уигу сыкъэкIа? Мазэ къудейщ дызэрызэпэIэщIар. Сыт апхуэдизу укъэзыгъэгумэщIар?

– Зыми... АфIэкIа зэи мазэкIэ си закъуэу сыкъыумыгъанэ, Аслъэн.

– Укъэзгъэнэнкъым, си псэ. Уэрэ сэрэ...

– Уэрэ сэрэ... Зэ къызжеIэжыт апхуэдэу, Аслъэн, – къыIэщIихащ щIалэм и псалъэр.

– Уэрэ сэрэ... Уэрэ сэрэ тIэкIу дызэмыпсалъэу хъунукъым, Iэсият.

Аслъэн Iэсият бгъэдыхьэщ, и щхьэц и нэкIум илъыр дрихьейщ хуэмури, и IитIыр къиштащ. И нитI гугъэм къигъаблэм щIэплъэурэ къригъэжьащ:



– ЯпэщIыкIэ укъэсцIыхуащ, итIанэ си гум и къеуэкIэм зебгъэхъуэжащ, нэхъ иужьыIуэкIэ си гъащIэм укъыхыхьащ. Иджы сыхуейщ унэгуащэу си унэм уихьэну, Iэсият. УкъыздэкIуэну?

– Аслъэн!..

– Сыт хуэдэ жэуап къызэптынур?

– НтIэ.

– НтIэ, сыт?

– Аращ-тIэ, нтIэщ.

– Iэсият, сыт уи нитIым къызжаIэр? Уарэзы? – хэкъузауэ щIалэр еупщIащ.

– Сыарэзыщ, Аслъэн, сыарэзыщ.

Пхъуантэ къэдабэ плъыжь цIыкIур къызэтрихри, Iэлъын къыдихащ щIалэм. Iэсият апхуэдиз зэманкIэ зэжьа псалъэхэм къакIэлъыкIуэу Iэлъын и Iэм къралъхьащи, абы йоплъ, и нэпс къелъэлъэхым щхьэкIэ мыукIытэжу.

– Аслъэн...

– Зыри жумыIэ. Зэт, Iэсият, къызэжьэт иджыри зы дакъикъэкIэ, – адрей пэшым щIохьэри, иджыри зы къэдабэ пхъуантэ цIыкIу къыщIех.

– Дэ ди хабзэкъым мы сэ иджыпсту къезгъэкIуэкI Iуэхугъуэр, ауэ уэ пфIэфIу зэрыщытым щхьэкIэ, уи гуапэ сщIыну сыхуейщ. Сыхуейщ унасыпыфIэну. Мыбы дэлъ дыщэхэкIыр бгъэхэIущ. Уэ пхуезгъэщIауэ арaщ, фIыуэ плъагъу мывэхэрщ къызыхэщIыкIар.

Iэсият и Iэгум илъ бгъэхэIум зэхэлъыкIэ дахэ иIэщ. Мазэ някъуэр мывэ лъапIэкIэ ящIащ, абы и хъуреягъри апхуэдэ мывэкIэ къэухъуреихьащ, и кум налкъут хэгъэтIысхьауэ хэсщ.

– Мыр зи лъапIагъ... – къригъэжьат, ауэ Аслъэн къыхуидакъым.

5 Заказ №1150

– Абы и лъапIагъыр уасэ щIэстаракъым, атIэ абы и лъапIагъыр а бгъэхэIум игъэзэщIэн хуей къалэныращ.

– Сыт хуэдэ къалэн?

– Iэсият, сэ ди унагъуэр унагъуэ быдэ хъуну сыхуейщ, лъабжьэ лъэщ иIэу. Мы бгъэхэIур япэ сабийм и къудамэм къахуэнэну сыхуейщ. Ар зыхузэфIэкIынур уэращ. Уэращ зэлъытар унагъуэм илъыну пщIэри, иIэну быдагъри.

– Аслъэн, схузэфIэкIыну а жыпIэхэр? Уи гугъэр схуэгъэпэжыну? Сыпэлъэщыну?

– ПхузэфIэкIынущ. Уэ пхуэдэу ар зыхузэфIэкIын щыIэкъым. Пхуэгъэпэжынущ, упэлъэщынущ. КъакIуэ мыдэ, къакIуэ, IэплIэ зыхуэзгъэщI, си гур тепыIэжын щхьэкIэ.

– Аслъэн...

– Ирикъунщ си цIэр къызэрипIуар, си дуней нэху, къакIуэ мыдэ, къакIуэ, гу зыщызгъахуэ, IэплIэ зыхуэзгъэщI. ПщIэрэ сигу укъызэрыкIар?

– Сэри...

– Сыт уэри?

– Сигу укъэкIащ.

* * *

Iэсиятрэ Тинэрэ ЩоджэнцIыкIум и уэрамым тет «Лэкъум» шхапIэм щызэрихьэлIати, зы стIол къыхахри тIысащ.

– Аслъэн Урысейм лэжьэну кIуэрэ? – къеупщIащ ар Iэсият.

– СощIэ...

– Клиникэ бэлыхь гуэрым ирагъэблэгъащ, зэрыжиIэмкIэ, – къыпищащ абы, пщащэм и фэм зэрызихъуэжам гу лъимытэу.

Iэсият гугъат. Зэрышэным Iуэхур нэсауэ, апхуэдэу щхьэусыгъуэншэу зэфIэкIуэдыж щыIэ? Езыращ щхьэусыгъуэншэу къэзылъытэр. Аслъэн Iуэхум зэреплъыр нэгъуэщIущ. Хьэсэн и гъусэу сыкъызэрилъэгъуам нэхъ хэмылъу, епцIыжакIуэ сищIащ. Тинэ жиIэр пэжмэ, Аслъэн къигъэзэжынукъым.

Iэсият и тэмакъым ерыскъы фIэкIыжынутэкъым, ар нэпсым итхьэлэрт. Шхынзехьэр къэгуvауэ, езыр афIэкIа щыс мыхъуну жиIэри, къэтэджыжащ. Тинэ фIэхъус ирихыжыну къыщыгъупщати, езыр къыкIэлъыджащ:

– Уи Iуэху дахэ ухъу, Iэсият! Дызэхуэзэнщ иджыри, – жиIэри.

И нэпс къежэхыр цIыху закъуэтIакъуэ зыхуэзэм ящигъэпщкIуу, паркымкIэ кIуэцIрыкIырт хъыджэбзыр. «Сыт Тинэ жиIар апхуэдизу си гум щIежэлIар? СымыщIэ къэсщIа? Езым къызжиIатэкъэ зэрежьэнур? Сэри си мурадщ къалэм сыкъыдэмынэну», – и щхьэм хуэпсэлъэжырт ар.

– Азалыхь, псори зэлъэIуу зыми емылъэIуж, гущIэгъу къысхуэщI, – жыг къудамэбэхэм къыпхыплъ уафэ щхъуантIэм дэплъейурэ мэлъаIуэ Iэсият.

«Арабика»-м нэсри, щIыхьэу етIысэхыну мурад ищIащ. Дунейм, сыт ищIэ хъуну, хэт къыдэIэпыкъуфыну?

Телефоныр Iэпэ сумкэ цIыкIум къыдихри, Мадинэ деж псэлъащ:

– Мадинэ, сэ «Арабика»-м сыщIэсщ, укъыIухьэфын? Сыпхуейт.

– Сэри сыппэжыжьэкъым, Iэсият, дэрбзэр Зайнаф деж сыщыIэщ, зы махуэ зи гугъу пхуэсщIа бостейр къызощэху, – гуфIэрт ар. Сыту мащIэ хъыджэбзыр насыпыфIэ хъун щхьэкIэ зыхуейр. Зы бостеищIэ. Ауэ Iэсият иджыпсту бостейуэ щыIэр кърэтми, и насыпыншагъэр яхуэгъэткIунутэкъым.

– Сыножьэ...

Зы къуэгъэнапIэ закъуэ иIэт шхапIэми, шхын кърригъащтэри, абы къуэтIысхьауэ щыст Iэсият, зыми емыIусэу. И нэгум гупсысэрэ гузавэрэ фIэкIа кърихыртэкъым.

Мадинэ къыIухьащ, гуфIэгъуэм зэрихьэу. Абы и бостеищIэр зэкIуэцIихыу Iэсият иригъэлъагъуну къэпIэщIат, ауэ и ныбжьэгъум ар иджыпсту зэримыIуэхур и нэгум къиищырт.

– Сыт мы слъагъур? Уи нэгур зэлъыIухыт занщIэу.

– Мадинэ, уэ дапщэщ Адыгейм ущыкIуэр?

– ПщэдеймыщкIэ сожьэ, – гуфIэу жэуап ет Мадинэ.

– Сэри сыхуейт сынэкIуэну.

– Ущылэжьэнуи? – игъэщIагъуэу къоупщI ныбжьэгъур.

– Сыщылэжьэнуи сыщыпсэунуи...

– Дапщэрэ сыномылъэIуами, усхутечакъым. Сыт иджы уэр-уэру ущIытегушхуэжар? Сэ си гуапэ дыдэщ, сыгуфIэнущ си гъусэу унакIуэмэ, ауэ апхуэдэ мурад уиIатэкъыми...

– КхъыIэ, Мадинэ, зыкIи укъызэмыупщI. Нэхъ къызощтэ жыжьэу сыIукIмэ.

– ЗэрыжыпIэщ, Iэсият. ПщэдеймыщкIэ зэгъусэу дежьэнщ, – и гуфIэри нэхъ мащIэ хъуауэ, и ныбжьэгъу хъыджэбзым еплъырт Мадинэ. Iэсият хуэмышэчын хуэдиз гуныкъуэгъуэ къызэрыжьэхэуар зыхищIат абы. Ауэ езым щыжимыIэкIэ... Сыт щхьэкIэ, ищIэркъэ Аслъэнрэ абырэ зэрызэщыIеяр? Ауэ я Iуэхур апхуэдэу куу хъун и гугъатэкъым.

– Сэ зы махуэкIэ зысIэжьэнщи, сыныпкIэлъыкIуэнщ, сыхуейкъым си Iуэху зыIут зыми ищIэну.

– ДызэгурыIуащ, Iэсият. Сэ жысIауэ зыми къищIэнкъым.

И щхьэм зы унафэ гуэр трищIыхьыжа хуэдэу хъуати, иджы Iэсият пIащIэрт ар игъэзэщIэну.

– Сэ сыкIуэжынщи зызгъэхьэзырынщ, Мадинэ. ДызэрыщIэнщ иджыри, – жиIэри, и щытыкIэр ныбжьэгъум зэрыфIэхьэлэмэтыр езым къыфIэмыIуэхуу, пIащIэу шхапIэм къыщIэкIыжащ. КъыфIэIуэхужакъым зыкIэлъыджэу къиша Мадинэ и закъуэу къызэригъанэри.

Мадинэ ар щхьэжэ щыхъунутэкъым, нэмысыншагъэм къызэрыхэмыкIар къыгурыIуэрти. ПсэкIэ зыхищIат иджыпсту Iэсият гупсысэ хьэлъэ гуэрым зэрикъузыр, куэд зэрызэримыгъэзэхуэфыр. Ауэ сытми зэрагъэщхьрэт а тIур, уеблэмэ зэшыпхъуу къызыщыхъухэри щыIэт.

Iэсият щхьэцыгъуэт, нагъуэт, псыгъуэ кIыхьт. Мадинэ тIэкIу нэхъ лъахъшэу уIуплъэрт. Ахэр сытым дежи зэгъусэт, дзыхь зэхуащIти, сытри зэжраIэрт. Мадинэрэ Аслъэнрэ я адэхэр зэдэлажьэрт, зэныбжьэгъухэу унагъуэкIэ зэкIэлъыкIуэрти, езы тIури абы къыхэкIкIэ фIыуэ зэрыцIыхурт. Мадинэрэ Iэсиятри абы нэхъри зэгъунэгъу ищIырт.

Аслъэн дохутыр нэхъ Iэзэхэм хабжэу лажьэрт. Ар Саратов щеджат, аспирантурэри абы къыщиухыжат. ЩIалэ къудан жыхуаIэм хуэдэт, дарий щэкI морэу нагъуэрэ нэ пIащэу. И щхьэц Iув дэжьеям зэрылъагэм нэхърэ нэхъ лъагэжу къыпфIигъэщIырт. ТIэкIу хуэIупэ Iуву зэрыщытым къыпщигъэхъурт абы бзаджагъэ лъэпкъ хэмылъу. Набдзэгубдзаплъэ дыдэу ущытын хуейт, абы и нэ зэхуишэрейм зэманкIэрэ къыщIэщ ерыщагъымрэ и Iупэ кIапэ мащIэу ешэкIам къытещ гуреймрэ зэхэплъагъукIын папщIэ.

СыткIи зэпэщу къыщыхъуж и къуэм анэм къыхуилъыхъуэр хуэфэщэн хъыджэбзт: еджауэ, лэжьапIэфI иIэу, унагъуэ къулей къыхэкIауэ, езыр дахэу. КъыхущIах хъыджэбзхэм Аслъэн еплъын идэртэкъым, Iэсият и гур кIэрыпщIати, нэгъуэщI илъагъужыртэкъым. Анэр щыгугъат, зи щIалэгъуэхэм зэрахабзэу, Iэсиятыр и къуэм псынщIэу къыIэщIэужэгъуэну, итIанэ ар езым зыхуигъэфащэ хъыджэбз гуэрым пищIэну. Щыуауэ къыщIэкIащ. Хъыджэбз гугъу зэхихыну хуейкъым Аслъэн. Апхуэдэу Iуэхур къыщыщIэкIым, анэр и ужь ихьащ и къуэр зыхуэзэр къызыхэкIамрэ и щытыкIэмрэ зригъэщIэну. Тэмэму и гугъу къыхуэзыщIын игъуэттэкъым, хъыджэбзыр къалэм къэкIуэн ипэ щыпсэуар къуажэ жыжьэти. Анэр зыхэт къулыкъущIэ гупым абы и кIэмэлъамэ яхэттэкъым. Ари щхьэусыгъуэ ирикъурт а хъыджэбзым нысэу уемыхъуэпсэныр. Ауэ имыдэххэнур жыжьэ хъыбару зэхихарщ: хъыджэбзыр зеиншэщ, езыр сабий дыдэу и анэр дунейм ехыжащ, университетым щIэтIысхьа къудейуэ, и адэри лIащ, зыщыгугъыну иIэр анэнэпIэсырт.

Мы дунейм зы Iэмал тетыжмэ, ар Аслъэн къиишэ хъунутэкъым.



* * *

А пщэдджыжьым жьыуэ Аслъэн и деж кIуат пщащэр. Бжэр къыIузыхар имыцIыху хъыджэбз гуэрщ, щIалэм и джанэ кусэ Iэсият фIыуэ илъагъур щыгъыу.

Iэсият абы зигъэнэжэгужэу епсалъэурэ, пщэдджыжьышхэ игъэхьэзырыну пэшхьэкум кIэрыуващ. Абы хэту, Аслъэн шхын зэрылъ хъуржынитI иIыгъыу къыщIыхьэжащи, хъыджэбз хьэщIэм пежьауэ, зришэкIыурэ йоупщI: «Нобэ Iуащхьэмахуэ лъапэ дыщыкIуэнур?»

– Аслъэн, сэ зэран сыхъункъым, еджапIэм сыкIуэнщ. Арыншами, сыкъыкIэроху, – зыми емыплъурэ зигъэхьэзырыжырт Iэсият.

– Сэ уэ еджапIэм узгъакIуэрэ, усшэркъэ? ФызэрыцIыхуа си гугъати. Мыр Ленэщ, университетым зэгъусэу дыщеджащ. Владивосток щыщщ. Iуащхьэмахуэ лъапэ зыщигъэпсэхун и мураду дыгъуасэ къэлъэтащ. Нобэ уэри еджапIэ Iуэху зумыхуэ. Дыгъашхи, щыри зэгъусэу дыкIуэнщ бгым.

– Iуащхьэмахуэ пшэну къэбгъэгугъащ-тIэ?

– Сыт къыщIэзмыгъэгугъэнур? ХьэщIагъэ ехын хуейкъэ абы нэс къикIам?

– ХьэщIагъэм и закъуэ?

– ХьэщIагъэ къудейщ. Ленэ си ныбжьэгъущ, илъэсихкIэ дызэдеджащ.

– Ныбжьэгъущ, жыбоIэ...

– УкъызгурыIуэркъым, гурыщхъуэ къысхуэпщIу ара?

– Хьэуэ, зиусхьэн, сэ гурыщхъуэ пхуэсщI хъурэ уэ? – «уэ» псалъэр хэкъузауэ жиIэри, зэрызигъэгусар ибзыщIынуи хуэмейуэ, и сумкэр къипхъуэтэжри щIэжыжащ Iэсият. Аслъэн кIэлъыщIэкIми, кIэлъыщIыхьэжынутэкъым, кIэлъыпсэлъэну и ужь итати, телефоныр къимыщтауэ къыщIэкIащ.

– Зэран сыпхуэхъуа зыгуэркIэ? – гузавэ зищIу къеупщIа Ленэ жэуапыншэу къигъэнащ щIалэм. Зэрымыпсалъэм хуэдэурэ, Аслъэн и плIэрыдзэр зэрилъхьэрти, Лени зигъэхьэзыру хуежьащ. Къызэригъэгугъауэ, хъыджэбз хьэщIэр Чегет ишащ, хьэщIэщым щIигъэтIысхьащ, махуэ псом и гъусэу ихъуреягъкIэ къызэхакIухьри, Аслъэн къэкIуэжащ. А зэманым къриубыдэу, гупсысапIэу иIар Iэсиятщ. Хъыджэбз хьэщIэм зэрырифыгъулIар и жагъуащи хъуатэкъым, абы къикIырт егъэлеяуэ фIыуэ къызэрилъагъур, ауэ Iэсият и жагъуэ ищIынри къехьэлъэкIырт. Мис, пIащIэу хуокIуэжыр, къигъэгуфIэжынкъэ...

Телевизорыр лажьэрт, Iэсият Iурихауэ диваным щыжейрт...

И щхьэцыгъуэр, и нэкIухур, и набдзэ Iув занщIитIыр, балий ныкъуэхъум ещхь Iупэ щабэ цIыкIухэр... ЩIалэр абы и тхьэкIумэ кIапэм IупэкIэ йоIусэри, хъыджэбзым и щхьэцымэ гуакIуэр, чэф ищIу, къыIуроуэ. А мэ IэфIым ирибауэурэ, нэкIущхьэ щабэм лъоIэс, Iупэм нэсащи, лъагъуныгъэ мафIэр къолыдыпэ. Iэсият къэушауэ, зыгуэр жиIэнут, ауэ къэмыIуа упщIэм и жэуапыр щIалэм бакIэ хуиIуэтащ. Аслъэн и Iупэхэм къапщытэрт хъыджэбзым и пщэ псыгъуэ кIыхьыр, и дамэм иIэ къэгъэшыпIэхэр. Iэсият и гум и къеуэкIэр зэхих къудей мыхъуу, илъагъурт и бгъэгухур зэрыхъеймкIэ. АдэкIэ плIэ пIащIэм игъэIэбэртэкъыми, хъыджэбзыр къызэфIигъэтIысхьэри бостеиплIэр щилъэфащ. Гу щимыхуэу, зэпеплъыхь и пащхьэм къис гуащэр, и щхьэм къыщыщIэдзауэ и бгы псыгъуэм нэс, и лъакъуэ дахитIым ироплъэ. ИтIанэ а гъуэгу дыдэм ирокIуэ и IитIыр. Iэсият апхуэдэу зэи зыри къыхуэныкъуатэкъым, и дахагъыр зыми игъэщIэгъуатэкъым, апхуэдэу къыхуэгуапэу къелIэлIа щыIакъым. Апхуэдиз лъагъуныгъэ зи нэм щIилъэгъуаи къэхъуакъым. Зэи зыми и щхьэр лъагэу иригъэлъагъужакъым. Благъэуи, Iыхьлыуи, ныбжьэгъууи. Арат Аслъэн игу дыхьэну, ар зыхуейм хуэдэу къыщIэкIыну, къызэрыщыгугъым техуэну щIыщIэхъуэпсыр. Хуейт къызэрыхуэупсэ гурыфIыгъуэм хуэдэ езыми иритыжыну. КъэIэбэри, гуапэу, ауэ къару хэлъу, щIалэр зрикъузылIащ.

Нобэ хуэдэт ахэр щызэрыцIыхуар. Я нэхэр зэтепIауэ щылъти, ягъэщIэгъуэж хуэдэт я щIалагъэмрэ дахагъымрэ, гъащIэм хъугъуэфIыгъуэу къылъыкъуэкIымрэ абыкIэ езыхэм къазэрыхуэупсэмрэ.

– АфIэкIа зэи зыкъысхуумыгъэгусэ, си псэ, – жиIэурэ Iэсият и щхьэц зэхэтхъуахэр хузэхихыжырт Аслъэн.

– Зэ къызжеIэжыт а иужьрей псалъэр.

– Си псэ...

Iэсият насыпыфIэу къыпыгуфIыкIащ.

Iэуэлъауэшхуэ къоIу. Бжэм ину зыгуэр къытеуIуэрт.

– УзэжьэIа? – гужьеяуэ къыщылъэтащи, зехуапэ Iэсият.

– Зыми сежьэртэкъым, – жиIэурэ щыгъын зыщедзэри, Аслъэн бжэр Iуех. Унэм Ленэ къыщIобакъуэ.

– Мыр сыт, Ленэ, къэхъуаIа? – Iуащхьэмахуэ лъапэ тхьэмахуэкIэ щыIэну къигъэна хъыджэбзыр и пащхьэм итт, къыкIэлъысыжауэ.

– Зыри къэхъуакъым, ауэ сэ сыщыгугъат уэри си гъусэу Чегет укъэнэну. Си закъуэу сыхуейкъым, сыщыIэфынукъым.

– Сэ сыхущIыхьэркъым, Ленэ, ауэ си ныбжьэгъу Инал пщэдей удрезгъэшеижынщ. Мыбы нэс укъэкIуауэ, зумыгъэпсэхуауэ укIуэжу, ар мыхъунщ! Сабий къиин хуэдэу ущымыт!

«Фэ цIыхубзхэр фыкъызыгурыIуэн щыIэу пIэрэ?» – жыхуиIэт иджыпсту Аслъэн и плъэкIэм.

– Уэрыншэу щымыIэфыну жеIэ, Инали умыгъэпIейтейуэ, уэ дэшеиж. Сэри сокIуэж. Фыкъанэ фи закъуэу, – щIэкIыжыну зыунэтIа Iэсият и Iэр пхъуэри щIалэм иубыдащ:

– ЗыщIыпIи укIуэнукъым. «СыкIуэжын» псалъэр афIэкIа зэхэсхыну сыхуейкъым. Уэ уздэкIуэжынум укъэкIуэжауэ ущыIэщ. Мыр уэрэ сэрэ ди унэщ. КъыбгурыIуа?

– Уэ къысщыббзыщI зэрыщыIэр фIы дыдэу къызгурыIуащ, – Iэсият ищIа шэчым фагъуэ щIэхъукIыжат Аслъэн и гъусэу зыхэта дуней щIэращIэ насыпыфIэр.

– Зэ догуэт, си псэ, – и Iэ лъэныкъуэр Iэсият и бгы псыгъуэм иришэкIри, хъыджэбз хьэщIэм зыхуигъэзащ. – Ленэ, кхъыIэ, пщэфIапIэмкIэ кIуэи, шей тхуэщI, дэ иджыпсту гъусэ дыпхуэхъужынщ.

– Уэ уи фIэщ хъурэ сэ узутIыпщыну? Псэр, езыр хуейуэ хэмыкIамэ, хэт арэзыуэ зыутIыпщыр? Уэ узэрысхъуэжын иджыри дунейм къытехьакъыми, ар уи фIэщ щIы. ДызэгурыIуа?

Ахэр пщIэфIапIэм щыщIыхьам, зэрынасыпыфIэр я нэгум къищырт.

– Аслъэн, дызэпсэлъэн хуейщ. ПэшымкIэ дыкIуэу, щыхьэтыншэу дыпсалъэ хъуну? – зыкъыхуегъазэ Ленэ и бысымым.

Аслъэн фIэфI хъуакъым, Iэсият аргуэру гурыщхъуэ иригъэщIу, Ленэ къигупсысар, ауэ арэзы хъуащ епсэлъэну.

Ленэ пщэфIапIэбжэр иришэлIат, ауэ зэрыримыгулIамкIэ гурыIуэгъуэт абыхэм жаIэнур Iэсият зэхихми зэримыжагъуэр. КъыпэкIухь хэмыту, занщIэу нэхъыщхьэм пэрыхьащ:

– Аслъэн, сэ уэращ сыкъыщIэкIуар, армыхъумэ, Iуащхьэмахуэ къэзмылъыхъуэми, зыщызгъэпсэхун згъуэтынут. Дыщеджэм апхуэдэукъым укъызэрысхущытар. Иджы зэи ди Iуэху зэхэмылъа хуэдэу зыбощI. Хэт а уи гъусэри?

– А си гъусэр си хъыджэбзщ, си къэшэнщ, Ленэ.

– Сэ сыхыфIэбдзэжми, ягъэ кIынукъым. Ара?

– Ленэ, уэрэ сэрэ зэи зыкIи дызэгурыIуауи дызэрыгъэгугъауи щытакъым. Уигу къэгъэкIыж, уэ сяужькIи щIасэ уиIахэщ. Уи гъащIэр сэ къыстебухуауэ упсэуакъым.

– Ауэ уэ зыращ фIыуэ слъэгъуар.

– Уэ удахэщ, угубзыгъэщ, сэр нэхърэ мынэхъыкIэ ухуэзэнщ иджыри, фIыуи плъагъунщ. Мы зыри къызэрымыкIыну псалъэмакъым дыхэгъэкIи, зэныбжьэгъуу дыкъызэхуэгъани нэхъыфIщ.

– ГугъапIэ лъэпкъ сиIэкъым. Ара?

– Пэжу псори къыбгурыIуащ.

– СыткIэ къызэфIэкIа пщэфIапIэм щIэсыр?

– ФIыуэ зэрыслъэгъуамкIэ.

– Плъагъурэ зэрыхъур... Илъэс дапщэ дэкIа, уэ зыращ сигу илъыр. Сыножьэт, – нэщхъейуэ псэлъэн щIедзэри, итIанэ нэжэгужэу къыпещэ. – ПщIэжрэ, Аслъэн, сабий унэм зэгъусэу тхьэма-

хуэ махуэхэр зэрыщыдгъакIуэу щытар? Сергей медицинскэ колледжым щIэтIысхьауэ щоджэ, Дашэ информатикэр къыхихащ. Ахэр къыпщIэупщIэ зэпытщ. Леонид сымаджэрилэ цIыкIур пцIыхужрэ? Абы хузэхэплъхьауэ щыта псысэр гукIэ ещIэж, езыр щIалэшхуэ хъуащ, уэ къыптежыжащ. ПщIэрэ, ар куейм и чемпион хъуащ боксымкIэ, – хъыджэбзым куэд игу къигъэкIыжащ, а псоми щIалэр едэIуащ, шыIэныгъэ хэлъу.

Хъыджэбз хьэщIэм и хъыбар-хъуржыныр къиунэщIа нэужь, жиIащ:

– Хъунщ-тIэ, Ленэ, уэри уи пэшымкIэ кIуэжи гъуэлъыж, сэ пщэдджыжь Iуащхьэмахуэ удрезгъэшеижынщ.

– Аслъэн, Iэсиятрэ уэрэ зы пэш фыщIэлъыну? – и нэпсыр къызэпижыхьауэ щIэупщIащ ар.

– КъэпщIащ.

– Сэ мыбы нэху сыкъыщекIыфынукъым, хьэщIэщым сыкIуэнущ, такси къысхуеджэ.

– Апхуэдэу умыщIэ, Ленэ. Мыбдеж узыхуей псори щыбгъуэтынущ. Гъуэлъи зыгъэпсэху, гъуэгу кIыхь утета къудейуэ, аргуэру хьэщIэщ лъыхъуэ уемыжьэ.

– Хьэуэ, бысыму сыпхуейкъым. ХьэщIэщыр нэхъ къызощтэ.

– Хъунщ. Сэ усшэнщ хьэщIэщым, апхуэдэу фIэкIа щымыхъунукIэ.

* * *



Iэсият и насып тхылъыр зэрегъэдзэкI, Аслъэн и гъусэу къигъэщIам гурыфIыгъуэу хэлъар щIепщытыкIыж. Нэхъыбэ игу къигъэкIыжыху, къытепсыхар зэрыхьэлъэр, къызэримылэжьар къыпкърохьэ.

## ЕтIуанэ Iыхьэ

## ***Уэсят***

> ... Мамэ, сызыIутыр нэзщ,
> Сызыхъумэр уи тхьэлъанэрщ.
> «Тхьэр уи гъусэщ, си хъыджэбз», –
> Пэжщ, си анэ, тхьэр си гъусэщ,
> КъыскIэлъыжыпIэху а зыр,
> Арэзы схуэмыщIми уи псэр...
>
> **Бэлагъы Любэ**

ЗэхэгъэкIыгъуей Iуэхум и пащхьэ къыщихутэм деж, Iэсият кхъэм кIуэуэ и хабзэт. И анэм епсэлъылIэрт, и щэхухэр ирихьэлIэрт, ауэ зэдэхащIэ сыныр къыхуэщIыIэт, щымт. ИтIани, и гур нэхъ къызэрыгъуэтыжырт, зызэщIиубыдэжырти, гъащIэм пищэжырт. Нобэ ари къыдэIэпыкъунутэкъым цIыхубз цIыкIу зи гъащIэр лъагъуныгъэ гуащIэм зэхигъэзэрыхьам.

ГъэщIэгъуэнкъэ, гъэмахуэщ, хуабейщ, ауэ езым щIыIэ худеху, зызэхуешэ, дунейм теткъым зыхуей, щащыху хуабэм кIэщIэгъуэлъхьэжын фIэкIа.

Лермонтовым и усэ сатырхэр и бзэгупэ тенащ: «Си къэкIуэнум сышынэу соплъыр, си блэкIам сыхуоплъэкIыж нэщхъейуэ. ЩIэпхъаджащIэ щхьэпылъэ ящIынум ещхьу, сахоплъэ цIыху гупым,

си Iыхьлы яхэслъэгъуэн си гугъэу». Арауи къыщIэкIынщ и анэшыр здэщыIэ Адыгейм кIуэну щIытриухуар.

Мамэ, мамэ... Сыту хуабжьу сыпхуэныкъуэ...

ЩIымахуэ уает. ИлъэсипщI зи ныбжь Iэсият сымаджэщым щIэупщIакIуэ кIуауэ, и анэм и пIэ лъапэм тест. Анэр макъ езэша щабэкIэ къепсалъэрт:

– Сэ сывимыIэжми, фэ фIы дыдэу фыпсэунущ. Фи адэр фэркIэ гу мыгъуэщ. Сэ вжесIэну сызыхуей Iэджэ къэнащ, сыхунэсакъым. Иджы уэ къызэдаIуэ. Стендаль и роман «Плъыжьрэ фIыцIэрэ» жыхуиIэм еджэ, Жюльен хуэдэ щIалэ мыхъумыщIэм укъимыгъэпцIэфын щхьэкIэ, Войнич и «Овод» романыр гупсэхуу щIэджыкI, абы и лIыхъужь Артур Риварес ещхьу уи хьэл-щэныр гъэпс, гъащIэм укъыхимыгъэщIэн щхьэкIэ.

– Сыт, Баблинэ, абы жепIэхэм къикIыр? – къоупщI къыдыщIэлъ цIыхубзыр. – Сэ сызэрыбалигъыу зыри къызгурыIуакъым, а сабийм къыгурыIуэну сытми?

– Абы еджэн фIэфIщ, зыхимыщIыкI щыIэкъым, псори къыгуроIуэ, – анэр пхъум щотхъу.

Баблинэ пщыхьэщхьэ къэс и сабийхэм тхылъ къахуеджэрт, ар къазэрыгурыIуар зригъащIэу, ядэуэршэрыжт. ЩIымахуэ пщыхьэщхьэхэр апхуэдэурэ ягъакIуэрт. ЩIэныгъэм и мыхьэнэр къызыгурыIуэ анэм и быныр щIэныгъэщIэхъуэпсу игъэсат.

– Си хъыджэбз дахэ, си Iэсэ цIыкIу, щIэхыу мыдэ къакIуэт, – къыщоIу и гукъэкIыжхэм анэм и макъ. Абы и псалъэхэм ящIэлъ хуабагъым нэпсыр кърегъакIуэ. 

Анэм и IэфIыр икIэм нэс зыхищIэнуи хунэсатэкъым, ауэ къыгурыIуат абы нэхърэ нэхъыфIу укъэзылъагъунрэ нэхъ лъапIэрэ зэрыщымыIэр. АпхуэдизкIэ къытехьэлъэрт зэрыанэншэри, зэзэмызи хузэгуэпу щIидзэрт.

– Езыр жэнэтым кIуэри, сэ мы дуней гугъум сыкъытринащ. Сыт ар фIыуэ щIэслъагъун хуейр? – и фIэщу еупщIырт хъыджэбз цIыкIур и адэ шыпхъум.

– Анэщи, езым фIыуэ фыкъилъэгъуащи, – а зы жэуапыр сытым дежи къритырт анэпалъэ хуэхъуа цIыхубзым.

* * *

Iэсият и нанэр анэм и пIэ иуват. ЦIыхугъэшхуэ зыхэлъ Нагъуэ анэншэу къэна и къуэрылъху цIыкIуитIри и куэщI ирипIыкIат. Iэсият арат псэуэ Iутри, щэбэт къэсыхукIэ пIащIэу къуажэм кIуэжырт.

Апхуэдэ зэ кIуэжыгъуэ Iэсият жыыуэ къэтэджри зимыгъэIэуэлъауэурэ унэм къыщIэкIащ. Абы фIэфIт гъатхэ пщэдджыжьым епха псори, дуней зызыхъуэжым къыздихь дахагъэм зыщигъэнщIыртэкъым. Иджыри жэщкIэ хьэуар щIыIэщи, пщэдджыжьым и щIыIагъэр занщIэу иутIыпщыркъым, ауэ дыгъэм и бзийхэр щIым къызэрылъэIэсу, хъуреягъыр къызэщIоушэ. ЩIыпIэ жыжьэ къикIыжа бзу цIыкIухэм зэрызехьэн щIадзэ. Арауэ пIэрэ гъатхэр бзухэм дамэпэкIэ къахь щIыжаIэр? Жьы тIэкIу къыкъуэумэ, зыкъызэкIуэцIызых тхьэмпэ цIыкIухэр щIегъэхъае. Хъеиху, жэщым къатетIысхьауэ нэху къекIа уэсэпсыр, налкъутналмэс цIыкIу яхэгъэпщIа нэхъей, ды-

гъэм полыд. ЩIы щхьэфэр удзыщIэм зэщIищтащи, къэрабэхэм я щхьэ гъуэжь цIыкIухэр къыхашиикI, дыгъэм зыхуашийрэ зыхуагъафIэу. Бгым и щхьэм фIэлъа пшагъуэр щхьэщыкIуэтурэ бгы щIыбагъым дэукIуриящи, абыкIэ езыри арэзы хуэдэщ, хуиту дунейм топлъэ, бгыщхьэхэм дыгъэ нэбзийм зыхуагъафIэ. Апхуэдэ дахагъыр уигу пыкIыу, тхьэмахуэ махуэм дауэ къалэм удэсын? Iэсият и лъакъуэр къелэлэхыу мывэшхуэ гуэрым гууэщIу тегъуалъхьэри, и нэкIур дыгъэ бзийхэм япэщIигъэуващ. Ар иужэгъумэ, иджыри зыгуэр къигупсысыну хъунт, ауэ анэшхуэм къихутащ и къуэрылъхум, къыдэкIуэсыкIыу, зыгъэпщкIупIэ ищIар.

– Ей, уэгуш напэ, пщIэр сыт? ЗебгъэлыпщIыну дыгъэм? ИтIанэ, уи уэгушыр сэхусэплъкIэ пхущIэмыхъумэжу, гугъу ехьыжынури уэращ, – шхыдэу къыщхьэщыуващ ар.

– Папэ фIыуэ илъагъуу щытащ си уэгушхэр, нанэ, уэ уигу ирихьыркъэ?

– Уэ пфIэфIыр сэри сфIэфIщ, ауэ дыгъэм ухэмысу нэкIуэж унэм.

– Уапхуэдэщ уэ, дэнэ зыщызмыгъэпщкIуми сыкъыбогъуэтри, хъуэр псалъэ къызыбодз.

– Уи ныбжьыр, тхьэм щхьэкIэ, илъэс тIощIым нэблэгъащ, еджапIэ нэхъыщхьэ ущоджэ, щIэупщIи уиIэщ, хъуни зэрызыбгъэсабияр. ИIэ, къызбгъурыуви, нех мы джабэм, – мэшхыдэ нанэр.

– Нанэ, сыт щыгъын фIыцIэ сытым дежи щIыпщыгъыр? – япэ къилъэдауэ йоупщI къуэрылъхур нанэм.



– Тобэ, тобэ, сыту куэдыщэ жыпIэрэ нобэ уэ.

– КъызжеIэт, адрей нанэхэм ещхьу бостей къуэлэн дахэ щIыщумытIагъэр сыт?

– Ана-а-а, дауэ щыстIэгъэн, си хъыджэбз нэху? Зи ныбжь зыщIыпIи нэмыса си бынищ мыгъуэм щIы фIыцIэжьыр я шхыныгъуэу, сэ дауэ щыгъын къуэлэн зесхьэн?

– Нанэ, абыхэм я гугъу иджыри зэ къысхуэщI, кхъыIэ.

Iэщ къекIуэлIэжар пщыхьэщхьэм и пIэ иригъэзэгъэжу, бом щIэтт нанэ, и щхьэ хуэпсэлъэжу: «Си сабиищми я ужь сыкъинэн хуейуэ тхьэм схухихат... Иджыри къысхупыпщэну сынолъэIу, си Тхьэшхуэ, мы хъыджэбзитIыр унагъуэ ихьауэ слъагъухукIэ. Алыхьышхуэ, къысхуэщIэ ар, къахуэупсэ щхьэтепIэнкIэ. Сэрыншэу, дауэ мыгъуэ хъуну мыхэр? Аслъижаныжьыр къатегушхуэнщи, пщIантIэм дихун мыгъуэщ. АнэнэпIэсым игъэуна слъэгъуакъым сэ. Ауэ е цIыхухэм ящыукIытэрэ, е Алыхьым щышынэрэ, хэт мыгъуэ зэхигъэкIын ар, нэхъыщIэ цIыкIум и жагъуэ ищIыркъым, езым дежкIэ иришэкIащ. СыпэрыуэкIым сэри, сыт мыгъуэр си Iэмал. Ауэ сытогузэвыхь хъыджэбзитIыр зэрымылъагъу ищIмэ, жызоIэри».

Пщыхьэщхьэшхэр зэфIэкIа нэужь, псори шэнт зэгъэувэкIа Iэнэ цIыкIум пэрытIысхьэжащ: Iэсият дэфтэррэ[1] къалэмрэ иIыгът, Сэният IэнэщIт.

– Сэ нобэ сезэшащи, – жи Сэният, – фэ фщIэм сеплъынщи нэхъыфIщ.

– Сэ нанэ жиIэ псынщIэрыпсалъэхэр стхыну аращ. Абы узэплъын хэлъ? ПщIэн умыгъуэтура? – ехъурджэуащ Iэсият и шыпхъу нэхъыщIэм.

[1] Дэфтэр – щыхьэт тхылъ. /Документ.

– Фызэщымыхьэ, – къахуогубжь нанэр.

«Сыту зэман хьэлэмэтт, къыдэшхыдэни къыдэущиини диIэт абы щыгъуэ... Джабэ нэкIур нанэ и фэеплъу къысхуэнащ».

* * *

«Си гур мэуз... Узым унэм сыщIехури, пщIантIэм сыдеху. Лъакъуэхэм псэм и унафэкIэ сахь узыр чэнж щыхъу щIыпIэм.

Гъатхэ пщэдджыжьщ, пшагъуэм бгыхэр хэкIуэдащ. Сэ сызэса лъагъуэм сытоувэри, соунэтI абыхэм я лъэныкъуэмкIэ. Псыежэх сызэрыкIынум телъа лъэмыж махэ цIыкIур псыдзэм трихащ нэгъабэ. Сышынэркъым: кIэлошрэ цы лъэпэдрэщ сщыгъыр, псынщIэу сызэпрыкIынщи, цы лъэпэдыр щыстIэгъэжынщ, абыхэм сымаджэ сакъуэхъукIынкъым. Сыт сызэгупсысыр? Сыт сымаджэ сыхъукIэ? Хэти сыкъыфIэIуэхуну? Нанэ сиIэжкъым, анэнэпIэсым гу къыслъитэххэкъым. Хэт сэ къысхуейр? ТIимэ закъуэщ, си ныбжьэгъу пэжу си сабиигъуэр зыдэсхьа ТIимэщ, ауэ ари унагъуэ ихьащ, егъэджакIуэу мэлажьэ, куэдрэ си Iуэхум схуегъэукIынукъым. ЕмыкIущ цIыхум зыкъытебгъэхьэлъэну. Аслъэни сыкъигъанэри ежьэжащ.

Пшагъуэри зэхэкIыркъым, узри нэхъ мащIэ хъуркъым. Сыт хуэдэ пэж мы пшагъуэ зызыхэзгъэпщкIухьам хэслъэгъуэну сызыхуейр? Ар текIыжынущ, си псэ пцIанэр къыщIигъэщу, щхьэегъэзыпIэу сызэриIэр имыщIэу бзэхыжынущ. Гукъеуэ сызыIыгъыр нэхъ мащIэ хъуркъым. ГукIэ згъэв хьэзабыр цIыхум ящызгъэпщкIуну сыхуейщ, ауэ си нэгум къысфIрех, сыпэмылъэщу.

– Iэсият, уи нитIым нэпс мыгъущыж щIэту къысщохъу сыпIуплъэхукIэ, – къызжеIэ си адэ шыпхъум.

– Къыпщохъу, – сыхуогуфIэ сэ абы.

«Нанэ, нанэ, сыту Iейуэ усIэщIэкIат, сыту сыпхуэныкъуэ иджыпсту. Сэ нобэ къалащхьэм согъэзэж. Алыхь закъуэращ зыщIэр, уижыIауэ, сэ си Iуэхум кърикIуэнур», – аргуэрыжьти, сыщхьэхуэпсалъэщ. Бзыгъэ хъужа дунейм къуажэр къыдэушащ. Хьэлъэзешэ машинэ блож. Жэмхэр, хэти къиутIыпщащи, зэса лъагъуэм тету бгым докI, хэти деху, сэри абыхэм сахогъуащэ. Куэдрэ зызмыIэжьэжу, Хьэмэдэрэ Баширрэ я псыхъуэ хадэм ибгъукIэ иIэ къехыжыпIэмкIэ псыхъуэм сыкъыдохьэж. Цы лъэпэдыр лъызохри, псы мылым сыхохьэ.

– СогъэпцI, зыгуэр уимылажьэмэ. Iэу, а псы щIыIэм ущыхыхьэнум, ботэ щIыщумытIэгъар сыт? – къоIу Хъусен цIыкIу и макъ.

– Жэм дэхуныр нобэ къыплъысауэ ара? Ар дауэ ухъу? – ауан хэлъу къоупщI абы адэ къуэшым и къуэр.

ПщIантIэ сызыдыхьэжым нанэ къыщыспежьэну къысщохъу. Аргуэру согъей лъапцIэрышэу къыщызжыхьа си сабиигъуэр. ПщIэрэ, нанэ, си гур хэщIми, си псэр къауIэми, шынэ къыспкърыхьэми, сыт хуэдэ гугъуехь сыIумыуэми, зы хущхъуэщ псоми сыкъезыгъэлыр. Си сабиигъуэм и лъагъуэм сытоувэжри, абы сриплъэурэ, сытепсэлъыхьыжурэ, дэIэпыкъуэгъу зыхузощI. ГъащIэм къыстрилъхьэ хьэлъэр нэхъ псынщIэ сщызыщI сабиигъуэр насыпкIэ гъэнщIауэ щытауэ схужыIэнукъым. ИтIани, аращ зыхэзгъуатэр си гъащIэм адэкIэ къыпызыщэн къару. Абы дыгъэ къыщопс, уэшх къыщешхри псэхэлъхьэж сщохъу. Хуабэм иригъэлIыха къэкIыгъэм, уэшхыр зэрытешхэу,

и щхьэ къызэриIэтыжым ещхьщ сэри сыкъызэрызэфIэувэжыр. Арауэ къыщIэкIынщ гукъыдэж къызэзытыжри.

– УкъимыкIуэт, си уэгуш цIыкIу, уи гур иумыгъэкъутэ цIыху мыхьэнэншэхэм, – къызжеIэ нанэ. Си нэпсыр елъэщIри, и Iэр нэрымылъагъу гуэрым хуегъэдалъэ, йошхыдэ, итIанэ нэмэзлыкъым тоувэ. Нанэ ахъшэм нэмэзыр ещIри, псалъэмакъым пещэж. Зэми Тхьэшхуэм йолъэIу насыпрэ фIыгъуэкIэрэ сыщIигъэнэну, зэми йохъурджауэ анэншэу сыкъызэригъэнам щхьэкIэ. Си щхьэм Iэ къыделъэ, сыфIэгуэныхьщи, псалъэ дахэу къызжиIэр фIэмащIэу, и пхъуантэм данэ бостей къыдехри къызет, къысхуищэхуауэ жеIэри.

Нанэ и IитIыр сыту фIыщэу слъагъурэт. СфIэфIт къыщызэдэхащIэм деж. Нанэ, нанэ, сыту лъапIэ уэ си гъащIэм узэрыхэтар, гугъэ дахэхэр къызэпту гъуэгуанэ сызэрытебгъэувар. Сыту пэж куэд къызжепIат, куэдым сыщIэбгъэджыкIат, ауэ сэ си лъэгуажьэр тезудыжым нэхъ къэсщтащ. Дыркъуэ мащIэ телъкъым абы... Си гум телъ дыркъуэхэм я гугъу хэт хуэсщIыну?..

Сабиигъуэм къыщызна мыIэрысэ жыг хадэмрэ псынэпс къызыщIэж мэз лъапэмрэ я теплъэр нобэ сыту пIэрэ зыхуэкIуар? Мэзым зиуфэбгъуу, псынэпсым и хэщIапIэр мэзыку хъуа? Жыг хадэр жьы хъууэ, ираупщIыкIыжа? Хэт ищIэрэ?.. Къыщысхьын гуэр ирихьэлIауэ, ар ноби гъатхэм дэгъагъэу пIэрэ, мэ гуакIуэр къуэм дэз ищIу?

... Соджалэ, уэс куум сыхоукIурие, бгыр задэщи, сыкъоджэрэзэх, ауэ лъапэм сыкъызэрысу, адэм и Iэ къарууфIэхэм сыкъапхъуатэ, ину дыхьэшхыурэ сегъэджэрэз, сызрекъузылIэри унэм сыкъехьыж.

– Мы уи къуэрылъхум ищIар пщIэрэ уэ, нанэ? – йоупщI адэр нанэ.

– Сыт, на-а-а, щIэзмыщIэр? Бгым дэкIащ, къыщеджэрэзэхым, псыхъуэм дэджэразэу и Iэ е и лъэ имыкъутэ щIыкIэ, къэбубыдыжри къэпхьыжащ.

– Псори зыщIэ нанэ, къалмыкъ шей, тхъу тедзауэ, къытхутебгъэувэфын?

Нанэ къыпогуфIыкI, насыпыр и нэгум кърех, Iэнэ цIыкIури псынщIэу къытхузэтреухуэ. Дэри абы дотIысылIэ, доуэршэр, махуэр зэрыдгъэкIуар дыпIащIэу зэхудоIуатэ. А теплъэгъуэрауэ пIэрэ къыспкърыхьэ узыр схэзыхужыр? Сыт абы хэлъыр апхуэдизу?

СщIэркъым хэлъыр, ауэ сэ абы сыкъехъумэ, сегъэпсэу. СимыIэж Iыхьлым сыщыхуэныкъуэм и деж, сэ сыхоплъэ а лъэхъэнэм. Насыпщ апхуэдэ гукъэкIыжхэр, нобэрей махуэм и уасэр къыуагъащIэ, пфIэкIуэдахэм упащIэ.

Си сабиигъуэмкIэ соплъэри къызолъагъу хъыджэбз щхьэц кIэщI цIыкIу. Абы, гъэмахуэ уэшх къешхыр зыхимыщIэу, псыхьэлыгъуэ къежэхыр IуещIэ, мывэ цIыкIухэр ятIэкIэ зэкIэришхэурэ. Сыту насыпыфIэу къыпщыхъурэ ар, ущыIуплъэкIэ. Лэжьыгъэ щхьэпэшхуэ зылэжьым ещхьщ. ГъэщIэгъуэнракъэ, зрегъэлIалIэ. Анэшхуэм и къаджэ макъыр и тхьэкIумэм къызэриIуэу, а псы къежэх IуищIам ирибыда уэшхыпсымкIэ и Iэхэр псынщIэу етхьэщIыж, итIанэ унэмкIэ щIопхъуэ.

– Хъыджэбзым апхуэдэу къижыхь хабзэ, на-а-а? Къазым ещхьу, псым уес фIэкIа ямыщIэу, къэпкIухьын хуейщ, – къыжриIэурэ, къуэрылъхур унэм щIегъэхьэж нанэм.

... Си гум и лъащIэм щызогъэпщкIу си гукъеуэр, си кIуэцIыкIыщIэр зыс мафIэр зыгъэужьыхын Iэмал нобэр къыздэсым къысхуэмыгъуэтар нэхъ ерыщу къэслъыхъуэну мурад сощI. Абы гугъэ мащIэ къызет...

Нанэ, пщIэжрэ къызжепIа псалъэхэр? «ЗэгъащIэ, си кIуацэ, хы уаем хиубыда кхъухьыр Алыхь IэмыркIэ къол, уэри узыпэмылъэщын урихьэлIэнукъым. Ауэ абы и нэIэ къыптемытыж къыпщыхъумэ, гъащIэм зыкъыптригъащIэмэ, гугъэр зыфIумыгъэкIуэд: къэлъыхъуэ хэкIыпIэ».

## Ещанэ Iыхьэ

## *Лъагъуныгъэм и мазэр щыкъухьэм деж*

Тенджызым псори щыхуэсIуатэм,
Ар къэукъубеящ.

**Тауз Исс**

Уафэм псори щыхуэсIуатэм,
ар уафэгъуагъуэу къызэрыкIащ.

**Къудей Фаридэ**

«Къызолъыхъуэ, нанэ, къызолъыхъуэ сэ хэкIыпIэ, ауэ гъащIэр сыту Iейуэ къащхьэщыкIрэ сэ сызэджа тхылъхэмрэ уэ схуэбухуа дунеймрэ», – Iэсият и нэпс къыфIекIуэр илъэщIри къэтэджащ.

Iэсият и гукъэкIыжхэр къеблауэ, пщыхьэщхьэ зэрыхъурэ и щхьэр зэрихьэрт. Дауэ зыщхьэщигъэуну къытеуа бампIэр? Унафэ хэха имыIэу унэм къыщIэкIащи, и лъакъуэхэм здахьым макIуэ. Ауэрэ къыщыхутащ Аслъэнрэ езымрэ щызэхуэзэу щыта щIыпIэм. Дауи, иджы абы Аслъэн къыпэплъэркъым, ауэ къэкIуащ, къыщIэкIуари езы дыдэм ищIэжыркъым...

Жыг сатыритIым я зэхуаку дэкI лъагъуэм тету макIуэ. ЗыгуэркIэ Аслъэн хуэзэмэ-щэ? Аргуэру яужь ихьэну зэрымыкъуаншэр и фIэщ ищIыну?.. Узэхэзыхыну хуэмейм уэ сыти жеIэ. Аслъэн егупсысыххэу къыщIэкIынукъым Iэсият и фэм икIым. И ерыщагъым иригушхуэжу щыс хъунщ.

Къэсащ я тетIысхьэпIэм... Татьянэ Ларинэрэ Онегинрэ я тетIысхьэпIэ фIищат абы... ФIимыщыгъарэт, узэджэр къокIуэ. ГукъэкIыжым щыщ хъужащ мы тетIысхьэпIэри: япэ зэхуэзэ, япэу зэхуаIуэта гурылъхэр, япэ ба...

– Сыт, Iэсият, жейм уезэгъкъэ?

Зэхих макъыр и гукъэкIыжхэм къыдэкIуа гуэру и гугъащ хъыджэбзым. АрщхьэкIэ и пащхьэм итт зи гурыгъуз иукIыр. КъэпIейтеяуэ зыкъримыгъащIэу, къыхуэнэжа къару тIэкIур зэхуихьэсыжри, жэуап иритащ:

– Аращ, Аслъэн, сыжеифкъым. Сытым укъихьа мыбыкIэ? Узэрежьэнум зыхуэбгъэхьэзыр си гугъати.

– КъызэрыщIэкIымкIэ, укъызогупсыс иджыри, – гушыIэ хуэдэу зищIыну хуежьат щIалэр, ауэ Iэсият и нэм щIэлъ гуауэр щилъагъум, псалъэмакъыр зэрихъуэкIащ:

– Сыхьэзырщ, къалэм сэлам изохыж.

– Мазэр дыжьыныфэщ.

– ЩIэ зыри къызжепIакъым.

– ФIыуэ солъагъу мазэр, жэщыр.
– Сыт жэщым хэлъыр?
– Лъагъуныгъэ...
– Ари щIэкъым.
– Сэ щIэ къэслъыхъуэркъым. Дэтхэнэ цIыхуми езым и еплъыкIэ хуиIэщ сыт хуэдэ Iуэхуми. Псори зэщхьу дыгупсысэу щытамэ, цIыхухэр зыр зым фIэхьэлэмэтыну къыщIэкIынтэкъым.
– Сыт къызжепIэну узыхуейр?
– Уэ сэ жысIэм уедэIуэну ухуеижкъым. Уэ къэбгупсысым урокъуж.
– Хьэуэ, сынодаIуэ.
– УкъызэдаIуэмэ, жысIэнщ. Сэ нэхъ сыхуэныкъуэу къыщIэкIынщ нобэрей ди зэхуэзэмрэ псалъэмакъымрэ. ТIури мыбы дыкъэзышар зыщ, Аслъэн, ди лъагъуныгъэрщ. Мыр уэрэ сэрэ ди зэхуэзапIэщ. ЗалымыгъэкIэ зэпэIэщIэ дыпщIами, ди псэр къыхуеIащ дыздэнасыпыфIа щIыпIэм. Мес, лъагъуныгъэм и мазэр къыщIэкIащ. Аращ дызэзышэлIари. НасыпыфIэф щыIэщ, Аслъэн, мынасыпыфIэфи щыIэщ. Уэ етIуанэм уащыщу къыщIэкIащ. Ауэ гуауэр уэ уи зэранкIэ сэри насыпыншэ сохъури аращ, – и тэмакъыр щикъузыкIауэ ар жиIэри, Iэсият IуигъэзыкIыжащ.

Аслъэн кIэлъоплъ и насып ежьэжам. Езыри мыбы къыщIэкIуар Iэсият къыщигъуэтынкIэ гугъэу арат. Iэмал гуэркIэ Хьэсэн я гъащIэм хэмытауэ къыхущIригъэдзамэ, сыту щыгуфIыкIынут ар! «Уемыжьэ, Аслъэн, си гъусэу къанэ, зэгъусэу дыгъэпсэу», – жиIэрэ къелъэIуамэ, арат абы и тхьэкIумэм зэхахыну зыхуейр.

Хьэсэн... Iэсият абы и гъусэу зы пэш щIэса щхьэкIэ, Аслъэн къэгубжьу фIыуэ илъагъур IэщIыб ищIыну хъунтэкъым, ауэ зэгъусэу зэраIуплъэу игу къэкIыжащ а щIалэм и псалъэ дыджхэр: «ТIэкIу хэзгъэзыхьамэ, сысей хъунут...» Щхьэ жиIэфат ар тегушхуэу? Дауи, Iэсият къыхуиIа щытыкIэращ ар жезыгъэIар. Къыщигъэхъуащ, и ужь къихьэмэ, зыдригъэхьэхыну. Зыгуэр щыщыIэпамэ-щэ? Сэ абы и пэжыр схузэхэгъэкIыну? Апхуэдэу щыщыткIэ, дзэр, узмэ, Iуач, жыхуаIэм хуэдэу сщIыныракъэ къысхуэнэжыр? Уэращ, Iэсият, зи лажьэр иджыпсту тIуми ди фэм икIыр. «Уэ ущежьам дызэхуэзащ. ТIэкIу хэзгъэзыхьамэ, сысей хъунут». Зэгъусэу саIуплъэху, сэ ар си фIэщ хъуакъым. ПцIыуэ къэслъытати, арат и нэжьгъри щIыхуэскъутар. Ауэ ар пэжынкIэ зэрыхъунур си нэгу щIэкIыжащ иужькIэ.

Iэсият мэкIуэж Аслъэн епсалъэурэ: «ПщIэжрэ, Аслъэн, къызжепIауэ щытар? Уи насып гъуэгум щIэх дыдэ си унэм укъришэлIэнущ. А унэм уэ гъащIэ дахэ къыщыппоплъэ». Аслъэн, уэ пхуэдэу ину сызыгъэгуфIэфарэ хуэдизыбзэкIэ сызыгъэгуIэжарэ си гъащIэ тIэкIум сыщрихьэлIакъым... Тхьэшхуэ, къыздэIэпыкъу. ПщIэжрэ, сынолъэIуауэ щытати, Аслъэнрэ сэрэ ди насыпыр зы пщIыну? ИлъэсищкIэ сэ насыпыфIэ дыдэу зыслъытэжу сыпсэуащ. Аслъэн си гъащIэм къыхыхьа нэужькIэщ гуфIэгъуэ нэсыр зищIысыр къыщысщIар. Иджы гукъутэр зищIысыр спкърокI. Ар дауэ? Сытым щхьэкIэ?»

* * *

Аслъэн унэм къызэрыщIыхьэжар анэм зэхихакъыми, телефонкIэ иригъэжьа псалъэмакъыр щIихьауэ ирегъэкIуэкI.

– Аслъэн и зэш тригъэууэ къыщIэкIынщ, армыхъумэ си фIэщ хъункъым абы хъыджэбз зеиншэжь цIыкIу щхьэгъусэ ищIыну. Хьэуэ, хьэуэ, ущоуэ, сэ си къуэр, Алыхьым и шыкуркIэ, цIыху губзыгъэщ, къыпхуэгъэпцIэнукъым тыншу, – и псэлъэгъум жиIэр хуидэртэкъым Фаризэт.

– Мамэ, узэпсалъэри хэт, зи гугъу пщIыри сыт? – щIыIэу еупщIащ къуэр анэм.

– Си ныбжьэгъу цIыхубзым хъыджэбз зеиншэжь цIыкIу къэпшэну и ужь уиту жеIэри, къыгурызогъаIуэ уэ апхуэдэу узэрымыделэр.

– Абы нэхърэ уи унафэ нэхъ зыхэмылъ зэрыщымыIэр зэгъащIэ, дянэ. Дапщэщ лъандэрэ сэ си Iуэху нэгъуэщI къызэрыхэзгъэпсэлъыхьыр?

– Сэ сынэгъуэщI? Сэ сыанэщ. А Iуэхум и унафэ зыщIынур сэращ. Сэ нысэ тэмэм сыхуейщ, си унафи хэслъхьэнущ.

Аслъэн и нэщхъыр зылъэгъуа Фаризэт дежкIэ щэхутэкъым Iуэхур зыхуэкIуэнкIэ хъунури, зыщIилъэфыжри, и къуэм и Iуэхухэр зыхуэдэм щIэупщIэу, лэжьыгъэр зэрыхъумкIэ пкърыупщIыхьу щIидзащ. Куу хъункIэ хъуну щыта псалъэмакъыр зэтрауIэфIэжами, тIум я дежкIи гурыIуэгъуэ хъуат я ерыщагъыр зэпэувмэ, икIуэтын къазэрыхэмыкIынур.

«Iэсият, Iэсият, хэт жиIэм щхьэкIи къэзгъэнэнутэкъым сэ уэ укъэсшэн. Ауэ хэт си фIэщ ищIын Хьэсэнрэ уэрэ фи зэхуаку зыри дэмылъауэ. Слъэгъуащ сэ абы и къоплъыкIар. Уэ ар зыхыумыщIауэ е гу лъумытауэ ара? Сыт хуэдизкIэ фIыуэ узмылъагъуми, си цIыхухъу щIыхьым уризгъэджэгуфынукъым. Ар зыми хуэзмыдэнщ».

– Аслъэн, сызэхэхи, Марьянэ кIэлъыплъ, ар хъыджэбзыфIу жаIэ, – иджы едапщанэ къыжриIэрэт и анэм, ауэ къуэр абы емыдаIуэу зихуапэщ, плIэрыдзэр къищтэри щIэкIащ.

Iуащхьэмахуэ зышэ гъуэгум теува нэужьщ къэпсалъэу здэкIуэр анэм къыщыжриIар.

Хьэсэн псынщIэу хъыбар лъагъэIэсащ, хэт и IэдакъэщIэкIми къэщIэгъуейтэкъым ар, ауэ Iэсият иджыпсту абы и къарур хурикъунутэкъым.

Ар телефонкIэ къэпсэлъащ хъыджэбзым деж.

– Хьэсэн, сыт узыхуейр?

– Сызыхуейр зыщ. Ар уэращ. Иджыри къэс къыбгурымыIуауэ ара?

– КъызгурыIуэнуи сыхуейкъым. Къыщебгъэжьам деж щыух уи псалъэмакъыр. Догуэт, догуэт, зэ, Хьэсэн... Сыпхуейщ, жыбоIэ? Укъысхуейкъым-тIэ, къыбгурыIуэмэ, укъысхуейкъым. Сэ уэ фIыуэ сыкъэплъагъуркъым, атIэ Аслъэн зэрыбгъэбэмпIэн джэгуалъэу сыкъыхэпхауэ аращ. Уэ лIыгъэ пхэлъатэмэ, зыгурыгъаIуэ ар фIыуэ, сэ сыхыумыпщэу, фэ фи зэхуаку дэлъыр зэхэбгъэкIынт, езы Аслъэн зыхуэбгъэзэнти. ФIыуэ ялъагъур насыпыншэ ящIыркъым, фIыуэ ялъагъур ягъэпудыркъым, ягъэлъапIэ. Уэ ббгъэдэлъ апхуэдэ зэхэщIыкI? Уфакъырэщ уэ псэкIи акъылкIи. КъызумыщIэу къэбгъэнаIамэ, хьейдэ, укъызэтемыувыIэ.

«Махуае дыдэ схуэхъуат гъуэгурыкIуэм сытету сыщыпхуэза махуэр, Хьэсэн. Сыту угъурсызу укъыщIэкIат. Жьэ мыгъуи уипсэлъыкIат. Фэ фызэрызэбийм сэри сыздихьащ», – телефоныр игъэтIылъыжауэ мэшхыдэ лей къызытехьа хъыджэбзыр.

ЗэрымыщIэкIэ Нэгумэм и уэрамым щызэхуэзат Iэсиятрэ Хьэсэнрэ. Сэлам-чэламыр зэфIэкIащ, я Iуэхухэр зытетымкIэ зэщIэупщIащ, иджы зэбгъэдэкIыжын хуейт, ауэ щIалэм зригъэнащ. Зыгуэр жиIэну зэрыхуейр, ауэ зэрытемыгушхуэр къапщIэу зреIуэнтIыхь. Iэсият абы и щытыкIэм емылIэлIащэу, фIэхъус кърихыжри ежьэжат, ауэ Хьэсэныр къыпэуври къызэтригъэувыIащ.

– Сыт, Хьэсэн, къэхъуар?

– Къэхъуащ, – жеIэ абы, и вакъэ лъапэм еплъыжурэ. – Куэд щIауэ сигу урохь, Iэсият, къыздэкIуэ.

– Ухьэлэмэти уэ, Хьэсэн! Дыгъэвэхым хэту, уэрам сабэм тету, махуэ шэджагъуэу хъыджэбзым «къыздэкIуэ» жраIэрэ? Шы хужьым тесу, удз гъэгъа Iэрамэ яIыгъыу пщащэм и щхьэгъубжэ лъабжьэм щIоувэри, серенадэ къыхураш, итIанэщ къэшэн гугъу щыхуащIыр, – мэдыхьэшх Iэсият.

– Ауан сыкъыумыщI, сигу техуэнукъым. Сэ си Iуэхум джэгу хэлъкъым.

– Сэ куэд щIауэ Аслъэн и гъусэу срокIуэ зы гъуэгу. Мис, Iэлъын къысIэритIэгъащ, – жеIэ Iэсият, и Iэпхъуамбэ псыгъуэм къиуцIуукI Iэлъыныр иригъэлъагъуурэ.

– Сыт ар зэрынэхъыфIыр? Сыт Аслъэн укIэрыныкъауэ псори щIытебгъэкIуэтыр?

– МынэхъыфIми, сызыхуейр аращ.

– Ар зэрыщхьэзыфIэфIым ущыгъуазэ? Зыхуейр хуэпщIэхущ къызэрыпхуеинур. Хьэмэрэ узыIэщIилъхьакIэу ара нэгъуэщIхэр щIумылъагъур?

Хьэсэн и псэлъэкIэр апхуэдизкIэ гущыкIыгъуэ щыхъуат Iэсияти, жэуапыншэу къигъанэри ежьэжащ.

– А Iэлъынми къикIкъым уэ Аслъэн уишэну! – къыкIэлъыкIиящ къызэрыпрагъэхам къигъэгубжьа щIалэр.

Аращ зэрыхъуар я зэхуэзэр, арщ а дакъикъэ зытхухым кърыубыдар, ауэ абы кърикIуащ Iэсият и насыпыншагъэр.

## ЕплIанэ Iыхьэ

## *ШэмыгъапцIэ жэщ*

ЛъагъуныгъэщIэ дунейм къызэрытехьэм и дахагъым къытекIуэн щыIэкъым: фIыуэ плъагъур зэ къоплъакъэ, уи пIэм урегъэжыхь, уи Iэпкълъэпкъыр зэщIегъанэ. Уи хъуреягъым сыт къыщемыкIуэкIми, мыхьэнэшхуэ ептыфыркъым. Плъыфэхэмрэ макъхэмрэ зэхозэрыхь, зэхожабзэ. Ахэр псори фIыуэ плъагъум хокIуасэ... Абы нэхъ къодэхащIэ сыт щыIэ? Псори пщогъупщэ, уи щхьэр хоунэзыхь дуней псысэм. Зыри къыпфIэмыIуэху къыпщыхъужу, псым уесым хуэдэу, псоми уаIуоплъэ, абы щыгъуи уоукIытэ зыгуэрым уеплъыну, зыпплъыхьыну, фIыуэ плъагъум узэрыкIэлъыплъыр къалъагъункIэ уошынэ, къыпщохъу псоми укъащIэу. Уошынэ узэхимыщIыкIынкIэ, ауэ ухуейщ апхуэдизу узыгъэпIейтейм гу къыплъитэну.

Уи гум и уэ макъыр бгъэм йокIри, дэнэкIи къыщыIуу щIедзэ. Гум уэ укъегъанэ, фIыуэ плъагъум и гум гъусэ хуохъури, зэгурыIуэу дакъикъэхэр къыпабжыкI. ТIуми зыхащIэр зы мэхъу: зэгъусэу мэбауэ, я гупсысэхэр зэтохуэ.

Япэ псалъэхэр, щхьэ уназэ ягъуэтар, укIытэ я нэгум кърихыр, а псалъэхэм дахагъэ хэлъыр – ухуейкъым ахэр псори иухыну. Ар зэрумыгъэухын щхьэусыгъуэ къэплъыхъуэн щIыбодзэ. И нитIыр... И нитIым зэ ущIэплъэмэ, лъагапIэ гуэрым укъехуэхыу къыпщохъу. УкъэмыувыIэу уехуэхынуи ухьэзырщ. Сыт щыIэ абы нэхърэ нэхъыфI... Япэ зэхуэзэ, япэ лъэIэс...

– ФIыуэ сыкъэплъагъурэ?

– Узолъагъу.

– Лъагъуныгъэр набгъэу, дэгуу жаIэ. Дауэ-тIэ нэхъ махэ дыдэр – псэр – къызэригъуэтыр?

– Лъагъуныгъэм псэр къигъуэту аракъым. Псэм езым къегъуэт лъагъуныгъэр.

– Дэнэ къыздрихыр?

– ЗыщIыпIи. ЗыщIыпIи къимыкIауэ, къохъу лъагъуныгъэр.

– Дауэ-тIэ а зыщIыпIи къимыкIам жейр зэригъэкIуэдыфыр? КъызэщIэплъар щIыIэм ирегъэсыфри, зы уз зыпкърымытыр егъэсымаджэ.

– СощIэ. МафIэмрэ мылымрэ гъащIэм щыпхузэгъэкIуркъым, зым адрейр егъэткIу. Лъагъуныгъэм тIури щызэхэтщ. УгуфIэрэ?

– Хьэуэ. Согъ...

– Сыт щхьэкIэ?

– Сошынэ.

– Сыт узыгъэшынэр?

– Лъагъуныгъэм. Абы ущиIэтыр насыпщ, ауэ укъридзыхыжмэ... Мэуз.

– Умышынэ.

Iэсият и нэкIур щIалэм и бгъэм щегъэпщкIу.

– Нэхумыщыж жэщ сыхуейщ.

– А жэщыр тыгъэ сэ пхузощI ныжэбэ.

– Ар дауэ? Апхуэдэ щыIэ?

– ЩыIэщ.

ЩыIэт апхуэдэ, ауэ сыту дыдж ар уи гъащIэм щыхэмытыжым деж. Сыту жэщ кIыхьт а жэщыр. Апхуэдиз гурыщIэ къэзыгъэщI, апхуэдиз гупсысэ зыхэлъ, апхуэдиз нэпс, апхуэдиз гуфIэгъуэ, апхуэдизрэ уи гур щиубыд, уи псэр щыхэкI, гъащIэ къыщыпхыхьэж, гур щрихужьэж хэт игъэунэхуа? ЦIыху гъащIэм абы нэхърэ нэхъыбэ къриубыдэрэ? Сыту жэщ кIэщIт ар! Зы псы Iубыгъуэт, зы зыгъэзэгъуэт, си напIэр дэсхьеиху, жэщыр кIуэсат. Нэхумыщыж жэщкIэ сызыщыгугъар шэмыгъапцIэ жэщу къысхущIидзыжат.

Си гъащIэм ухэкIри, пщэдджыжь пшагъуэм ухэкIуэдэжащ. Сыножьэ абы лъандэрэ. Сожьэ си гугъэ къыбдэмытIэпIахэм, къыбдэмыгъэгъахэм.

Си лъагъуныгъэ, си щIасэ, си псэм и тепщэ, си пщIыхьхэм я хьэщIэ, къысщохъу мы дунейм сыкъыщIытехьар а зы жэщырауэ. Зэхэпхатэмэ, пщIатэмэ, плъэгъуатэмэ уэ а жэщым крикIуар... Хэт зэхыуигъэхыну, хэт пхуиIуэтэну, дауэ плъэгъуа хъуну уэ ар? Сэ сыздэщыIэм уэ ущыIэкъым, уэ ущыпсэур сэ къэсщIа зэрыхъуну гупсысэм сехь. Уи псэр си хэщIапIэ къызыщызгъэхъуурэ сопсэу...

Лъагъуныгъэм лъагэу сыщиIэта жэщт ар. Ауэ сызыIэтам сыкърigъэхуэхыжащ гуузу. Иджыри узу спкърытщ, сиутIыпщыркъым.

– Нэхущым сыхуейщ уи гъусэу сыпежьэну, – къызоIущэщ. Ауэ зыжесIэм сызэхихыркъым. Си хъуреягъыр кIыфIщ, щымщ, жэуапыншэщ.

* * *

Махуэ насыпыфIэ куэд хэтат Аслъэнрэ Iэсиятрэ я лъагъуныгъэ кIэщI хъуам. Апхуэдэ зыт Прагэ къыщикIыжар. Абы щыгъуэщ Iэсият зыхищIэр зэрылъагъуныгъэ дыдэр къыщыгурыIуар. Абы щыгъуэщ Аслъэн цIыху фIыуэ зэралъагъур и фIэщ щыхъуар. Ар щIалэр зыщIэхъуэпса гурыщIэм хуэдэт: цIыхуитIым зэдагуэш лъагъуныгъэ къабзэ, гурыфIыгъуэ къезыт, тегушхуэныгъэ къыхэзылъхьэ, шэч къызытримыхьэ. Сыту махуэ лъапIэт ар тIум я дежкIи. А махуэращ абыхэм я лъагъуныгъэр балигъ щыхъуар. Я фIэщ хъуа насыпым гъащIэр плъыфэ зэмыфэгъукIэ ириIат.

ЩIыпIэу щыIэм нэхърэ Iэсият дежкIэ нэхъ лъапIэ Аслъэн и пэшым шэху уэздыгъэхэр щоблэ. Зи лъакъуэхэр дыщэпскIэ ла абджыщхьэ стIолым IэфIыкIэ, пхъэщхьэмыщхьэ зэрылъ тепщэч гъэщIэрэщIахэр тетщ. Макъамэ щабэр къоуэ.

Iэсият и Iэ ижьыр Аслъэн иIыгъщи, и Iэпэ кIыхь цIыкIухэм ба хуещI, зыщимыгъэнщIу и нэгум йоплъэ. ЕгъэщIагъуэ апхуэдэ дахагъэ къэхъункIэ зэрыхъуар.

– ПщIэрэ... – къыщIидзащ пщащэм.

– Зыри жумыIэ... ГукIэ зэжепIэращ пэжыр. Псалъэм пцIы къыщыхэкI щыIэщ, – мэлъаIуэ щIалэр.

ГукIэ зопсалъэ, нэкIэ зэрощIэ.

– Си псэ закъуэ...

– Си гъащIэм и дыгъэ...

IитIыр зэроубыд. Зым и Iу бахъэр адрейм зыхещIэ. Сыту щабащэ хъыджэбз нэкIуфэр. ЩыIэу пIэрэ Аслъэн и Iупэхэм хуэдэу сакъыу къодэхэщIэн? Iэсият и бгы псыгъуэм тIэу къекIуэкIынущ Аслъэн и Iэ кIыхьыр. МыIэрысэ быдэ цIыкIуитI хуэдэу щIалэм къылъэIэсым апхуэдизкIэ къызэщIегъаплъэри, чэф хъуауэ къыщохъу. И щхьэм дэуеящи, егъэкIэрахъуэ. Хъыджэбзым и IитIыр Аслъэн и дамащхьэм зырызу трелъхьэ. Езым и зы Iэм хъыджэбз бгы псыгъуэм зрешэкI, адрейм пщэ псыгъуэ щабэмрэ дамэмрэ я зэпытыпIэр увыIэпIэ ещI. И Iэпэхэм къыхэзэрыхь щхьэцыгъуэ щабэри узыгъэпIейтейщ.

Лъагъуныгъэм и къафэ...

Iэсият и щхьэр щIалэм и бгъэм телъщи, и гум и къеуэкIэр зэхех. Ар апхуэдэу ину къеуэ зыщIар езым и гъунэгъукIэращ. Iэсиятщ къызыхуеуэр. Аслъэн зыхищIэу пIэрэ хъыджэбзым и гум и къеуэкIэми зэрызихъуэжар?

– Зэхэпхрэ?

– Зэхызох... Уэри зэхэпхрэ?

– Зэхызох...

Таурыхъыр кIэщI дыдэу щытын хуейкъым. Iэмал имыIэу мэгъугъэ[1] гуэр хэтын хуейщ. Аращ ар гуимыхуж зыщIыр. Таурыхъым и кIэр насыпкIэ иух хабзэщ. Аращ абы уезыгъаджэр.

– Iэсият, мыдэ къакIуэт.

[1] Мэгъугъэ гуэр – что-то магическое.



6 Заказ №1150

Дэрий щащыху къешэкIауэ хэлъ хъыджэбзым и цIэр щыжиIэм, щIалэм абы щIилъхьа IэфIагъым нэхъри игъэнасыпыфIэрт Iэсият. Бжьыхьэ уэшх къешхым абджым къыкIэришха пкIей[1] тхьэмпэ гъуэжь дахэм и ткIуэпсхэр абы къыпхоцIуукI, налкъут мыщIэ цIыкIу хэгъэпщIа хуэдэу. ТIуми ар яфIэтелъыджэу зэпаплъыхь. Пщыхьэщхьэр уэлбанэми, дунейр зыухуам Iэмал иIэт фIыуэ зэрылъагъуитIым къахуэупсэнуи, мис, дахагъэ къахуигъэщIащ. ХъыджэбзыIэхэм щIалэм и щIыбагъкIэ зыкъыщрашэкIащи, игъащIэкIи щытыфынт апхуэдэу. Аслъэн и Iэпкълъэпкъым и быдагъыр зыхещIэри, къыщохъу ар сытым щыгъуи къызэрихъумэнум, хуей хъумэ, къызэрыщхьэщыжынум и щыхьэту. Абы къыпкърыкI хуабагъэращ Iэсият и сабиигъуэ дахагъэрэ хуабагъэрэ щIэбэгыурэ кIуар зыпшыныжыр, и балигъыгъуэр фIым щызыгъэгугъыр.

Бжьыхьэ тхьэмпэ. Абы тешха уэшх ткIуэпсхэр дэнэкIи къыщыблэ уэздыгъэхэм пэцIуми, ар бжьыхьэ тхьэмпэ гъуэжьт. Ныщхьэбэ зыхищIэ насыпым Iэсият Iейм иригъэгупсысынкIэ Iэмал иIэтэкъым, ауэ и гъащIэм нэхъ IэфI дыдэу хэта ныщхьэбэт абы щхьэкIуэ къыщыхуэкIуар. ЩымыIэжым и щхьэкIуэтэкъым ар. ЩымыIэжынум и щхьэкIуэт. ЩымыIэжыну насыпым...

Бжьыхьэм къыкIэлъыкIуэр щIымахуэщ. ЦIыхум и псэм щигъэлъапIэр фIэкIуэдмэ, и гъащIэр щIымахуэ мэхъури, пэш хуабэм щIэсми, щIыIэ худеху. ЩIыIэрысу дунейм къытенащ Iэсият.

СыткIэ и фIэщ хъунт и псэр зыкIэрыпщIам къыхуригъэпса дыгъэм и дыщэ бзийм къыхихыу, гъуэжькуийм уэсыр къыщрихьэкI щIымахуэ борэным хидзэжыфыну?!

Нобэ къэхъуар аращ, ар дыдэрщ. Пщэдей къэхъунур къыщытщIэнур пщэдейщ...

«Аслъэн, жэщми, махуэми, блэкIами, къэкIуэнуми зи сурэт къыхэщыр уэращ. ПщIэжрэ, си псэ, бгым зэгъусэу дызэрыщыIар? Тезгъэзэнт, ауэ ди лъагъуэр хэгъуэщэжащ. Хэт иджы лъагъуэщIэкIэ Iуащхьэмахуэ дэпшыр? Си нэгу къыщIэзгъэхьэну сыхуейкъым нэгъуэщI къыббгъурыту, сэ бдэзгъэщIа IэфIагъым хуэдэ къыбдигъащIэу, сэ къызжепIэу щыта псалъэхэм хуэдэ жепIэу... Ди Iуэхум щыгъуазэхэм къызжаIэ сытым щыгъуи цIыху щIыIэу ущытауэ. Ар жезыгъэIэр уи зэпIэзэрытагъыращ. Уэ зыми укъиуцIыхуркъым сэ схуэдэу. Мы къэхъуар уэ сэ къызэпщIакъым. КъыпIэщIэщIауэ аращ. Ауэ сыт абы ихъуэжыр, дэ тIур дызэпэIэщIэмэ?.. Зыри.»

## Етхуанэ Iыхьэ

## *Си псэм и хэщIапIэ*

БжызоIэр: «ФIыуэ узолъагъур!»
БжызоIэ щэхуу – нахуэу мыхъуу:
Зэран хуэхъуфхэм лъагъуныгъэм
Бадзэ лъэтауи къащымыхъу
Къыпхуэпсэлъэныр, пщIэнэкIэныр...
Нэмысыр пцIыкIэ хэутэн
ЯщIынщи – пащIэм щIэгуфIыкIыу
Къэувыжынхэщ: «Хэт ищIэнт?..»

**Тхьэгъэзит Зубер**

[1] ПкIей – тхьэмпэшхуэ лэдэххэр зиIэ мэз жыг. /Клён остролистный.

АнэнэпIэсым и тхьэусыхэмрэ хъуэнымрэ Iэсият и щхьэр ирагъэужэгъуат.

– Уэ успIащ, иджы уи бынри спIын хуейуэ ара? Дэнэ здэкIуар уи Аслъэн дотэ? Гъуабжэгъуэщти, тIасэ, кIуэдыжащ. Си фIэщ хъункъым уэ абы урагъэшэжыну. Сыту напэтех мы уэ къыдэпщIар? УмыукIытэу, уи адэжь и лъапсэм дауэ укъихьэрэ, зинэкIэ къэплъхуар уи кIэ къуащIэм кIуэцIылъу? – къуажэм зыгъэпсэхуакIуэ къэкIуэжыху мы псалъэхэм фIэкIа зэхэзымых хъыджэбзым игу ирилъхьащ, мызыгъуэгукIэ щыIэрэ дэкIыжмэ, афIэкIа мы лъэныкъуэмкIэ къимыгъэзэну.

– Астемыр удэкIуэ хъунутэкъэ? Сытыт и лажьэр? Еджащ, теплъэ дахэ иIэщ, и лъапсэр зэтеухуащ, зыри пщIыжынутэкъым. Пхуэмыгъуэтар сыт? – хъущIэрт анэнэпIэсыр.

– Сыт щхьэкIэ, Аслъижан, уэракъэ Аслъэн и анэм нысэ сыхуэмыхъуну жезыIар?

– ЖесIащ, сыкъэбгъэгубжьати. Тхылъ еджэн фIэкIа, нэгъуэщI лэжьыгъэ щыIэу пщIакъым, ауэ акъылышхуэ къыхэпхауи слъагъуркъым тхылъхэми. Уагъэщхьэрыуащ. А тхылъ узэджахэм я зэранкIэ щымыIэ лъагъуныгъэ къэплъыхъуэурэ, ущхьэрыуащ. Жылэ хъыджэбз цIыкIухэм хуэдэу унагъуэ тэмэм уихьэ хъунутэкъэ? Хэти фIэфIт ди гъащIэр киномрэ тхылъымрэ ещхьу щытамэ. Дэнэ щыIэ уи лъагъуныгъэ ехьэжьар? ПщIэрэ, а уи дотэм и анэм зэрыхуэсIуэхуар?

– Сыт жыпIэу? – зэхихыр и фIэщ мыхъуу, Iэсият еплъырт и пащхьэм къит физ Iув фIыцIэшхуэм.

– И къуэм уишэми, тхьэ, зы щыгъын джылъ нызэрыпхуезмыгъэхьыжынур жрезгъэIам. Къремыгугъэ куэдрэ!

ХьэкъущыкъуитхьэщIыр езыудэкI анэнэпIэсым и макъ псыгъуэмкIэ адэкIэ сыт къикIиями, Iэсият зэхихыжакъым.

Адэ къуэшым и щхьэгъусэри ткIийуэ къепсэлъат Iэсият. Ари анэнэпIэсым и акъылэгъут. Анэ нысэгъум сытым дежи дахэ фIэкIа къыжриIэу есатэкъыми, иджы зэхригъэха псалъэ дыджхэр игу щIыхьащ хъыджэбзым, ауэ зыкъригъэщIакъым: захуэбгъэгусэкIэ зыми зихъуэжынукъым, а псалъэхэр къыздикIри гурыIуэгъуэщ...

И классэгъуу щыта Хьэбас-щэ? Хъыджэбз псынщIэу, къэгъэделэгъуафIэу къилъытэри, хуэмыфащэ кърикуащ. Iэсият шынэ зэпытт, апхуэдэ дыдэу къащыхъункIэ хъунути. Гур зэрыгъум дыгъур ирокIуэ, жыхуаIэм хуэдэ хъуащ. Псори зэгурыIуам ещхьт. Хъуреягъыр бийрэ жагъуэгъурэт зэрыщыту.

Сыт, лъагъуныгъэ къабзэмрэ напэншагъэмрэ яхузэхэмыгъэкIыу ара абыхэм? Е зэхагъэкIыну хуэмейхэу ара? Куэдым я гугъэщ нэгъуэщIым дагъуэ хуащIмэ, езыхэр абы нэхъыфI щIэхъукIыу. «Ар бгым щыхумэ, уэ вийкIэ увэну?» – жиIакъэ адыгэм. Дауи, щIэхъукIыркъым, ауэ зым и насыпыншагъэм гузэгъэгъуэ къарет куэдым. Сыту гуащIэу зыхищIа ар Iэсият!

Зэманым зэхигъэкIынщ псори, иджыпстукIэ Iэсият и гъащIэр тэмэму зэтеухуэнырщ нэхъапэр. «Зызгъэбыдэнщи, си быныр спIыжынщ.

МыхъумыщІэмрэ лей зылъысамрэ зэхагъэкІыф тхьэм ищІ цІыхур. «Хэт и гугъэнт?..» – щыжаІэжын зэманым сыхуэшэ, ди тхьэу Тхьэшхуэ!» – аргуэрыжьщи щхьэхуэпсалъэщ цІыхубз тхьэмыщкІэр.

Іэсият и гугъам хуэдизри щыІэфакъым къуажэм. АнэнэпІэсым и псалъэмакъым щІичэн мурад иІэтэкъым, щІичэн къэгъэнауэ, щІигъэхуабжьэрт. Хуэмышэчыжыххэ щыхъум, и щхьэр пщІантІэм къыдихащ. Сабий пкІэрыщІауэ гъуэгу ущытеувэн зэмантэкъым, пщыхьэщхьэхуэкІуэт. Егупсысри, я унэкъуэщ Адыл елъэІуу, къалэм зригъэшэжмэ нэхъыфІу къилъытащ. Хъунщ, мэкІуэж къалэм. АдэкІэщэ? Узэрыпсэун гуэр пкъуэлъу щытын хуейкъэ? Езыр сытым хуэныкъуэми Іуэхутэкъым, ауэ дзадзур хуэныкъуэнкІэ Іэмал иІэкъым. Зы хэкІыпІэ гуэр щыІэн хуейщ.

И лъакъуэхэм яхьащ Аслъэн и унэм. Уэздыгъэр маблэ, ар щІэсщ, ауэ и мызакъуэмэ-щэ? Сыт ищІэн? Уемыплъауэ, къэпщІэнукъым. ФІэфІ мыхъумэ-щэ? Хьэуэ, зэхищІыкІынщ: абы илъ щІэтщ хъыдан жэрумэу иІыгъым.

Бжэр къыІузыхар Фаризэтщ. Къыпэплъэу щыса фІэкІа умыщІэну, къыжриІэнур и бзэгупэм телъу, къыщІэувыкІащ Аслъэн и анэр. Абы зэрыжиІэмкІэ, насыпыншагъэу къытепсыхамкІэ къуаншэр езы Іэсиятт. И къуэм и щхьэр Іуезыгъэхари арат. БзаджагъэкІэ зыкІэрищІэри, лажьэ зимыІэ щІалэ хьэлэмэтыр къигъэпцІат. А сабийри Аслъэн еи имеи. УкІытэр зищІысыр ищІамэ, къыІухьэнутэкъым щІалэм и анэм деж, къезыгъэлъхуар имыщІэж сабийр иІыгъыу? Абы хуэдэ напэншэ куэд щыІэщ, псори мыбдеж бжэм къытеуІуэу къэувынурамэ, ар Фаризэт идэнукъым.

Жэщ хэкІуэтам хыхьэжа Іэсият къыгурыІуэрт гъынуи бжэнуи зэман зэримыІэр. Сабий ІэщІэлъым псынщІэу ихурт цІыхубзыр. Адыли имыутІыпщыжамэ сыт хъунт... И лъакъуэм здихьым кІуэурэ, ПащІэм и уэрамым нэсащ ар.

Машинэ гуэр къоувыІэ. ЩІалэ мыцІыху къокІ. Мыпхуэдэу гувауэ сабий зыІыгъ цІыхубз уэрамым щхьэ дэт? КъэхъуаІауэ ара? СыткІэ сэбэп хъуфыну? Машинэм къитІысхьамэ, здыхуейм нэс ишэнт, сабийр гуэныхьщ. БжьыхьэкІэ щІыІэм къыхихьа сабийм тегузэвыхьырти, Іэсият арэзы хъуащ

– Уи щхьэр къыщІепхьэжьамкІэ сыноупщІыркъым, уздэкІуэнур къызжеІэ.

– Сыхьэтиблым ІукІыу Мейкъуапэ кІуэ автобусым ситІысхьэжын хуейщ.

– Хьэпшыпхэр къэпщтэн хуейкъэ?

– Хьэуэ, зыри къэсщтэнукъым.

– Сэ къызэрызэджэр БетІалщ, – жеІэ къемыплъэкІыу.

– Сэ сы-Іэсиятщ, – езыми жэуап иритыжын хуейуэ къилъытащ.

Мейкъуапэ узышэ гъуэгум теуващ машинэ псынщІэр. ЩІалэм и гуращэр къыщыгурыІуэм, Іэсият, къэгузавэри, зихъунщІэну хуежьат, ауэ рулыр зыІыгъыр дэгуи бзагуи хъуати, и жьэр зэщІихыртэкъым. Зы тыкуэн гуэр деж къыщыувыІэри, сабий шхын къищэхуащ. Жэщым лажьэ шхапІэ Іулъадэри, ар птулъкІэ цІыкІукІэ зэхригъэщІауэ иІыгъыу къыщІэкІыжащ. Алий цІыкІу и ныбэ из хъуащи, мамыру мэжей.

Iэсият здэкIуэм нэсащ. ГъуэгупщIэ гугъуи, тхьэгъэпсэуи едэIуэну хуэмейуэ, Iужыжащ щIалэр. ЦIыхубзыр унэм щIыхьэжу сабийм увыIэпIэ тэмэм иритыну хунэса къудейт и бжэм зыгуэр къыщытеуIуам. Зыхуихьынур имыщIэу, бжэр къыIуихмэ, зи машинэ къикIыжа къудейр щытщ, пакет гуэрхэр IэщIэлъу. Ахэри къыхуимышийуэ, къыщIэбакъуэри игъэуващ. Iэнкун къэхъуа Iэсият зэхех:

– Зы щхьэкIи умыдзыхэ. ЩIэгъэкъуэн хуэныкъуэ ухъумэ, мы телефонымкIэ нэпсалъэ.

– Сыт апхуэдиз къыщIысхуэпщIэр?

– Уэ пхуэдэ шыпхъу цIыкIу сиIэщ. ФIыкIэ!

Жагъуэгъу защIэу зэхэттэкъым дунейр. ЦIыхуфI, зэхэщIыкI зиIэ, дунейр фIыцIэрэ хужьу зымыгуэшхэри щыIэт.

Iуэхур дапхуэдэу къемыкIуэкIами, Iэсият и гъащIэм хэхыпIэ имыIэу хэтыр цIыхуитIт: Аслъэнрэ Алийрэ. Зыр и гум щигъафIэрт, адрейр и куэщIым ирипIыкIырт.

* * *

«Си гупсысэм къигъэщIауэ си пащхьэм къит блынджабэ фIыцIэм си гур егъэбэгри, зыкъезгъэлыну, хужьыфэу «солэ». Нэхъ хужь хъухукIэ, блынджабэр нэхъ спэIэщIэ мэхъу. Сэри сымыувыIэу «солэ». Сезэшащ. «Злэ» пэтми, нэхугъэр схурикъуркъым. А-а-а, щхьэгъубжэ хуейщи, аращ. ХызощIыхь. И бгъуитIым сурэтылъэ зырыз фIызодзэ. Абыхэм сурэт иткъым. Зым сэ езым теплъэ гуэрхэр истхэну сыхуожьэ: губгъуэ, удз гъэгъа «алэрыбгъу». А «алэрыбгъум» ирокIуэ зы цIыхухъурэ зы цIыхубзрэ. Я кум зи Iэпэр яIыгъ щIалэ цIыкIур дэтщ. Уафэ къащхъуэр къащхьэщытщ. Сыт хужьу зла блынджабэр щIэзыупскIэр? Сурэтри и пIэм имыкIыу блынджабэм фIэлъи хуэдэщ, ауэ зэрыспыIукIуэтыр солъагъу. СпыIуокIуэт, ауэ спэжыжьэ хъуркъым. Сабийм и Iэпэ цIыкIухэр зыIыгъитIым я нэгум гуфIэ лъэпкъ къищыркъым. Дауэ сIэщIэкIа апхуэдэ сурэт нэщхъей? Сэ сурэт сщIыфрэт-тIэ? Дауэ и ужь сихьа? Сэрмырауэ пIэрэ-тIэ мыр зи Iэужьыр? Сэ бгым и щIыIур мыл джанэ сщIатэкъым. Дыгъэ тепсэут си нэгу къызэрыщIыхьар. Хьэмэрэ а сабийм и щIыбагъ къыдэува нэгъуэщI сабийр сэ сигу къэкIыххат сурэтым хэзгъэувэну? Псори зэхэзэрыхьыжащ. Сешыпащ. Зыри схузэхэхыжынукъым. ИужькIэ селIэлIэнщ. Иджыпстукъым. ИужькIэ.

Сыту дахэу си нэгу къыщIыхьат...

* * *

Лъагъуныгъэр зэрыузыфэр и фIэщ хъуащ Iэсият. Пэжт шэмыгъапцIэ жэщым щыгъуэ Аслъэн къыжриIар: «Зы уз къомыузу уегъэсымаджэ». Дунейр зэрилъагъур Аслъэн и сурэтым пхрыплъущ. ДэнэкIи щыIэщ ар. Езым псори щыгъупщэжауэ пIэрэ? И анэр зэрыхуейм хуэдэу, къулыкъущIэ хъуа? Унагъуэ къулейм я малъхъэ? Къэзыгъэпэж цIыхубзу пIэрэ къыбгъурытыр? И Iэпэр иIыгъыу таурыхъым хишэри, щысхьыншэуи къыхигъэджэлыкIыжат. Иджы и псэ езэшар зэрыпсэур блэкIам и теплъэхэмкIэщ...

БлэкIар и хэщIапIэ хъуащ и лъагъуныгъэм. БлэкIам ину ущыпсалъэ хъуркъым. УщоIущащэ. Ину ущыгуфIэфыркъым, нэщхъейуэ укъыпогуфIыкI. БлэкIам щыщIэкIыр гуфIэгъуэ нэпскъым. Абы щыпIэщIэкIа щыуагъэм зыри пхуещIэжккъым, зэрыщыуагъэу къонэ. Мыхьэнэ иIэкъым блэкIам ухущIегъуэжыным. Хьэтыр щызекIуэркъым, узэхищIыкIынкIи ущымыгугъ. Зыщ блэкIам къыуитыфыр: дерс. Сыт хуэдэ дерсу пIэрэ-тIэ Iэсият и блэкIам къыхихыфынур? ЖыIэзыфIэщыIуэу щыта хъунщ. И кIэм нэс къимыцIыхуа щIалэм и гъащIэм зыхигъэшыпсыхьыну иужь ихьэри, хэзэгъакъым. КъыгурымыIуа е къыгурыIуэну зыхуэмея гуэр хэтащ а гъащIэм. Iэсият гу лъимытэ хуэдэу зищI щхьэкIэ, Аслъэн и гурыщхъуэщIагъымрэ ерыщагъымрэ зыщIыпIи кIуэжынутэкъым. Ар абы и хьэлт, и щытыкIэт. Теплъэ дахэм, бгъэдэлъ щIэныгъэм, цIыху гъэсам и нэщэнэ дилъагъухэм ихьэхуат. Пэжщ, набдзэгубдзаплъэщ Аслъэн. Куэдым гу лъетэ, цIыхум пщIэ хуещI, цIыхубзыр егъэфIэф, псалъэмакъым губзыгъэу хохьэ, екIууи къыхокIыж. Ауэ апхуэдизкIэ и щхьэр псом япэ ирегъэщри, зыгуэркIэ къецырхъам хуигъэгъунукъым. Ахэр зэпэIэщIэ зэрыхъурэ Iэсият куэдым егупсысащ, куэд зеригъэзэхуащ. ТIуми я лажьэ хэлъщ лъагъуныгъэр зэрамыхъумэжыфам. Iэсият и нэм къыщхьэрипхъуат, и гуакIуагъымрэ и теплъэмрэ пщIэ къыхуэзыщIа цIыху къыкъуэкIати. Зэрысабийрэ псэкIэ и закъуэу, гуапагъэрэ хуабагъэрэ къемэщIэкIыу, зэхэзыщIыкIын, жиIэр зэхэзыхын цIыху хуэныкъуэурэ къэтэджати, а псори Аслъэн деж къыщигъуэтауэ къыщыхъурт.

Аслъэни хуейт зыри дагъуэ зимыIэ хъыджэбз. Абы и анэм жиIэ зэпытт и къуэм хуэдэ щымыIэу, губзыгъагъэкIи, щIэныгъэкIи, теплъэкIи, къызыхэкIакIи Аслъэн и пэ къиувэн гъуэтыгъуейуэ. Езы Фаризэти хэщыпыхьауэт ныбжьэгъу-жэрэгъухэр зэрызыкIэлъигъакIуэри зэракIэлъыкIуэри. А псом къыщIэтэджа щIалэм и фIэщ хъуат къыпэрыуи къепэгэкIи щыIэн хуэмейуэ. Iэсият шэч къытрихьэркъым щIалэм фIыуэ къызэрилъагъум, ауэ и щхьэр нэхъыфIыжу илъагъуу къыщIэкIащ. Сыту куэдым Iууэн хуей Аслъэн, и щыуагъэр къыгурыIуэжын папщIэ! Ауэ ар къыгурыIуэху кIасэIуэ мыхъуну пIэрэ? ФIыуэ къэзылъагъухэр хамэ ищIауэ, къыхуэгумащIэхэр Iуигъэщтауэ, пщIэ къыхуэзыщIхэр щIригъэгъуэжауэ. Хьэмэрэ Iэсият аргуэру щыуэрэ? Апхуэдиз гупсысэм ухэзэрыхьыжкIи емыкIу пылъ?!

Хьэкъыр зыщ – Iэсият и гъащIэм нэгъуэщI цIыхухъу къыхэзэрыхьыныр пцIыщ. Дуней псор зрипха щIалэм къигъанэу щежьэжакIэ, къигъэзэжынуи гугъэ щимыIэкIэ, къыхуэнэр закъуэныгъэращ. И бампIэр щхьэщызыхыу, Аслъэн ирипхыу, зыщ Iэсият и гъащIэм хэлъыр – и сабийр. ФIыуэ илъагъум илъ щIэтщ абы, ар абы и хъуахуэщ. ЛъагъуныгъэитIым яку къыдэкIа псэ цIыкIущ. Дауэт Iэсият зэрыхъунур а фэеплъыр имыIамэ? А щIалэ цIыкIуращ, Алий цIыкIущ, абы и гъащIэ гугъум къыхэпсэ нэбзий закъуэр. А цIыкIу закъуэращ лъагъуныгъэ зыщIэз нэкIэ къеплъыр. Псэуну, лэжьэну, гъащIэм хэтыну езышалIэр а сабийращ. Ар хуигъэсэн хуейщ и насыпым емылъэпэуэжу зэрыпсэунум. И адэ-анэм къемыхъулIар а цIыкIум къехъулIэнущ, абыхэм яхуэмыхъумар ихъумэфын хуэдэу игъэIущынущ.

Пэжщ, Алий цIыкIукIэ мэпсэу Iэсият, ауэ абы зыкIи нэхъ мащIэ ищIыркъым Аслъэн зэрыхуэныкъуэри зэрыхуэзэшри. Жеямэ, и пщIыхьым хэкIыркъым, къэушамэ, и нэгум щIэкIыркъым.

«Успэжыжьэщ, Аслъэн. Сыхуейт услъагъуну, зыносшэкIыну, гуапэу уи напэм Iэ дэслъэну. СыноIущащэурэ бжесIэнут фIыуэ узэрыслъагъур. Си нэхэм укъамылъагъуми, си Iэхэр ныплъэмыIэсми, узыхызощIэ, узэхызох. Уэ сыночэнджэщурэщ, сынопсалъэурэщ сыт хуэдэ Iуэхуми сызэрыпэрыхьэр. Ди сабийр изогъэдаIуэ и адэр зэрыцIыхуфIым, хуэдэ зэрыщымыIэм, зы зэман зэгъусэ дызэрыхъужынум. Ар зэрыпцIым си гур еуIэ, си псэр ечатхъэ.

Азалыхь, сыту гугъущэ гъащIэр. Сыту гугъуехь куэдкIэ уигъэунэхурэ абы? Ауэ лъагъуныгъэр гъэунэхупIэ щищIым деж, абы и мыхьэнэжыр сыт?

Лъагъуныгъэм мыхьэнэ къилъыхъуэрэ? IэкIэ узэмыIусэфу, нэкIэ умылъагъуу, ауэ гукIэ зыхэпщIэм нэхъ дахэ къэгъуэтыгъуейщ. Си псэм и налъэхэр сошэщIри, сыхуэсакъыпэу лъагъуныгъэм и макъамэ сыпхуоуэ. А макъамэращ сызэрыпсэур, сызыгъэбауэр. Си бгъэм ущызщ, Аслъэн.

Сыту дахащэ мо мазэм идз нэхур... ТепIэн сщIынт ар, уэрэ сэрэ ди тепIэн, мазэ нурым къыхэщIыкIа тепIэн. Си пщIыхьым и псысэу узэрыщытыр пхуэсIуэтэнт. Си псэм хуэчэмым и гугъу пхуэсщIынт, уи гъусэу мы дуней дахэр къызэхэскIухьынт. Ауэ дэнэ къисхын апхуэдэ къару, си лъагъуныгъэм и жагъуэгъухэм срапэщIэтыфыну? Уи деж сынэзышэ лъагъуэр сыт хуэдизкIэ сымыгъэкъабзэми, къызэхъулIэркъым сыплъэIэсыну.

Укъыхыхьат си гъащIэм хьэщIэ зэмыжьэм хуэдэу. Iэпэхъым[1] ещхьу ар зэхигъэзэрыхьащ лъагъуныгъэ пхуэсщIам. СынокIуэри уи деж – сынэсыркъым, сыноIэбэри – сыплъэIэсыркъым. Си гур ичатхъэу, си псэр иуIэу пхузиIэ гурыщIэм нэхъ лъапIи симыIэ».

* * *

«Нобэ махуэри блэкIащ, Iэсият, уэрыншэу. Си гугъащ усщыгъупщэну. Си щхьэр къэзгъапцIэурэ сыкъэсащ нобэм... Си нэгу къыщIызогъэхьэж лъагъуныгъэм и таурыхъым зэгъусэу дыщыхэтар. Сопсэу гукъэкIыжкIэ...

– Аслъэн, зэгъусэу индийскэ кино дегъэплъ, – Iэсият жиIэр фIэгъэщIэгъуэну къоплъ щIалэр, ауэ хъыджэбзым зэрифIэщыр нэрылъагъут.

– Зымахуэ узэджар Диккенс и романкъэ? Индийскэ киномрэ Диккенсрэ мы уи щхьэ дахэ цIыкIум дауэ щызэгурыбгъаIуэрэ? – къыпыгуфIыкIыурэ хъыджэбзым и щхьэм Iэ делъэ, и нэкIум ба хуещI.

– Аслъэн...

– Хъунщ, деплъынщ, ауэ узэплъ хъун гуэр къыхэх...

Iэсият дискхэм хэдэри, зы къахихащи, щIалэм ар медиаплеерым дегъэувэ. АпщIондэху Iэсият пхъэщхьэмыщхьэр фалъэ куум иригъэзагъэри зыбгъэдигъэувэжауэ диваным исщ. Аслъэни кIуэри бгъурытIысхьэжащи, кином халъагъукIым нэхърэ къапсэлъымрэ

---

[1] Iэпэхъ – лъэпэд мастэкIэ зэрахъа. /Связанный вручную.

къадыхьэшхымрэ нэхъыбэщ. Кином зы щIалэфI закъуэ хэтыр щIалэ Iейхэм къаувыхьауэ яубэрэжьти, Iэсият игу техуакъым, фIэгуэныхь хъуащи, гъыну хьэзырщ.

– Аслъэн, Джимми иджыри яукIрэ?

– Хьэуэ, ешахэщи, загъэпсэху, тIэкIу дэкIмэ, къыщIадзэжынущ. Хъунщ, си гумащIэ цIыкIу, уи нэхэр къэгъэплъэж, къелащ уи Джимми.

– Укъысщымыдыхьэшх, зызгъэгусэнущ, – и Iэхэр и нэм къыIуихыжауэ, и Iупэхэр къегъэпщ Iэсият.

– Сыту дахащэу зигъэгусэрэ си псэм, – жиIэурэ Аслъэн хъыджэбзым зрешэкI.

Уигу къыщIинэн бэлыхь зыхэмылъ теплъэгъуэ, ауэ гум йохуэбылIэ, псэм фIэIэфIщ, блэкIам мыхьэнэ хелъхьэ... «БлэкIа» псалъэ гуащIэмкIэ гъэнщIа си гъащIэ IэфIыншэ...» – Аслъэн и щхьэр зэрихьэу щIыбым щIокI. Гупсысэ, гупсысэ...

«Си хъуэпсапIэхэм я къутахуэм зэхауIыхьа си псэм хущхъуэгъуэ хуэзгъуэтыркъым, Iэсият. Уи псалъэ къыхозмыгъалъхьэу, ди лъагъуныгъэм и унафэр си закъуэ сщIащ. ДыкъэзыщIэхэм псоми сагъэкъуаншэ, сынопэгэкIауэ жаIэ, ауэ ар пцIыщ. Сэ схуэмышэча щыIэщ. Хьэсэнрэ уэрэ фызэгъусэу си нэгу къыщыщIэувэм деж, нобэми сыкъолыд. Си фIэщ хъуркъым сэ уэ укъызэпцIыжауэ. Ауэ Хьэсэнрэ уэрэ фяку зыри дэмылъауэ ари си фIэщ схуэщIыркъым. Уэ пхузэхэхыну а щытыкIэр?.. Тхылъ... Аращ нобэкIэ си ныбжьэгъу пэжыр. Уэ пфIэфIу щыта тхылъхэр псори щIэзджыкIащи, нэгъуэщI мыхъуми, абыкIэ ди дунейр зы сощI».

«Аслъэн, сэ нобэ зы тхакIуэ къэсцIыхуащи!.. – Уи макъ жьгъырур си тхьэкIумэм итщ. – Мэлбахъуэ Елбэрдщ жыхуэсIэр. «ЩумыгъэпщкIуам щылъыхъуэ» романымкIэ дунейпсо литературэм дыхыхьэфынущ, апхуэдизкIэ ар лъэщщи»...

Уэху, Iэсият, уэху... ТIури дыкъуаншэщ. Сэ фIэщхъуныгъэр схурикъуакъым, уэ сыкъэбгъэувыIэфакъым, укъыскIэлъыджакъым.

Узэризакъуэрэ сыт хуэдэ гъащIэ къэбгъащIэми сэ сыщыгъуазэкъым, ауэ уэ иджы унэгъуэщI Iэсиятщ, дауи. Сэ уи дунейм сыхэтыжыххэу къыщIэкIынукъым. Хэт иджы къыббгъурытыр? Сэр нэхърэ нэхъ къыпхуэсакърэ? ЖыпIэр шэчыншэу и фIэщ хъурэ? УнасыпыфIэну сыхуейщ, ауэ нэгъуэщIым насыпыфIэ удэхъуным си псэр ехуз».

* * *

Аслъэн зыкIи къыкIэрыхуркъым Iэсият: мэпсэу гукъэкIыжхэмкIэ.

– ПсэкIэ зыхызощIэ жыпIэну узыхуейуэ жумыIэфыр. ЦIыхухэм щхьэкIэ къызогъанэ зыносшэкIыну.

– Къыумыгъанэ, Аслъэн, хэт щхьэкIи къыумыгъанэ... ГъащIэр езыр кIэщIщ.

– ПсэкIэ уэст жэуапыр зэхэпхрэ?

– ЗыхызощIэ, зэхызох. ЖумыIэ щIыкIэ къызощIэ.

– Iэсият, зы зыдгъэщI.

– Аращ сэри си хъуэпсапIэ нэхъыщхьэр.

– Iэсият, сыт фIыуэ сыкъыщIэплъэгъуар?

– Тхьэшхуэм укъысхуигъэфэщащи.

– ИтIанэ-щэ?

– Удахэщи.

– Зэ жыIэжыт а иужь жыпIар.

– Удахэщи, – жеIэ хъыджэбзым зэпишурэ, ауан ищI хуэдэу щIалэм нэбгъузкIэ хущIэплъурэ.

– Дахэр уэращ, си щхьэгъавэ цIыкIу.

Сыту цIыху дахащэ!.. Маринэ, Iэсият и адэ шыпхъум и пхъум, жиIауэ щытар игу къэкIыжащ: «Кином къыхэкIа хуэдэщ си шыпхъу цIыкIур, апхуэдизкIэ дахащэу, дагъуэншэу Тхьэшхуэм къигъэщIащи!»

«Ди лъагъуныгъэ тхуэмыхъумэжар, нобэрей хьэзабыр, закъуэныгъэр, блэкIам къыхэна жэщ IэфIхэр, псалъэ дахэхэр, си Iэхэм къалъыхъуэ уи Iэпкълъэпкъ лантIэр, пцIыкIэ уIэгъэ зытебдза си гур, уэрыншэ дунейр, жэуапыншэу къанэ си упщIэхэр, уэ узыхэмытыну пщэдейр – дэтхэнэра сыкъызэлынур?

Уэшх, щIымахуэ, жьапщэ, борэн – ахэращ си гум и щытыкIэм нэхъ ещхьыр».

* * *



Iэсият ищIэ хуэдэт зыгуэр зэран къызэрыхуэхъунур. Гузэвэхыу щытт. Аслъэн шэч къыщIытрихьэн зыри дилъагъуртэкъым, и фIэщ хъурт пэжагъкIэ къызэрыбгъэдэтыр, и гум щигъафIэр езы закъуэр зэрыарар. Ауэ, къызыхэкIыр къыхуэмыщIэу, гузавэрт, шынэрт.

– Аслъэн, уи телефоныр къоуэ.

– Къытесхынкъым, си псэ, иджыпсту зыми дигъэпIейтеину сыхуейкъым.

– Зы упщIэ пхузиIэт, хъунумэ.

– УэркIэ мыхъун зыри щыIэкъым, си псэ закъуэ, сытыт? – къыпыгуфIыкIыурэ йоплъ ар пщащэм.

– Фи деж ядэрэ уэ узыхуейр къапшэу?

– Ар сыт упщIэ? Си нэхъыжьхэр сыт хуэдизу сымылъытэми, абыхэм я унафэ къыхезгъэлхьэнукъым а Iуэхум.

– Уэ къыхэпхар ягу нэмысмэ, сыт пщIэнур? – трегъэчыныхь пщащэм.

– А къэхъункIэрэ хъунум сыт ущIытепсэлъыхьыр? УщIэшынэ щыIэу ара?

– НэгъуэщI къыуагъэшэну яужь ихьэхэмэ, дауэ зэрыпщIынур?

– Iэсият, си щхьэ и унафэ сэ сощIыжыф. Апхуэдэ ныбжьым ситкъым сэ зыгуэр къыспаубыдыну. ИлъэсипщIым нэблэгъауэ, си закъуэу сопсэу.

– Аслъэн, уэ насыпыфIэ узыщIыфыну щыIэр сэ зыращ. Сэ сыкъызэрыплъэгъуам хуэдэу уэ нэгъуэщI пхуэлъагъунукъым. Дэ тIур зы дыхъун хуейуэ Тхьэшхуэм иухащи, абы дыпэщIумыгъэувэ, – и фIэщу жеIэ Iэсият.

– УщIэгузэвэн щыIэкъым, жыпIэр зыхуэсхьынур къысхуэщIэркъым, си дыщэ.

– Аслъэн, лъагъуныгъэм сытым щыгъуи жагъуэгъуи бии иIэщ. Iэмал имыIэу къыкъуэкIынущ дяку къыдыхьэн. Ди гурыщIэр дэ дымыхъумэжыфмэ, абы къыпэрыуэнухэм я мурадыр къайхъулIэнущ. Сэращ къэпшэнур, пэжкъэ? – Аслъэн и нэ къыдэджэгухэм хъыджэбзыр и фIэщу щIоплъэ, жэуап къыщилъыхъуэу.

ИкIи щыуэркъым: Аслъэн лъагъуныгъэ къыхуиIэр щIелъагъуэ абыхэм. Нэхэм укъагъэпцIэфыркъым, абыхэм псэм и гъуджэкIэ йоджэ.

– КъакIуэ мыдэ, си делэ цIыкIу, сэ уэ хэт щхьэкIи IэщIыб усхуэщIынукъым, – и нэ нагъуитIымкIэ гуапэу къеплъурэ, хъыджэбзыр зрешалIэри, IэплIэм ирекъузэ Аслъэн. Iэсият и гур къызэрыгъуэтыжащи, фIыуэ илъагъум зыкIэрешытIэ. Зыми зэхамыхыу, Iущащэурэ лъагъуныгъэ псалъэхэр зэжраIэ...

Нэху щыри, Аслъэн и анэр нысэу къызэрыхуэмеймкIэ Iэсият хъыбар къыIэрагъэхьащ.

## Еханэ Iыхьэ

## *ЖаIэ лъагъуныгъэм къигъэзэжу*

Москва къикIыу Истамбыл къэлъэта кхъухьлъатэм цIыхухэр зэкIэлъхьэужьу къикIырт. Iэсият къикIыпIэм къэблэгъат и гур къыхэзыгъэузыкIа цIыхухъу макъыр щызэхихам. ЕплъэкIыну шынащ: къыфIэщIар пэжу къыщIэкIмэ, къызэфIэщэхэнкIэ хъунут.



ИтIани хуейт а макъыр зыхуигъэфэщам еину, ар гъунэгъуу щыIэу къыщIэкIыну. ДэкIуеипIэм къеха нэужь цIыхухэм яхэплъащ, ауэ къилъыхъуэр яхигъуэтакъым. «Къысщыхъуауэ къыщIэкIынщ. Дэнэ щыслъагъун жысIэу си гъащIэр изохьэкI», – игурэ и щхьэрэ зэбгъэжат цIыхубзым.

Таксим къыздиша хьэщIэщыр зэпэщу къыщIэкIащ. И хьэпшыпхэр я пIэ иригъэзэгъащ, псы зыдигъэжэхащ, иджы зиукъуэдияуэ и Iуэхухэм йогупсыс.

Абы и анэ тхьэмыщкIэр щIэхъуэпсу щытат и адэ къуэш бынхэр къигъуэтыжыну. Езыр хунэмысауэ дунейм ехыжащ, иджы ар Iэсият егъэзащIэ. Иретыншыж къэзыгъэщIам пасэу зришэлIэжам и псэр.

ТIэкIу зигъэпсэхумэ, Алихъан и деж псэлъэнщ. Нобэ къызэрылъатэр зыми къригъэщIакъым, хуейтэкъым Iыхьлыр игъэгузэвэну. Аращ хьэщIэщым къыщыувыIэм нэхъ къыщIищтар.

Iэсият Истамбыл къэзышар граждан зауэм къыхэкIа насыпыншагъэт. А лъэпкъ зэрыукIым и ужькIэ, Iэсият и адэшхуэр къанэри, и къуэш Рашид Тыркум Iэпхъуат. Хэкум къинэмэ, ягъэкIуэдынкIэ шынагъуэ иIащ, иджы, хэхэсми, къыздэкIуар етIуанэ хэку хуэхъуауэ, унагъуэу щопсэу.

Рашид щикIым, адэ-анэм я къуитIым къыхуагъэна мылъкур тIу иращIыкIат, икIи тхьэ зэхуаIуат, езыхэрами, къалъхужахэрами, зэрыгъуэтыжыну, тIу иращIыкIа мылъкури зы ящIыжыну.

Нобэ ар яхуэзэнут хъыбаркIэ фIэкIа имыцIыху и Iыхьлыхэм.

ТелефонкIэ зэрыщIащ, зэгурыIуахэщ. Зэманыр къэблэгъащ, хьэщIэщым и фойем ехын хуейщ.

– Iэсият!

ЦIыхубзым къицIыхужа макъым зэуэ зэщIигъэувыIыкIащ. Сыту куэдыщэрэ ежьат ар къыкIэлъыджэным, итIани, щхьэ апхуэдизу и гум ежэлIа зэхихар... Абы и пащхьэм къоувэ Аслъэн.

– Аслъэн, – ерагъыу къыдрешей зи фэр пыкIа цIыхубзым.

– Хэт и гугъэнт хамэ щIыпIэм... Дауэ ущыт, Iэсият?

– Сэ... – кърригъэжьат абы, ауэ и псалъэр и кIэм нэмысу, зы щIалэ абрагъуэ къыбгъэдыхьэри, фIэхъус кърихащ, гуапэу зыкърришэкIыурэ. Ар зылъэгъуа Аслъэн нэщхъейуэ къыпыгуфIыкIри, икIуэтурэ IукIыжащ.

– Аслъэн... – хуеплъэкIырт абы Iэсият, ауэ щIалэм и щIыбыращ илъагъужар.

И лъэр щIэщIэми, къигъуэтыжа дэлъхум апхуэдэ гумахагъэкIэ занщIэу гу зылърригъэтэну хуэмейуэ, зэрылъэкIкIэ зиIыгъащ.

Аслъэн куэдрэ и нэгу къыщIигъэхьэрт фIыуэ илъагъу цIыхубз цIыкIум зэрыхуэзэну щIыкIэр, ауэ хэт и гугъэнт ар хамэ къэрал къыщыхъуну. Iэсият Iэнкун къызэрыхъуам гугъэ кърритат иджыри гурыщIэ гуэрхэр игу къыхуилъу. Ауэ апхуэдиз зэманым ар и закъуэу псэуауэ фIэщхъугъуейщ. А гупсысэм ишхт Аслъэн сытым щыгъуи. Iэсиятрэ нэгъуэщI цIыхухъурэ зэгъусэу... Апхуэдэ къэхъун хуейкъым. Хьэсэнщэ? Ари къэмыхъуауэ пIэрэт?

Iэсият хамэ къэрал и закъуэу къэкIуакъым, дауи. Ар зыгуэрым къишащ. А зыгуэрри иджыпсту езым и нэкIэ илъэгъуащ. Аргуэру и нэкIэ илъэгъуащ. Ай бетэмал, къысхуемыгъэзэжын зэман! Iэсият, Iэсият, мыхъужын уз...

Фойем и щхьэгъубжэшхуэм дэплъу тIысащи, елъагъу Iэсият щIалэ мыцIыхум и гъусэу машинэм итIысхьауэ зэрыIукIыр. Аращ-тIэ, абыи и гъащIэр къэувыIакъым, мэпсэу, къыхуей къыкъуэкIамэ, сыт щхьэкIэ и закъуэу псэун. Ар цIыхубз дахэщ, езым игъэунэхуакъэ абы гуапагъэу цIыхухъум иритыфыр зыхуэдэр. Игъэунэхуащ... Аракъэ езым и пIэ нэгъуэщI иувауэ и нэгу къыщыщIыхьэкIэ Iэл щIэхъур. Езыращ Iэсият зейр. А гупсысэм щIалэр дыджу щодыхьэшхыж. Езыракъэ Iэсият хамэ зыщIари...

БлэкIам къэгъазэ иIэкъым, ауэ лъагъуныгъэм къигъэзэжу жаIэ. Сэ къэзгъэзэжынут, Iэсият, уэ хуит сыпщIамэ. Зы махуэ къэхъуакъым сигу ущимылъа, уи теплъэр си нэгу щыщIэмыта. Ей, Аслъэн, уи Iэр пшиямэ, улъэIэсыну уи гъунэгъуащ уи псэм щыбгъафIэ Iэсият. Гурыщхъуэм гъуэгу къыуитыркъым. Аргуэру бгъэпсэлъакъым, и Iуэху зыIут къэпщIакъым. ЦIыхухъу къыщIыбгъэдыхьэххар сыт, жыхуэпIэу, уи щIыб хуэбгъэзащ. Ухуитт уэ апхуэдэу ткIийуэ Iэсият ухущытыну? СыткIэ къилэжьа?

* * *

Ауэ сытми зэхуэзэ щыIэкъым. Къэхъуу хъуар гъащIэм тхуитха напэкIуэцIщ. Ауэ сытми зэфIэкIуэдыжи щыIэкъым. Ар зыгуэркIэ къэдлэжь гъэунэхуныгъэщ. ГъащIэм къыдбгъэдилъхьа фIыгъуэм дыщепэгэкIым деж, езыри къыдолъэстауэ. Къыдитар ттрехыж, ди гум дыркъуэ къытредзэ. Ттрихыжар къыдитыжынкIи мэхъу, ауэ ар иджы

псэ гугъуехькIэ къэблэжьыжын хуейщ. Апхуэдэ IэнатIэщ иджыпсту Аслъэн зыIутыр.

«Си дежкIэ узэрылъапIэщ, Аслъэн, – гупсысэрт Iэсият къыпыгуфIыкIыурэ. – Уи гуфIэкIэр куэдрэ си нэгу къыщIыхьэрт, ауэ иджырей гуфIэкIэр япэрейм ещхьыжкъым. Нэщхъеифэщ. Сыту успэгъунэгъут нобэ, сытуи успэжыжьэт. Си дунейм укъыхыхьэжынкIэ сыгугъэу сопсэу. Гъэхэр макIуэ. Мы илъэсри аращ: бжьыхьэр щIымахуэкIэ ихъуэжащ, щIымахуэри мыпIащIэурэ икIащ.

Иджы гъатхэщ. Лъагъуныгъэм къигъэзэжу жаIэ. Гъатхэу абы къимыгъэзэжмэ, сытым щыгъуэ...»

* * *

Iэсият Мейкъуапэ къыщыкIуа япэ илъэсым Мадинэрэ абырэ зэгъусэу псэуащ. ИужькIэ Мадинэ щхьэхуэу фэтэр къищтэри, хьэщIапIэ зэхуэкIуэу хъуащ. Къэбэрдейм игъэзэжын гугъу зэи зымыщIам зэуэ къызэкъуихри, кIуэжыпэну къыжриIат. Зэтриубла лэжьыгъэр къигъанэу щIэкIуэжынур езы Мадинэ щыжимыIэм, Iэсияти хигъэзыхьакъым.

Ар сыт щыгъуи хущIэкъуат Мадинэ шыпхъу хуэдэу хущытыну, ауэ езым тIэкIу зэпэIэщIэмэ нэхъ къызэрищтэр нэрылъагъут. Абы гу нэхъ лъыптэ хъуат Адыгейм зэгъусэу къызэрыкIуэрэ. Iэсият къыгурыIуэртэкъым ар къызыхэкIыр. КъыщIыхьамэ, сабийм дэджэгурти, езым къызэрепсэлъа щымыIэу щIэкIыжырт. КуэдкIэ зихъуэжат а хъыджэбзым. Ар гуфIэрейуи гушыIэрейуи щытауэ къыпхуэщIэжыртэкъым. ЗэрыкIуэжыпэнур къыщыжриIэм, Алий цIыкIуи къищтэри къэкIуат, иригъэжьэжын мурад иIэу, ауэ фэтэрри итыжри, езыри ежьэжауэ кърихьэлIащ. ТелефонкIэ щепсалъэм, зэрынэсыжрэ зыкъом щIауэ къыщIэкIащ. Мадинэ и щIыIагъыу къепсэлъам къыгуригъэIуат Iэсият абы деж афIэкIа псэлъэн зэрыхуэмейр.

Унэм къэсыжыху егупсысащ ныбжьэгъуу илъытэм и кIуэжыкIэми, къызэрыхуэщIыIэми, ауэ абы апхуэдэ и япэщIэтэкъыми, и гупсысэхэр зыщхьэщихуну иужь ихьащ Iэсият.

– Куэдрэ сызэбгъэжьащ, Iэсият, дэнэ мы щIалэ хахуэр уи гъусэу уздэщыIар? – къыпежьащ абы и гъунэгъу Саидэ, щIалэ цIыкIур игъэгуфIэну къыхуихьа джэгуалъэр иIыгъыу.

– Сэри аращ жысIэр: дэнэ сыздэщыIар? – гушыIащ Iэсият.

* * *

– УзэрыIукIрэ сыножьэ, Iэсият. Дэнэ а щIалэ мыцIыхум и гъусэу уздэщыIар?

– Жэуап уэстын хуей?

– Хьэуэ.

– Уэ дэнэ ущыпсэур, Аслъэн?

– Ар уэ бощIэ фIы дыдэу.

– СщIэркъым.

– Къэгъанэ, Мадинэ си деж ныщыкIуэм, уэракъэ дэкIуэтар, кхъухьлъатэм изыгъэтIысхьар?

– Мадини? Хэт Мадинэ?

– Уи ныбжьэгъу Мадинэ.
– Сэхъу Мадини?
– Аращ...
– Ар уи деж сыт нышIэкIуар? – зэхихыр и фIэщ мыхъуу, еупщIащ абы Iэсият.
– Мадинэ си щхьэгъусэщ сэ.
– Ар дауэ?

ЩIалэм къыгурыIуащ и гъащIэм къыщекIуэкIым Iэсият зыри зэрыхимыщIыкIыр.

– Сэ уэ пщIэ си гугъащ, – ерагъкIэ къыдришеящ Аслъэн.

Iэсият зытес шэнтым къещэтэхрэ пэт Аслъэн пхъуэри иубыдащи, гъащIэ зыхэмылъыж цIыхубз Iэпкълъэпкъыр зэщIеIыгъэ. ИужькIэ IэплIэкIэ къещтэри, мыжыжьэу щыт диваным ирегъэгъуалъхьэ: Аслъэн къыгурыIуат бзылъхугъэм и лажьэр, ауэ зэреIэзэн Iэмэпсымэрэ хущхъуэрэ щыIэщIэмылъкIэ, дэIэпыкъуэгъу псынщIэм къемыджэу хъуакъым.

– Зэхэпха, Iэсият, дохутырым жиIар? Укъэмытэджу хэлъ, сэри ахэр къызэрызгъэгугъар згъэзэщIэнщ, – нэжэгужагъэ хэлъу, къопсалъэ ар цIыхубзым.

– Сэ мыбы Iыхьлы щызиIэщ, абыхэм хъыбар езгъэщIэнщ, гугъу зумыгъэхь.

– Ар гугъуехьу ара? Ахэри умыгъэгузавэ, сэ мыбдеж сыщыIэу. Iыхьлым я закъуэ уэ мыбы ущиIэр, сэри сыуиIэщ, Iэсият.

– УзиIэтэмэ, Аслъэн...



Зыкъомрэ цIыхубзым бгъэдэсри, нэхъыфI къызэрыхъужар щилъагъум, Аслъэн щIэкIыжащ, и нэгум зы тегушхуэныгъэ гуэр илъу. Унэм зэрыщIыхьэжу, и щхьэгъусэм деж псэлъащ:

– Мадинэ, сыт Iэсиятрэ сэрэ ди Iуэхум гъэпцIагъэ къыщIыхэплъхьар?

– Сыт хуэдэ гъэпцIагъэ? – зэхихыр и фIэщ мыхъуу, щIоупщIэ Мадинэ.

Сыт Iэсият и цIэр дунейм къыщIытехьэжар? Игу къыщIэкIыжар сыт? Ар абы и гъащIэм хигъэкIат, Аслъэн гъусэ хуэхъуну мурад щищIам. Иджыри къэс абы зыкIи зыкъигъэнэхуатэкъым, зэран яхуэхъуатэкъым, и псэр дапхуэдизу гугъу емыхьми. Зэрысабийрэ Аслъэн абы игу ирихьырт. БалигъыпIэ иува нэужь, фIыуэ зэрилъагъур къыгурыIуащ, ауэ Аслъэнрэ Iэсиятрэ зэхуащIа лъагъуныгъэр зэрыгуащIэр ищIэрт. ЕджапIэм щыщIэтIысхьа махуэм щыщIэдзауэ Iэсиятрэ Мадинэрэ зэныбжьэгъуфIт. Хэт ищIэнт и ныбжьэгъу хъыджэбзымрэ фIыуэ илъагъу щIалэмрэ зэкIэрыпщIэну.

Аслъэн дежкIи ныбжьэгъуу арат Мадинэ. ЗакъригъэщIакъым, яку дыхьэну иужь ихьакъым.

Ахэр зэрызэпикIуэтар и фIэщ хъуа нэужьщ, Аслъэн нэхъ гъунэгъу зыхуищIыну щытегушхуар, ауэ ар Iэсият щибзыщIащ, щIыжриIэн щыIэуи къилъытакъым. А тIур куэд щIауэ зыкIи зэпхатэкъым, ауэ лъагъуныгъэр зэрымылъэужьыншэр ищIэрти, абы зыгуэр ещIэн хуейт. НэгъуэщI и Iэмалкъым, игу щыгъэкIын хуейуэ аращ. Аслъэн щIигъэдэIуащ Iэсият «дилъэгъуа» псынщIагъэм: цIыхухъухэмкIэ хэдэхэплъэ имыщIу, кIэрыутIыпщ хъуауэ, щIыдэмыкIуэри арауэ.

Щхьэж зэрылъэкIкIэ и насыпыр къезэу. Мадинэ пцIыкIэ зэтриухуат и насыпри, сытым щыгъуи шынагъэ иIэт лъэлъэжынкIэ.

Аслъэн и телефон номерыр Мадинэ зыIэригъэхьэн мурад щищIар Iэсият и къуэ цIыкIур илъэситI щыхъуа махуэрат. Iэсият и гущIагъщIэлъхэр къищIэным папщIэ, псалъэмакъ иришэжьат:

– Iэсият, сыт хэкум ущIэмыкIуэжыр?

– Сэ хэкум зыри къыщызэжьэркъым. Си адэр дунейм ехыжащ, си шыпхъур унагъуэу мэпсэури, дыщыхуейм деж дызэрогъуэт. Зэзэмызэ сыщыкIуэжми, сыщымыIэфу сыкъокIуэж. Аслъэн здэщымыIэм сэ сыт щысщIэн? ЗыкIи сыщIэупщIэркъым, и Iуэху зыIут зэзгъэщIэнуи сыхэткъым, зыгуэркIэ унагъуэ хъужауэ, емыкIу къэсхьмэ, жызоIэри.

– Унагъуэ хъужамэ, Iэсият, сыт-тIэ абы щхьэкIэ?

– Ана-а-а, унагъуэмэ, сыт сэ абы сащIыхэIэбэн хуейр? Си тхьэмыщкIапIэ сисыжмэ нэхъыфIщ.

– Щхьэгъусэ иIэкъым абы, тIасэ, сэ ди классэгъухэм къызжаIащ.

– Щхьэгъусэ имыIэми, сыкъилъыхъуэркъым.

– ЖеIэ къуэ зэриIэр.

– Сэ къысхуэмейр си бын къыхуеину? Хьэуэ, зэрыхъуам хуэдэу щрет. Сэ къысхуэмейр сабийр къэзгъэсэбэпу зэсшэлIэнукъым.

Мис абы щыгъуэщ Мадинэ мурад щищIар Аслъэн зыкъригъэщIэну, фIыуэ зэрилъагъур жриIэну. Мис абы щыгъуэщ...

Лей зэрихьауэ жыпIэ хъуну? Зэрихьакъым. Аслъэн и псэр хуит ищIын щхьэкIэщ Iэсият пцIы щIытрилъхьар. Абы щхьэкIэ бгъэкъуаншэ хъуну ар?

Илъэсищым нэблэгъауэ насыпыфIэу зэдопсэу, зэдолажьэ. ЩIалэм и адэ-анэр къадэIэпыкъури, я къуэ закъуэм и хъуэпсапIэр хузэфIагъэхьащ. Клиникэ къызэIуихащ, Саратов дохутырыфIхэр кърригъэблэгъауэ егъэлажьэ. ПсэукIэ дахэ зэтраублащ. Иджы Тыркум симпозиум кIуа Аслъэн дауэ къызэрыщIигъэщар Мадинэ и пцIыр? Дауэ къызэрищIар? Iэсият щрихьэлIауэ пIэрэ? «Хьэуэ, иджыпсту ар абы кIуэфынукъым, и зыгъэпсэхугъуэ мазэкъым. Армырами, и хьэлкъым и гъащIэм и къекIуэкIыкIам тепсэлъыхьу. ДауэтIэ? Сыт сщIэнур? Зызумысыжыну е жысIам сытетыну?» – ищIэнур къыхуэщIэркъым Мадинэ.



* * *

Iэсият къэтэджыну хуежьэри, и щхьэр унэзащ.

– Аслъэн, – гужьеяуэ джащ ар. Зи къыщIыхьэгъуэр абы техуа Аслъэн къыбгъэдэлъадэри, Iэсият хуэсакъыпэу къызэфIигъэтIысхьащ.

– Аслъэн, сыт сыкъыщIумылъыхъуар? Сыт сыкъыщIумыгъуэтар? Мадинэ псори къыбжиIат, сыт уи къуэр плъагъуну ущIыхуэмеяр? Къыпхуэныкъуэми пщIэртэкъыми?

Зэхихам игъэундэрэщхъуащ лIыр, ауэ къуэ иIэу зэримыщIэр къыгуригъэIуакъым. Iэсият зыкъиужьыжмэ, абы и унафэ ящIынщ зэгъусэу, иджыпсту и узыр узитI хуэпщI хъунукъым.

– Мис, Тхьэшхуэм дызэришэлIэжащ, Iэсият, иджы зым щхьэкIи умыгузавэ, адэкIэ псоми и унафэ сэ сщIынщ. Сэ сыуиIэкъэ? СыуиIэщ, си псэ, мы хущхъуэхэм ефи, зыгъэпсэху.

– Аслъэн, – нэщхъейуэ къыхуеплъэкIащ абы Iэсият.
– Сыт, си дахэ?
– Уи цIэр сигу къэкIащ, жысIэурэ сыщIэдэIуну сыхуейщ.
– Iэсият, Iэсият дахэ, жыIэ иджыри, умыувыIэу жыIэ, сэри сыхуезэшащ уи цIэм.
– Аслъэн, сыкъэушыжмэ, услъагъуну? УкIуэдыжынукъэ?
Нобэрей махуэр етат хъыбарыщIэкIэ.
«Мадинэ, Мадинэ, сыт щхьэкIэ сынодэIуат? Дауи си фIэщ хъуат къызжепIахэр? Дауэ сыпшыныжыну гуэныхь къэсхьар? Зы щIыпIэкIэ си бын къыщохъу, зыри хэзмыщIыкIыу, нэгъуэщI щIыпIэкIэ унагъуэ нэпцI щызоухуэ, хъыджэбз пцIыупсым жиIэхэр си фIэщ хъуауэ. Iэсият, уэ къызэфIэувэж закъуэ, адэкIэ къэхъунур сэ си Iуэхущ.

Сыту пIэрэ иджыпсту си къуэм ищIэр? Хэти и гъусэ? Сыти ишхрэ? И ныбэ изу гъуэлъыжа? Си щIалэ, зи цIэр сымыщIэ си къуэ, афIэкIа зы махуи сэрыншэу узгъэпсэункъым. Уэ, сэ, мамэ... Дызэгъусэнщ. ПщIэрэ, си щIалэ цIыкIу, сэ уэ фIыуэ узолъагъу. УсцIыхуркъым, услъэгъуакъым зэи, узиIэуи сщIакъым. Бынып псэм и хъуахуэщ, жаIэ. Ар иджыпсту сэри зыхызощIэ.
Еплъыт, си къуэ, мы дунейм и дахагъым. Сэ уэзгъэцIыхунущ ар. Си адэм япэу шым сыщытригъэтIысхьар сощIэж. «Зэи укъемыпсых, си щIалэ. Сытым щыгъуи шы жэр тес», – къызжиIат. Уэри утезгъэтIысхьэнущ шы жэр. Зэгъусэу къызэхэткIухьынщ губгъуэхэр, къуакIэбгыкIэхэр, къуршым дынэсынщ, мэз лъапэм пщыIэ щыдгъэувынщ, зэгъусэу мафIэ тщIынщи, лэгъупыIэмпIэр зэфIэддзэнщ. Сэ бжесIэнщ хъыбар гъэщIэгъуэнхэр, уэ себгъэдэIуэнщ сэрыншэу узэрыпсэуам. Зи цIэр сымыщIэ си къуэ, у-Iэдэм, у-Нурбий, у-Алий? Уи цIэ сымыщIэр сигу ирохь, си гум иджыпсту къыщеуэ макъамэр къезыгъэуауэр уэращ, си гъащIэм мыхьэнэ хэзылъхьэжари уэращ».
Телефоным и макъым зыкъригъэщIэжащ Аслъэн.
– Сыт, Мадинэ, къэхъуар?
– Ар уэ уи къуэкъым, – къоIукI телефоным.
– Хэт зи гугъу пщIыр?
– Алий цIыкIу уэ уи къуэкъым.
– Абы нэхъ уи Iуэху зыхэмылъ щыIэкъым.
– Хьэсэнщ ар зэщхьыр.
– БжесIакъэ абы уи Iуэху зэрыхэмылъыр?
– Сэ сыт сщIэнур?
– СыкъыщыбгъапцIэм пщIэнур пщIат уэ, къэбгупсысынщ иджыри зыгуэр.



* * *

– Си Iуэхухэр зэфIэкIащ, си Iыхьлы къэзгъуэтыжахэм сэлам есхыжмэ, сежьэжынущ, – къыщIыхьэжа щIалэм жреIэ цIыхубз цIыкIум.
– Сыт хуэдэ Iыхьлы, Iэсият, къэбгъуэтыжахэр? Ущхьэжагъуэти, зыми сыщIэупщIакъым, – гуапэу еплъурэ йоупщI Аслъэн цIыхубзым.
– Хъыбар кIыхьщ ар. ИужькIэ...
Аргуэру зэпсалъэрт а тIур гукIэ, псэкIэ, нэкIэ.

Іэсият ещхьт толъкъун губжьам куэдрэ езэуам. ТекІуащ, ауэ, иригъэзэшащи, къаруушэу ныджэм телъщ. Аслъэни и нитІым нэщхъейр къыщІэнат. Ар щытыкІэ хуэхъуати, щыдыхьэшхкІи, и нэхэр гуфІэртэкъым.

Телефоныр аргуэру къеуащ, и анэрат къэпсалъэр.

– СынодаІуэ, мамэ, уи махуэ фІыуэ!

– НэхъыфІыжу, Аслъэн! Сыт мы Мадинэ жиІэхэр? Тыркум нэс ущІэкІуар унэкъутэ ухъун хуейуэ арат? – Фаризэт къызэрыкІат, ауэ псэлъэгъуэ къритакъым и къуэм:

– Мадинэ жыхуаІэм къилэжьыркъым бгъэпсалъэу уедэІуэну. Сэ сынэкІуэжмэ, псори бжесІэжынщ, ауэ ущІэгузэвэн зыри щыІэкъым, узыщыгуфІыкІын хъыбарщ ныпхуэсхьынур. Уэ езыр уузыншэ?

– Псори дыхъарзынэт, уэ думыгъэгузэвамэ. Узыншэу тхьэм укъихьыж, тІасэ. Дыножьэ.

– Упсэу, мамэ. ФІыкІэ.

Фаризэт и нэгу къыщІыхьэжащ хъыдан жэрумэм кІуэцІылъ сабий зыІыгъыу и бжэм къытеуІуауэ щыта цІыхубз ущхъуэнтІар.

* * *

Плъыфэ зэмыфэгъухэмкІэ нэмрэ псэмрэ къыдэджэгу бжьыхьэм хьэщІагъэ ирихырт дунейм. Езыми зыкъыхуигъафІэрт. ДыгъэпскІэ жумартт, тхьэмпэ пылъэлъыжхэм я макъамэр, тІэкІу узыгъэнэщхъей нэщэнэми, псэм фІэфІт. Жэщхэр щІыІэбжь хъуат. Дунейр зытетын хуей хабзэм тетт.

– Аслъэн, си щІалэ, зы упщІэ пхузиІэщ. ЩІалэгъуэ-делэгъуэ зимыІэ щыІэкъым. Сыанэщ, согузавэри, сыноупщІ. Бын уиІэнкІэ хъуну?

– СиІэнкІэ хъунукъым. Сэ бын сиІамэ, ар уи жыхафэгум къыщыхъунут. Ар сыт упщІэ?

Аслъэн хьэлкІэ и адэшхуэ Хьэжысмел ещхь хъужат. ТкІийт, зэпІэзэрытт, дыхьэшхыу куэдрэ плъагъунутэкъым, и нэгум уиплъэкІэ, зэгупсысыр къэпхуэщІэнутэкъым. ТеплъэкІи ещхьт: пкъыфІэт, зэкІужт. ХьэщІэщым узэрыщІыхьэу занщІэу узыІуплъэ блыным абы и сурэт Іэрытх фІэдзати, абы укъигъэуІэбжьырт. Адэшхуэри къуэрылъхури адыгэ усакІуэ ЩоджэнцІыкІу Алий ирагъэщхьырт зылъагъухэм.

Зы пщэдджыжь гуэрым Фаризэт Аслъэн деж кІуауэ, ирихьэлІат пщэфІапІэм и утыкум абдж къутахуэ изу илъу. Гужьеяуэ и къуэм щеплъым, щІэгузэвэн щымыІэу, зыри къэмыхъуауэ, жиІэри, ІэплІэ къыхуищІауэ тІэкІурэ щытащ.

И щыгъынымрэ шэнтым тет плІэрыдзэмкІэ анэм къыгурыІуат и къуэм зыздигъэхьэзырар.

– Іуащхьэмахуэ, Аслъэн, уи гъуэгур? – еупщІащ ар, сытми зыгуэр жиІэн щхьэкІэ.

– Іуащхьэмахуэщ. Узыншэу, мамэ, сыкъэкІуэжмэ, дызэпсэлъэнщ.

– Алыхьым укъихъумэ, тІасэ, – анэм и гур нэхъ псэхужат, ауэ хьэкъущыкъур зэтрикъутэн хуей щІэхъуар къыхуэщІэртэкъым.

* * *

Iэсият зэгупсысыр нэхъыбэ мыхъуамэ, зыкIи нэхъ мащIэ ищIатэкъым Аслъэн зэрыхуэзэжам. КъыгурыIуащ ахэр тыншу зы зэрымыхъужыфынур.

Апхуэдизк1э и закъуэу, гугъэкIэ псэууэ есати, езы дыдэм и фIэщ хъужыртэкъым нэгъуэщI псэукIэ щыIэу. Абы къищынэмыщIауэ, Мадини Аслъэн зейхэми зэрапэщIэтын къару иIэтэкъым. МащIэ ишэча, мащIэ игъэва абы?.. Алий цIыкIуху ирихьэкIа тхьэмыщкIагъэри хурикъунти...

– Аслъэн, сэ сыкъамыдэу къэувыну уи Iыхьлыхэм сазэрыпэщIэтын къару къысхуэнэжакъым. Алий цIыкIу сымаджэрилэти, илъэсищ хъуху и гъащIэм сыщIэбэнащ, псэуныгъэм пыщIа гугъуехьхэр си закъуэ згъэзэщIащ. Мы илъэсым нэхъ зыкъэзужьауэ аращ, си лэжьыгъэр нэхъыфIкIэ схъуэжати. Уэ ар къыбгурыIуэнукъым, бгъэунэхуакъыми. Уэ гугъу уемыхьыщэурэ гъащIэ гъуэгум урикIуащ.

– Иджыри къэс уи гум щыпхъума а лъагъуныгъэм ара фIэщхъуныгъэу хэлъыжыр? Ар дауэ?

– Хьэуэ, Аслъэн, ди щхьэр тIуми къэдгъэпцIэжынкъым. Уэ щхьэгъусэ уиIэщ, сэ уи унагъуэ сыныхэIэбэнукъым. Си благъэхэм деж сынэбгъэсмэ, нэхъыбэкIэ сыпщыгугъкъым. Ныщхьэбэ Москва лъатэ рейсым ситIысхьэжынущ, абыхэм тIэкIу сабгъэдэсыжынщ, срагъэжьэжынуи хуейхэщ.

– Уэ иджыри махуищ уиIэтэкъэ?

– Сыхуейкъым апхуэдизрэ зысIэжьэну. Си Iуэхухэр щызэфIэкIакIэ, сабийм деж сыкIуэжмэ нэхъ къэсщтэнущ. Зэи и закъуэ къэзгъэнакъыми, согузавэ.

– ЗыIэжьэ, сынолъэIу, дызэгъэпсалъэ. Си къуэм и гугъу къысхуэщI, ди щхьэм унафэ тедгъащIэ. Япэм си закъуэ къэсщтащ унафэр, иджы сыхуейщ зэгъусэу ди псэукIэ хъунум дытепсэлъыхьыну, – Аслъэн, Iэсият игъэщтэнкIэ шынэ хуэдэ, хуэмурэ бгъэдэкIуатэрт.

ЩIалэм и бауэ макъыр зэхех, и Iэр къеший, зыкъришэкIыну хуейуэ... Iэсият щIалэм зэуэ зыпыIуидзащ.

– ХьэщIэщ лъагъуныгъэ, махуищ лъагъуныгъэ сэ сыхуейкъым, Аслъэн. Мыпхуэдэутэкъым ди зэхуэзэр си хъуэпсапIэхэм зэрыхэтыр.

Iэсият и телефоныр къеуати, ар и щхьэусыгъуэу Аслъэн пэIэщIэ зищIащ. ИмыцIыху номерт къэзыщIри, Iэнкунурэ къищтащ.

«Мадинэ...», – жиIэри, и Iэпэхэр къиса нэхъей, телефоныр гъуэлъыпIэм иридзащ, езыри хуэмурэ ещэтэхащ. Зи фэр зэщIэкIа цIыхубзыр къипхъуатэри, Аслъэн ар диваным иригъэгъуэлъхьащ.

– Iэсият, си Iэсият дахэ, къыпщыщIар сыт? УздэкIуэм уоукIурийри.

– Сыт бжесIэн?.. Куэдрэ сыножьащ, куэдыIуэрэ. Иджы, мис, си пащхьэм уитщ, сынэIэбэмэ, сыплъэIэсынущ. Ауэ сыт и мыхьэнэж ди зэхуэзэм? Пэжу зэупщIыж, Аслъэн: уэ ухуей абы? Сэри сынышIожьар къызгурыIуэжыркъым. Сыщыножьэм нэхъ успэгъунэгъуащ, сыщыпхуэзам нэхърэ. Уэ иджы уунагъуэщ, сэри закъуэныгъэм сесэжащ. Зэрыхъуам хуэдэу кърено псори.

– Iэсият, уи нэхэм нэгъуэщIщ къызжаIэр. Уэ пщIэрэ нобэрей махуэм сыкъыхуэзыша гъуэгур зыхуэдэр? И лъэбакъуэ къэс зы дыр-



7 Заказ №1150

къуэ къытринащ си гум. ГущIэгъу къысхуэщI, сынолъэIу. АфIэкIа успэIэщIэу сыпсэужыфынукъым, – и нэпс къыщIэжым щхьэкIэ укIытэжтэкъым Аслъэн.

«Аслъэн, Аслъэн, – игукIэ епсэлъылIэрт абы цIыхубз цIыкIур, – сыт си лажьэт?.. Уи фIэщ сыхъуакъым илъэситху ипэкIэ. Иджы сыт мафIэ ужьыхам къебгъэIуэтэнур. Сыкъарууншэщ, сыIэмалыншэщ. Сэ сызэса гъащIэмрэ уэ ууеймрэ зэтехуэркъым. Уи Iыхьлыхэм иджыпсту щыщIэдзауэ псалъэмакъ къыуащIылIэ. Зэхэмылъ ди насыпыращ псори зи лажьэр, си тIасэ».

Мадинэ къыгурыIуащ Iэсият и хъыбар Аслъэн къызэрыIэрыхьар. Иджы Iэмал къызыхуилъыхъуэр зыт: апхуэдизрэ зэжьа и унагъуэ насыпыр зэтемыщэщэжыну. Чэнджэщэгъу къилъыхъуэу, и гуащэм деж псэлъащ, Iуэхур зытетри хуиIуэтащ. Аслъэн куэдрэ фыз къахуимышэу дэсати, и анэр Мадинэ щыгуфIыкIат, игуми дыхьат. Гуащэр къызэрыкъуэувэнур ищIэрт, ауэ къуэм и унафэ зыми иригъэщI хабзэтэкъыми, арат нэхъ щIэгузавэр. ЕдэIуэну пIэрэ ар и анэм? Мадинэ, унэм щIэмызагъэу щIэкIри, Индыл Iуфэ кIуащ.

Псыежэхыр хъейуэ къапщIэркъым нобэ, и пIэ ит хуэдэщ. Абы еплъурэ, и гур мащIэу тригъэсабыращ. «НэхъыщхьэркъимыкIуэтыныращ. Сэ жысIам сытетынущ, сытекIынукъым, Аслъэнрэ Iэсиятрэ хуит зэхуэсщIынукъым. Куэдрэ сежьащ сэ абы, сакIэлъыплъащ, ауэ тIуми зы зэрыхъужын Iэмал къалъыхъуэу гу лъыстакъым. Иджы сыт къэхъужар? Сэри сыхуейщ насып. Сыхуейщ Аслъэн бын дэзгъуэтыну, зы унагъуэу дыпсэуну. Сэ нэгъуэщI фIыуэ схуэлъагъуну?» – и гупсысэхэр зыр зым кIэлъыкIуэрти, зы жэуап игъуэтыртэкъым. Жэщ хъури, къалэ уэздыгъэхэр къызэщIэблащ, унэм зэрекIуэлIэжын хуейр кърагъэщIэжу.

«Къэзгъуэтынщ хэкIыпIэ. Гуащэ-тхьэмадэр си телъхьэщ, абыхэм яфIэлIыкIынщ. Iэсият нысэу я унагъуэ къришэу зэрамыдэнур ещIэ», – и гур къызэрыгъуэтыжат Мадинэ.



... Пщэдджыжь нэмэзым телефоныр къеуэри, жэщ псом жейм емызэгъа Мадинэ къигъэскIащ. И гуащэрат къэпсалъэр.

– Мадинэ, къысхуэщIыт а цIыхубз напэншэм и гугъу: и псэупIэ, псэукIэ, лэжьапIэ, лэжьэкIэ, хэтхэ зэрысар, хэт сабийм и адэр – зыри къыумыгъанэ. Дэнэ къисха хъуну абы и хъыбар пэж? Умыгузавэ, тIасэ, сэ сщIынщ абы и унафэр.

ЦIыхубз напэншэкIэ зэджар Iэсияту къыщищIэм, Мадинэ къыгурыIуащ Iуэхушхуэ къазэрылъыкъуэкIар.

– Дэнэ уэ ар щыпцIыхур? Сыт ар зэрыкуэпэчыр Аслъэн щIыжумыIэр? – щIоупщIэ Фаризэт.

– ЖесIат, ауэ и фIэщ сыхъуакъым, – жи Мадинэ.

– Сэ къэзгъуэтынщ абы и Iэмал. ПсэкIэ спIа си къуэр сэ естынукъым зыхуэлъхуар зымыщIэж цIыхубз, – Фаризэт жиIэр хузэфIэкIыну и фIэщ хъурти, нысэми ар и фIэщ ищIат. Мадинэ Аслъэн и номерыр «къищыпат», ауэ модрейм къищтакъым. Тыншу зэримыутIыпщынур гуригъаIуэу, хуитхащ: «Сэри насыпыфIэу сыщытыну сыхуейщ».

Фаризэт, и пщыпхъур щIыгъуу, къалэм кIуат Аслъэн деж. Абы щыгъуэ зэрымыщIэкIэ ирихьэлIат Iэсият. Аслъэн щIэныгъэлI зэ-

рыхъуам щхьэкIэ тыгъэ хуищIын лъыхъуэу щIыхьат ар тыкуэн гуэрым. Абы щэхуакIуэу щIэт хъыджэбз тхьэIухудым и щIалэм къыхуищэхуну къилъыхъуэрт зыми емыщхь хьэпшып. Абы гу лъумытэнкIэ Iэмал зимыIэт: езыр зэрыгуакIуэм нэмыщI, щIалэцIэ къриIуамрэ тыгъэр къыщIищэхум и щхьэусыгъуэмрэ зэтехуэрт, езыри Iэсиятт. ЕтIуанэу щилъэгъуар сабий цIынэ цIыкIу иIыгъыу бжьыхьэ жэщ щIыIэм Аслъэн и бжэм къыщытеуIуарат. Апхуэдизу щIыIэм игъэундэрэщхъуати, ар а япэм илъэгъуа хъыджэбз лъагъугъуафIэрауэ къыпхуэцIыхужынутэкъым. Иджыпсту Фаризэт зыт и мурадыр: зэфIэкIыу иIэр къигъэсэбэпу, Аслъэнрэ Мадинэрэ я унагъуэр зэрихъумэным иужь зэритын. Ар зэрыгугъури къыгурыIуэжырт: Аслъэнрэ Мадинэрэ я зэхуаку зэпыщIэныгъэ дэлъыр махэт, зэпыудыгъуафIэт, лъагъуныгъэр зейр Мадинэт, Аслъэн анэм и лъэIукIэ ар къишауэ арат.

* * *

Аслъэн къызэрылъэтэжым и хъыбар яригъэщIат и адэ-анэм. Фаризэт, и къуэр къригъэблэгъэжыну, Саратов лъэтащ. Кхъухьлъатэм къикIыжа Аслъэн япэхэм хуэдэу щыгуфIыкIакъым къыпежьа и анэм. Абы фIы дыдэу къыгурыIуэрт ар къыщIэкIуар. Унэм нэсыжыху зы псалъи зэжраIакъым, зэрымыцIыхум ещхьт анэмрэ къуэмрэ. Бжэр къахуIузыха Мадинэ зигъэгуса хуэдэу зищIти, и лIым къыфIэIуэхуакъым.

Анэр къепсэлъэн и гугъэу къыбгъэдэтIысхьат, ауэ Аслъэн япэ зригъэщащ:

– Мамэ, сынолъэIу, къыщебгъэжьам щыщыгъэт, уи жагъуэ сщIыну сыхуейкъым.

– Хьэрэм усщIынущ, къуэуэ укъэслъытэжынукъым, уэсяти...

– Уи уэсятыншэуи сынытехьэнкъым уи хьэдэ, си анэ, – зэпиудащ зэсэжа псалъэхэр. – Зыгуэр уигу иримыхьыху, къыспэбгъэтIылъыр аращ. ПщIантIэми сыныдыхьэнкъым, сылIэми зызгъэлIэнщ, ауэ си гъащIэм уэри, уи нысэри, си адэри – зыри иризгъэджэгунукъым. Нобэрей кхъухьлъатэм иджыри иIэщ тIысыпIэ зытIущ. ТIури фыхунэсынущ абы фитIысхьэжыну. ЛэжьапIэм къыIуна уи тхылъхэмрэ хьэпшыпхэмрэ ныпхуезгъэшэжынщ, – зыхуигъэзащ абы Мадинэ. – ДэIэпыкъуэгъуу къебджа уи гуащэр зыщIыгъуи, кIуэж. Ауэ укъысхуемыплъэкI. Си гъащIэр щхьэ закъуэу схьа пщIондэ, сыбдэпсэунукъым. IункIыбзэр къэвгъэтIылъыжи, бжэр къевгулIыж, сэ сыщIокI, – пиупщIащ абы.

Мадини Фаризэти зы хэкIыпIэ къахуигъэнатэкъым.



## Ебланэ Iыхьэ

## ***Уэ узипапэ?***

Зэманым махуэр пещэжыр жэщкIэ,
Нэхулъэм жэщыр зэкIэщIехуж...
Дакъикъэ къэскIэ щыгъуэбжэгъуэщкIэ,
НапIэ Iэтыгъуэр гуимыхужщ.

**Уэрэзей Афлик**

ЕтIуанэ махуэм Аслъэн Мейкъуапэ щыIэт. ПщыхьэщхьэхуэкIуэу, ар Iутт Iэсият и унэбжэм, еуIуу. Бжэр къыIузыха цIыхубз гуакIуэм жиIэнум хунимыгъэсу, Алий цIыкIу къыкъуэжащ абы и щIыбагъкIэ, ауэ лIы имыцIыхум щыIуплъэм къызэтеувыIэжащ. Сабийм фIэгъэщIэгъуэну зэпиплъыхьырт къыщIыхьар.

– Уэ узипапэ? – къеупщIащ щIалэ цIыкIур.

– Апхуэдэу хьэщIэр хагъэзыхьрэ, Алий? Сыту мыгъасэ, къыпхужиIэнщ. ЕмыкIукъэ ар? – жиIащ Iэминат. Арат бжэр къыIузыха цIыхубзым и цIэр.

– Iэминат, пщIэжкъэ мамэ къызжиIар? «Ди унэм уи папэ фIэкIа нэгъуэщI къыщIыхьэнукъым».

Iэминат ищIэжырт ар, икIи, нобэ къэхъуам хуэдэу, и нэгум щIэтт и гур зыгъэуза теплъэгъуэр. Ей, дуней, дуней…

«Мамэ, папэ дапщэщ къыщыкIуэжынур?» – жиIэу и къуэ цIыкIур къыщеупщIым, Iэсият мыр жэуапу иритат: «СщIэркъым махуэкIэ, мазэкIэ, гъэкIэ, ауэ ар пщыхьэщхьэу къэкIуэжынущ, бжэм хуэму къытеуIуэнурэ, уэ хуIупхынущ». «Ар сэ занщIэу къэсцIыхуну?» – пищат адэкIэ сабийм. «КъэпцIыхунущ, ар ещхьынущ уи гъуэлъыпIэм деж щыт тумбочкэм тет сурэтым», – нэщхъейуэ жиIат анэм.

– Iэминат, мыр… – къэкIиящ Алий цIыкIу.

– ТепыIэ зэ, Алий, хьэщIэр бжэщхьэIум деж щумыIыгъ, къегъэблагъэ.

ЦIыхубзым къыгурыIуат и пащхьэм итыр хэтми. Ар къригъэблагъэри, дэуэршэру тIысыжащ.

– Iэминат, Iэминат, мис си папэр. Мы сурэтыр ещхьщ мыбы, я цIэхэри зэтохуэ. Папи Аслъэнщ, ди хьэщIэри Аслъэнщ. Ар пщыхьэщхьэу къытеуIуащ бжэм. Узипапэкъэ? – Алий худэплъейрт и адэм, зыхуей жэуапыр къыпихыным щыгугъыу.

– Зыри фыкъыспежьэнукъэ нобэ? Фыкъысхуеижкъэ? – щIэупщIащ унэм къыщIыхьэжа Iэсият, ауэ илъэгъуам къызэтригъэувыIащ. И адэм и сурэтыр иIыгъыу абы къыхудэплъей Алий цIыкIу щыIуплъэм и лъэр щIэщIащ, хуэмурэ тIысыпIи зригъэгъуэтащ. Аслъэн пхъуэри, Алий цIыкIу зэщIиубыдащ, «сыуипапэщ», жиIэурэ. ЩыIэтэкъым а дакъикъэм зэадэзэкъуэм нэхърэ нэхъ насыпыфIэ, гугъут абыхэм нэгъуэщI пэж щыIэу я фIэщ пщIыну.

– Мы пэшыр сыту нэху? Сыт мыр мыпхуэдизу щIэнэхур? – щэхуу Iэминатым зыхуигъэзащ Iэсият.

– Насыпым къигъэнэхуащ. Гугъущ насыпым ухуэзышэ гъуэгур, зэрымыщIагъэкIэ ущыщхьэрыуам деж, ауэ лъэпощхьэпохэм уатекIуэу, фIэщхъуныгъэ хэлъу абы ухуэкIуа нэужь, гъуэтыгъуейщ къару ар зыхыуимыгъэщIэну.

– Насыпыр напIэзыпIэщ, Iэминат. Тургеневыр аратэкъэ ар жызыIар? ПщIэрэ, ар иухынкIэ сошынэ.

– Уи зыгъэзэгъуэри напIэзыпIэщ. Ар кIыхь пщIын хуейщ, пхъумэфын хуейщ.

Абы хэту, Аслъэнрэ Алий цIыкIурэ пэшым къыщIыхьэжащ.

– Мамэ, сэ нобэ папэ и гъусэу сыжеинущ. Бдэну уэ ар? – йоупщI ар анэм, и нэ фIыцIэ дахитIыр къытриубыдауэ.

– Уэ зэрыжыпIэщ, си дуней нэху. Ауэ зэман куэд къыпхуэнакъым, пщыхьэщхьэшхэ тщIынщи, уи жэщ псысэм уеплъынщ. ДызэгурыIуа?

* * *

Жэщыр хэкIуэтащ, ауэ абы гу лъамытэу Аслъэнрэ Iэсиятрэ Iэнэм бгъэдэсщ, мэуэршэрхэри. ЗэпэIэщIэу зэрыпсэуа зэманым къриубыда я гъащIэм топсэлъыхь.

– Сыту гугъущэт уэрыншэу упсэуну... Лэжьыгъэм сыкъригъэлащ. ЩIэныгъэм зестри, медицинэ щIэныгъэмкIэ доктор сыхъуху сыкъызэтеувыIакъым. Ауэ зы махуи щыIакъым уи цIэр къыщизмыIуа, сыщыномыджа, сыщыномыпсэлъа, – Iэсият и нитIым щIэплъэурэ псалъэрт Аслъэн. – Узэрызимыгъусэу, итIани, гугъэжану сиIэр уэрат.

Ар ещхьт зи блэкIар нобэм къыщызылъыхъуэжым. Игъэзэжу, а махуэхэр IэсияткIэ игъэщIэрэщIэным хуэдэт.

– Сэ си гугъэр хэсхыжат зы дызэрыхъужынум, ауэ псэр хъуапсэ зэпытт, сыхуейт Алий цIыкIу и папэр пщыхьэщхьэ къэс бжэщхьэIум къебэкъуэжыну. Мейкъуапэ псэупIэу къыщIыхэсхын хуей хъуар зыщ: си анэшыр мыбы щыщт, сыгузавэмэ, сыбгъэдыхьэфынут дэтхэнэ зыми, ауэ зыкIи закъытезгъэхьэлъакъым. Курыт еджапIэм и унафэщIу лажьэ си Iыхьлым и деж сригъэблэгъащ егъэджакIуэу, иужькIэ дэрбзэрым сыхуеджэжри, нэхъыбэ къэзлэжь сыхъуащ. ХуэмурэIуэхущIапIэ цIыкIу зэзгъэпэщыжри, Аслъэн, нэхъ зыкъэзужьащ. ЦIыхуих согъэлажьэ: щыр мадэ, зыр мабзэ, тIур ддыр щытщэ тыкуэным щIэтщ, зыгуэр къутэмэ, зыщIыж къызогъэблагъэ. Iэминат сыткIи щIэгъэкъуэн къысхуохъу, сэркIэ псэ хьэлэлщ. ЩIалэми кIэлъоплъ, лэжьакIуэхэми ялъоIэс, уеблэмэ тыкуэнми и унафэ хелъхьэ. Тхьэм гъащIэ кърит, анэкъилъху нэхъыжьым хуэдэу къыстеубгъуащ. Сэри зыкъезгъэлкъым. ПщIэрэ, Алий цIыкIу зыкIэ фIэфIщи икIи фIэгъэщIэгъуэнщи ди гъусэу абыхэм нэкIуэну.

– Сыт Алий щIыфIэпщар сабийм? – хуеплъэкIащ ар Iэсият.

– ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр фIэсщащ, ар уэ фIыуэ зэрыплъагъум щхьэкIэ. Абы и «Мадинэ» поэмэм хэт лIыхъужь Заур и цIэрат фIэсщыну сызыхуеяр, ауэ си шыпхъур япэ къищащ. ТIуми ди къуэхэм цIэ зэщхькIэ деджэнт? ПщIэжрэ, Аслъэн, зэрыжыпIауэ щытар ди къуэм Заур фIэпщыну? «Мадинэ» поэмэм зэгъусэу дызэреджар пщIэжрэ? – абдежым Аслъэн къэтэджри, цIыхубз цIыкIум бгъэдыхьащ.

– Iэсият, сэ сигу укъэкIащ... зыпщызмыгъэнщIыжын хуэдизкIэ сигу укъэкIащ, – жиIэурэ Iэсият зришалIэрт щIалэм, ауэ цIыхубзым ар IуигъэкIуэтащ.

– Хьэуэ, Аслъэн, ар сфIэтэмэмкъым. Сэ нобэкIэ сыхуэхьэзыркъым абы. Къапщтэмэ, ар лейуэ къызолъытэ.

– Ар дауэ, Iэсият, дэ зэпэгъунэгъуу дыщытащ, бын диIэщ.

– Мис ар пэжу жыпIащ: бын диIэщ. Аращ щIыбжесIэри: «Хьэуэ».

– ЗэрыжыпIэщ, си псэ, сэ си шыIэныгъэр уэркIэ гъунапкъэншэщ. Фыслъагъуу, фызыхуей фыхуэзгъазэу сыпсэуну аращ сызыхуейр. Сэ нэгъуэщI насып къэслъыхъуэркъым. УзгъэлъапIэу уисшэнщ си унэ.

* * *

Аслъэн мызэкIэ Саратов имыгъэзэжу хъунутэкъым. Ауэ абы къикIыжмэ, унэщIэ къищэхунурэ насыпыщIэр абы щиухуэжынущ. Мадинэ и гъусэу зыщIэсар езы Мадинэ къыхуигъэнэнут.

Iэсиятрэ Алий цIыкIурэ Аслъэн и гъащIэм мыхьэнэ къыхалъхьэжащи, махуэм хущIыхьэгъуэ зэригъуэту, абыхэм я деж мэпсалъэ. Я макъыр щызэхихыращ къеуэлIэжа насыпыр и фIэщ щыхъур.

Зы махуэ гуэрым Iэсият телефоныр къищтакъым...

Гузавэрт Аслъэн, и гум зэрихуэрт. Хуэмышэчыжу, Алий цIыкIу кIэлъыплъ цIыхубзым деж псэлъащ.

– Iэминат, уи пщыхьэщхьэ фIыуэ!

– НэхъыфIыжу, Аслъэн, сыту си гуапэ хъуа укъызэрыпсэлъар. Сэ уи номерыр къысхуэмыщIэу, нобэрей махуэм къэзбэмпIар сыт, – и псалъэр кIыхьу иришэжьат абы.

– Iэминат, Алыхьым щхьэкIэ, нэхъ кIэщIу къызжеIэт къэхъуар, – зэпиудащ Аслъэн абы и псалъэр.

– Дыпсэущ, дыузыншэщ, умыгузавэ, тIасэ, ауэ нобэ уи адэр къэкIуащ ди деж. Абы Iэсият и напэр зэрытрихар, Алий цIыкIу и гур зэрыхигъэщIар уэзгъэлъэгъуащэрэт. Уджаурмэ, угъынт.

– Iэминат, телефоныр е Iэсият, е Алий ептыфыну?

– Сэ унэм сыкъэкIуэжакIэщ, ауэ згъэзэжынкъэ иджыпсту, си щIалэ. Уезгъэпсэлъэнщ Iэсият.

Iэсият къепсэлъэн идакъым, ауэ и пыхьэ макъ зэхихар хурикъуащ Аслъэн кърикгубжьыну.

ЗыталайкIэ щыму щыса нэужь, ар псэлъащ и адэм деж. Псалъэмакъыр гугъу хъунут. Иджыри къыздэсым ар и адэм ину епсэлъатэкъым. Хабзэм къызэрезэгъыу, сытым щыгъуи и щхьэр ехьэхауэ жиIэм едаIуэрт. Ауэ иджы нэгъуэщI хэкIыпIэ щыIэкъым, цIыхугъэншэу къызэрыщIэкIар жриIэнущ.



Адэм ар езыгъэщIар и анэмрэ Мадинэрэ я жьэращи, сыт хуэдэ Iэмал ахэр хуемыкIуэми, мыхьэнэ зэримыIэжыр къагурыгъэIуэн хуейщ. Ар къагурыIуа зэрыхъунури зыт: Мадинэ пыкIауэ, Iэсият нэчыхь хуегъэтхын хуейщ.

– Си адэ, мамэ жиIэм ущедаIуэм, нэгъуэщI лъэныкъуэм и пэжри зэхэпхын зэрыхуейр пщыгъупщэжат? Е, сыадэщи, псори си унафэм трырет, жыхуэпIэ?! Уи къуэрылъхум игу хэбгъэщIын хуеякъым, ар щхьэ пхузэфIэкIа? Къэбэрдейм уикIыу, Адыгейм нэс ущыкIуэм, Iуэхум зы Iущагъ гуэр хэплъхьэ хъунутэкъэ? А уи къуэрылъхум и щхьэм Iэ дэплъэу бгъэгушхуэным и пIэкIэ, сабийр уи кIий макъымкIэ бгъэщтащ. Насып фиIэмэ, Iэсият и узыр къэхъеижынкъым!

Аслъэн жэуап къилъыхъуэртэкъыми, зыхуейр зэкIэлъигъэпIащIэри, телефоныр трилъхьэжащ. Езым ейр трилъхьэжа щхьэкIэ, Фаризэтрэ Мадинэрэ я телефоныр мыувыIэу къеуэрт. Аслъэн тIуми епсэлъэну хуейтэкъым.

«НасыпрэфIыгъуэкIэрэ укъэзгъэгугъэри, гъуэгу задэ гугъу утезгъэуващ. ИлъэситхукIэ уи закъуащ, зыми укъищIакъым, зыкъыпщIигъэкъуакъым. Си быным и япэ лъэбакъуэр слъэгъуакъым, и япэ псалъэр зэхэсхакъым, сэракъым псысэ жезыIэурэ зыгъэжеижар, сэракъым джэла нэужь къигъэтэджыжу едэхэщIар. Уи закъуэ дыдэт, си псэ. Къысхуэбгъэгъуфыну пIэрэ?» – Аслъэн и щхьэм щызекIуэр и жейр зыгъэкIуэдын гупсысэ защIэт.

* * *

Iэсият бжэр зыхуIуиха лIы дахэшхуэр занщIэу къицIыхуат, и къуэр зэрещхьымкIэ.

– Къеблагъэ, – жиIэри, лъэныкъуэ зригъэзащ, гъуэгу ириту.

– БлагъэкIэ сыпщыгугъыу сыкъэкIуакъым, дахэ. Сыкъэзыхьар зыщ. Аслъэн махэщ, гу щабэщ, къэбгъапцIэу дэпхьэхыфынущ. Аращ ущIытегушхуари, ауэ зэгъащIэ: ар зеиншэкъым, уэ пхуэдэу. Уи сабийм и адэр къыхуэгъуэтыж, си къуэм къыкIэрумыцIэлъу. Си нысэр бгъэгуIащ, Алыхьым уигъэгуIэ, – къикъуэлъыкIырт лIыр. ЦIыхубзым къызэщIигъэста лIырэ мывэ гъущэкIэ ялъа сэрэ, щIыжаIар Iэсият и нэгу щIэкIырт.

И адэм зэрытепсэлъыхьыр къызыгурыIуа щIалэ цIыкIур и пэшым щIэлъэдэжри, Аслъэн и сурэтыр къыщIихащ. Адэшхуэр пхъуэщ, къуэрылъхум иIыгъ сурэтыр къыIэщIичщ, тридзэри, тебза абджыр игъэщэщащ.

– Ар си папэщ, къызэтыж си папэ и сурэтыр, – гъыуэ адэшхуэм и Iэм зыкIэрищIащ Алий, ауэ пэлъэщакъым.

– IукI мыбдеж, зинэкIэ къалъхуа, – жиIэри, щIалэ цIыкIум еIэдэкъэуащ.

Iэсият и сабийр джэлэху, къэхъум кIэлъыплъу фIэкIа, жиIэнIауи, ищIэнIауи пылъакъым. Ауэ Алий цIыкIу и адэшхуэр къеIэдэкъауэу щигъэджалэм: «Сабийм къыуищIар сыт?» – жиIэу гъыурэ къиIэтыжащ.



ГъащIэм тезэша Iэсият, гухэщI къыхуэзыхьу хъуар тригъэкIуэту, зэресауэ, и къуэ цIыкIум и гъусэу къэнэну триухуащ. Аслъэн иджыри къэс къримыта насыпыр адэкIи къритыфынукъым. Мис, и гъащIэм къыхыхьэжати, и гъусабзэу гуныкъуэгъуэхэри къыкъуэкIащ. Аслъэн къэмыкIуэ щIыкIэ и телефон номерыр ихъуэжынщ, нэгъуэщI фэтэр къищтэнщ. АрщхьэкIэ, Iэсият зэримыгугъауэ, Аслъэн псынщIэу къэсащ. Iэсият къытешыгъуейт зытеува унафэм.

– Сэ уи адэм дэслъэгъуар зэи сщыгъупщэнукъым, икIи хуэзгъэгъуфынукъым, Аслъэн, къыбгурыIуэмэ. Ар уэ уи адэщ, уэращ иIэр, зыщыгугъри уэращ. Сэ абы и къуэр къысхутехынукъым. Iуэхур куу хъумэ, дэращ гугъу ехьыжынур. Алий цIыкIу къосэнущ, итIанэ фызэкIэрысчыжыфынукъым.

– Алий сэри си бынщ. Ар къэзгъанэу сэ зыщIыпIи сыкIуэнукъым, уэри узутIыпщынукъым. Къытхуэмейм зыкIэрытщIэнкъым. Сэ езыр адэ сыхъужащ: си быным сытогузэвыхь, езым хуэдэу. Ар къыгурыIуэмэ, фIыщ, къыгурымыIуэрэ, сыт си Iэмал...

ИкIэм-икIэжым Iэсиятрэ Аслъэнрэ зэгъусэу Саратов лъэтащ.

* * *

– Аслъэн, щIэхыу укъызэрысыжын, уи адэ-анэр къэкIуащ! – псынщIэрыпсалъэу и щхьэгъусэм телефонкIэ жреIэ Iэсият.

– Сэ си адэ-анэр уэ уи адэ-анэкъэ? Мамэрэ папэрэ къэкIуауэ ара? – къыгуроIуэ Iэсият фIы дыдэу гуащэмрэ тхьэмадэмрэ иригъэкIужыну лIыр зэрыхущIэкъур, ауэ ар нобэкIэ хуэхьэзыркъым абы. ИтIани, и жагъуэ имыщIын щхьэкIэ, зыри жриIэфкъым Аслъэн.

– Я закъуэкъым, си псэ, къэкIуар, уи унэкъуэщ гуэрхэри я гъусэщ. КхъыIэ, епIэщIэкI, армырамэ сыткIунущ. СащоукIытэ, зызэхуэсшэу-рэ, уи фIэщ хъункъым, цIыкIунитIэ сыхъужащ.

Аслъэн гухэхъуэу ину мэдыхьэшх:

– Хэт имылъагъунрэт уэ уцIыкIунитIэу. Дакъикъищ къызэптрэ?

– УмыгушыIэ, сэ сыкъыщIэкIауэ сынопсалъэ, емыкIукъэ сызэха-хым.

– БжэIупэм сыщыпIыгъщ, Iэу. Тобэ, сыту куэдыщэ къэппсэлърэ нобэ.

– Сэри? Сэ сыпсэлъэрейуэ жыпIэну ара?

– ЖысIэну аракъым, жысIауэ аращ.

– Уэ ухэтми пщIэрэ?

– Сэри?

– Уэри, тхьэ. Уэ узищхьэузщ, – зыкъигъазэмэ, и щIыбагъым Ас-лъэн къыдэтщ, и нэ дахитIым «шейтIан щыджэгуу».

– КъакIуэ мыдэ, къакIуи, IэплIэ зыхуэзгъэщI, си псэ, – зыкIэ фIэфIти Iэсият апхуэдэу Аслъэн зыкъыщришэкIым деж, а псалъэхэр къыжриIэурэ.

МазитI дэкIащ. Зи нобэр насыпрэ гуфIэгъуэкIэ гъэнщIа зэщхьэгъуситIыр зэдэпсэурт, гу зэщамыхуэжу. Сыту дахащэт я хьэгъуэлIыгъуэр. Дуней зытетым и IэфIымрэ насыпым хэлъ щэхухэм-рэ иджыт Iэсият щызыхищIар.

Ахэр нэкIэ, гукIэ, псэкIэ зопсалъэ, зэрощIэ, зэгуроIуэ.

– Щабэу къепщэ жьыр псы щIыIум зэредэхащIэм хуэдэущ уи нитIыр къызэрызэдэхащIэр, Iэсият. КъыслъэIэс уи Iэпэ щабэхэмкIэ. Уи мэ гуакIуэм си щхьэр дэунэзэн хуэдэу, гъунэгъу къысхуэхъу, зыкъызэшэкI. ФIыуэ сыкъэлъагъу, ирехъу ар усакIуэхэм ягъэлъапIэ лъагъуныгъэм хуэдэ. ЗызгъэцIыхуж уи лъагъуныгъэмкIэ, ар гъэунэхуакIуэ схуэщI. Си гур гъэр зыщIа, си псэр зыхьэхуа, уэ ущыIэщи, сопсэу. Сэ уэ фIыуэ узолъагъу. Апхуэдизу узолъагъури, къызэрысхуэIуэтэн псалъэ згъуэтыркъым. Зы дакъикъи дызэрумы-гъэбгынэ, дызэхэгъэкIуадэ, дызэхэгъэшыпсыхь.

– Узэхызох, си псэ, зыхызощIэ уи лъагъуныгъэр, си Аслъэн.

... Си Iэр уи Iэгум сыхуэсакъыпэу изолъхьэри, си Iэпэхэр бдокIэзыз. Ди бэуэкIэр зэтохуэ, ди нэхэр зэхуозэ, Iупэхэм зым адрейр къалъыхъуэ. Зэрогъуэт, пситIыр зэкIэропщIэри, зэгъусэу зы чысэм зыщагъэпщкIу. ФIыуэ узолъагъу. Си щхьэр уи куэщIым илъщ, сакъыу Iэ къыдыболъэри, апщIондэху си Iэпкълъэпкъым хуабэ гуэр ирожэ.

– Iэсият, мы къызэпщIэр сыт?

– ФIыуэ узолъагъу...

*2021 гъэм ирагъэкIуэкIащ «Как слово наше отзовётся...» республикэ зэпеуэ. Абы и Iыхьэ «Иджырей тхыгъэ. Адыгэбзэ» зыфIащам щытекIуа Былымгъуэт Риммэ урысыбзэм кърихыу адыгэбзэм къригъэзэгъа тхыгъэщ физыщыдгъэгъуазэр. Зэпеуэм и «Тезыгъэгушхуэ» Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуат текIуахэм я IэдакъэщIэкIхэр ди щIыналъэм къыщыдэкI литературэ журналхэм къытрадзэну.*



ШИНКАРЁВЭ Наталье

## КЪЫСХУЭГЪЭГЪУ, ИРКЭ!

*Рассказ*



Сыкъыщалъхуа пщIантIэм сыдэхьэн сошынэ. Сошынэ балигъ гъащIэм щызгъэпщкIуауэ гущIэм щызесхьэ си сабиигъуэ дахэр зэтескъутэнкIэ. Си унэр, си пщIантIэр, си сабий садыр – абыхэм зы бжыхьщ  я кум дэтыр, ауэ иджыри къэс си гум зэрилъыр, си нэгум къызэрыщIыхьэжыр зыуэщ, зэкъуэтущ. Ар насыпкIэ гъэнщIауэ зы дунеишхуэщ, дунейр зэтезыIыгъэ пылищ жыхуаIэращ – сэри ахэращ мы щIыналъэм сытезыIыгъэр, фIыуэ слъагъу Н. къалэм сыдэзыIыгъэр. Си адэм, иджыри сабийуэ нэмыцэшэхэм защигъэпщкIуу, къыщижыхьу щыта унэ щIыхьэпIэхэр иджыри къэс, зыри къащымыщIауэ, зэрыщытщ. Си пщIыхьым хэкIыркъым си сабиигъуэр щекIуэкIа пщIантIэр. Хьэрф П-м ещхьу зауэм ипэкIэ ящIа унэм ихъумэ хуэдэщ и пщIантIэм дэс псори. Ди унэм щыпсэухэм къехьэлъэкIыртэкъым цIыху куэд зэхэсу зыщIэс фэтэрхэр, сабий Iэуэлъауэхэр, нанэхэм я уэршэрыр, уеблэмэ нэхъыжькхэм я кIий макъ щхьэгъубжэхэм къыдэIукIыр. Ди Налшык  пщIантIэ цIыкIур ещхьт куэдым ягъэщIагъуэ Одессэ къалэм я пщIантIэхэм.

### ФЫЗЫЖЬ ЦIЫКIУХЭР

Дэ ди дежкIэ ахэр фызыжь цIыкIут, нэгъуэщIыуи тхужыIэртэкъым.

Пщэдджыжь нэмэзым унэшхуэм и щIыхьэпIэ ику итым и деж шэнт щхьэгуэ цIыкIухэр щагъэувынт, я IэкIэ ящIа щхьэнтэ къуэлэн  цIыкIухэр тралъхьэнти, абыхэм трагъэзэгъэнт хьэлъэ хъуа я IэпкълъэпкъхэрДэкIуеипIэхэм я сэмэгурабгъумкIэ фэтыджэн хьэку цIыкIур къагъэувырт, шыгун тебэшхуэр абы трагъэувэжырти, зыхуэIэзэрати, сэхуран гъэлыгъуэным щIадзэрт. Сатур зейм сэхураныр зэIищIэу щытыху, адрейхэм Iэнэ лъахъшэ цIыкIу къагъэувырти, лото джэгум щIадзэрт, хэт «кIиинуми» зэхагъэкIыу, зэныкъуэкъуу,

ухуеймэ, щызэфIэнэжи щыIэу. Джэгунухэм я бжыгъэр иримыкъумэ, ди фызыжь цIыкIухэм, я нэм кърагъэжыхьу, пщIантIэм къыщалъыхъуэрт къагъэделэу ягъэджэгун гуэр.

– Наташкэ, мыдэ къакIуэ! – къаджэрт фызыжьхэм ящыщу зы угъурсыз.

Ягуми я IэмыщIэми илъыр сымыщIэу, сыхуэмеищэурэ сабгъэдыхьэрт къызэджахэм. Ахэр сыт щхьэкIи шхыдэфынут: гуэщыщхьэр къутами, унащхьэм сыдэпщеями, ину сыкIиями. КъыщызэлъэIуи щыIэт: щIакхъуэхьэ сыкIуэну е щэщIрэ еплIанэ тыкуэным сыжэу хьэжыгъэ щащэм деж чэзур къахуэзубыдыну. ЗыгуэрхэмкIи къыщызэупщI щыIэт. Зэзэмызэ лото садэджэгуну къыщызэлъэIуи къэхъурт. Иджыпсту къыщIызэджари арауэ къыщIэкIащ.

СССР-м и зэманым лото джэгуныр псоми яфIэщIэщыгъуэт, цIыхухъу, цIыхубз, ныбжь, IэщIагъэ-щIэныгъэ сытхэм емылъытауэ. Зы Iэнэм зэрыунагъуэу, зэныбжьэгъуу, зэгъунэгъуу куэд къыщетIысэкI щыIэт джэгун щхьэкIэ. ТекIуэм саугъэт зэхуэмыдэхэр иратынут: IэфIыкIэ, мет цIыкIухэр, ахъшэ жыгъейхэр. Япэ дыдэу Урысейм къыщежьа, пхъэм къыхэщIыкIа чей цIыкIухэм щхьэкIэ а джэгукIэм «урыс» лото фIащат. ФщIэжрэ Игорь Северянин и усэ сатырхэр: «Фокстрот, кинематограф, икIи лото – мис ахэращ цIыху гупыр здэжэр!»

– Жьгъей уиIэ? – къызэупщIырт ахъшэм дихьэха ди цIыхубз нэпсейхэр. Си жыпым илъым елъытат сагъэджэгунрэ самыгъэджэгунрэ. Ди пщIантIэм дэсхэр ахъшэкIэ фIэкIа джэгуртэкъым.



НэгъуэщI щамыгъуэтым деж, щIыхуэу садэджэгуну сызыхагъэхьэрт. Ахъшэ сымыIыгъмэ, мывэ е мет цIыкIу теслъхьэрт, иужькIэ щIыхуэр спшыныжыну псалъэ естын хуейт Iэмал имыIэу. ЯфIэмыфIыщэми, сыт ящIэнт, джэгуакIуэр щаримыкъукIэ!

Ди гъунэгъу уэрамхэм я Iэуэлъауэр ди пщIантIэм щызэхэтхыртэкъым, дрикъужт нэхъыжьхэм, сабийхэм, щхьэгъубжэхэм къыдэIукI псалъэмакъхэр. А псоми къахэIукIырт чей цIыкIухэм тет бжыгъэхэм хуэкIуэу къагупсыса псалъэхэр: «Бэрэбаным и башхэр, лIыжь, щэ ныкъуэ, джыдэ цIыкIухэр, нанэ цIыкIу», нэгъуэщIхэри... УакъыкIэрымыхуу, ахэр тебгъэувэн хуейт уи пащхьэм илъ тхылъымпIэхэм тет бжыгъэхэм.

А джэгукIэр сэ сыт щыгъуи къызэхъулIэрт, ди фызыжь цIыкIухэм къафIэсхьырт, я бэшэчагъыр яухыху. СызэзыхъуэкIын гуэр жыжьэу къызэралъагъуу, зыуи къащымыхъуу, сыкъызыхахужырт.

Джэгум къыщытхьа ахъшэ тIэкIумкIэ занщIэу сэхуран кумбыгъэ къэтщэхуну ди къалэнт. Кумбыгъэ нэхъ цIыкIум щай, нэхъ иным щаитI я уасэт, ауэ зыщэм фIэфIыр нэхъ иныр къэпщэхумэт. Сэхураныр зрикIутэ сэмб цIыкIухэр къызыхищIыкIыр и къуэм и тетрадь «тIу» фIэкIа зэрымытым къыдэтхъа напэхэрт. Сытым хуэдэу дахэт шакъэ плъыжькIэ тха «тIухэр»!..

Сэхураныр зэрылъ сэмбыр сIыгъыу, сазэрытекIуамкIэ сызэрыгуфIэр си нэгум къищу, жыгышхуэм и лъабжьэм деж щIэс си ныбжьэгъу цIыкIухэм сахыхьэжырти, си сэмб цIыкIум илъар напIэзыпIэм бгъуэтмэ къащтэ.

А жыгышхуэм и жьауэр Мэчэ-Мадинэм хуэдэт дэркIэ, ныбжьым емылъытауэ, пщIантIэм сабийуэ дэсу хъуам ар ди хэщIапIэт. И лъабжьэм щIэт Iэнэм деж дыщыджэгурт, шэнтхэр тхузэримыгъэкъуу дызэзауэу. Дыщыджэгум и мызакъуэу, мыбдеж ди тхылъ хъумапIэт, дыщеджэ IуэхущIапIэуи къэдгъэсэбэпырт. Иныкъуэхэм деж шыпсэ, псысэ, шынагъуэ гуэрхэр къэдгупсысурэ жытIэжырт. Ауэ ди IутIыжыр къыттракъутэрт ди хьэблэ цIыхухъухэм. ЛэжьапIэм къызэрикIыжу, дызэбграхурти, «домино» жыхуаIэу уз зэрыцIалэм ещхьу щыIэ джэгукIэм щIадзэрт. ЩIалэ цIыкIухэр жыгым дэпщейрти, номиным хуэдэу я щхьэр къегъэзыхауэ, нэхъыжьхэм я джэгукIэм кIэлъыплъырт, балигъ псалъэмакъым я тхьэкIумэр тегъэхуауэ едаIуэрт. Гъуэжькуийм дрихьэжьа фIэкIа умыщIэну, хъыджэбз цIыкIухэр дызэбгрыжырт, а домино къупщхьэ цIыкIухэм я макъыр зэхэдмыхын хуэдэу. Ауэ дэ дыхъыджэбзтэкъэ? Унэм и адрей лъэныкъуэмкIэ ди щыгъынхэр щызэтхъуэкIыурэ, хэт нэхъ дахэми дыщызэпеуэрт. ТетIысхьэпIэхэм тезу зэхуэтхьэсырт хъыдан кIапэхэр, шылэ хъархэр, пIэипхъуэхэр, щхьэнтэтепхъуэхэр. Арати, щыгъын дахэхэр къэдгупсысырти, щIэддзэрт спектакль теплъэгъуэхэр гъэлъэгъуэным. Хъыдан кIапэлъапэ къыддэхуахэм гуащэ щыгъын къыхэтщIыкIырт.

## ГУАЩЭХЭР



ЕтIощIанэ лIэщIыгъуэм и хыщI гъэхэм СССР-м гуащэ цIыкIухэр куэду щащIу щIадзат. Сабий тыкуэнышхуэм щащэрт къупщхьэ гуащэхэр, я нэкIущхьэхэр тхъуэплърэ я нэ цIыкIухэр щIыхуу къилыдыкIыу, я бостей цIыкIухэри зэщхьыркъабзэу. А тыкуэнышхуэм хамэ къэрал къраша гуащэ цIыкIухэр зэзэмызэххэт щыщIэлъыр. А «хамэ щылъхухэр» куэдкIэ нэхъ дахэт икIи нэхъ гуакIуэт ди къэралым къыщыщIагъэкI я «шыпхъухэм» нэхърэ. Ахэр къашамэ, чэзур кIыхь щхьэкIэ къэдмыгъанэу, дыувырти, зи нэкIу цIыкIухэр щабэ, бостей дахэ дыдэхэр зыщыгъ нэмыцэ гуащэхэр зыIэрыдгъэхьэрт. Хэтыт, ди ныбжьым иту, а зэманым а гуащэхэм емыхъуапсэр?

Хъыджэбз цIыкIу псоми я гурылъ-гурыщIэу къыщIэкIынт нэмыцэ пщащэхэм ещхьу захуэпэну, тIэкIуи залэну. Ди тыкуэнхэм мащIэ дыдэрэт абыхэм уазэрыщрихьэлIэр, нэхъыбэу Мэзкуу къытхурашырт Махуэшхуэхэм деж – дыкъыщалъхуам е илъэсыщIэм ирихьэлIэу. Гуащэ пцIанэ цIыкIунитIэхэр-щэ? Ди пщIыхьхэм хэтт ахэр, ди гъусэу таскIэ дгъэпскIыу!

Сабий тыкуэнышхуэм гуащэ къашауэ зэрызэбграхым и хъыбарыр напIэзыпIэм къытIэрагъэхьэрт. Абыхэм я Iэ, я лъакъуэ цIыкIухэр хъейрт, язынукъуэхэми къакIухьырт. Дэри арат дызыхуейри, ди закъуэу е зэрыгупу дыщIэпхъуэрти, ди анэхэми, ныкъуэкъуэгъухэми дыкъамыщIэу, пщIантIэ гъунэгъухэмкIэ, жыг зэхуакухэмкIэ, удз гъэгъа сатырхэмкIэ дыдэжурэ псынщIэу дынэсырт. Ди насыпти, тыкуэныр тпэжыжьэтэкъым.

Гуащэр тхьэIухуд нэ закъуэ жыхуаIэм хуэдэт, къэщэхун хуейт, Iэмалу диIэри димыIэри къэдгъэсэбэпу. Ауэ... ухуей закъуэкIэ Iуэхур

зэфIэкIрэ – цIыхуу чэзум хэтыр куэдти, дытепыIэртэкъым, нэхъ Iеижрати, ахъшэ диIэтэкъым. Дэнэ къитхми, ахъшэ къэдгъуэтын хуейт! Дэ ди сабиигъуэм щыгъуэ птулъкIэ нэщIхэрат нэхъ псынщIэу икIи тыншу ахъшэ къызэрытхэхъуэр. Кино къыщагъэлъагъуэ ди гъунэгъу «Пищевик»-м къыбгъэдэтт птулъкIэ щащэху тыкуэн цIыкIу, зыр кIэпIейкIэ пщыкIутI и уасэу. А кIэпIейкIэ пщыкIутIым зыкъомрэ лото уигъэджэгунут, киноми урищIыхьэфынут. Гуащэ къэпщэхун щхьэкIэ птулъкIэ куэд ухуейт, унэми дыщиIэтэкъым апхуэдиз.

Ди унэм и япэ къатым щыпсэурт си ныбжьэгъу хъыджэбз цIыкIу Сахаровэ Иркэ, сэ нэхърэ илъэсищ хуэдэкIэ нэхъыжьыну. Ауэ нэхъыжь-нэхъыщIэкIэ дызэхэттэкъым дэ, и къэухькIи къыстекIуэртэкъым ар. Сэрэ Иркэрэ ди унагъуэхэр «нэгъуэщIхэм» дыхабжэрт, нэхъ гуащIэу жысIэнщи – дыжуртт. ПщIантIэм дэсхэр Иркэ и унагъуэм зэреджэр Цукермант, ауэ и анэр Валькэт. Сэ, сфIэгъэщIэгъуэну, зэпымыууэ сегупсысырт: «Дауэ дядя Ваня зэры-Цукерманыр?» – жысIэу. А зэманым абы хуэдэ Ваня-мешумадам (зи диныр зыхъуэжу, хамэ дин къэзыщта журт) куэд щыIэт. ИтIанэ, ди хьэблэм псоми ящIэрт Ваня цIыхубзкIэ зэрыерыщыр, и лэжьапIэр арагъэнт абы и щхьэусыгъуэр: зыгъэпсэхупIэ гуэрым щылажьэрт шофёру.

Арати, Иркэ и гурылът гуащэ къэзыкIухь къищэхуну икIи и ужь ихьат птулъкIэ ищэу, къулей зищIыну, ауэ къехъулIакъым. Щхьэусыгъуэри мырат – и дэлъху нэхъыщIэ Юркэ птулъкIэ нэщIхэр унэм щIихырти, езым и щхьэ IуэхукIэ къигъэсэбэпырт.

ЕтIуанэ къатым щыпсэурт ди ещанэ ныбжьэгъу Надькэ, абы и Iуэхур нэхъ хъуэпсэгъуэт. Псоми Iуфэлъафэр къэджыхьыху, абы гуащэ къыхуащэхуат. Иркэрэ сэрэ дымыжеижу дыкъэнат. Къэхъуар дигу тхутемыгъахуэу, дызэгурыIуащ ахъшэу диIэр зэхэтлъхьэу, сэ хэслъхьэр тIэкIу нэхъыбэми, зы гуащэ тIуми дыдейуэ къэтщэхуну. Ар куэдрэт?! ДыщIэпхъуэри, псынщIэу ди гум илъым ди IэкIэ дытеIэбащ!

Джэгуныр идогъажьэ, гуащэу тIу диIэщи, джэгукIэ Iэджэ къыдогупсыс: «пхъурэ-анэрэ», «зэныбжьэгъуитI», жыпIэми. Апхуэдэурэ махуэр лъатэри ежьэжащ, жэщи хъуащ. Сыт ди Iэмалт?! Надькэ и гуащэр къищтэри, я деж кIуэжащ, Иркэрэ сэрэ дыкъэнащ зы гуащэм деплъу. Дызоныкъуэкъур иджы: хэт и деж щыжеину, хэт и деж щыпсэуну гуащэр?! ЕтIуанэ къатымрэ ещанэмрэ я зэхуакум дытетщ, зы гуащэр тхуэмыгуэшу. Абы хэту, си дэлъху нэхъыжьыр къыдблокI зыри жимыIэу, ещанэ къатым докIуеижри къыткIэщIодэIухь.

Пэжыр жысIэнщи, сабий садым сызэрану сыкъызэрыщIахужрэ си дэлъхур згъэтыншыртэкъым, кIапэм хуэдэу, и кIэм сищIауэ и гъащIэр езгъэхьырт. Генкэ псэлъэрейтэкъым, ди адэ-анэм жаIэр фIэмыкIыу игъэзащIэрт сэркIэ. Балетым зэгъусэу дыкъыщызэдэфэрт, музыкэ еджапIэм сыщыкIуэнум деж гъуэлъыпIэ щIагъым зыщызгъэпщкIурти – и бгырыпхыр хьэзырт, мастэ къысхалъхьэнуми, и чэзум сишэрт поликлиникэм, Iэмалыншагъэти, щIалэ цIыкIухэм я зэхуэсми сыздишэрт, кIапэр-кIапэщи, пхупыупщIынутэкъым. ИужькIэ щхьэхуит хъури зигъэпсэхужащ, шыпхъу иIи-имыIи!!!

НтIэ, арати, си дэлъхур фэзгъэцIыхуащи, адэкIэ докIуэ. Ар Иркэрэ сэрэ къытхуоплъыхри, къыдоупщI дыщIызэныкъуэкъум и щхьэусыгъуэмкIэ. Iуэхур зыIутыр къищIа нэужь, хэт дапщэ хилъхьами жыдегъэIэри, Иркэ и ахъшэр иретыж, сэри унэм сыдрехуеиж.

Иркэ, етIуанэ къатым тету, гъынанэурэ къыскIэлъоджэ: «Дауи, уэ дэлъху нэхъыжь уиIэщ... Узахуэкъым...»

Си гъащIэм мы зэ закъуэм къысщхьэщыжауэ арат си дэлъхур, зэикI зыми и дэIэпыкъуэгъу сыхуей хъуатэкъым, си щхьэм сыкъыщхьэщыжыфырт, си щхьэр схуэхъумэжырт, а псоми яцIыху джэдум сыхуэдэу, дэнэ сыхуейми сыкIуэрт, сызыхуейри сщIэрт. Нобэр къыздэсам сщIэркъым: къысщхьэщыжын хуеят си дэлъхур абы щыгъуэ? Псори тэмэму тщIат? Ахъшэ щызэхэтлъхьэм и бжыгъэм дытепсэлъыхьатэкъым, гуащэр къытIэрыхьэ закъуэмэ, арат дызыхуейр... Сэ иужькIэ куэдрэ сегупсысащ а Iуэхум икIи срипIейтеящ, тыншуи сигъэпсэуакъым гукъэкIыжым. ДызэфIэнэуи дызэбгъэдэжыжакъым Иркэрэ сэрэ, фэтэрыщIэ кърату Iэпхъуа нэужькIи дызэныбжьэгъуащ, ауэ, итIани...

Фызыжьхэм Валькэ и хьэлым щхьэкIэ къыфIамыщ щыIэтэкъым, фэтэрыр къызэрыдиха щIыкIэми куэдрэ темыпсэлъыхьаи ахэр... Ауэ, сыт хужамыIами, фэтэрыщIэ зыIэригъэхьат.

Мы хъыбар фхуэсIуэтэжар къызэрыхъурэ илъэс тхущIым щIигъуащ, Ирки куэд щIащ дунейм зэрехыжрэ. Абы езым и гъащIэри и унагъуэм щыщхэм я гъащIэри тэмэм хъуакъым.

Тхьэм солъэIур си гуэныхьыр къысхуигъэгъуну. Сэри гъэгъуныгъэр къызгурыIуэ сызэрыхъурэ, псом япэу Иркэ, си сабиигъуэм ныбжьэгъуу сиIам, куэдрэ тхьэ сыхуолъэIу. Зы тхьэм и лъабжьэм дыщIэтщ псори! Иркэ къысхуигъэгъуну солъэIу гуащэр къызэресIыхыжар, си сабиягъэм къыхэкIыу, къуаншагъэ зэрызлэжьар. СолъэIу къысхуигъэгъуну дэлъху нэхъыжь сызэриIэр. Балигъ сыхъуа нэужьи сыдэIэпыкъуну си гугъащ, слъэкIри хуэсщIащ, ауэ сфIэмащIэщ. Сыт си Iэмал?! Сэ сытхьэкъым...

Къысхуэгъэгъу, ИРКЭ...

*ЗэзыдзэкIар* **БЫЛЫМГЪУЭТ Риммэщ**



*Усэхэр* БЕЩТОКЪУЭ Хьэбас



АРАНЭ

163

Ди хадэм къикIа зы пхъэгулъ,
Зы кхъужь, зы мыIэрысэ
Гъунэгъуу къысхуэвгъэтIылъ,
Мылъэтэжа щIыкIэ си псэр.

Сэ лъапсэр фIыуэ слъэгъуащ,
Хэку дахэм щыщ ди лъапсэр.
Куэди абы щызгъэхъащ,
ГущIэкIэ псалъэр згъэкъабзэу.

21.X.2018

164

Къуаншэщ нэхъыбэм емыщхьыр —
Аращ ди зэхэтыкIэр.
Бзэгузехьэхэм захущыхьыр,
ЗащIэжыркъым цIыху икIэу.

Алыхьым уапэщIимылъхьэ —
ЗыгуэркIэ узэкъуэхуауэ.
Хьэм ихьыжащ я лъэпкъ щIыхьыр,
ГъущI дзэпкъхэмкIэ икъузауэ.
9.XII.2018

165

Зэкъуоувэ демагогхэр —
Зыр адрейм щхьэпрокIиикI.
Къулейсыз ящIауэ гъуэгхэр —
Демагогхэм дежкIэ зырикIщ.
Къовэ дыгъуухэм я Шыуаныр —
Лэпсыр пщтыру къыдрехуей.
ЦIыхубэ Iыхьэншэу къанэм
Губжь къэкъуалъэр къеугъуей.
22.XI.2018



166

Ныкъуэкъуэныр тIэкIу вгъэмащIэ —
Ер вы бжьакъуэм къокI.
Зэпэныкъуэ ящIа гъащIэм
ЩэIуу Iэджи хокI.

Хэт ехуз, хэт егъэубзэ,
Ирешэх я щIыхь.
Хэти сомкIэ ягъэусэ,
Хэти ящI лъэгущIыхь.
12.XII.2018

167

Дунейм лъэпкъ цIыкIуу утетыныр —
Насыпыншагъэу къэмынэж,
Зыр къыптолъадэ уифыщIыну,
Зым, къофыгъуэжри, уфIегъэж.
Къэнахэр къыпхузэщIэкъуэжмэ,
Псэущ лъэпкъыр — жыпIэурэ йокIуэкI.

КъекIуэкIым фIыуэ ухэплъэжмэ —
ПфIохуэх гур, уи псэр йобгъунлъэкI.
22.XII.2018

168

И псэр мыутхъуауэ мы дунейм текIыжым
ФIыщIэ тIэкIу хуэфащэу къыщIэкIынщ.
ГъащIэм тхъэжу ебгкъым мо зызыукIыжыр,
Iуугагъэнущ гум хуэмышэчын.

ЩIыгур къозэвэкIри, зэрошх къэралыжьхэр,
ХьэкIэкхъуэкIэр куэдрэ уигу къагъэкI...
И чэт ирехуэжыр гужьеям мэлыжьхэр,
ЩыкIам и кхъуэр Iуащхьэм ныдегъэкI.
26.XII.2018

169

СфIэгуэныхьщ дуней цIыхур —
ТолIыкI зырызыххэу.
ТолIыкI гу щамыхуэу,
ЗэкIэлъыкIуэу, зэрыхьхэу.

ТолIыкIхэри — я псэр
МэкIуэж къыздикIам.
ХокIуэдэжыр я нэпсыр
ЩIы къызыхэкIам.
3.II.2019

170

Дунейр дэращ зыуцIэпIар —
ЦIыхушхуэхэм, цIыху цIыкIухэм.
ЩIыгу дызытетыр дгъэбэмпIащ,
Джэрэзу ещэтэхыу.

Гуэныхь пымылъу щIым етщIам
СхужиIэркъым мы си гум.

Апхуэдэу дыкъэзыгъэщІам
Щызэхихунщ ар щыгум.
6.II.2019

171

Империе жыхуаІэм
И нэзыр гъэбыдэным
Лъы куэди, къупщхьэ куэди
ХагъэкІуадэ.
Тхьэм ещІэ дэ дыкъэзыІэтыжынур,
Къэгъуэтыгъуейщ
Апхуэдэр зыдэс жьантІэр.

Ди хэкур зэвщ,
ЯщІащ ди лъапсэр Іузэ,
Гукъеуэр махуэ къэскІэ
Нэхъ мэбагъуэ.
Драудыхыр,
Ди бзэри дакъузэ,
Дэ щыдмыгъэтыжыфурэ
Дохъуахъуэ.
9.I.2019



172

ФІыщІэ хузощІ Алыхьым —
Самыгъэджэлапэу
Творчествэм и гъуэгу кІыхьыр
ЗэрикІуфамкІэ си напэм.
Тхьэшхуэм къихъумэ ди щІыгуу
Дэ зи къэуат къытлъысар,
Илъар нэхъ къабзэу мы си гум —
ТхылъымпІэм нэзыхьэсар.
23.I.2019

173

Псом нэхърэ нэхъыфІыр — уахэмыплъэнырщ,
Уахыхьэщэнри мыщІагъуэ.

8 Заказ №1150

Дуней — кIуэтэхун нэхъ къызэщIэплъэнум
Метеорит къегъэлъагъуэ.

Метеоритыр къытхэуэу пщэхыну?
ДблэкIыну къытлъэмыIэсу?
Мылъкуу цIыху цIыкIум «дунейм трахынум»
КъащхьэщиIыгъэу мафIэсыр.

2.II.2019

174

ПЩIЫХЬ ГУНЭФ

Сыкъыдэфэнути, идакъым
Нэщхъейуэ щыс си анэм.
Зыгуэр жесIэнуи сыхуитакъым,
ЖызмыIэф гуэри къанэу.

Гукъеуэу Iэджи здихьагъэнщ
Езым къызжимыIэфу,
Къысхуэзыхьари арагъэнщ
ПщIыхьэпIэу тIэкIу гунэфыр.

7.II.2019

175

Дэхуэхмэ хуарэр — щыгуми йокъу,
Пшэчами пхуэмыфащэ,
Уи творчествэр — дуней ирокъу,
Къызыхэпх псэр къыуигъащIэу.

ИгъащIэ псокIэ къыхэпхын?!
Арами, псэр есащи,
А къигъуэтар нэхъ зыIэтын
Мэлъыхъуэ Iуэхутхьэбзащiэу.

9.II.2019

176

Убегъымбаркъым, гений ухъуакъым,
Хъарзынэу нэплъэфэсащ.
Тхьэм и шыкурщи, уунэхъуакъым,
Пхуэфащэ гуэр къыплъысащ.

Нэхъ тегушхуауэ уегупсысыжмэ —
КъэпщІыфрэ уи псэр сэтей?
КъызэбгъэдзэкІыурэ узэщІэплъыжмэ —
Къыхэщкъэ лъэнтхъуий пІейтей?
9.II.2019

177

Си анэм и нэгур,
Зэм адэм и нэгур
Си нэгу къыщІохьэж.
Аращ къытхуигъанэр
Зэманым — а тІэкІур,
Адрейр щхьэгъэпцІэжщ.

Сэ къызэгупсысу
Мес — тІури хоплъызэ,
Сыбынщ, сраІуэхущ.
Сыщысщ сэри — мисыр —
Си бын сегупсысу...
Дунейр — щІыхуэщ, хьэхущ.
10.II.2019

178

Лъэныкъуабэ хъуа жыг,
Уи къудамэр къэший,
Нэщхъей фащэр зыщых.
Къыздэубыд дыгъэ бзий.

ДызэщІыгъумэ, дэ тІум
Зы фІы гуэр зэІутщэнщ.

Хьэндырабгъуэ е бзу
Я псэр тIэкIу дгъэгуфIэнщ.
13.V.2019

179

Къыдэуващ щIэблэщIэ
Уэрам гъэщIэрэщIам.
Къапэплъэри тхьэм ещIэ —
Ещхь гуэр дэ къытщыщIам?

Е «бэлшэвичыр» къавэт,
Е фадафэжьыр гъуэгт.
ЦIыхубэм Iуахыж гъавэм
КъэвакIуэхэр «дэбэгт».[1]

Егупсысыжри — властыр
Зэтрагъэщэхэжат.
Здахь мылъкум лъакъуэ мастэ
ИщIахэу щIэпхъуэжат.

ПщIыхьэпIэу коммунизмэр
Дэ жэщкIэ щIокI ди нэгу,
И жыпым ахъшэ изрэ,
Къытхипхъэу бацэжь тIэкIу.
11.V.2019

180

Сигъэжейуэ сиIэщ тхылъ,
Рене Генон итхауэ...
Мы лъэхъэнэм сыт игу илъ,
Сыт къыщIыдэтхауэр?

Мэныкъуакъуэри — хейм илъ
ИрекIутыр куэду.
Гугъэр тпихыпэну пылъщ,
КъапщIий нэхум хуэдэу.

[1] ЩхьэхуэфI, ныбэиз ищIхэт жыхуиIэщ.

Кали-Югэм[1] сыт игу илъ? —
Дэнэ дыздилъэфыр?
Хэт мэпыхьэ, хэти щылъщ
ПщэдеймкIэ мыплъэфу.
26.11.2019

181

НакIуэ, сыхьэт ныкъуэ
ДыIусынщ гуэл Iуфэм.
Ди гур мащIэу ныкъуэ
пэтми, тIэкIу дыгуфIэу.

Е дыгуфIэ хуэдэу,
КъызыфIэдгъэщIыжу,
Гуныкъуэгъуэу куэди
Дунейм темытыжу...

Щабэу йос бдзэжьейхэр,
МэкIэзызыр псыр...
Гупсысэ пIейтейхэм
Уэ урабысымщ.
14.V.2019

182

ТIэкIу кърипхъыхри — щигъэтыжащ
Гъэмахуэ уэшхыр...
Си сабиигъуэр сщыгъупщэжа,
Гъатхэ нэшхпэшхыу?

Си сабиигъуэ хэбзэхэжам
Си псэр схупищIэу
Хъарпшэррэ хуабэу къысхэнэжар
Хэт узифIыщIэр?
23.V.2019

[1] Дуней Iуэхухэр псори егъэзыхыгъуэ щыхъуа лъэхъэнэшхуэ, космос лъэхъэнэ.

183

Уэ усэм уросондэджэр,
Сэ усэ тхыгъуэм сещI сымаджэ.
ТхылъымпIэм нэсхьэсыхукIэ псэр
ЖыпIэнщ зыгуэр ерыщу къаджэ.

Къэджам жиIэнури ебзыщI,
Абы стхыфари темыхуащэ...
А псори зыхуэкIуэжыр зыщ —
Сатырхэм псэр псэхугъуэм хашэ.
25.V.2019

184

Нэхъыбэ къэзыдыгъур — уэркъыщ
Нобэрей зэхэтыкIэм.
Зэщыхьэжахэр зэIэр пщэпкъыщ —
Иухыу Iуэхур лъыкIэ.

Я ди тхьэ, дыхыумын гущIэгъу,
КъытщIумыгъэхьэ лъымэ,
Нэхъ къабзэу псэухэр ди IуэхущIэгъу
КъыддэщI, дунейр мамырмэ.
29.V.2019

185

Укъыхэнащ мы си псэм
Хьэршым уздихьыжыну,
КIэухыу стхыж мы усэм
СыныщыпIуплъэжыну.

Сэ уи дунейм сылъэIэскъым,
Арми — сыкъещIэ уи псэм...
ПсэхэмкIэ хьэршыр Iэслъэскъым,
Хуиту дитынщ дызэгъусэу.
5.VI.2019

186

Куэдым къоуз а узыфэр —
Зыгуэр ятхыну хуейуэ.
Мытхэмэ — шхэуэ я щIыфэр,
Ятхами зыри хуэмейуэ.

Псэм и Iуэтэныр цIыхум
Дунейм тетыхункIэ пкъырытщ.
Арами, псэр щыхуэмыхум
Уэ птхам къыхахынур сыт?
24.VII.2019

187

«Псом нэхърэ нэхъыфIыр — укъамылъхунырщ» —
ЖиIакъэ Сенекэ нэхъыщIэм.[1]
Дунейм къыщекIуэкIыр — пхузэхэмыхуну,
КъыщезыгъэкIуэкIыр — «Нэхъыщхьэрщ.»

Нэхъ паши нэхъ кIаши тIэкIу дохъу дыхьэшхэн,
КууIуэу уегупсысыжмэ...
Аращ: дылэжьэнщ, дыкъэфэнщ, тIэкIу дышхэнщ,
ДыкъыщIигъэщIар дымыщIэжми.
25.VII.2019

188

Псэм и тыншыгъуэ лъыхъуэ —
Уитщи апхуэдэ ныбжь.
Куэдрэ умыщыгъуэ,
Куэдри умыгубжь.

Дунейм и Iуэху щIагъуэжу
Ди нобэм къыхэмыщ...
БгъэщIам ухущIегъуэжу
ШейтIаныр пэшэгъу умыщI.
28.VIII.2019

[1] Пасэрей Римым щыщ тхакIуэщ. Император Нерон и зэман.

189

Ди губампIэ дэдгъэх —
Сыт нэгъуэщI къытхуэна?
Мы дунейм уегъэщхьэх —
Ещхьу псэр зэрынам.

Зыдужьауэ къафIощI —
Ар мыхъуат зыужьыкIэ,
ЗыужьыкIэм къыхощ
МафIэм и «гъуэбзиикIэ».
30.VIII.2019

190

ДиIэжщ дэ ди тхыди ди лъабжьи,
Пэжщ, лъабжьэр къыщIэгъэщыгъуейщ.
Зэманыр димыфIу къэпапщэм —
Абы пэувыфи дыхуейщ.

Лъэпкъ Iуэху хуэгъэкIуатэркъым ЖьакIэм,
Ди гъащIэр къэзыгъэпIейтейм.
Пшагъуэбэр къытезэрыгуакIэ
Хъун хуейкъым ди лъэпкъыр фейцей.
31.VIII.2019

191

НэпсеиIуэу къытригъэщIыхьа
ЦIыхур иримыкъуу,
НыкъуэкъуэнкIэ куэд зэIигъэхьащ,
Псори иуныкъуу.

Уныкъуауэ ди щIыр мэджэрэз,
Зэзэмызэ бгъунлъэу.
Иджы цIыхур маплъэ Марсым нэс,
ЩытепкIэным пэплъэу.
1.IX.2019

192

Дунейм и Щэхур уимыхьэсэ,
Ухозэрыхьри — уощэтэх:
Гупсысэр щыпхуэмыгъэIэсэм
БэмпIэгъуэ мэхъури — уегъэщхьэх.

Жыджэрхэм пIащIэу здаунэтIыр
Зыхуэдэр щIэхыу къохъу сэтей.
А Щэхуу уи псэм нэхъ къыхуэтыр
ИгъэпщкIупащ джэрэз дунейм.
4.IX.2019

193

Сэ куэд хуэсщIащ ди бзэ телъыджэм,
Езыми Iэджэ къысхуищIащ:
КъызэплъэкIащ — сыщыкIэлъыджэм,
СыщылъэщIыхьэм — къысIущIащ.

Иджы — добакъуэ дызэгъусэу,
Мыхъуну ноби дыкъикIуэт.
ДызэIэпыкIмэ, хэлъу си псэр
А бзэр тхьэм куэдрэ къыфхигъэт.
11.IX.2019



194

Къабзагъэмрэ лъагапIэмрэ
ЩIэмычэу хущIэкъуа
Езэша си псэр бампIэурэ
ТIэкIу ещIэкъуэуащ...

Иджы — фэ фегупсысыт —
Ар хъуну бгъэкъуэншэж,
Ди дуней зэщIэсысэм
КъыщемэщIэкIкIэ пэж?
18.IX.2019

195

## ИДЖЫРЕЙ КЪЕБЖЭКІ

Блыщхьэ, блым ищхьэ,
Гъубж, бэрэжьей.
Зэман — цІыху цІыкІур
Зыгъэгужьей.

ПщхьэщеІэтыкІри —
ТІэкІу уегъэбауэ,
Уи псэм хъуэпсапІэр
ЩызэлымпІауэ.

Блыщхьэ, тхьэмахуэ,
Тхьэншэ зэман…
ЗэгъэдзэкІауэ
ЯІэт Іиман.
6.IX.2019

196

УещІ угупсысэу гугъуехьым —
Пытщэнщ, дыгупсысэнщ.
Мы дуней зэрызехьэм
И хадэм жылэфІ хэтсэнщ.

Е — тхухэмысэми жылэ,
ФІей ди гум къэдмыгъэкІын.
ДэркІэ жумарт мы щІылъэм
Ди зэран едмыгъэкІын.
30.X.2019

197

Зэманыр гугъущ… Дапщэщ щымыгугъуар?
Псэ дапщэм къехъулІа зыщыгугъар?
Таурыхъ… ХъуэпсапІэ… Къахуэмыгъуэт пэж…
Апхуэдэурэ допсэури… дыщІалъхьэж.
9.XI.2019

199

ИIыгъщ Европэ Зевс и бжьакъуэр,[1]
Хы къащхъуэр хъущIэу къокъуэлъыкI.
Пщы Агенор и хъыджэбз закъуэр
Бзэхащи, и гур къоузыкI.

ЩIагъуэжкъым щIы хъурейм и Iуэхур,
Коронэвирусыр къодзэгъу...
Еша цIыху цIыкIум заущэхур:
Дунейр мыгъуагъэкIэ уэндэгъу?
1.V.2020

200

ХЭКУ

ДэнэкIэ сыплъэми —
УищI паупщIащ.
СызоплъэкIыжри —
УаухъуэнщIащ.

А ухъуэнщIахуэм
Хэгъухь и гулъхэрщ
КъэзыщIыр махэ
Мы си гурылъхэр.

Укъэгъэгъэным
Хэзмыхыж гугъэр
Къысхуэнагъэнущ
Сэ нэмэз щыгъэу.
14.VI.2020

201

Дэ дылъэпкъщ — аращ нэхъыщхьэу
СылъыхъуэхукIэ къэсхутар.
Дыуэршэру е дыхущхьэу
Дыщысыху куэд тфIэкIуэдащ.



[1] Европэ къыщидыгъум Зевс вы зищIын хуей хъуат.

Дэ дылъэпкъщи — дунейм лъэпкъыу
Тетыр дифIу дыпсэунт…
Iей гуэр хэлъми ди дзажэпкъым
Ар лэжьыгъэкIэ дгъэткIунт.
18.VI.2020

203

Бетховен и илъэсщ — иракъутэкI
Музыкэ лъэщым уи псэр ныздипхъуатэу.
КъыпфIэщIу а зэхэпхыр уэ къэпIуатэу,
ЕдаIуэ быдэу, псэм къыщрехъуэпскI.

ЩIыхупсэм къыщекIуэкIыр нэрылъагъуу
ЗыIуэтэфа мы щIыгум темыта.
Дытетщи псори къэхутакIуэ лъагъуэ,
Тхьэм и гъэфIэнщ нэхъ куу къэзыхутар.
26.VI.2020



205

Шэч зыхэмылъыжщ —
ДымелыIычкъым.
ФIыуэ фызэплъыж
Фыкъытримычу.

ЗыкъыщытфIэщIыжкIэ
Дыкъытричу,
Ди псэр дофыщIыж
ДыхьэкIэпычу.
3.VII.2020

206

Iуащхьэмахуэ бахъэр къыщхьэщихыу
Зэзэмызэ мэхъу.
Лъагэу къытщхьэщытщи зыкърихыу,
Тхьэм тхуимыщIкIэ егъу.

Абы и ныбащIэм къыщыкъуалъэр
Пщтыру къэмынэж…
Ди хэку дахэм хэт ищIэн и пIалъэр —
Тхьэм къыхупищэж
Мыухыж гъащIэ.
4.VII.2020

207

ЗыкъищIэжынщ Къэбэрдейм,
ЗыкъищIэжынщ мыпIащIэурэ.
Абы хуэмейуэ пIейтейр
Мыарэзыуэ папщэурэ.

ЗыкъищIэжынщи — итIанэ
Нур гуэри къыпкъырыщынщ.
Ар къыщыфхэпсэ зэманым
Си псэри къыфхэплъэжынщ.
5.VII.2020



208

УПЩIЭ ЗЫЩЫПЛI

Уи щIалэгъуэ дахэу
Лъыр щхьэм щыдэуейм,
УебгъэрыкIуэфын къыпфIэщIырт
Мы дунейм.

А дунейр лажьэншэт?
Лажьэр уи щхьэм илът?
УзыгъэпIейтейуэ къэобгъэрыкIуэр
Уилът.

Нобэ сыт хэплъхьэфрэ
Мы дуней пIейтейм?
ПсалъэкIэ, IэбэкIэкIэ
Ущысхьрэ дунейм?
18.VIII.2020

209

УСАКІУЭХЭР

УсакІуэхэр тхьэмыщкІэу къыщІэкІынщ —
ЗащІэжми замыщІэжми.
Ирагъэшэчыр вым имышэчын,
ЩаукІ къохъу лъыр къащІэжу.

Уи натІэ кърихтхам упэувын?!
Къезэгъкъым упэуву.
Талантыр мылъкукІэ умыгъэпудын.
Нэрыгъыр гугъущ, пІэ зэву.
17.VIII.2020

210

Хуэмыкъулейуэ дыпсэуами,
ПсэкІэ дыбейуэ къэдгъэщІащ.
ДекІэсэуа-депэсэуами
Дунейм фІы гуэри щыдлэжьащ.

Тхьэм ещІэ, а длэжьа дигугъэм
Къыхагъуэтэн мыхьэнэ гуэр?!
Куэд йощэщыж дунейм и ужьгъэм,
НэхъыфІщ дэмыпсэлъеймэ псэр.
18.VI.2020

211

Къэзгъэзэжу иджы нэгъуэщІ
Сыхъужыну фыкъэзгъэгугъэркъым.
Пэжщ, си творчествэр тІэкІу ныкъуэщІщ,
Си натІэгуми вагъуэ къыщыблэркъым.

Арми, дыгъэмкІэ фызыгъэплъэн
Зы сатыр сэ стхыфахэм хэлъмэ —
ТІэкІу мащІэІуэми — къыфхуэщхьэпэнщ,
ФыхэтыхукІэ мы гъащІэ хьэлъэм.
20.VI.2020

213

ИДЖЫРЕЙ ОПЕРЭ

Аннэ Болейн[1] палъэну и щхьэ,
Мес — хуэму хуокIуэ щхьэпыупщIым.
Арщ и унафэр я нэхъыщхьэм,
Пащтыхьым, зыми емыупщIым…

ЯгъэIу пащтыхьи щымыIэжу,
А шыпсэр пщIы мыхъун уи фIэщ.
Хахар тIэу яхутемыкIыжу
Къытенэм — пащтыхь зэфэзэщ.
4.IX.2020

215



Уэркъ ныкъуэфыращ Iей дыдэр,
Уэркъ фар — зэфIэкIащ.
Къэралыжьым дриудри —
КуцIыр тщIишхыкIащ.

Дэнэ куцI къыздипхыжынур —
Къупщхьэм еплъыт — мэщ…
Акъылым дипсыхьыжыну
Iэджи къепэщэщ.
25.IX.2020

216

Пэжщ, си фIыщIэу хэлъыр мащIэщ
Мы къызэхъулIам.
И гур уэгум щощIэращIэ
Сэ къызэлIэлIам.

Сагъэбгъунлъэу сыщехуэхым —
СыкъиIэтыжащ.

[1] Доницетти и оперэм хэт бзылъхугъэщ.

КъыщыIэбэкIэ псэхэхыр —
IуигъэкIуэтыжащ.

Нэхуу, хуабэу хэлъыр стхахэм
Уэгум къысхурихащ…
Зэгуэр лей къызэзыхахэр
КъыщIэщыжкъым стхам.
17.X.2020

217

Къэбырыбу ди фантазиер
Дытетащ дунейм.
Иджы мазэм зэ зыдгъазэмэ —
Ди гур мэпIейтей.

ЩIэпхъуэжыну хуожьэ шыщIэу,
Къыжьэдыдокъуэж…
Къуэшхэ, «шыжьым» и гум щыщIэр
СывмыгъэIуэтэж.
22.X.2020

218

Я куэбжэрэ я бжыхьрэ
НэмыщI къафIэмыIуэхуу,
Зи гъащIэ кIыхьыр зыхьхэр
Къыстопсэлъыхь гупсэхуу.

Спкъырытыр нықъуэсаныгъэу
Къагъуэтри псэхужащ,
Езыхэм я лэжьыгъэр
Дурдыл къащыхъужащ.

И куэбжэри, и бжыхьри
Ди лъэпкъым згъэбыдэн
Мурадым сыщыпыхьэм
Дэтхэнэм ар жесIэнт?!
15.I.2021

219

АНЭДЭЛЪХУБЗЭМ

Нэблэгъащ ди Iуэхур уэрэ сэрэ,
Ди бын дыдэм дызэхамыхыж.
ДемылIалIэу мы дуней къэзэрым
Дынэщхъейуэ сэлам зэдгъэхыж.

Сэ сыздэкIуэжынур — сэркIэ жыжьэщ,
Уэ укъыздэнэнур — уэркIэ зэвщ.
ТIэкIу деплъыхми, дымынэщхъеищэу
Ди нэгу къыщIэдгъэхьэжынщ гъащIэфI.

Сэ сылIыжьщи — ахърэт гъащIэ дахэ,
Уэ убзэфIщи — дуней гъащIэ хуит…
Уэрэ сэрэ сатырыфI здэттхахэм
Япэбж илъэсищэхэр тхьэм къуит —
Утетыну дунеишхуэу махэм.
28.I.2021



220

ХьэлэбэлыкъкIэ гъэнщIа гъащIэр
НэзгъэблэгъауэикIэм,
Мамыр псэукIэ зызогъащIэ,
Сыщысщ сыкъытримычу.

Сэ зыми критикэ хуэстхыжкъым —
«Псори хъарзынэ дыдэщ».
ТхакIуэфIхэр зыр зым едыгъужкъым,
Я ныбжьэгъугъэр быдэщ.
29.I.2021

221

УЭРКЪ КЪАФЭ

Ди къулыкъушухэм куэд къавыр,
Хуэмейхэу щагъэтыжын…

## Усыгъэ

Къэбэрдей къафэ, уэркъ къафэ
Нэху щыхукIэ седэIуэжынт…

Хьэлъащ унэIут зэхэтыкIэр,
КъафIэщIт имыухыжын…
Псэ езэшам и хьэтыркIэ
Уэркъ къафэ седэIуэжынт.

Псым хэтпхъагъэнщ зэман Iэджи,
Дэ уэркъи дымыхъужын…
Ди тхыдэ куум и хьэтыркIэ
Уэркъ къафэ седэIуэжынт.
30.I.2021



*Усэхэр* МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ



* * *

ЩIым гуфIэгъуэм
Лъэсу къыщекIухьыр –
ПIащIэу ди бжэр
Абы къыIуимых.
Гуауэр щхьэкIуэ шущ
Сэ нэхъ зэзгъэщхьыр –
ДымыщIэххэу
Ди жьэгу къыщопсых.

Сыт-тIэ щIызэхъуажэр
Я кIуэжыгъуэм?
ГъащIэм ар и хьэл
ЗытемыкIыжщ:
Шым мэшэсри,
Мэбзэхыж гуфIэгъуэр,
Гуауэр лъэсу
Ди пщIантIэм докIыж.

* * *

ЗыпщигъэнщIкъым цIыхупсэм,
ГуфIэгъуэ,

КIыфIщ и махуэр
Зыщыхуам уи ней.
КъыхуэпщIыным уэ
Си жьэгум лъагъуэ
СыщIохъуэпс —
Си деж щыхьэщIэрей.

Сыномыджэ уэри, гуауэ,
Ауэ,
Уи ныбжь жыжьэр
Си нэгу щIумыгъэкI:
ЗыхимыщIэжыну
Хамэ гуауэр
Къохъу гуфIэгъуэм
ЩIыхур щыщигъэкI.

* * *

ГъэщIэгъуэныщэкъэ
ЩIыхур:
Псыр псэхэлъхьэжу
КъыщищIэр
ПсыхуэлIэм щихьым
И дежщ...

ГъэщIэгъуэныщэкъэ
ЩIыхур:
Хьэуам и уасэр
КъыщищIэр
Жьы щимыгъуэтым
И дежщ...

ГъэщIэгъуэныщэкъэ
ЩIыхур:
ПщIэ нэс насыпым
ЩыхуищIыр
Щынасыпыншэм
И дежщ...

ГъэщIэгъуэныщэкъэ
ЩIыхур:

(Мы хьэлым сфIэщIырт
Хуэмей).
ИгъэлъэпIэфыркъым
ИIэр,
ИмыIэм хуещIыр
ПщIэ лей.

* * *

ЗэхуэтщIамэ
Балигъхэм гукъанэ,
Тщыгъупщэжкъым
Зэман кIыхькIэ ар.
Къытхуэхъуам жагъуэгъу
Дыхуэмыупсэ,
ЗэIыхьэну тфIэфIщ
И Iуэхуу хъуар.

Дигу зэхуилъыр
Ди нэгу къидмыгъэщу,
Къохъу фэрыщIу
Дыщызэбгъэдэт.
Зым адрейр
ИригъэпкIэну мащэ
Мурад щэхукIэ псэухэр
Щхьэ къытхэт?

Сэ дапщэщи,
Сигу зригъэбгъэжу,
Псэ къабзагъэ
Сабийм дызолъагъу:
ПщIам и гуапэ,
Къоплъыр ар гуфIэжу,
ПщIам и жагъуэ,
Къыщеудри магъ.

## УПЩIЭ

ДыздэкIуэм
Дызэгъусэу къалэ жыжьэ,
Сэ упщIэ къызиташ
Си шынэхъыщIэм:

## Усыгъэ

Машинэр жэуэ щытмэ
КъэмыувыIэу,
Дэ дыздишэнур дэнэми
КъызжеIэт?

ГуфIэжу си къуэш цIыкIур
Сэ къызэплъырт.
Си нэгур зэхэуауэ
Сэ сыхэплъэрт.
ЖесIащ — щIыр къэткIухьынурэ
Хъурейуэ,
Ди деж аргуэру
ДыкъекIуэлIэжынущ.

... А цIыкIум дауэт
Сэ зэрыжесIэнур
Гъуэгум щыхупIэ
ДыщрихьэлIэну?!

* * *

Сабий цIыкIущ цIыхугур:
Гугъэр и хъыринэу,
ЩощIэ уафэ щIэншэм —
ФIощI мы гъащIэр кIэншэу.

Балигъ нэсщ акъылыр,
Гъуабжэу и нэгъуджэр.
ИкIкъым и тхьэкIумэм
И макъ ажал къаджэм.

«Хужьыщ» — жиIам цIыхугум,
«ФIыцIэщ» — жи акъылым.
Сыхагъэтщ бэлыхьым,
СхузэгурымыIуэу.

Ахэм я зэхуакум
СфIощI сыдэкIуэдэну.
Ахэм я зэдауэм
СфIощI сыхэкIуэдэну.

* * *

АфIэкIа къыскъухьынкъым мы гъащIэр:
ЩыдимыIэкIэ дызыхэдэн,
И фIыр и фIу, и Iейри и Iейуэ,
Зэрыщытым хуэдабзэу къэсщтэнщ.

ЗгъэлъэпIэнщ зэрыслъэкIкIэ и екIухэр,
И емыкIухэм и гугъу сымыщIын.
КъызгурыIуауэ згъэIунщи и купщIэр,
КупщIэ лъэпкъ зэримыIэр збзыщIынщ.

* * *

— Удз гъэгъахэр
Сыт фэ фыщIэгуфIэр?
— ЗэпылъитI къыдоплъыр
Дэ нэщхъыфIэу.
— Къэхъурэ сытми
Фэ фыщынэщхъей?
— ЛIам и кхъащхьэм
Дыщытелъым дей.

* * *

Дызыблэж унэшхуэм
И блынджабэ гъуабжэм
Тетхащ мелкIэ:
«Сэ уэ фIыуэ узолъагъу!»

А псалъиплIыр блынхэм
Тезытхэн щыIэхукIэ,
Дунеижьым хъунущ
ФIыкIэ ущыгугъ.

* * *

Жэщи махуи ущIэхъуэпсу
Уохьыр уэ мы зым:
Си щхьэ Iуэху фIэкIа зезмыхуэу
Сытетарэт щIым.

Жэщи махуи сыщышынэу
Сохъыр сэ мы зым:
Си щхьэ Iуэху фIэкI схуземыхуэу
Сыкъытенэм щIым.

* * *

Гъэ къэсыху къес уэсым
Щыщ си щхьэм къыхонэ,
Сыхъуу жьы
ИтIани си фIэщ мыхъу.
КъедэхащIэу тхъуахэр
Хигъэгъуэщэжыну,
СщIэркъым,
Дыгъэ гуэрым
Сыщогугъ.

* * *

Сэ соцIыхури тхакIуэ нэхъыжь гуэр, —
И дыгъуэкIэм зы пхудэмыгъуэну:
Игу ирихьмэ птхахэм щыщ зыгуэр,
Ещхьыркъабзэ къытрыригъэдзэнущ,
КIэщIэтхауэ укъыщалъхуа гъэр.

*СатыриплIхэр*

* * *

ГъащIэ ябгэм гуншэ-псэншэ зевгъэщIыну
Фыхуэмеймэ, мы зы закъуэр зылъэвгъэкI:
Сабиигъуэр блэкIа гъэхэм къыхэвмынэ,
Сабиигъуэр фи гум илъу къыздефхьэкI.

* * *

Щылъщ уэс къесагъащIэр зэщIэлыдэу,
Нэм къиплъыхьыр ихъуреягъкIэ хужьщ.
Уи фIэщ хъункъым дунеишхуэм тету
Зи гур фIыцIэ... ихъуреягъкIэ хужьщ.

* * *

Зиусхьэну зи уз сымыхьынхэм
КъадокIуэкIыр хьэл зызымыхъуэж:
Зы сом лей я жыпым къихъуэхункIэ,
Я акъылми хэхъуэу къащохъуж.

* * *

Зы хабзэ губгъуэм щокIуэкIри,
ПлъэмыкIыу уегъэпIейтей:
ГугъуехькIэ гъавэр щагъэкIыр,
Ежьужьхэр щафIыдокIей.

* * *

Пхэмылъыж цIыхугъи адыгагъи,
Къулыкъу шэнтхэм Iулъхьэкlэ уошэс.
Укъилъхуат уи анэм сабий дыгъэу,
КъыпхэзыщIыкIар уэ хэт нэжэс?!

* * *

ДжэдыкIэм бгы хуэмыкъутэу
ЖыхуаIэм хэлъкъэ зы щэху:
Дыщэ джэдыкIэ тегъапщи —
Зэтемыщахэм си Iуэхущ.

* * *

Бгъэжауи сощI уи унэр дыщэ защIэу, —
УемыпIэщIэкI зыфIэпщыжыну бей.
Уи гущIэм къыщыбгъуэтмэ налкъут щыгъэ,
Мис абы щыгъуэщ уэ ущыкъулейр.

* * *

Мы дуней хьэхужьым щызэрахьэу лей
СлъагъухункIэ, ди тхьэ, си гум къыполъадэ:
Сэ щысхуэмышэчхэр пIалъэкIэ дунейм
Дауэ зэрыпшэчыр уэ игъащIэ лъандэм?!

* * *

Зи гуащIэр ин! ЩIэмычэу сынолъэIур.
ХъымпIар сыкъэпщIкъым — си гур хыбогъэщI.
ХьэкъыпIэщ сэркIэ уэ узэрыщыIэр,
СызэрыщыIэм шэч къытепхьэу сфIощI.

* * *

Алыхь лъапIэ, мэхъу си фIэщ шэчыншэу, —
ЩIыр дахагъэщ къызыхуэбгъэщIар.
УзэплъэкIыу укъеплъэкIыжыхукIэ
Еплъ Iиблис мыбы щызэIищIам!

* * *

ЦIыху хейхэм мывэ щызэпах ди щIылъэм.
ЩыкIахэм фо щызэIэпах ди щIылъэм.
А псор уэ щумылъагъукIэ, алыхь лъапIэ,
Тпэжыжьэ дыдэщ а узэрыт плъапIэр.

* * *

Алыхь лъапIэ, цIыху къызэрыбгъэщIрэ,
ЩIым зы илъэс минкъым щекIуэкIар.
Сыт-тIэ щIиIэр нобэ къэс дагъуищэ? —
ЩIагъуэ хъункъым къызыхэпщIыкIар!

* * *

Мы щIыр щымыджэмыпцIэм щегъэжьауэ,
Тхьэ лъапIэр дуней Iуэхухэм елIэлIащ.
Мыпхуэдэу фIэкI зыхуемыгъэужьауэ —
Сыт тщIэн? — уэ дэрэ дыкърихьэлIащ.

* * *

Зыгуэрым напэ ищэжар
Адрейм къищэхури пуду, —
Апхуэдэ щIыкIэкIэ къежьащ
Напэншэрэ напитIрэ.

* * *

Дунеижьу фIыр зыхудиплъапIэр
МэкIэрахъуэ пхэнжу — къэплъэнэфщ.
Щхьэщыхунт куэд щIауэ ар щыхупIэм,
Зи псэр нэхухэм хуамыщIам гулъэф.

* * *

Насыпым и хэкIыпIэр къэзгъуэтыным
Семыгупсысу махуэ сыпсэуакъым.
Мы щIылъэм зыбгъэделэу утетыным
Нэхъ губзыгъагъи сэ къысхуэхутакъым.

* * *

Гум гуфIэгъуи гуауи, тэрэзэм хуэдабзэу,
Сохь щызэпэшачэу — шэщIащ си гукъуэпс.
Ар зэпэшэчэхукIэщ сэ сиIэнур гъащIэу,
КъысфIыщIэткIу мыхъуну лейуэ зы нэпс ткIуэпс.

* * *

Сэ зэманыр изогъэщхь кхъухьлъатэ
Зи хуабжьагъым зэуэ гу лъумытэм:
ТфIэщIми бжьиз дыщисым деж имыкIуу,
Ар пхолъэтыр пшэм, нэр темыпыIэу.

* * *

ЗумыщI зэи узэрыщымыту,
Пхуэхъуэжынкъым натIэм къритхар:
Хьэндыркъуакъуэм, блэ зищIыну хэту,
Зызэпишри, жаIэ, зэпытхъащ.

* * *

Си жагъуэгъу щэхухэ, гугъу фохьыр пщIэншэу, —
Сывгъэбгъунлъэну фхузэфIэкIынкъым:
Си усэр жьыбгъэу Iэубыдыпiэншэщ, —
АркъэнкIэ жьыбгъэр къыпхуэубыдынкъым.

* * *

Пащтыхь симыIэ. СиIэкъым Iужажэ.
Сыхуиту си щхьэ щIылъэм сыщопсэу.
СиIэжщ си фIыгъуэ, ар — си Iэужь тIэкIурщ,
Срокъу си закъуэ сэ зы дуней псо.

* * *

Сыкъызэралъхурэ сыхигъэтщ бэлыхь, —
Ажалым и джэ макъыр скIэрыкIащэрэт.
Си Iэужь тIэкIум фIыкIэ сащогугъ, —
ЛIэныгъэр сщIэкIыу, зэ псэун щIэздзащэрэт.

* * *

Фадэбжьэр игъэхъуамэ,
Мыпхуэдэу дывгъэIэт:
Тхьэм диIэр къытхуихъумэ,
ДимыIэр тхьэм къыдит!

* * *

Уофэ, жари, махуэ къэскIэ сэ саужьыгу.
Сыт-тIэ сефэм? — Си гур къабзэщ, фадэ пIащIэу.
Зы соIэт иджыри сызыущийхэм папщIэ, —
Кърамыхь къыздагъуэм нэхърэ нэхъ емыкIу.

* * *

ГуакIуэм и мызакъуэу икIи губзыгъащэу
Щызгъэтынут, жоIэ, цIыхубз дахэу хъуар.
КъаритамкIэ гуапэу ахэр къыддогуашэ,
Сыт щIапэбубыдыр тхьэм къаримытар?!

* * *

Къэсыным ипэ ди кIуэдыжыгъуэр,
Арат къэсамэ ди Iуэтэжыгъуэр.
Хьэмэрэ а кIуэдыжыгъуэр
Ара езыр Iуэтэжыгъуэр?!

* * *

Гукъеуэу пхузиIэнщ сыпсэухункIэ,
Апхуэдэу, гъащIэ, сыт къыщIызэпщIар:
Си гугъэр пIэту уафэм нэсыхункIэ,
Стемыту дамэ щхьэ сыкъэбгъэщIа?!

* * *

Узэрежьэжрэ уэшх хуэлIа щIылъэм
Сыхуэдэщ — сохьыр гугъу.
ГъущIащ си Iупэр, къочэ сигу бампIэр,
Мы си пкъыр щIолIэ — уэгъущ.

* * *

Бзэ къэсыхукIэ — лъэпкъыщи, сфIэфIщ щызэхуагъадэр,
Сэ итIани щыIэщ зылъызгъэс пщIэ лей:
Си анэм и гукъеуэр къызэрысхуиIуатэ
Бзэм нэхъ лъапIэ теткъым сэркIэ мы дунейм.



* * *

Си бзэм сэрэ дызэтIолъхуэныкъуэу
Зы адыгэ анэ дыкъилъхуащ…
Здэнукъым сыкъэзылъхуар хаутэу,
Здэнукъым хаутэу къыздалъхуар!

* * *

Ажал ябгэм пыщIа гурыгъузхэм
Я нэхъ хьэлъэу зы къыздызохьэкI:
СылIэу щытмэ, си анэдэлъхубзэм
Срипсэлъэжынукъым афIэкI!

* * *

Фыщысщ зауаем зыхуэвгъэпсауэ — адэкIэ-щэ?
ЩIым цIыхуу тетыр вгъэгузэсауэ — адэкIэ-щэ?
КъэкIыгъи цIыхуи къытемынауэ зыри мы щIым —
ТщIынщ фи мурадыр къывэхъулIауи — адэкIэ-щэ?

* * *

ГъащIэм и купщIэр мылъкуу къыпщохъур — унасыпыфIэщ.
Уопсэу уэ зыми уигу иримыгъуу — унасыпыфIэщ.
Насыпыншагъэм ихъ узэрисыр зыхыумыщIэжу
Ара? Шэчыншэу, уэ абы щыгъуэ унасыпыфIэщ.

* * *

«Пхуэдэр фIыуэ ялъагъунырщ къызыхуигъэщIар.
Уэрэд дахэ хуаусыныршь къызыхуигъэщIар». —
Ар щыжесIэм, фIыуэ слъагъур пагэу къызэплъащ:
«Ауэ схуэдэр пхуэдэракъым къызыхуигъэщIар».

* * *

Гъуэгум уаер щыетамэ, пхулъэмыкIыу уокIэзыз.
Е яхэткъэ узым бзаджэ — пкIэрымыкIмэ, уокIэзыз.
ПыIэ хуабэу, жьэгу дэсыным хуэерыщу зы соцIыху —
И кIэпIейкIэ лейуэ кIуэдмэ, и фэр пыкIыу, мэкIэзыз.

* * *

СымыцIыху щIагъуэу, сыцIыху щхьэхуещэу зыгуэрхэм жаIэ,
СыцIыху зэтету, сыцIыху гуапащэу нэгъуэщIхэм жаIэ.
Гъунэгъуу ахэм сыкъэзыцIыхуу зы яхэмыт, —
ИтIани ешкъым, къыстопсэлъыхьхэр, зыгуэрхэр жаIэ.

* * *

Солъагъу щхьэхуещэм еубзэу гъащIэр,
Гугъуехь щинатIэщ псэ къабзэм гъащIэм.
Зи акъыл нэхъ чэнжым нэхъ куущ и жыпыр —
Арауэ пIэрэ и хабзэр гъащIэм?

* * *

ЗэкIуэкIащ си нитIыр — ар сощIэж, солъагъу.
Нэгъуджэншэу тхылъхэм мыхъу седжэж — солъагъу.
Ауэ сигу, сынабгъэщ жысIэу, зэмыбгъэж:
Къэплъэнэфхэр щIылъэм щыгъунэжщ — солъагъу.

* * *

МафIэсышхуэм псы пэгункIэ сыт пхуещIэн?
Бгы къыгуэум бзу пэувкIэ — сыт хуещIэн?
Уэлъытауэ фIы пхуэщIэну къыумыгъанэ.
Адрейхэр уэлъытакъым — сыт пхуещIэн?

* * *

Мы дунеижьыр зищIысыр зы цIыхум къыгурыIуакъым.
ДыкъыздикIаи дыздэкIуи — зы цIыхум къыгурыIуакъым.
КъыгурыIуауэ жызыIэм фымыщI къывжиIэр фи фIэщ,
Зегъэгубзыгъэ, армыхъумэ — зы мастэ къыгурыIуакъым.

* * *

Уи бгыр щIэкъузи, бгым дэкI ерыщу, укъэмыдзыхэ, Мыкъуэжь!
Iуащхьэ цIыкIуфэкIукIэ укъэувыIэну уэ къомыкIуххэ, Мыкъуэжь!
Уигу лъагъуныгъэу, гуапагъэу илъыр щIым, дыщэ щыкъуейуэ, щикъухь.

А псом иужькIэ и ней ажалым, хуейм, къыпщырехуэ, Мыкъуэжь!

* * *

Сэ рубаикIэ сыщIэтхэр Хайям зезгъэщхьу аракъым.
ЖысIэн езым сэ симыIэу ара фи гугъэ? — Аракъым.
Анэдэлъхубзэр щIэщыгъуэу къэзгъэхъуэпскIыну сыхуейщ,
Аращ, армыхъумэ нэгъуэщIхэм запысщIыжыну аракъым.

* * *

ЦIыху къэсыхукIэ и гъуэгуанэр езым икIужынущ,
УдэлъейкIи укъелъыхкIи — зым зимыхъуэжыну.
КъритхамкIэ а уи натIэм Тхьэшхуэм уемыдауэ,
Си фIэщ хъуркъым а зэдауэм уи фейдэ хэлъыну.

* * *

Мылъкур уи нэрыгъмэ — уIэщIэмыкIыну,
ЩIэлъщ щIы щIагъым Iэджэ, дыщэм текIуэдауэ.
Псэм и къулеягъэрщ мылъкукIэ узэджэнур,
ГъущIыкIэжьи дыщэр, абы елъытауэ.

* * *

Дахагъэр хъумэ къримыдзэжыххэ,
ЦIыхугъэр ищIыжыпэм хэутэн,
И дыщэ псори къызэреблэблэхыу,
Мы дунеижьыр факъырэпэщмэнщ.

* * *

Уи гухэлъ къабзэр си дамитIщи,
Си гъащIэр сохьыр сылъэтауэ.
Ажалыр сыт? Ажалыр — зырикIщ,
Си лъагъуныгъэм елъытауэ.

УСАКIУЭ

ГуфIэгъуи гуауи сыпэджэжу,
Согъэвыр псэкIэ дуней псор,
Щызмытхым усэ сэ сызырикIщ,
Сэ усэ щыстхырщ сыщыпсэур.

* * *

Тхьэ лъапIэр къакIэрыщIауэ,
Дунейр цIыху цIыкIум зэIащIэ.
Я закъуэ ар къахуэгъани,
Уагъэлъагъуни иращIэр.

* * *

Ажал, уэ нэхърэ куэдкIэ сынэхъ лъэщщ сэ.
Уэ зыщ пхулъэкIыр — цIыхур уоукIыф.
Сэ сщIэми, бжэм нэхъ узэрынэхъ благъэр,
СыгуфIэу, сыдыхьэшхыу сопсэуф.

* * *

КъыпхуигъэфэщамкIэ умыарэзыуэ,
Тхьэшхуэм ухуэхъущIэм — къыппекIуэкIыжынущ.
Зи гущIэгъур иным псэкIэ уеувалIэм,
Къурш хуэдизу, хьэлъэ уи плIэм дэхужынущ.

* * *

Сабий къалъхуагъащIэр
Магъыр, зефыщIыж.
И иужьрей махуэр
Хуэдэщ игъеиж.

* * *

Си дежкIэ сыт кIэгъэпшагъэр? —
Хуейм къырешх, къырес.
Уэ фIыуэ сыкъыболъагъури,
Си гущIэм дыгъэ къыщопс.

* * *

И тыгъэм папщIэ гъащIэм ухуэхъуахъуэу,
ЩIыбош насыпым и мэрэмэжьейр.
Зэ еплъыжыпэт а пIэщIэт кумбыгъэм, —
ЩIэмылъу пIэрэ и щIэм блащхъуэжьей?!

* * *

Имычэзууэ гуауэ умылъагъумэ,
ГуфIэгъуэр къыпхуеблагъэм и чэзум, —
Аращ Тхьэ лъапIэм фIыкIэ игу укъэкIыу,
Уи деж къигъэлъэтауэ насып-бзур.

## ЛЪЭIУ

Адыгэ щIэблэ! Вджыж и тхыдэр Лъахэм,
Адэжь и жьэгур фымыгъэужьых.
БлэкIам хуэзыгъэтIысым зы удз дахэ,
КъэкIуэнум хухисэнущ фIыщIэ жыг!

* * *

ГуфIэгъуэ фIэкI мы щIышхуэм темытыж
КъытфIэщIу, гъащIэм дэ зыдегъэтIыж.
АрщхьэкIэ къосри пIалъэ гуэр, къыджеIэ:
Иджы а псори гуауэкIэ пшыныж.

* * *

Къыспэвмыубыд дыгъуэн закъуэр,
Къыфхуэзгъэгъунщ адрей псори.
Си адэр дыгъуэу щытакъым,
Сыдыгъуэфынукъым сэри.

* * *

Дунеижь абрагъуэр пхэнжу уокIэрахъуэ, —
Шэч зыхэмылъыжу ар си дежкIэ Iупщ Iщ.
Си чэнджэщ къедаIуи, зегъэхъуэж уи кIуэкIэм,
Джэдым нэхъ джэдыкIэр къохъур щынэхъ Iущ.

* * *

Дрещхыщ псы Iуфэм Iулъ мывэ жьгъей цIыкIухэм,
Псыр къызэриууэ — дыздрихьэхынущ.
Къимыууэ пIалъэ дихмэ, ди насыпщи,
Иджыри тIэкIурэ дыгъэм зедгъэунущ.

* * *

Уэрэ сэрэ пщIэ къытхуащIу щытмэ,
Ар къэдлэжьыжащ — а пщIэр дыдейщ.
Къулыкъушхуэ зиIэм езыракъым
ПщIэ зыхуащIыр — а зэрыс шэнтжьейрщ.

* * *

Уэ пхуэдэ цIыхум уемыпэгэкIыу — зыуи зумыщIу,
Тет дуней хьэхум къызэрыгуэкIыу — зыуи зумыщIу.
Мы дунеижьыр зэзыпхъуэжыну зигугъа Iэджэ
ЩIэлъщ щIы щIагъ кIыфIым сабырыжахэу — зыуи замыщIу.

* * *

Си жьэгу сыщыдэсыжым — жьэгу пащхьэр сфIэзэшыгъуэт,
КъыхуикIт къуршыщхьэм си нэ — бгы жьэгъур сфIэзэшыгъуэт.
Иджы сытетщ бгы щыгум, къэсплъыхьу дунеишхуэр,
Си жьэгу, дэнэ ущыIэ? — Къуршыщхьэр сфIэзэшыгъуэщ.

* * *

Гъащӏэ гъуазэ нэхъыжьыфӏ пхуэхъуамэ,
Тхьэм и нэфӏыр къыпщыхуауэ арщ.
Дунеижьыр пхэнжу щӏэкӏэрахъуэр
Зыдэплъеин гуэр зэримыӏарщ.

## ДУНЕИЖЬЫМ

Уи напэр тесхыу, сэ уи дагъуэ Іэджэ
Иджыри къэсщӏыфынут утыку Іуэху.
Арщхьэкӏэ пщӏэншэу сыт зэман згъэкӏуэдкӏэ? –
Зыгуэр къыпхэкӏыжыну си фӏэщ мыхъу.

* * *

Джэдур зэрещэр дзыгъуэ флъэгъуагъэххи?
Дыкъещӏ апхуэдэу мы дунейм джэгуэн.
Кӏэнджэгуу дунеижьыр щызэхэткӏэ,
Хуейщ сэри а дунейм сыдэджэгун.

* * *

Си илъэс нэхъыфӏхэ, фыкъызэтеувыӏэ,
Фи хуабжьагъым си псэр егъэхыщӏэ.
Сыт ди гъуэгум и кӏэм щхьэхьу фыщӏыхуеӏэр? –
Щыфхуагъэтӏылъа фи гугъэ дыщэ?!

* * *

Іейуэ щыӏэ псори си гум езгъэжалӏэу,
Бэлыхь сыхэтыжмэ дяпэкӏэ си Іуэхущ.
Іущхэм я Іущагъкӏэ, махуэ къэс селӏалӏэу,
Спсыхьа си акъылыр си гум и мэӏухущ.

# «ЗЭТЕЗЫIЫГЪЭР ЩIЫЛЪЭР ПСЭКIЭ ХЕЙРЩ»



Адрейхэм ебгъапщэмэ, адыгэ литературэм къикIуа гъуэгуанэр кIыхькъым, ар иджыри «тхыбзэ зыгъуэтагъащIэхэм», «зызыужьагъащIэхэм» хабжэ. Апхуэдэу щытми, нобэкIэ ди литературэм зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэр лIэщIыгъуэ зыбжанэ къызэзынэкIа лъэпкъхэм яхузэфIэкIахэм пошачэ. Дунейпсо литературэм и жанрхэм ящыщу ди усакIуэ, тхакIуэхэм къамыгъэIэрыхуэфа лIэужьыгъуэ къэгъуэтыгъуейщ. Абыхэм я творчествэм зыщауужьащ нэхъ гугъу дыдэхэм халъытэ жанрхэми, жанр фащэхэми, образ ухуэкIэ Iэмалхэми. Ауэ лъэпкъ литературэм сыт хуэдэ зэмани зэхуэдэу шэщIауэ зиужьакъым. Тхыдэм ухэплъэжмэ, абы нэхъ хуабжьу зыщиужьаи, и зыужьыныгъэр нэхъ кIащхъэ щыхъуаи хыболъагъуэ. IуэрыIуатэм къыгуэщхьэхукIыу лъэ быдэкIэ увауэ, совет идеологием и бжьым къыщIэкIауэ ди литературэм нэхъ хуиту икIи зыубгъуауэ лэжьэн щыщIидзар блэкIа лIэщIыгъуэм и 90 гъэхэрщ. А лъэхъэнэм абы лъагъуэщIэхэр щыпхызыша усакIуэ, тхакIуэ ныбжьыщIэ гупышхуэ къыщызэщIэрыуат: Бэлагъы Л., ПщыукI Л., Къаныкъуэ З., Къанкъул З., Аброкъуэ Б., МахуэлI Н., Абазокъуэ Къ., ГъущIо З. сымэ, н. Зи цIэ къитIуахэм языхэзми совет нэужь лъэхъэнэм къыдэунэхуа унэтIыныгъэщIэхэм зегъэужьыным и гуащIэ ирихьэлIащ. Щхьэтечауэ къэбгъэлъагъуэмэ, усэ тхылъитIкIэ, зы повесткIэ, зы романкIэ а Iуэхум хэлIыфIыхьащ ГъущIо Зариф.



ГъущIо Зариф Тыгъуэн и къуэр 1966 гъэм октябрым и 3-м Шэджэм районым хыхьэ Шэджэм Езанэ къуажэм (иджы Шэджэм къалэ) къыщалъхуащ. Курыт еджапIэр къиухыу дзэ къулыкъур кърихьэлIа нэужь, Бэрбэч Хь.М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым филологиемкIэ и къудамэм щеджащ. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэта нэужь, 1991–1992 гъэхэм «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспонденту щытащ. 1993–2004 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал телевиденэм щылэжьащ. ИужькIэ газетым игъэзэжри, къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ къудамэм и унафэщI къулыкъур ирихьэкIащ.

Адыгэбзэм зэрыхуэшэрыуэм, ар екIуу зэригъэбзэрабзэм и фIыгъэкIэ ГъущIо З. журналистикэми литературэми ехъулIэныгъэ щиIащ. 1990 гъэхэм къыщыщIэдзауэ и усэхэмрэ и публицистикэ тхыгъэхэмрэ газетхэмрэ журналхэмрэ къытехуэу щытащ, 1992 гъэм «Губгъуэ мафIэ» япэ усэ тхылъыр къыдигъэкIащ. Абы къыкIэлъыкIуэу «Шэху уэздыгъэ» зыфIища етIуанэ тхылъри 1999 гъэм дунейм къытехьащ. ГъущIом прозэми и зэфIэкI щигъэунэхуащ: абы и «МафIэс» повестым щыщ пычыгъуэхэр 1991 гъэм «Адыгэ псалъэ» газетым къытехуащ, 2003 гъэм «Нэпс фIыцIэ» романыр а газет дыдэм Iыхьэ-Iыхьэурэ къытрадзащ. Зариф и IэдакъэщIэкIхэр 2008 гъэм къыдэкIа «Къэбэрдей усыгъэм и антологием» хагъэхьащ.

Зэрынэрылъагъущи, ГъущIо З. и творческэ щIэиныр куэд дыдэ хъуркъым, ауэ усакIуэ е тхакIуэ нэсым и зэфIэкIыр къызэрапщытэр сатыр бжыгъэу и къалэмыпэм къыпыкIар аракъым, атIэ и тхыгъэхэм я фIагъырщ, ахэр лъэпкъ литературэм и зыужьыныгъэм зэрыхэувэрщ. Абы и лъэныкъуэкIэ ГъущIом и IэдакъэщIэкIхэм художественнэ лъапIагъ яIэщ.

Тхыгъэ зыбжанэкIэ лъэпкъ прозэм хэлъхьэныгъэ хуищIами, ГъущIо Зариф усакIуэпсэт, лирик нэст. Абы и усыгъэ дунейм гъащIэм и зэхэлъыкIэр зэрыщыт дыдэм хуэдэу, гъэщIэрэщIаи гъэфэрыщIаи хэмылъу, къыщыгъэлъэгъуащ. КъызэщIэкъуауэ къапщтэмэ, и усэхэмрэ «ГъащIэм и къежапIэр лъагъуныгъэрщ...» зыфIища поэмэмрэ ящIэлъ макъамэр нэщхъейщ, языныкъуэхэм дежи, уеблэмэ, гукъутэщ. Тхыгъэхэм нэхъыбэрэ лъабжьэ яхуэхъуар лирикэ лIыхъужьым и лъагъуныгъэ жэуапыншэрщ, апхуэдэу щыщыткIэ, Зариф и усыгъэм зыужьыныгъэ нэхъ ин щызыгъуэтари лъагъуныгъэ лирикэрщ. Абы хэухуэнауэ заужьащ пейзаж, философие лирикэ лIэужьыгъуэхэми.

ГъущIо З. ди лъэпкъ литературэм щыщIэщыгъуэу образ зыбжанэ къигъэщIащ. Нэхъ цIэрыIуэ икIи гукъинэж хъуар и япэ тхылъым къыщыунэхуу адэкIи усакIуэм и творчествэ псом зыщызыубгъуа, етIуанэ тхылъым фIэщыгъэ езыта шэху уэздыгъэрщ. Литературэдж Къэжэр Иннэ пэжу гу зэрылъитащи, «къарур иухыху кIыфIыгъэр зыщIэзыгъэнахуэ шэху уэздыгъэм и образым мыхьэнэ куэд къызэщIеубыдэ. ГъущIо З. ар хуегъадэ зи псэр фIым щхьэузыхь хуэзыщI усакIуэм къыхуиухам («Шэху уэздыгъэ»), зэман кIуэщIым дэкIуэд щIалэгъуэм («Си щIалэгъуэр мэткIур, япэ бжьыхьэ уэсу...»), езы усакIуэм и гущIэм щыбзэрабзэ фIылъагъуныгъэм («Шэху уэздыгъэу сыщытамэ...», «ФIыуэ ущIэслъагъур...», «Шэху уэздыгъэм и мафIэ IэмащIэлъэмащIэм...»)».



ИпэжыпIэкIэ къэбгъэлъагъуэмэ, шэху уэздыгъэр адыгэм и дунейм щыхамэщ икIи чыристан диныр зезыхьэ лъэпкъхэм нэхъ япэгъунэгъущ. Ауэ усакIуэм и нэкIэ уеплъмэ, ар диным зыкIи ехьэлIакъым, атIэ зыхуихьыр гуапагъэрэ хуабагъэкIэ гуашэурэ щысхьыншэу зи псэр зыгъэсыж цIыху гуащIафIэм, псэ хьэлэлым, гупцIанэм и образырщ. Шэху уэздыгъэм и «гъащIэр», «щыIэкIэ-псэукIэр» хэт нэхъри нэхъыфIу усакIуэм къыгурыIуэрт, зыхищIэрт, сыту жыпIэмэ езыри апхуэдэу псэемыблэжти, и тхыгъэхэм хэгъэшыпсыхьауэ нэхурэ нуррэ къыпкърыкIырти. И етIуанэ тхылъыр къызэрызэIуих «Шэху уэздыгъэ» усэм щитхыгъат:

*Дыгъэр къыкъуэкIыхукIэ жылэм уэ уагъэс,*
*Дыгъэр къатепсэжмэ, узэрамыпэс...*
*Узогъэщхъ усакIуэу цIыхухэм яхэтам,*
*Уи шэху нэпсхэм ещхъу, псалъэхэр зытам.*

ИщхьэкIи къызэрыхэдгъэщащи, ГъущIо З. и усыгъэм бжьыпэр щызыIыгъыр лъагъуныгъэ лирикэрщ. УсакIуэм и творчествэм нуру къыхэлыдыкIа шэху уэздыгъэм и образыр и гухэлъ усэхэми IэкIуэлъакIуэу хиухуэнащ:

*Шэху уэздыгъэу сыщытамэ,*
*Уи IэмыщIэм сыщыблэнут.*

*ТкIуэпс еткIухыр уи Iэм теткIуэу,*
*Зэхыумыхыу уи цIэр жысIэу,*
*Уи IэмыщIэм сыщыблэнут,*
*Шэху уэздыгъэу сыщытамэ.*

Щапхъэу къэтхьа едзыгъуэм щIэлъ лирикэ щабэм, къыхэщ образ дахэхэм, зэрытха усэбзэ шэрыуэм нэмыщI, и гъэпсыкIэми щхьэхуэу и гугъу щIыпхъэщ. Япэрауэ, мыбы усакIуэм къыщигъэсэбэпа сатырих строфар адыгэ усыгъэм щызакъуэтIакъуэщ (усэр апхуэдэ сатырих строфауэрэ щы мэхъу), нэхъыбэрэ узрихьэлIэр сатыриплIу зэхэт строфарщ. ЕтIуанэрауэ, зы едзыгъуэм и кIуэцIкIэ рифмэ лIэужьыгъуэ зыбжанэ щызэредзылIэ – къызэщIэзыкъуэ рифмитI, тIури таутологие рифмэ лIэужьыгъуэу: «сыщытамэ ↔ сыщытамэ», «сыщыблэнут ↔ сыщыблэнут». Япэ рифмэм зэрыедзыгъуэу къызэщIекъуэ, етIуанэм – етIуанэ, ещанэ, еплIанэ, етхуанэ сатырхэр. Ещанэ сатырымрэ еплIанэмрэ «теткIуэу ↔ жысIэу» рифмэ зэгуэгъумкIэ зэпхащ, ар (рифмэр) къулей дыдэу щымытми. КъищынэмыщIауи, япэ сатырымрэ етIуанэмрэ строфам и кIэм деж рефрену къызэрытрагъэзэжым, апхуэдэуи «Шэху уэздыгъэу сыщытамэ...» жыхуиIэ япэ сатырыр едзыгъуэ псоми я пэщIэдзэмрэ кIэухымрэ къызэрыщыкIуэм усэм и ритмикэр макъамэм хуэдэу яшэщI.

ГъущIо З. и лъагъуныгъэ лирикэм пейзажым щIыпIэ ин щеубыд. ЩIыуэпсым и теплъэ гуакIуэхэр къыщритхэкIкIэ усакIуэм ар фIыуэ илъагъу пщащэм и образым хуехь, дунейм дахагъэрэ фIыгъуэу телъыр а зым къыхуигъэщIауэ къегъэлъагъуэ. «Вагъуэзэшиблыр зыщIегъури...» усэм дыкъыщоджэ:



*Дыгъэр къоушри пщэдджыжьым,*
*Уэ ныпхуеший и нур къабзэр,*
*Нэхур щIэз ещI уи пэш хужьым,*
*Макъамэ пхуегъэбзэрабзэ.*

Языныкъуэ усэхэм деж щIыуэпсыр лирикэ лIыхъужьым и гурыгъу-гурыщIэхэр къызэриIуатэ Iэмэпсымэу усакIуэм къегъэсэбэп. Псалъэм папщIэ:

*ПщIащэхэр похужри, мэкIуэдыж.*
*Си псэми мы бжьыхьэр щхъэ щытепщэ?*
*Си псэми и тхъэмпэхэр мэгъуж, –*
*Бещто жьапщэращ абы щызепщэр...*

Нэхъ пасэуи гу зэрылъыттащи, ГъущIо З. и усыгъэм нэхъыбэрэ къыщыIур макъамэ нэщхъейхэрщ, езым зэритхыгъауэ, «гупсысэ гуIэжырщ». И усэхэми поэмэми бжьыпэр щызыIыгъыр ажалырщ, закъуэныгъэрщ, зэшыгъуэрщ, гужьеигъуэрщ. Псом хуэмыдэу гъэщIэгъуэнщ икIи щIэщыгъуэщ усакIуэм закъуэныгъэм и образыр къызэригъэлъагъуэр:

*Закъуэныгъэр сэ къыздоуэршэр,*
*Ар лIыжь бауэбапщэщ икIи пшэрщ...*

Ауэ закъуэныгъэм хуэдэ къару фIыцIэхэм дахагъэмрэ къабзагъэмрэ къыхуигъэщIахэр сыт щыгъуи япэщIэтщ. Арат усакIуэм

щIитхыгъари: «ЗэтезыIыгъэр щIылъэр псэкIэ хейрщ». Езыри псэ хейт, псэ къабзэт... АбыкIэ и дэтхэнэ тхыгъэри щыхьэтщ. Сыт хуэдиз гухэщI гъащIэм къыхуимыгъэфэщами, усакIуэпсэр зыми хуэхъуэжакъым. Ар зэрыкъабзэу, зэрынэхуу къэнэжащ:

*Мы си жьэгум мафIэр щыункIыфIакъым, –*
*Хуабагъ гуэр уэрыншэуи сиIэжщ.*
*ЦIыху сыхуэмыныкъуэу зэи къэхъуакъым,*
*ЦIыхухэм хуэмыныкъуэ псэр мывэжьщ.*

Куэд дыдэ мыхъуми, ГъущIо З. лиро-эпикэми и гуащIэ хилъхьащ. Абы и поэмэ закъуэр – «ГъащIэм и къежьапIэр лъагъуныгъэрщ...» зыфIищар – 1999 гъэм «Шэху уэздыгъэ» тхылъым иту дунейм къытехьауэ щытащ. Тхыгъэм лъабжьэ хуэхъуар зы лъагъуныгъэ хъыбарщ, ар и фIэщыгъэми къегъэлъагъуэ. Ауэ зэ еплъыгъуэкIэ узэригугъэнум хуэдэу, абы и сюжетри ухуэкIэри къызэрыгуэкIкъым. Тхыгъэр Iыхьэ зыбжанэу зэхэлъщ. Хэзышэ псалъэм деж гъащIэм и мыхьэнэм, цIыхур дунейм къыщIытехьэм, ар зэманым зэрыхэзагъэм, нэгъуэщI Iуэхугъуэ куэдми ехьэлIа философие гупсысэ куухэр щызэхэухуэнащ. Мыбдежым къыщыщIэдзауэ усакIуэм дыхуегъэхьэзыр адэкIэ къекIуэкIыну Iуэхухэр зэрыгугъусыгъум:

*ВжесIэнщи си зы щэху, сэ куэдрэ сфIощI*
*Ди гъащIэр жыхьэнэмэм и къыщIэдзапIэу.*
*Ер ди нэхъыбэу сщохъури, си гур хощI,*
*Хэт и псэм сыт хуэдизи тель дзэкъапIэу?..*



Апхуэдэу къыщIидза поэмэм Iыхьихыу зеубгъу, къэхъугъэ куэд къызэщIеубыдэ, ауэ ахэр псори зы лIыхъужьым и гъащIэр къэгъэлъэгъуэжыным йокIуэлIэж. ЗекIуэлIхэ Къан и псэ къабзагъымрэ лъагъуныгъэ гъунапкъэншэмрэ токIуэдэж. Абы япэу гухэлъ зыхуищIа пщащэр къопцIыжри, и ныбжьэгъу щIалэм докIуэ. Къан нэгъуэщI щхьэгъусэ егъуэт, ауэ абыи къигъэпэжыркъым... ЩIасэлI зэриIэм къыщымынэу, бзылъхугъэм и щхьэгъусэр сэкIэ IэщIоукIэ. Аращ лирикэ лIыхъужьым и гъащIэр зэрыхъур. УсакIуэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, ар и щабагъым, нэгъуэщIу жыпIэмэ жыру псыхьа хьэл-щэн быдэ зэримыIэм токIуэдэж. АбыкIэ егъэкъуаншэ лъагъуныгъэри:

*Уэ, ди Тхьэ, сыщыхъумэ лъагъуныгъэ*
*Утыку къранэр сигу щытепщэ хъуным, –*
*Ажал фIэкIа мы гъащIэм зы щIыбгъуну*
*Ухуэмеижу уещI, егъэткIури лIыгъэр...*

Гупсысэ пыухыкIа закъуэтIакъуэхэмрэ сюжет фагъуэм и кIапэлъапэ гуэрхэмрэ къыщыхэбубыдыкIыф къэхъуми, поэмэм гугъусыгъуурэ зеужь, лирикэ лIыхъужьыр Iуэщхъу хуэдэурэ йокIуэкI. Языныкъуэхэм деж ар зауэм къыхохутэ, ауэ сыт хуэдэ зауэр арами къыпхуэмыщIэурэ сюжетым зеужь, нэхъ иужьыIуэкIэ Абхъаз зауэр арауэ гурыщхъуэ уэзыгъэщI хъыбар пычахуэ гуэрхэм урохьэлIэ. Зэрыщыту къапщтэмэ, поэмэр кIыфIыгъэ, лъыкIпсыкI зэфэзэщ. Тхыгъэм и кIэухри гукъутэщ: зилI зыукIыжа Iэринэ и акъылым йокI, а псори я сабийм и нэгу щIокI. КъэIуэтэкIэм, усакIуэм и бзэм и гугъу

пщIымэ, тхыгъэм «натурализм»-кIэ зэджэ Iэмалыр щытепщэ мэхъури, художественнэ лъапIагъэр фIокIуэд. Псалъэм папщIэ, мыращ поэмэм и кIэухыр:

*... И анэм лъыхъуэу быным зыкъеплъыхьыр.*
*ЦIыкIущэти, къэхъуар къыгурыIуакъым,*
*А цIыкIурат иджы зыхьынур мыхьыр.*
*Щхьэщохьэри и анэ къэмэхам,*
*Абы Iэрохьэ адэм и сэ бзаджэр.*

<...>

*Сэкъу дахэм йоплъ сабийри погуфIыкI,*
*Лъыр илъэщIыжу сэдзэм Iэ щыдилъэм*
*ЗеуIэжри, тхъэмыщкIэр къыхогъыкI,*
*Холъадэ абы ейри адэм и лъым.*

<...>

*Iэринэ фIэкIуэдащи и акъылыр,*
*Езым IэщIэукIауэ хъэдэ щылъым*
*Сабийр еуауэ сэмкIэ иIуэтэнущ, –*
*Ар делэ хъуащи, бынри хиутэнущ...*

Тхыгъэм и фIэщыгъэм зэрыжиIэмкIэ, «ГъащIэм и къежьапIэр лъагъуныгъэрщ...», ауэ, къызэрыщIэкIымкIэ, абы и кIэухри аращ. Ауэ апхуэдэ фIэщыгъэмрэ поэмэм и купщIэмрэ зэхуэзыхьу, зэзыгъэкIуу сюжетым зыри хэплъагъуэркъым. Иужьрейри – сюжетри – екIуу ухуауэ пхужыIэнукъым: абы лей куэд къыщетхэкIащ, нэмыгъэса гупсысэхэмрэ нэмыщIыса образхэмрэ щыкуэдщ. Арщхьэкiэ тхыгъэр мыдагъуэншэми, купщIэншэкъым, Iущыгъэхэмкiэ, псалъэ шэрыуэхэмкIэ гъэнщIащ. Псалъэм папщIэ, мыпхуэдэхэмкIэ:

*... АрщхьэкIэ гъащIэр гъущI гъэплъащ, –*
*Уемыуэм гъущIым и чэзум,*
*КъыпхухэщIыкIкъым узыхуейр.*

*ЗызышыIэфыр ихуэми щхьэ шхыгъуэ,*
*ФIым пэплъэ защIэу къос и кIуэдыжыгъуэр.*

*Уи Iейм нэхъ лъагэу ущымытмэ,*
*Псэр хэкIуэдэныр бетэмалщ.*
*Ер хуэмыфащэ ди гулъытэ,*
*Губжьым цIыхугъэр и Iэмалщ.*

<...>

*Ер бгъэгъумэщ уи псэри щызагъэр.*

Дызыхэплъахэр къызэщIэткъуэжмэ, ГъущIо Зариф и IэдакъэщIэкIхэм адыгэ литературэм увыпIэ щхьэхуэ зэрыщаубыдыр къыхэгъэщыпхъэщ. УсакIуэр утыкушхуи ихьакъым, творческэ щIэин абрагъуи къызэринэкIакъым, атIэ мащIэрэ купщIафIэу тха-

хэм ящыщщ. Абы и усыгъэ макъамэм лъагэу, дэнэкIи къыщыIуу зимыIэтами, и IэдакъэщIэкIхэм езым и щIэджыкIакIуэ яIэжщ, ахэр щIэх-щIэхыурэ гур зыхуэжэу къэтлъыхъуэжхэм, къытедгъэзэжурэ щIэрыщIэу, щIэщыгъуэу дызэджэжхэм ящыщщ, зи пIалъэр имыкIыжын лъапIагъэхэмкIэ гъэнщIащи.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат*

*Усэхэр* ГЪУЩIО Зариф

* * *

Шэху уэздыгъэу сыщытамэ,
Уи IэмыщIэм сыщыблэнут.
ТкIуэпс еткIухыр уи Iэм теткIуэу,
Зэхыумыхыу уи цIэр жысIэу,
Уи IэмыщIэм сыщыблэнут,
Шэху уэздыгъэу сыщытамэ.

Шэху уэздыгъэу сыщытамэ,
Уи дахагъэт згъэнэхунур,
Уи гупсысэт згъэунэхунур.
Уи IэмыщIэм сыщижыхькIи,
Уи сурэтыр псэкIэ стхынут,
Шэху уэздыгъэу сыщытамэ.

Шэху уэздыгъэу сыщытамэ,
Мы си гъащIэр птекIуэдэнут,
Ди дунейм гуфIэгъуэу тетым
Бзий къуэлэну къыпих нурыр
ЕдэхащIэу уи гуи уи пси
Упсэунт, сыпыбгъэнауэ,
Шэху уэздыгъэу сыщытамэ.

* * *

ПщIащэхэр похужри мэкIуэдыж.
Си псэми мы бжьыхьэр щхьэ щытепщэ?
Си псэми и тхьэмпэхэр мэгъуж, —
Бещто жьапщэраш абы щызепщэр...
Мэлъэлъэжри, бжьыхьэм хозэгъэж
Дэ гухэлъу зэхудиIэгъахэр.
Хъунукъым си деж уэ къэбгъэзэж,

Хэзэгъэжкъым нобэм гъэ блэкIахэр.
ПщIащэхэр похужри, мэкIуэдыж.
Гужьеяуэ зэрызохьэ къуаргъхэр.
ГъащIэм къыпызыщэр гукъэкIыж?
Аркъудеймэ, гъащIэр сыту мащIэ.
Сыту мащIэ гуапэу къэтпсэуар.
СфIощI дрещхьу пщIащэ пылъэлъыжым.
Ди акъыл нэмысурэ, къэхъуам
Дэ ди гъащIэр бжьыхьэм ещхь ещIыжыр...

* * *

Хы ФIыцIэр дэнэ къыздикIар?
А упщIэр сигу сыт къыщIэкIар?
Хы ФIыцIэм гуауэу илъэгъуар
Адыгэращ зыхуэшэчар.

Хы ФIыцIэр дэнэ къыздикIар?
Жэуапыр ещIэ ди блэкIам, —
Нэпс ткIуэпс зырызурэ Ахыныр
ЛъэкIащ си лъэпкъ зэхуихьэсыну.



* * *

Тутын Iугъуэм зешэщIри, къоувэж си щхьэщыгу
Гупсысэ гуIэжыр здихьыну хытIыгу, —
Сэ сщIэркъым нэгъуэщIым гухэлъ щIыхуэпщIар,
Аращ мы си гущIэ ешар зылыпщIар.

ШэщIарэ гъуэгу хьэлъэу мы махуэри блокI,
КIэух имыгъуэту гупсысэр сщхьэщокI.
КIэкъинэу изоф лъагъуныгъэм и щхъухь, —
Сыщхьэхуимыту сыхэтщ уи бэлыхь...

СфIехьыж гуныкъуэгъуэм нэхъыфIу пхузиIэр
Гукъуэпсхэр икъузрэ си псэр иуIэу.
Уи плъэкIэ шыугъэм къысхуихьыр гурыгъущ,
ИтIани, уи уз гъусэ бзаджэу сэ сщIыгъущ.

Гъущыжрэ уи псалъэр, пхуэзмыщIу губгъэн,
УзгъафIэу щыслъэкIми уи деж сынэкIуэн,

ГъащIитху зыхьын гуауэ хуэдиз согъэшэч,
Шэч лъэпкъ хэмылъыжу сыбощI нэхъ бэшэч...

* * *

*«Ненавижу и люблю»*
**Катулл**

«Услъагъуи хъуркъым, фIыуи узолъагъу» —
Катулл щIитхам апхуэдэу и щхьэусыгъуэм
Сылъыхъуэжын хуэмейуэ сехь гурыгъум:
«Услъагъуи хъуркъым, фIыуи узолъагъу».

«Услъагъуи хъуркъым, фIыуи узолъагъу», —
Катулл итхами сыт хузиIуэхужыр?
Услъагъуи хъуркъым, фIыуи узолъагъу,
Уэрыншэуи сэ сыт сызищIысыжыр?..



Услъагъуи хъуркъым, фIыуи узолъагъу, —
Уи деж нытезгъэзэхукIэ лъагъунлъагъу
Сэ губжьым сызэрихуэу уи бжэщхьэIум
Себакъуэрэ сыпIуплъэмэ, аргуэру

Гукъеуэ псор сщхьэщеш уи плъэкIэ закъуэм
ХуэгуфIэу гъащIэм псэр, сыпIэщIокIыж.
Уэрыншэу сыпсэуныр сэ си плъапIэт,
АрщхьэкIэ сыппыкIыну слъэмыкIыж...

* * *

Мы си жьэгум мафIэр щыункIыфIакъым, —
Хуабагъ гуэр уэрыншэуи сиIэжщ.
ЦIыху сыхуэмыныкъуэу зэи къэхъуакъым,
ЦIыхухэм хуэмыныкъуэ псэр мывэжыщ.

Уэ сыщыпхуэныкъуэ къысхуихуами,
БлэкIа псоми сыхущIемыгъуэж.
Псалъэ дахэ куэд бжесIэн слъэкIами,
Гухэлъ гуэр сиIауэ сымыщIэж.

Ди блэкIам къехьыжри уи пэж дыджыр,
Къысхуэмынэ си гум къинэн гуэр.

Уэ уи мафIи нобэ сыхуеижкъым,
УигукIэ уогъэхуабэри зыгуэр...

* * *

МэткIужыр уэсыр, псыхьэлыгъуэу
Унащхьэ лъагэм къежэхыжу.
Абы доткIужыр си гурыгъур
Си псэ сфIэжейр къигъэушыжу.
МэткIужыр уэсыр, къосыр гъатхэр,
Ар дыгъэ бзийкIэ жэщми матхэр
Нур цIыкIухэр махуэм къищыпауэ,
Iу бахъэ хуабэкIэ мэбауэ
Дуней пIыщIар къызэщыужауэ.
Ныжэбэ сфIощI щымыIэу гуауэ,
НасыпкIэ щIылъэр игъэнщIауэ,
ЩохьэщIэ гъатхэр щIы хъурейм
Илэжьу жэщкIи ищIэн хуейр...

* * *

Уэрыншэу сэ нэхъыфIу сыпсэу хъуащ,
Зы хъуаскIэ гуэри си псэм къыхэхъуащ.
ДыщызэпыкIым жэщыр бий схуэхъуамэ,
Иджы сещIыж нэхущым сэ нэхъ бланэ...

Дыгъэ къыщIэкIым си псэр доуэршэрыр,
Зэран къысхуэмыхъуж уи псалъэ жэрыр.
Иджы гурыщIэ къабзэхэр си плъапIэу
СыхуокIуэ лъагъуныгъэм и быдапIэм.

Уэсэпсым итхьэщIыжрэ хэгъуэщэжу
Ди гуауи, ди гуIэгъуи сщогъупщэжыр.
Собауэ хуиту, мы дунейм щысхь гъащIэр
НэгъуэщI и гугъэ къысхуегъэщIэращIэр...

* * *

Псэ зэблагъэхэр зэ плъэгъуэкIэ зэрощIэ,
Псэ зэблагъэхэр дзыхь къабзэкIэ зэIуощIэ,
Псэ зэблагъэхэр зэхъуапсэри зэтохуэ,
Псэ зэблагъэхэр гупсысэкIэ зэгуохьэ.

Згъуэтыжатэм благъэу зы псэ закъуэ,
СфIэщIыжынут сытми сыщхьэзакъуэу?
Изохьэк I куэд щIауэ мы си гъащIэр
СымыцIыху псэ гуэр сыхуэгумащIэу.

СыщIыхэтри арщ мы гъатхэ уэшхым,
А цIыхупсэр згъуэтыркъыми, хуэшым
Си псэр зэрыщыту нызэщIещтэ, —
Гъыуэ ар сфIэщIащи, арщ сыщIэщтэр.

## СЫМЫЦIЫХУ ПЩАЩЭМ ДЕЖ

ДызэрыцIыхукъым, ауэ сощIэр
Уэ си гухэлъ узэрыхуейр.
Уи лъагъуныгъэрщ сигу гумащIэм
Къилъыхъуэу жэщкIи щIэмыжейр.

ПщIыхьэпIэр хъунут си тыншыпIэ,
АрщхьэкIэ сытыр си Iэмал...
ЗыхэсщIэу псэкIэ псалъэ жыпIэр
Дунейм утетщи, бетэмал,

Иджыри зэ уэ сыпIуплъатэм,
ЦIыху минхэм уахэсцIыхукIынт.
Уи теплъэр си гум имылъатэм,
Мы гъащIэм си гур сфIыщыкIынт...

* * *

ХамэщI солъатэ...
Уи Iу бахъэм
«Къысхуэгъэгъу» псалъэр ходиихыр.
А уи зы псалъэм псэр илъахъэу
Къысхуехь гупсысэм и бэлыхьыр.

ФэрыщIыгъэншэу маплъэ уи нэр,
Уи напIэм нэпсри къытощыр.
НэхъыфIырауэ уи гум къинэр,
Уи нэм сыщIоплъэри, къысфIощIыр.

ХамэщI солъатэр...
ЗэпэIэщIэм
ХигъащIэу уи гур къызолъагъур.
Уафэгум гъуэгуу сэ щысшэщIыр
Уэ уи нэвагъуэм къощ лъэс лъагъуэу...

* * *

Пхуэмыхъуэжурэ уи хьэлыр,
Дуней псом къохъу зыщихъуэж.
ИутIыпщамэ мывэ щхьэлыр,
ГъащIэм махуэр зэщIекъуэж.

ЗэщIекъуэжри, зэманыр,
КъуийцIыкIу мывэу, екъузыж,
БлэкIа псори зы ещIыжри,
ФIым и ткIуэпсхэри езыж.

Пхуэмыхъуэжурэ уи хьэлыр,
Дунеижьым зэ зехъуэж.
Джэгуху гъащIэр, зэман щхьэлым
Ажал мывэкIэ уехьэж...

* * *

«ГъащIэр кIэщIми, Iуэхухэр кIыхьщ», —
Хэт жиIат апхуэдэу?.. —
СщIэжкъым...
Си псэм нэпсым ещхьу щIэжыр
Сигу къабзагъэ сызэпщIыхьщ.

ГъащIэр кIэщIми, Iуэхухэр кIыхьщ,
Гъуэгухэр кIыхькъым, Iуэхухэм хуэдэу.
КъыщIокIыж насып си куэду,
СыхэмыкIми уи бэлыхь...

ГъащIэр кIэщIми, Iуэхухэр кIыхьщ,
КIэухыншэщ уз бдэсшэчыр, —
Си гукъуэпсым ещхь зыгуэр
Уи гуэныхьщ сфIызэпызычыр...

ГъащIэр кIэщIми, Iуэхухэр кIыхьщ...
Зэ зэпычу сытыншарэт.

Схуищіу гъащІэр кІэщІ, си пщІыхь
Гуауэ кІыхь ухимышарэт...

* * *

Уэ зыкІи дзыхь къысхуэпщІыркъым, уи гугъэщ
Мыгъуагъэхэр къыхэсх акъылыншагъэм,
Щыуагъэхэм сфІахьыжу насып фІыгъуэр
Къыпщохъури, ибогъэщхь си хьэлыр пщагъэм.

АрщхьэкІэ, сыт хэпщІыкІрэ си гъащІэм?..
Хэплъагъуэр сыт си жэщхэм я гупсысэм?
Си лъагъуныгъэм зыкъыщытепшащІэм,
Сщхьэщехыр нэщхъеягъуэхэр си усэм...

ПлъэкІатэм бгъэунэхуну си гупсысэр,
Іэдэмрэ Хьэуарэ мыІэрысэм
Щыуагъэу къахуихьам пэпщІынт си гъащІэр,
КъэпщІэнти лъагъуныгъэр зыщІыр гуащІэ.



* * *

Дыбгъэдэгъэс зэгъусэу ди жьэгу мафІэм,
Пщыхьэщхьэм дызэгъусэу дыгъэзэш.
УмыщІэу Іуэху икІи усхуэмыпщафІэу,
Уэ зы пщыхьэщхьэ дызэхуэгъэзэж...

Дыбгъэдэгъэс зэгъусэу ди жьэгу мафІэм,
ЗэхэкІыжами, зэщІэдгъэнэжынщ.
Хъужынщ ди унэр гугъэм и дыгъапІэ,
МафІэдз уимыІэм, си гур сэ уэстынщ.

Пхуэзэшурэ, гум хъуаскІэр из хъущащи,
Уэр папщІэ жьэгур минрэ щІигъэнэнщ.
Ди мафІэм хэлъхьэж закъуэ уигу и гуащІи,
Жьэгу мафІэм дыгъэ нурхэр зэІуищэнщ...

* * *

Бжьыхьэ тхьэмпэр пыхури, лъэс лъагъуэм
Техуэжащи, псори йолъэпауэ.

И дыщэпсыр зыми къыхуэлъагъукъым,
Япэу къэсым хуощIри и жагъуэ...

Дыгъэ бзийуэ ирифахэр тхьэмпэм
Удын къэскIэ и фэм къыхахужыр,
Уэсэпс щIыIэр пыжурэ и щIыфэм,
И дахагъэ къабзэр трахыжыр...

* * *

Мазэгъуэ нурыр бжьыхьэм, дыжьын пшахъуэу,
Хегъэзэрыхь дунейм и дыщэпс махэм,
Мы жэщыр, дадэ Iущым ещхьу, хъуахъуэу,
Щхьэщытщ нэху щыху ди щIылъэ жьыщхьэ махуэм.

Вагъуэбэ уэгу кIэухыншэм щикъухьахэр
Щызэхуахьэсри псынщIэурэ я Iэгум,
Си гукъэкIыж уи дежкIэ къикIыжахэр
Тоувэж гукъуэпскIэ уэ схуэпшэщIа гъуэгум.

Мазэгъуэ нурыр гум и дыжьын пшахъуэу,
Жэщ кIыфI мамырым хуэмурэ холъалъэ, —
ЯщIыжу хужь дэ ди блэкIам и пшагъуэр,
Уи деж кIуэ гъуэгухэм псэкIэ сыхагъаплъэ...

## ЖЭЩ СУРЭТ

Мазэр, мэзыр, акъужь щабэр
Жэщым гуапэу зэхуешэс.
Мазэ нурхэр хэсщ гъуэгу сабэм —
Ахэр хъуащ къэрэгъул нэс.

Мазэр нуркIэ йодэхащIэ
Махуэм тхьэмпэ езэшам.
Бэрэжьей фадэпс зэхещIэр
Мэз жэщыбгым къэушам.

КъогумащIэ акъужь гуакIуэр,
Мэзым хуабэу доуэршэр.
Мазэр, къохри и плъапIэм,
Мэзым хуехь зы вагъуэ пшэр...

# ГЕРМАНИЕМ УЩЫПСЭУНУ ТЫНШЩ, АУЭ ДИ ХЭКУМ ХУЭДЭ ЩЫIЭКЪЫМ



*Къулъкъужын къуажэм къыщыхъуа, щеджа адыгэ пщащэ щIыкIафIэ Къуэдз Аксанэ щызэзгъэцIыхуар Германиеращ. Илъэс зыбжанэ ипэкIэ абы къыщызэрагъэпэща, Адыгэ щэнхабзэм и дунейпсо фестивалым щыщ зы пшыхьыр езыгъэкIуэкIар Аксанэт. Хэкум икIахэр дыдихьэхат абы Iурылъ адыгэбзэм и къабзагъымрэ лъэпкъ Iуэхум хуэнэхъуеиншэу хамэ хэку зэрисымрэ. Ар илъэс 20-м нэблэгъауэ Германием щопсэу, щолажьэ. Унагъуэщ, пхъуитI иIэщ. Нэмыцэ къэралыгъуэм къыщаIэт сыт хуэдэ адыгэ Iуэхуми жыджэру хэтщ, щIэблэм адыгэбзэр егъэщIэным и гуащIэ хелъхьэ. Иджыблагъэ лъагъунлъагъу хэкум къэкIуэжати, упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ.*



**– Аксанэ, илъэс 20 лъандэрэ уахэсщ нэмыцэ къэралыгъуэр псэупIэ зыхуэхъуа ди лъэпкъэгъухэм. Шэч хэмылъу, дэ япэу тфIэгъэщIэгъуэныр сыт я псэукIэ, адыгэбзэр, хабзэр хъумэнымкIэ я Iуэхур сытым тет? Нобэ адыгэбзэкIэ къопсэлъэф яхэт Германием къыщалъхуа адыгэхэм? Нэхъыжьхэр гурыIуэгъуэщ, щIалэгъуалэмрэ курыт ныбжьым итхэмрэ нэхъ ятеухуауэ узгъэпсэлъэнут.**

– Нэмыцэм ис псоми я гугъу сымыщIу, сэ сыщыпсэу Ганновер къалэр къэсщтэнщи, Сирием къикIа адыгэхэр къытхыхьэри, ди щIалэгъуалэр нэхъыбэ хъуащ. Сэ абыхэм адыгэбзэр зрагъэщIэнымкIэ садоIэпыкъу. Си лэжьыгъэм сыкъыщыдэхуэ зэманым, тхьэмахуэ махуэхэм садолажьэ. ЯщIэжрэ щIалэгъуалэм адыгэбзэ? Куэдым яIурылъкъым. Ауэ адыгагъэр зэрахьэ, я лъэпкъ хабзэм тетщ, къызытекIари къыздикIари ящIэу апхуэдэщ. Ар къызыхэкIыр адыгэбзэ зымыщIэж адэ-анэм я унагъуэм щапI сабийм бзэр Iурамылъхьэф щхьэкIэ я лъэпкъ тхыдэр зэрыжраIэрщ, зэхэщIыкI яIэу къызэрагъэтэджырщ. Нэмыцэ щIалэгъуалэм къахыбоцIыхукI адыгэхэр. Ари куэд и уасэщ. Абы къокI ахэр я хьэл-щэнкIэ, я дуней тетыкIэкIэ адыгэу къызэрынар, нэмыцэм яхэту къэхъу щхьэкIэ, ящыщ зэрымыхъуар. Си гугъэщ дяпэкIэ щIалэгъуалэм бзэ нэхъ яIурылъ хъуну. КIуэтэху яIэщIэхунуращ жыпIэ щхьэкIэ, дунейм къыщыхъу зыужьыныгъэм лъэпкъ мащIэхэми сэбэп къахуэхъун куэд къыхах. Дэ псори зы унэ дыщIэс хуэдэу дыщызэпыщIа зэманым дыкъызыхэкIар дгъэгъуэщэну, хамэ къэралыбзэхэр зыбжанэу щыдджкIэ, ди анэдэлъхубзэр зэдмыгъэщIэну хуитыныгъэ диIэкъым. Сэ ядэслъагъур зыщ – адыгэбзэр ямыщIэми, зрагъэщIэну зэрыхуэпабгъэрщ.

**– Германием япэ дыдэу Адыгэ Хасэ къыщызэзыгъэпэщахэм ящыщу дэ фIыуэ доцIыху ТIамжьыкъуэ Умар-Фарукъ, ар куэдрэ хэкуми къэкIуащ, хамэ къэралхэм ис адыгэхэм щхьэкIэ куэд зыщIа лIыщ. Абы уэри удолажьэ, Умар-Фарукъ и IуэхущIафэхэр адыгэхэр адыгэу къызэтенэным сэбэп зэрыхуэхъум, нобэ екIуэкI лэжьыгъэхэм утезгъэпсэлъыхьынут.**

– Умар-Фарукъ пщIэшхуэ зиIэу Германием ис адыгэлIхэм язщ жысIэ мыхъуу, япэщ жысIэмэ, нэхъ сигу зэгъэнущ. Си щхьэкIэ согуфIэ ар зыдэс къалэм сыщыпсэуну си насып къызэрихьам щхьэкIэ. Дэ лэжьыгъэ IуэхукIи дызэхуозэ, унагъуэкIи дызэкIэлъокIуэ. Си адэ-анэм сазэрыпэIэщIэр тынш сщищIу си гъащIэм хэт адэ пэлъытэщ ар.

И лэжьыгъэмрэ и зэфIэкIымрэ утепсэлъыхьын щIэбдзэмэ, жэщмахуэкIэ къыпхуэIуэтэнкъым а лIым и лъэпкъым хуищIэмрэ и хэкум зэрыхуэпэжымрэ. Умар-Фарукъ лъэхъэнэхэр зэпызыщIэ цIыхущ жыпIэмэ, ущыуэнукъым. Абы ищIэмрэ, иджымрэ, къиIуатэмрэ, нэхъыщIэхэм зэрадэгуашэмрэ пщалъэ гуэркIэ къыпхуэлъытэнукъым. Институт ущеджэн хуейкъым адыгэхэм щхьэкIэ зыгуэр къэпщIэн, уи бзэр, хабзэр зэбгъэщIэн щхьэкIэ, атIэ а нэхъыжьыфIым убгъэдэсын хуейуэ аращ. Я насыпщ иджыпсту и гъусэу псэу щIалэгъуалэм. Къулъкъужын адыгэ къуажэжьым къыдэкIа сэ адыгагъэкIэ, хабзэкIэ, бзэкIэ сыкъигъэIуэщхъуу, адыгэлI нэсщ ар.

Хуабжьу архив куэд иIэщ. Ар зыщымыгъуазэ зы налъи адыгэ тхыдэм хэткъым. Хамэ къэрал куэдым япыщIауэ, хэкум къэкIуэжырейуэ щытщ. Мис абы иIэщ адыгэ щIалэгъуалэм зэрадэгуэшэн икIи щхьэхыркъым. Лэжьыгъэ купщIафIэ куэд иIэщ. Германием щылажьэ Адыгэ Хасэхэм я федерацэм и тхьэмадэу щыщытами ди лъэпкъым къыхуэщхьэпэн Iуэху дахэ куэд зэфIигъэкIащ, иджыри ядолажьэ, абы хиша лъагъуэрщ адрейхэр зрикIуэр.



**– Германием щыпсэу адыгэхэм я дежкIэ гум жьы дезыгъэху гуэру факъыщыхъу хъунщ хэкум икIа адыгэхэр. Уэ укъызощтэри, уи къару елъытауэ сыт яхэплъхьэфрэ абыхэм я адыгагъэр яфIэмыкIуэдынымкIэ? Уэ уи пщащэхэм адыгэбзэ ящIэрэ, къагурыIуэрэ?**

– Сэ сIурылъ адыгэбзэм, дауи, ехъуапсэу, езыхэми апхуэдэу зрагъэщIэну хущIэкъуу апхуэдэщ. Iуэху гуэр къызэдгъэпэщмэ, сэращ езыгъэкIуэкIыр. АдыгэбзэкIэ зыгуэр ятхын хуей хъуамэ, сэращ зызыхуагъазэр. Ди жагъуэ зэрыхъущи, Хасэм щедгъэкIуэкI зэIущIэхэмрэ дерсхэмрэ мащIэщ бзэр шэрыуэу зэбгъэщIэнымкIэ, утхэфу, уеджэфу зебгъэсэнымкIэ. ЩIалэгъуалэр йоджэ, нэхъыжьыIуэхэми я унагъуэр зэрагъэпсэун къалэжьын хуейщи, зэман куэд яIэкъым. Тхьэмахуэ махуэращ ахэр щыщхьэхуитри, зэрыхъукIэ, дызэхуозэ, дерсхэр идогъэкIуэкI.

Си хъыджэбзхэм фIыуэ ящIэ – нэхъыжьыр илъэс 24-рэ мэхъури, адыгэбзэр фIы дыдэу егъэшэрыуэ, нэхъыщIэми ар и щапхъэщи, мэпсалъэ. Германием щыпсэу щхьэкIэ, европей модэм зыкъыкIэрамыгъэхуну хэт щхьэкIэ, зэрыадыгэр ягъэгъуащэркъым. Ар я напщIэ телъщ. Уеблэмэ, нэхъыщIэм нэмыцэ хьэл гуэр дилъэгъуамэ,

нэхъыжьым зэрегъэзэхуэж: «Дэ адыгэхэм ар ди хабзэкъым, дэ мыпхуэдэущ дызэрыщытыр», – жиIэурэ еущий.

**– Нэхъыбэу узыдэлажьэри уи гъунэгъури нэмыцэщ, ныбжьэгъу куэди уиIэ хъунщ. Сыт хуэдэ ахэр я цIыху щIыкIэкIэ, я дуней тетыкIэкIэ? Адыгэхэмрэ нэмыцэхэмрэ зэрызэбгъэщхь хьэл гуэрхэр щыIэ? Хьэмэрэ зэмыщхьыххэрэ? Тынш абыхэм уадэгъуэгурыкIуэну?**

– Зы къиин яхэслъэгъуакъым, абы сызэрыIэпхъуэрэ. Хуабжьу цIыху зэпIэзэрытхэщ икIи сабырхэщ нэмыцэхэр. Зэи я мыIуэху зэрахуэркъым, уи гугъуи къащIынукъым. ЛэжьыгъэкIи ныбжьэгъугъэкIи сызыпыщIахэм пщIэ къысхуащI, сызэрыадыгэр, Урысейм, Кавказым сызэрыщыщыр ящIэ. Тыншу уадогъуэгурыкIуэф. Ди менталитетыр зэтемыхуэу жыпIэ щхьэкIэ, псори зэлъытыжар цIыхугъэрауэ собж. Ар цIыхум хэлъмэ, дэнэ къэрал къыщамылъхуами, сыт хуэдэ лъэпкъ къыхэмыкIами, удэгъуэгурыкIуэфынущ.

**– Аксанэ, нэмыцэхэр къахэс лъэпкъхэм дауэ яхущыт? Адрей къэралхэм адыгэхэм пщIэшхуэ къыщыхуащI, Германиери апхуэдэ?**

– Адыгэ нэхъыбэ зэрыс къэралхэм ятещIыхьауэ жэуап нэхъ пэж пхуэтыну хъунщ. Ауэ си щхьэкIэ сыкъапщтэмэ, пщIэи къытхуащI икIи езым уащыщ дыдэм хуэдэу къыпхущытщ. Нэмыцэ защIэщ сэ сызыдэлажьэхэри, я гуэныхь сыхуейкъым. Адрейхэм яIэ хуэгъэкIуатэм хуэдэ сэри сиIэщ, си унафэщIхэр къысхуэарэзыщ, къыздэлажьэхэм сагуроIуэ. СыкъызыхэкIар, нэгъуэщI щIыпIэ сыкъызэрикIар щажесIэкIэ, яфIэгъэщIэгъуэнщ, абы нэхъ пэгъунэгъуж уахуищIу фIэкIа, Iумпэм уащIыну ягу къэкIыххэркъым. ЦIыху гуапэщ нэмыцэхэр.

**– КъэралитIым щекIуэкI псэукIэм и пIалъэр бощIэ. СыткIэ зэщхь? СыткIэ зыщхьэщыкIрэ? Дэнэ ущыпсэуну нэхъ тынш?**

– Къэралым и псэукIэр къапщтэмэ, нэмыцэ хэгъэгум щекIуэкI псэукIэр зэрызэгъэпэщамрэ абы хабзэр зэрыщызэтеубламрэ псоми ящIэ. Абы и лъэныкъуэкIэ Германием ущыпсэуну нэхъ тыншщ, къэблэжьым укъуэлIыкIынукъым, мыбдеж къыщахь улахуэм еплъытмэ.

Адыгэхэм ебгъапщэмэ, хуабжьу нэхъ тыншу мэпсэу нэмыцэхэр. Хабзэ яхэлъщ абыхэми, ауэ ирагъэлейркъым. ХьэщIапIэ кIуэнумэ, шагъыр птулъкIэ къащтэнуращ, здэкIуахэми ерыскъым къикъутэ Iэнэ къагъэувынукъым, уэршэрыху зэдзэкъэну тIэкIу фIэкIа. Сэ ар сигу ирохь. Адыгэхэм куэд зэхуащIэ, зэIэпахымкIи ирагъэлейуэ къысщохъу. Зи гугъу сщIыр ди унэхэми зыхуэпэкIэми щыболъагъу. ХьэгъуэлIыгъуэ къудейр къащтэт. Мыбы цIыхуу зэхуашэсымрэ ерыскъыуэ къаIэтымрэ егъэлеякъэ? Мыр Европэм езгъапщэу е европей еплъыкIэ сыхъуауэ къыфщымыхъу. Адыгэ бзылъхугъэ хуэдэу жызоIэ ди лъэпкъым хуабжьу ирагъэлей зэрыхъуар. Ауэ, пэжщ, ди хабзэм хуэдэ, ди хэкум хуэдэ нэгъуэщI щIыпIэ щыбгъуэтынукъым. Псэкупсэ къулеягъыу дбгъэдэлъым хуэдэ нэмыцэхэм яIэкъым. Ар кърибгъэлъэгъуэну урикъунщ адэ-анэмрэ бынымрэ я зэхущытыкIэр,

дэ дыкъэзылъхуахэм дазэрыпыщIар. Нэмыцэм балигъыпIэ щиувахэр адэ-анэм унэкъуэщ яхуэхъуауэ жыпIэ хъунущ. ЯхокIри, я щхьэр ягъэпсэуж. Адэ-анэм деж ИлъэсыщIэм щызэхуэсыжынуращ, илъэсым зэ. Дэ ди сабийхэм гулъытэрэ IэфIагъыу ягъуэтымрэ зи ныбжь хэкIуэта адэ-анэм хуащIыж пщIэмрэ уасэншэщ. Ахэр дахэу зэкIэлъыкIуэу, зэрылъагъуу, щIэблэр дадэ-нанэм я куэщI ирапIыкIыу зэрызэхэсыр фIыгъуэшхуэщ. Мис апхуэдэ хуабагъ зыхэзымыщIэ нэмыцэхэр сфIэгуэныхь мэхъу. Щапхъэ куэд къыпхуэхьынущ псэукIэ тыншым теухуауи, зи гугъу сщIы фIыгъуэхэм ехьэлIауи. Сэ срогушхуэ адыгэ лъэпкъым сыкъызэрыхэкIам. Дэнэ сыщыпсэуми, сыхуейщ адыгагъэ зезыхьэ цIыхухэм сыкъаухъуреихьыну. Дэ, Ганновер дэсхэм, абыкIэ ди гур щыз ещI ди нэхъыжьыфI Умар-Фарукъ. Куэдрэ ди япэ Тхьэм иригъэт.

*Епсэльар* **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ**

# ЩIЭДЗАПIЭ ДАХЭ



*ГъащIэм текIуэныгъэ нэхъ инхэр щызыIэрызыгъэхъэфыр псэкIэ къыхиха IэщIагъэм ирилажьэхэр аращ. Апхуэдэ цIыхухэм нэхъ насыпыфIи щыIэкъым. Зи IэщIагъэмрэ лэжьыгъэ IэнатIэмрэ гухэлъ къабзэрэ гуращэ дахэкIэ пэрыувагъащIэхэм ящыщщ Щоджэнц1ык1у Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актрисэ Соблыр Динарэ. Пщащэ зэчиифIэм и гуащIэдэкI гъуэгуанэм къыщIидзэ къудейми, ехъулIэныгъэ пыухыкIахэр зыIэригъэхьэну хунэсащ. Ар и утыку итыкIэкIэ, и джэгукIэкIэ, и макъ дахэмкIэ театреплъхэм я нэIуасэ хъуакIэщ, ауэ актрисэ ныбжьыщIэм и зэфIэкI псори къыщызыкъуихынур дяпэкIэщ. А хъыджэбз лантIэ, IэмащIэлъэмащIэ цIыкIум творческэ къаруэ пкърылъым щыгъуазэхэм, нобэкIэ абы нэхъ щхъэтечауэ я гугъу зыщIыфынухэм сэри сащыщщ, сыту жыпIэмэ пщащэр етIуанэ курсым хэсу Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым зэрыщезгъаджэ лъандэрэ ерыщыгъэ хэлъу, и зэфIэкIхэм хигъахъуэ зэпыту зэрызиужьар си нэгу щIэкIащи. И IэщIагъэм, лэжьыгъэм, зыхуигъэувыж къалэнхэм, хъуэпсапIэхэм тезгъэпсэлъыхъыну иджыблагъэ Динарэ упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэзгъэзащ.*



**– Динарэ, сэлам гуапэ узох. Илъэс блэкIам адыгэ театрым вагъуэщIэ цIыкIуу укъыщцылыдащ. Уи къыщIэдзапIэ хъуам, уи IэщIагъэм япэ лъэбакъуэхэр зэрыхуэпчам и гугъу уэзгъэщIынут...**

– Сэри си гуапэ дыдэу сэлам узох. Си гуащIэ мащIэм гулъытэ къыхуэпщIу сыкъызэребгъэблэгъам папщIэ фIыщIэ ин пхузощI. Къыхэсха, нэхъ пэжу жыпIэмэ сыкъыхэзыха IэщIагъэм хузиIэ лъагъуныгъэр си сабиигъуэм къыщожьэ. Илъэсибл ныбжьым ситу ди къуажэ (Нартан) дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм концерт щагъэлъагъуэу, хъыджэбз цIыкIу гуэрым уэрэд щыжиIат. Ар сэр нэхърэ илъэс зытIущкIэ нэхъыжьу къыщIэкIынт... А уэрэджыIакIуэ ныбжьыщIэм Iэгуауэшхуэ хуаIэту щыслъагъум, хуабжьу сехъуэпсауэ щытат. Сэри абы хуэдэу цIыхухэм ягу сыдыхьэу, Iэгу схуеуэу утыкум ситыну сыхуейт. Абдежым къыщегъэжьауэ утыкум сыщIэхъуэпсу сыхъуащ, зы махуэ закъуи си гуращэм сепцIыжакъым, нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ сеплъэкIынуи си пщIыхьэпIэ къыхэхуакъым. Апхуэдэу гурылъ быдэ щысщIым, си шыпхъу нэхъыжьым селъэIуат гъэсакIуэ гуэрым и деж сишэну е кружок гуэрым сыхигъэхьэну. ПIалъэ къыхимыгъэкIыу, Налшык дэт Пионерхэм я уардэунэм сыкъиишэри, Блашэ Владимир и нэIэ къыстету илъэсипщIкIэ уэрэд жысIащ: ди къэралым и щIыпIэ куэдым (Железноводск, Сочи, Москва...) дыщыIащ, зэхьэзэхуэхэм сыхэтащ, увыпIэ зэхуэмыдэхэр къыщысхьащ. АдэкIэ курыт еджапIэр къэзухыу сызы-

хуеджэну ІэщІагъэр къыхэсхын хуей щыхъум, чэнджащэ лей хэмылъу, Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмк Іэ и къэрал институтым сыкІуащ. Уэрэд жыІэным щыхуагъасэ къудамэм сыщІэтІысхьэну си гугъат, ауэ адыгэ театрым и актрисэ пажэ, институтым актёр ІэщІагъэмкІэ и кафедрэм и унафэщІ Балъкъэр Тамарэ сыхуэзэри, абы и чэнджэщкІэ а ІэщІагъэм щыхурагъаджэ къудамэм сыщІэтІысхьащ. Япэ курсым сыщыщеджэм «актрисэ къысхэкІыну пІэрэ?», «мы зызэспщытахэр къызэхъулІэну пІэрэ?» жыхуиІэ упщІэхэр зэстыжу, зыгуэр къэдгъэлъэгъуэн хуей хъуамэ, псэкІэ гугъу сехьу сыщытащ. Ауэ актёр ІэщІагъэм хуэсча лъэбакъуэм зэи сыхущІегъуэжакъым, сыту жыпІэмэ, Тамарэ Борисовнэ къызэрызжиІауи, сызыщІэтІысхьа къудамэм уэрэд жыІэнми, утыку итынми, утыкум къыбдитхэм уазэрыдэлэжьэн хуейми сыщыхурагъэджащ. Си егъэджакІуэхэм, гъэсакІуэхэм ноби сахуэарэзыщ, я зэфІэкІкІэ къыддэгуашэу гъуэгуанэ дахэ дызэрытрагъэувам папщІэ фІыщІэ ин яхузощІ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт Балъкъэр Тамарэ, Балъкъэр Юрэ, Хьэмыку Жаннэ, Мирзоев СулътІан, Сафаровэ Тамарэ сымэ.



**«Гуащэмыдэхьэблэ» спектаклым щыщ теплъэгъуэ.**

**– Утыку итыныр зэрыпфІэфІыр уи псалъэмакъми къыхэщащ, ар къызэрохъулІэр сэ си щхьэкІи си нэгу щІэкІащ. ЛъэныкъуэкІэ укъыщеплъмэ, ар дахэщ: уи щІалэгъуэщ, адыгэбзэр екІуу уогъэбзэрабзэ, пкІатэлъатэу утыкум уитщ... А зэрытлъагъум хуэдэу уи лэжьыгъэр тыншу къохъулІэрэ хьэмэрэ ролхэр къыщыбгъэщІкІэ гугъу уезыгъэхь, къару нэхъыбэ зытебгъэкІуадэ яхэт?**

– Илъэс зыбжанэ хъуауэ утыкум ситми, къихьэгъуэ къэскІэ япэ дыдэм хуэдэу согузавэ... ЖысІэнухэм, сыздэувыну щІыпІэхэм, си пкъыр зэрысщІынухэм, си нэгум къищын хуейхэм сегупсыс зэпыту, си гур къилъэту Іупхъуэ къуагъым сыкъуэтщ. Ауэ утыкур хуит зэрыс-

хуэхъуу, гузэвэгъуэри Іэнкуныгъэри сщхьэщокІри, си гур утІыпщауэ соджэгу. АбыкІэ театреплъхэри дэІэпыкъуэгъу къысхуохъу, сыту жыпІэмэ абыхэм сызэрызыхащІэр, сакъызэрыщыхъур зэуэ гукІэ къызоубыдри, си персонажымрэ абыхэмрэ я зэхуаку зэпыщІэныгъэ гуэр къыдохъуэ. Ар зыхэсщІэурэ сигу хэхъуэу соджэгу. Абы нэмыщІуи, сыкъызыхэхуа гупыр зи ІэщІагъэм хуэІэзэ защІэхэщ, уадэлэжьэну тыншщ, зы унагъуэм хуэдэу дызэхэтщи, абы къару ин къысхелъхьэ. Ди нэхъыжьхэр сымыщІэмкІэ къыздогуашэ, чэнджэщ щхьэпэхэр къызат.



**Динарэ «Ханума» спектаклым щоджэгу.**

**– Уи япэ ролхэм ящыщу дэтхэнэр нэхъ къохъулІа, уигу къинэжа?**

– Институтым дыщыщІэсым сессиехэм деж, итІанэ къыщыдухым диплом лэжьыгъэу теплъэгъуэ зыбжанэ дгъэуващ щытащ. Псом хуэмыдэу гукъинэж сщыхъуар, сессиехэм языхэзым спектаклхэр дэ дгъэувыжыну, абыхэм лъабжьэ яхуэтщІыну тхыгъэхэр дэ ди еплъыкІэкІэ къыхэтхыжыну, икІи режиссёру, икІи актёру дыщытыну хуит дызэращІар арат. Ди гупым щеджэхэм адыги урыси къытхэтт, ауэ зэгуэрым адыгэ гупым щхьэхуэ зытщІри, ІутІыж Борис и «Кхъужьеибэр» дгъэуващ щытащ. Ар адыгэ театрым и репертуарым зэрыхэтми дыщыгъуазэт, ауэ абы тедмыщІыкІыу, абы зэрыщагъэлъагъуэм зыкІи зедмыгъэщхьу, дэ къызэрыдгурыІуэм хуэдэу дгъэувыну мурад тщІати, ІутІыжым и тхылъхэр библиотекэм къеІытхри, ди гупым адыгэу щІэс

псори куэдрэ дыкъеджащ, дытепсэлъыхьыжащ, зэрыдгъэлъэгъуэнум и гугъу щытщIым мащIэуи дызэдэуащ. ИкIэм-икIэжым, тхыгъэр зэрыщыту дгъэувыну Iэмал диIэтэкъыми, абы и зы теплъэгъуэ къыхэтхри, спектаклыр ди экзаменым щыдгъэлъэгъуащ, сэ нысэм и ролым сыджэгуауэ щытащ. Ди лэжьыгъэр къэзыпщытэну кърихьэлIа егъэджакIуэхэр псори адыгэтэкъым. Абыхэм яхэтащ Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым и режиссёр нэхъыщхьэ Атмурзаев Магомедрэ а театр дыдэм и артист икIи ди егъэджакIуэ Мирзоев СултIанрэ. ИужькIэ абыхэм къызэрыджаIэжамкIэ, ди бзэр къагурымыIуэми, спектаклым щыдгъэлъэгъуэну дызыхуеяр псэкIэ зыхащIат. Ар актёр ныбжьыщIэхэм ди дежкIэ икъукIэ ехъулIэныгъэшхуэт.



**«То вижу его, то не вижу» спектаклым Армандэ и ролыр щегъэзащIэ.**

**– Институтыр къэзыух актёрхэм диплом лэжьыгъэу спектакль ягъэлъагъуэ хабзэщ. Фэ фи гупым сыт вгъэуват, вгъэлъэгъуат?**

– Диплом спектаклу щы дгъэхьэзырат: Шекспир Уильям и «Отелло» пьесэр зи лъабжьэр, итальян тхакIуэ Портес Альваро и «Дом, где все кувырком» пьесэм къытетщIыкIар, апхуэдэуи Каппеллони Паоло и «То вижу его, то не вижу» тхыгъэмкIэ дгъэувар. «Отелло»-м Дездемонэ и ролым сыщыджэгуну сыщIэхъуэпсырт, ауэ Бьянкэ и ролыр къыслъысри, абыи зытезмыгъэгусэу, сфIэфIу згъэзэщIащ. Адрей спектаклитIым персонаж нэхъыщхьэхэм я ролхэр къыщыслъысащ: «Дом, где все кувырком» жыхуиIэм Леонсиа и ролыр, «То вижу его, то не вижу» спектаклым Армандэ и ролыр щызгъэзэщIащ. Къыздеджа гупыр зэчий зыбгъэдэлъ защIэхэти, ролхэр гуэшыным зэи гугъу дыдехьакъым: щхьэж и амплуакIэ хуэфэщэнур езым тщIэжырти, зэдауэ лей къыхэкIакъым.

**– СызэрыщыгъуазэмкIэ, еджапIэр къыумыух щIыкIэ лэжьэн щIэбдзащ…**

– Пэжщ, етIуанэ курсыр къэзухри ещанэ гъэ еджэгъуэм щIэддзэжа къудейуэ «Терские казаки» ансамблым сыхыхьауэ щытащ, илъэсищкIи сыщылэжьащ. Абы сыхэту, уэрэд жысIэу щIыпIэ куэд къызэхэткIухьащ. А лэжьыгъэри си IэщIагъэм нэхъ сыхэгъуэзэнымкIэ, утыку итыным зыхуезгъэсэнымкIэ куэду сэбэп къысхуэхъуащ.

**– Иджыпсту ди лъэпкъ театрым ущолажьэ. Уэрэд жыIэныр къэбгъанэу а IэнатIэм дауэ упэрыхьа?**

– Сэ сыт щыгъуи хъуэпсапIэ ину сиIащ адыгэ театрым сыщылэжьэну. Сыщеджэ лъэхъэнэм абы щагъэув спектаклхэм зы блэзмыгъэкIыу сыкIуэрт, сеплъырт, ди актерхэм я джэгукIэм сигу хигъахъуэрт, сэри абыхэм сахэтыну сыхуейт... ИужькIэ си насып кърихьэкIри, си хъуэпсапIэр къызэхъулIащ. ЕджапIэр къыщызухым ди экзаменым кърихьэлIат а театрым и унафэщI Пащты Иринэ. Ди теплъэгъуэхэм, дгъэувахэм еплъа нэужь, абы театрым сыщылэжьэну сригъэблэгъауэ щытащ. АрщхьэкIэ дуней псор зэзыгъэдзэкIа узыфэр къэхъеягъащIэт, IуэхущIапIэхэри лажьэ-мылажьэ хуэдэурэ екIуэкIырти, театрым сыувын Iуэхур пIалъэкIэ Iэпхъуащ. Илъэс ныкъуэ дэкIауэ, Иринэ Леусовнэ телефонкIэ нэпсалъэри сыкъригъэблэгъащ, нобэкIэ си гуи си пси етауэ театрым сыщолажьэ.

**– Уи лэжьыгъэм сыт хуэдэ ролкIэ къыщIэбдза? Иджыпсту сыт хуэдэ спектаклхэм ущыджэгурэ?**



– IутIыж Борис и «Гуащэмыдэхьэблэр» ягъэхьэзыру театрым щылэжьэн щIэздзати, режиссёрыр – Шыбзыхъуэ Басир – къызэплъри, абы занщIэу сыхигъэхьащ. IутIыжым и тхыгъэмкIи фызэрыщыгъуазэщи, абы ныситI хэтщ – IукIейрэ ЩIыкIейрэ. Сэ ЩIыкIей и ролыр согъэзащIэ. КъищынэмыщIауи, «Ханума» спектаклым сыхэтщ, блэкIа илъэсым ар Кърымым щыдгъэлъэгъуащ. Иджыпсту «Черная бурка» спектаклыр къагъэщIэрэщIэжу адыгэбзэкIэ ягъэувыну иужь итщи, абыи сыщыджэгунущ.

**– Динарэ, иужьрей лъэхъэнэм уи цIэ фIыкIэ зэхыдох, уи ехъулIэныгъэхэм дрогуфIэ, дропагэ. Уи щIэдзапIэр зэрыдахэм хуэдэу уи гъуэгуанэри дахэу, бгъуфIэу къыпхущIэкIыну, лъэпкъ театрым и утыкур илъэс куэдкIэ бгъэбжьыфIэну ди гуапэщ!**

– Тхьэм уигъэпсэу!

*Епсэлъар* **ХЬЭВЖОКЪУЭ** **Людмилэщ**

# ПСАЛЪЭ ПЭЖИЩ

*Хъыбар*

Зы лIыжь цIыкIу гуэрым и витIыр щIищIэри, еуэри мэз кIуащ: «Уэлэхьэ, фызыжь, уэ уфыз фIыцIэщ, ауэ фыз хужьыпхъэ къыпхуэсшэнмэ», – жиIэри.

Зэманыр гъэмахуэпэ мазэти, мэзыр ухэмыпщыфу зэщIэкIат: тхьэрыкъуэф, лъэнтхъуий, шыпсыранэ, аму дэгу, нэгъуэщI удз зыбжани къыщыкIырт мэзым.

ИпэкIэ гу къэгъэшыжыпIэм и деж гухэр щыщIатIыкIырт, выхэм бжьы ятелъу, адэ пхъэ гъур здэщыIэм нэскIэ кIуэрти, бжьыкIэ къалъэфырт гум нэс, гум кърaлъхьэрт, къакъузыжырти, лъейуэ къэкIуэжырт. Пхъэр здэщыIэм нэскIэ гур кIуэртэкъым.

Арати, лIыжь цIыкIуми и витIыр бэгъуауэ пшэрт икIи къигъэгугъэрти, адэкIэ гъуэгу здимыIэжым нэскIэ кIуащ. И витIыр жыг гуэрым ирипхри мэзым хэлъэдащ, пхъэ гъур къигъуэту, ар зэгуиуду, пхъэ плIанэ къишэну мурад ищIати. Нижыхьым-къижыхьурэ, сытми, хьэщхьэтеуэм кърищIыкIауэ зы жыг ин джабэм кIэрылъти, лIыжь цIыкIум абыкIэ иунэтIащ. «Махуэ зыбгъупщIкIэ сыкъызэкIэлъыкIуэми срикъунущ мы жыгыжьыр», – жиIэри щыгуфIыкIащ. ИкIи бгъэдыхьэри джыдэ тIыгумкIэ жыгым теуIуащ. Зы метркIэ упэжыжьэр умылъагъуну пабжьэти, жыгым зэрытеуIуэу, уий зэрамыщIэжу зы бэлацэ къызэфIэуващ.

ЛIыжь цIыкIум етIуанэу еуэну иIэта джыдэр зэриIэтам хуэдэу къэнащ. Джыдэр кърихьэхыжым етIуанэу къиIэтыжыху мэзылIыр къэIэбэнурэ зэпкъритхъынут. МэзылIри щытщ, лIыжь цIыкIури щытщ, мывэ сын фIэкIа пщIэнтэкъым тIури. МэзылIыр щхьэпцIэт, пцIанэт, игъащIэм цыуэ къытекIар кIыру тетт, и Iэбжьанэр кIыхьу пыкIыкIат, и нэр цIууэ цым къыхэплъырт, и IупщIакIэ щIагъ къыIурылэлыр цым къыхэщу плъагъу къудейт.

Арати, лIыжь цIыкIум и фэм пщыкIутхуу зызэрихъуэкIащ. Плъыжь хъуащ, хужь хъужащ, щIыху-фIыцIафэ къыщIэлъэдауэ щытщ. Еуэнущи мэшынэ, къыIукIыжынущи – мэшынэ. И Iэ Iэтар ешащи, и псэр поху. МэзылIми мо джыдэр Iэтауэ зыIыгъым щошынэри, зыри жиIэркъым.

Куэдрэ щыта, мащIэрэ щыта? ТIури ешат. Иужьым мэзылIыр ину дыхьэшхащ. МэзылIыр щыдыхьэшхым, лIыжь цIыкIум и гур тIэкIу нэхъыфI къэхъужащ. МэзылIыр къэпсалъэри жиIащ:

– Псалъэ пэжищ къызжепIэмэ, узутIыпщыжынущ узмышхыу. Умыгужьей апхуэдэу, иIэ, сынодаIуэ.

ЛIыжь цIыкIу мыгъуэр мэгузавэ, дунейм мы шынагъуэм жриIэнур ищIэркъым, пэж и гугъэу зыгуэр жриIэрэ ишхым, жримыIэми нэхъеижым.

– АтIэ, япэрауэ, сэ жысIэнур мыращ: сэ алыхьым сыкъызэригъэщIрэ слъэгъуакъым уэ нэхърэ нэхъ нэджэIуджэ.

МэзылIыр ину дыхьэшхри: «Къызощтэр ар пэжу. ЕтIуанэр жыIэ», – дзэлэшхащ.

– Сэ уэ нобэ сызэрыпхуэзэнур сщIауэ щытамэ, алыхьым и цIэкIэ соIуэ, игъащIэкIэ пхъэ сымылъэгъуамэ сыкъэмыкIуэнт.

Мэзылlыр нэхъ иныжу дыхьэшхри, «иджы къыпхуэнэжар ещанэращ», – жиlащ.

– Ещанэу жысlэнур мыращ: сыбутlыпщыжтэм, сыкъызэмыплъэкlыу сыкlуэжынт.

Мэзылlыр мащlэу дыхьэшхри, «псалъищри пэжщ, укlуэжыну ухуитщ», – щыжиlэм, лlыжь цlыкlур гуфlэри, гъуэмылэ илъу къэлъткъ кlэрыщlати, иlэбэри, зы хьэлlамэрэ лы lыхьэрэ иритащ.

Мэзылlым хуабжьу игъэщlагъуэу мо и lэпхъуамбэ кlыхьхэмкlэ къэlэбэри lихащ. Хьэлlамэри лыри тlэу дзэкъэгъуэ фlэкlа имыщlу иригъэлъэтэхащ.

– Иджы пхъэ пшэнумэ, – жиlащ мэзылlым, – сыбдэlэпыкъунщ, си зэранкlэ узгъэгуващ.

Мо абрагъуэм къару иlэнтэкъэ! Лlыжь цlыкlур зыхуейм хуэдэ пхъэ напlэзыпlэм къыхузэхуихьэсащ. Пхъэр къыхурилъхьэщ, къыхузэтрикъузэжри, кърригъэжьэжащ.

Мэзылlым хуабжьу lэфl къыlурыхъуат лlыжь цlыкlум кърита гъуэмылэр.

– Уэ пшэну пхъэм и гъэхьэзырыныр си lуэхущ, дапщэрэ мэз укъакlуэми мис мыбдежым къыlухьэ, – къыжриlащ мэзылlым, – ауэ гъуэмылэ тlэкlу къысхуэхь.

Лlыжь цlыкlури абы щыгуфlыкlащ. И ныбжьымрэ пхъэ къыщlэлъэфынымрэ зикl зэзэгъыжтэкъыми бэлыхьыр телът.

Лlыжь цlыкlум пхъу фlэкlа къуэ иlэтэкъым, дэlэпыкъуэгъуншэти, хуабжьу гугъу ехьырт. Мэзылlым цlыхугъэ зэрыхуэхъу лъандэрэ абы хуигъэхьэзырым езым ишэурэ пхъэ гулъэ зыбжанэ игъэтlылъат. Лlыжь цlыкlуми хьэлlамэрэ лырэ игъуэтынтэкъэ, мэзылlыр игъатхъэрт. Махуэ къэс къыпэплъэу щыст и lэр и жьэпкъыпэм щlэгъэкъуауэ.

Зэгуэрым фо махъсымэ хьэлэмэт хуихьат. Мо игъащlэм фадэ зыlумыхуа мэзылlыр зы пхъэ шынакъ из махъсымэ иригъафэри, чэфыжьыр кърритауэ кlийуэ, къафэу мэзым щlэтт. Лlыжь цlыкlури тlэкlу къэгузэвэжауэ еплъырт, зыгуэр ирищlэмэ, е къэгубжьрэ сичатхъэми схуэфащэкъэ, жиlэу, ауэ мэзылlыр быдэу къафэщ, джэгущ, и тlысыпlэм кlуэри и пырхъ макъым жыг щхьэкlэхэр дэщэнауэу жеижащ.

А лlыжь цlыкlум псэуху зы пхъэ къиlэту гум ирилъхьакъым: мэзылlым пхъэр къыхухилъэфырт, къыхурилъхьэрт, къакъузыжырти, езым къишэрти къэкlуэжырт. Лlыжьым и ныбжьэгъухэми нэхъыщlэхэми зэрыжаlэнур ямыщlэу ягъэщlагъуэрт: «Махуэ къэскlэ пхъэ гъур зэгуэуда къешэ, зи щlалэгъуэхэр махуэл ямыщlу мэз кlуэфыркъым, мыр сыт гъэщlэгъуэн», – жаlэрти. Къуэ иlами абы нэхъыбэ къыхуищlэнтэкъым а мэзылlыр зыуэ хьэлэлу а лlыжьым къыхуэлажьэрти. Аращ псалъэ пэжищ жыхуаlэм и таурыхъыр.

ГРИММ зэкъуэшхэр

# ХЬЭГУЛЫВЭ ШЫУАН

*Таурыхъ*



Еуэрэ-еуэрэт, жи, зы хъыджэбз цIыкIу псэут.

А хъыджэбз цIыкIур мэракIуэхьэ мэзым кIуауэ зы фызыжь цIыкIу хуозэ.

— Уузыншэм, хъыджэбз цIыкIу! — жи фызыжьым. — КхъыIэ, мэракIуэ тIэкIу къызэт!

— Мэ, нанэ, — жеIэ хъыджэбз цIыкIуми, кърет.

— Уэ мэракIуэ къызэптащ, сэри зыгуэр уэстынщ. Мэ мы шыуан цIыкIур:

*ХьэныкIу-бжьыныкIу,*
*Гъавэ, шыуан цIыкIу! —*

зэрыжепIэу, занщIэу хьэгулывэ IэфI игъавэу щIедзэ.

*Совэр, мавэр,*
*АфIэкI, умыгъавэ! —*

зэрыжепIэу, занщIэу гъэвэн щегъэтыж.

— Тхьэр арэзы къыпхухъу, нанэ, — жеIэ хъыджэбз цIыкIуми, шыуаныр къыIех аби, къокIуэж и анэм деж.

И анэр щыгуфIыкIащ шыуан цIыкIум. Дауи щымыгуфIыкIынрэт? Умыгузавэу, гугъу удемыхьу, хьэгулывэ IэфIыр ущыхуейм деж пхуегъавэ.

Арати, зэгуэрым хъыджэбз цIыкIур докIри зыщIыпIэ макIуэ, анэм шыуан цIыкIур къещтэри жреIэ:

*ХьэныкIу-бжьыныкIу,*
*Гъавэ, шыуан цIыкIу!*

Игъавэу щIедзэ.

Хьэгулывэ куэд егъавэ.

Анэр машхэ, и ныбэ из хъуху. Ауэ шыуан цIыкIум хьэгулывэр егъавэри-егъавэ. Дауэ ар къызэрыбгъэувыIэнур?

*Совэр, мавэр,*
*АфIэкI умыгъавэ!* —

ар жепIэмэ зэфIэкIат, арщхьэкIэ а псалъэхэр анэм щыгъупщэжат, хъыджэбз цIыкIури къэтт. Хьэгулывэр пэшым щIэз мэхъу, пырхъуэм толъадэ, дэкIуеипIэмкIэ йожэх; хьэгулывэр уэрамми дэз мэхъу, арщхьэкIэ шыуан цIыкIур увыIэркъым, егъавэри егъавэ.

Анэр къогузавэри, и пхъур здэщыIэм жэну йожьэ, ауэ гъуэгум зэпрыкIыфыркъым — хьэгулывэ пщтырыр псышхуэм хуэдэу йожэх.

Я насыпти, хъыджэбз цIыкIур жыжьэ щыIэтэкъым. УэрамымкIэ ежэх хьэгулывэр къыщилъагъум, ар жэрыгъэкIэ къэкIуэжащ.

Дауэ ищIми, пырхъуэм дэкIуеижщ, бжэр Iуихри джащ:

*Совэр, мавэр,*
*АфIэкI умыгъавэ!* — жиIэри.



Арыххэуи, шыуан цIыкIум гъэвэн щегъэтыж.

Абы апхуэдизкIэ хьэгулывэ куэд игъэвати, къуажэм уикIыу къалэм укIуэн щхьэкIэ, хьэгулывэр пхрыпшхыкIыурэ гъуэгу пхрыпшын хуейт. Ауэ абы зыри игъэтхьэусыхэртэкъым, апхуэдизу IэфIт а хьэгулывэри.

# Псалъэжьрэ къуажэхьу зэхэлъ псалъэзэблэдз





*ЕкIуэкIыу:* **5.** ... здэщыIэм хьэндыркъуакъуи щыIэщ. **7.** Анэр нэм ..., адэр дэм хуэдэщ. **9.** Ди бжэгъу щхьэкIэм джэдыкIэ хужь цIыкIу пылъщ *(къуажэхь)*. **10.** ... щыIэщи, ямыIуэтэж щыIэкъым. **11.** ... жьакIэм ежьэркъым. **12.** ... и щIагъ дыщэ пщIащэ щIэлъщ. **13.** Щхъухьышхуэри щхъухьщи, щхъухь цIыкIури ... . **14.** ... имылъмэ, лъэм и мыгъуащ. **20.** КIурэ-кIурэ бэлацэ, зи щIыб бацэ темыкI *(къуажэхь)*. **22.** БлапцIэ къарэ, къарэ убыд *(къуажэхь)*. **23.** Жьыгъэм и нэщэнэщ, зымылъагъум и нэщ *(къуажэхь)*. **24.** ... нэр ирещI. **27.** Блэ зэраукIа ... . **32.** ... щыпылщ, уэрамым щыджэдущ. **33.** ... уашхэщ, шхэнкIэ дыгъужьщ. **34.** ... шэбэщ. **35.** ... си гъуэмылэхьэ,

гуIэгъуэм къыслъимыхьэж. **36.** Яжьэ ныбэ, хьэмбыIу цIыкIу *(къуажэхь)*. **37.** ... ешх, ишхыр ипшыныжыркъым. **38.** Уи Iэдакъыт Iым щIэмыкIар ... .

*Къехыу:* **1.** Зытеджалэр и ... . **2.** Уи псалъэ ..., уи нэмыс гъэбыдэ. **3.** ... , зыкъригъэлъхунтэкъым. **4.** ФIэхъусыр щыгъынщи, акъылыр ... . **5.** И кIэ цIыкIу дыкъуакъуэщ, и пэр Iупэ закъуэщ, гъатхэм ещI унэщIэ, джэдум зещI пэIэщIэ. Бгъунжэрыплъэу маплъэ, унэхэми щIоплъэ, и бын цIыкIухэр жьабгъуэщ, ятIэ Iэшкlэ абгъуэщ *(къуажэхь)*. **6.** ... лэныстэкIэ къех. **8.** Псы ... унэмысу уи кIэ умыIэт. **15.** ЦIыхур ... плъэн хуейщ. **16.** Щхъуэ зезыхьэм Iыхьэ ... лъосыж. **17.** ... езауэр фызщ. **18.** Уи ... къыпхуимыщIэр жыжьэм къыпхуищIэнкъым. **19.** ... ... лъагъуэ зэхуаIэщ. **21.** ... хуэдэ щыIэкъым. **25.** Уи псалъэр ..., уи къэпыр нэщIмэ, мыхьэнэншэщ. **26.** ЗылъэмыкI ... . **28.** ... щIакIуэ уегъэщI. **29.** ... бгъуэтмэ, пшхыни бгъуэтынщ. **30.** КъэкIуэныр ... и Iуэхущ, кIуэжыныр бысымым и Iуэхущ. **31.** ... пащIэ пIий. **32.** ... къокIуэ.



**ЕтIуанэ къыдэкIыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр**

*ЕкIуэкIыу*: **5.** ЩIэблэ. **7.** ХьэщIэ. **8.** Гунэс. **10.** Баш. **12.** Удэхуэха. **13.** Благъэри. **14.** Куэд. **15.** Гугъэ. **17.** Изщ. **19.** Псэ. **20.** Сакъ. **24.** Теплъхьэр. **25.** ПщIаIамэ. **27.** Нэгу. **29.** Унэ. **30.** Мэз. **32.** Нэм. **33.** Хьэр. **34.** ПщIэгъуалэ. **35.** Зыупсыр. **36.** Хьэху. **37.** Дэри. **39.** МафIэ. **40.** Гухэхъуэ.

*Къехыу:* **1.** ГуфIэгъуэри. **2.** ПщIэ. **3.** Гъуэгу. **4.** Тхьэмахуэ. **6.** Бзаджэри. **9.** Iэхъуэ. **11.** Лэпс. **16.** Гъатхэ. **18.** ЩхьэкIэ. **19.** ПащIэм. **21.** Анэрэ. **22.** Iупэ. **23.** ЛIар. **26.** ПщIэтэмэ. **28.** ГуIэр. **29.** Улажьэмэ. **31.** ЗауэфIрэ. **32.** Нысэ. **38.** Игущ. **39.** Мэл.

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
**№3**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредитель:**

Государственное казённое учреждение
Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»
(360017, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Борис Бижоев,
Адам Гутов, Залина Истепанова (ответственный секретарь),
Хамид Кармоков, Астемир Татроков, Юрий Тхагазитов,
Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по Кабардино-Балкарской Республике
ПИ № ТУ07-00127 от 11.01.2018 г.
Подписной индекс: П5891

Подписано к печати 01.06.22. Выход в свет 30.06.22
Формат 70х108$^1/_{16}$. Бумага офсетная №1. Печать офсетная.
Усл. п. л. 15,4.Уч-изд. л. 12,3. Тираж 2.162 экз. Заказ №1150
Подписная цена на 2 месяца 37р. 60к.
Подписная цена на 6 месяцев 112р. 80к.

Адрес редакции: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Телефон: 40-04-51. Адрес электронной почты:
e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

Адрес издателя: 360017, КБР, г. Нальчик
пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа»

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион»
357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством
предоставленного электронного оригинал-макета

## АВТОРХЭМ ПАПЩІЭ

Журналым къытехуэ тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкІэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэхэр Іэмал имыІэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къыІэрыхьэ тхыгъэхэр компьютеркІэ тедзауэ, флешкэм е дискым тету щытын хуейщ.

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщІыпІэ щытрадзэмэ, «Іуащхьэмахуэм» къызэрырахыжар къагъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Іэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкІэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Ленинным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, епщыкІузанэ къат, «Іуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 40-04-51 (редактор нэхъыщхьэ); 40-95-72 (жэуап зыхь секретарь); 42-42-14 (прозэ, поэзие, публицистикэ); 40-94-71 (оператор). e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

## ЖУРНАЛЫР ЗЫІЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩІЭ

Журналыр зэрытедзам дагъуэ гуэр иІэу къыщІэкІмэ, абы теухуауэ фыщыщІэупщІэ хъунущ: Ставрополь щІыналъэ, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэм и уэрам, 5а, ООО «Издательство «Южный регион».

ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер

*23.09.1934 – 17.02.2021*

## ХЭКУ

Дакъикъэ закъуи зы пIэм уимызагъэ,
Ушу емышщ –
УмыщIэ уэ махуэл.
Уи гъуэгу бдызокIур сIыгъыу уи лъэрыгъыр, –
Уи бынхэм гъуэгу тетыныр хъуащ я хьэл.

Уэ бий уи куэдщ –
Уэ уи псэм ахэр къощэ.
Си гур къеуэхукIи ем ущысхъумэнщ:
Щрырет ар хэтуи –
КъыпхуэзытIыр мащэ,
Ди адэжь хабзэу, мащэм изгъэхуэнщ.

Сэ уяпэ сищым – си щIыб пхуэзгъэзауэ
Уэ уимыгугъэ:
Бий къыппэтIысам, –
Ем и шэм сигу пхуэкъабзэр пэщIэздзэну
Арщ сыщIэпIащIэр, семыблэжу псэм.

Уяужь сыкъинэм си лъэм самыIыгъыу,
Абдежи уэ си щIыбыр пхуэзгъэзэнщ, –
Ауэ нэмыплъ уэстауэ уимыгугъэ:
Бий къыпкIэлъыуэм –
Си гур пэщIэздзэнщ.

1972